KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ *AJARAN MORAL* WONTÊN *SÊRAT DONGÈNG WARNI-WARNI*

SKRIPSI

Dipunaturakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minångkå Jêjangkêping Pandadaran
Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*

déning :
Warih Sri Martani
NIM 09205241021

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi såhå Ajaran Moral wontên Sêrat Dongèng Warni-warni* mêniká sampun angsal palilah saking *Pembimbing* supados dipunujèkakên ing pandadaran.

Ngayogyåkartå, 25 November 2013

Ingkang nyarujuki

Pembimbing I	*Pembimbing* II
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.
NIP 19621008 198803 2 001	NIP 19610313 198811 2 002

PANGÊSAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi såhå Ajaran Moral wontên Sêrat Dongèng Warni-warni* mêniká sampun dipunujèkakên ing pandadaran wontên sangajênging *Dewan Penguji* naliká tanggal 6 Desember 2013 såhå katêtêpakên lulus.

Dewan Penguji

Asmå	*Jabatan*	Tanak Asmå	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	*Ketua Penguji*	.....	13-12-2013
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	*Sekretaris Penguji*	.....	16-12-2013
Drs. Afendy Widayat, M. Phil.	*Penguji I*	.....	12-12-2013
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	*Penguji II*	.....	12-12-2013

Ngayogyåkårtå, 16 Desember 2013
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP 19550505 198011 1 001

WÊDHARAN

Ingkang *tanda tangan* ing ngandhap mênikå, kulå:

Nåmå : Warih Sri Martani

NIM : 09205241021

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharakên bilih *karya ilmiah* mênikå sêratan kulå piyambak. Samangêrtos kulå, *karya ilmiah* mênikå wosipun botên dipunsêrat déning tiyang sanès, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kulå pêndhêt minångkå *acuan* kanthi adhêdhasar tåtå cårå såhå *etika* nyêrat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Sêratan ing wêdharan mênikå kasêrat kanthi saèstu. Manawi kasunyatanipun kabuktèn manawi wêdharan mênikå botên lêrês, bab mênikå dados tanggêl jawab kulå pribadi.

Ngayogyåkårtå, 25 November 2013

Panyêrat,

Warih Sri Martani

SÊSANTI

Karena sesungguhnya sesudah kesulitan ada kemudahan.
(terjemahan QS. Al Insyirah: 5)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumatêng ngarsanipun Gusti Allah SWT, *karya ilmiah* mênikå kulå pisungsungakên dhatêng tiyang sêpuh kulå ingkang sampun nggulåwênthah kulå linambaran sih katrêsnanipun.

PRAWACÅNÅ

Panyêrat ngunjukakên pujå-puji syukur *Alhamdulillah* dhumatêng Allah SWT ingkang sampun paring kasarasan, kanikmatan, såhå kabêgjan dhatêng panyêrat, saénggå *karya ilmiah* kanthi irah-irahan *Kajian Filologi såhå Ajaran Moral wontên Sêrat Dongèng Warni-warni* mênikå sagêd kasêrat kanthi nir ing sambékålå. Ing kalodhangan mênikå, panyêrat ugi ngaturakên agunging panuwun dhatêng:

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minångkå Dekan Fakultas Bahasa dan Seni;
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minångkå pangarsâ Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kanggé nglampahi panalitèn mênikå;
3. Ibu Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum. minångkå *dosen pembimbing* I ingkang sampun kêrså paring *bimbingan* skripsi, piwulang, såhå pandongå dhatêng panyêrat;
4. Ibu Dra. Hesti Mulyani, M.Hum. minångkå *dosen pembimbing* II ingkang sampun kêrså paring *bimbingan* skripsi, tlatos anggènipun nuntun, såhå paring pandongå dhatêng panyêrat;
5. Bapak Drs. Hardiyanto, M. Hum. minångkå *dosen pembimbing akademik* ingkang sampun paring *bimbingan* sadanguning kulå sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
6. Bapak-Ibu *dosen* Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mawarni-warni kawruh såhå wêjangan dhatêng panyêrat;
7. *Staf* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan* dhatêng panyêrat;
8. *Petugas Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå *bagian pernaskahan, Petugas Perpustakaan* Purå Pakualaman, såhå *Petugas Perpustakaan* Rêksåpuståkå Kadipatèn Mangkunêgaran ingkang sampun mbiyantu panaliti gayut kaliyan panalitèn mênikå;
9. Tiyang sêpuh kulå, mas-mas kulå, mbak-mbak kulå, såhå pénakan-pénakan kulå ingkang sangêt kulå trêsnani, ingkang tansah paring panyêngkuyung

sartå panjurung tumrap panyêrat ing sadanguning ndamêl *karya ilmiah* mênikå saénggå *karya ilmiah* mênikå sagêd kulå rampungakên;

10. Roza, Dewi, Mbak Rita, Dije, såhå Bella ingkang sampun dados kulåwargå kulå, ingkang tansah paring panyêngkuyung;
11. Kåncå-kåncå Kêlas A/2009 ingkang sampun paring panjurung anggèn kulå nyêrat skripsi mênikå;
12. Supardyan såhå Yayuk ingkang sampun purun dados kåncå wawan rêmbuging panyêrat såhå paring panjurung panyêrat anggénipun nyêrat skripsi mênikå;
13. Sadåyå *pihak* ingkang botên sagêd kulå sêbutakên sadåyå ingkang sampun paring pambiyantu, pandongå såhå panjurung dhatêng panyêrat saénggå skripsi mênikå sagêd kulå rampungakên.

Têmtu kémawon, skripsi mênikå dèrèng sagêd kawastanan saé, jangkêp, mênåpå déné sampurnå. Pramilå, sadåyå pangandikan mênåpå déné panyaruwé ingkang tumuju murih langkung saé, jangkêp, saha sampurnaning skripsi mênikå, tansah katampi kanthi bingahing manah såhå atur agunging panuwun. Wasånå, kanthi raos andhap asor panyêrat saèstu gadhah pangajab mugi-mugiå skripsi mênikå sagêd murakabi, *Amin*.

Ngayogyåkartå, 25 November 2013

Panyêrat,

Warih Sri Martani

PRATÉLAN ISI

kåcå

IRAH-IRAHAN i

PASARAJUKAN ii

PANGÊSAHAN iii

WÊDHARAN iv

SÊSANTI v

PISUNGSUNG vi

PRÅWACÅNÅ vii

PRATÉLAN ISI ix

PRATÉLAN *TABEL* xiii

PRATÉLAN LAMPIRAN xv

PRATÉLAN CÊKAKAN xvi

PANDOM *EJAAN* xvii

SARINING PANALITÈN xviii

BAB I PURWÅKÅ 1

A. Dhasaring Panalitèn 1

B. Undêraning Prakawis 7

C. Watêsaning Prakawis 7

D. Wosing Panalitèn 8

E. Ancasing Panalitèn 8

F. Paédahing Panalitèn 8

G. Pangêrtosan 9

BAB II GÊGARAN *TEORI* 11

A. Sastrå Jawi 11

B. Dongèng 12

C. *Filologi* 14

1. Pangêrtosan *Filologi* 14

2. Ancasing Panalitèn *Filologi* 16

3. *Objek* Panalitèn *Filologi* 17

a. Pangêrtosan *Naskah* 17
b. Pangêrtosan *Teks* 19
4. *Aliran Filologi* 20
a. *Aliran Filologi Tradisional* 20
b. *Aliran Filologi Modern* 21
5. Garapaning *Panalitèn Filologi* 21
a. *Deskripsi Naskah* 22
b. Maos *Teks* 24
c. Alih Tulis Sêrataning *Teks* 27
1) *Transkripsi* 28
2) *Transliterasi* 28
d. *Suntingan Teks* 29
e. *Terjemahan Teks* 32
f. Ngrêmbag Piwulang utawi *Ajaran Moral* ing *Teks* 34
D. *Ajaran Moral* 34
E. Panalitèn ingkang Jumbuh 36
BAB III CARANING PANALITÈN 40
A. Jinising Panalitèn 40
B. *Data* såhå *Sumber Data* Panalitèn 41
C. Caranipun Ngêmpalakên *Data* 42
D. Pirantining Panalitèn 46
E. Caranipun Ngrêmbag utawi *Analisis Data* 50
F. Caranipun Ngêsahakên *Data* 52
BAB IV ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN 53
A. *Deskripsi Naskah SDWW* såhå Pangrêmbagipun 53
B. *Transliterasi Teks, Suntingan Teks,* såhå Pangrêmbagipun 59
1. Pandom *Transliterasi Teks Naskah SDWW* 59
a. *Sistem Transliterasi* Aksårå Jåwå 59

1) Wujud Panyêrating Aksårå Jåwå kaliyan Pasanganipun ing *Teks SDWW* 59
2) Panyêrating Sandhangan 61
a) Sandhangan Swårå 61
b) Sandhangan Wyanjånå såhå Panjingan 62
c) Sandhangan Panyigêging Wandå 62
d) Sandhangan Pangkon (Patèn) 63
3) Aksårå Murdå kaliyan Pasanganipun 64
4) Aksårå Swårå 64
5) Aksårå Rékan 65
6) Ångkå Jawi 65
b. Aksårå hå ingkang Ungêlipun Cêthå utawi kanthi Abab Kathah Dipun-*transliterasi* dados hå, ingkang Ungêlipun kanthi Abab Måndå-Måndå dipunsêrat dados *Vokal* a 66
c. *Vokal* o Dipunsêrat dados å 66
d. Icalipun salah satunggal Aksårå Rangkêp 67
1) Amargi Panganggéning Wuwuhan mênåpå déné Wujud Linggå 67
2) Amargi Sastrå Lampah 68
e. Têmbung Dwilinggå Dipun-*transliterasi* mawi Tåndhå (-) ... 68
f. *Transliterasi Reduplikasi Parsial* (Dwi Purwå) wontên *Teks* Dipunjumbuhakên Adhédhasar Éjaan Båså Jawi *Standar* utawi Jumbuh kaliyan Anggènipun Ngucapakên 69
g. Panyêrating Aksårå *Kapital* 69
h. *Transliterasi* Wandå wan minångkå Wujud panambang -an . 70
i. *Transliterasi* Wandå yå minångkå Wujud Panambang -a 70
j. Panganggéning Tåndhå *Kurung Siku* [...] 70
2. Pandom *Suntingan Teks Naskah SDWW* 71
3. Asiling *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks Naskah SDWW* 71
4. *Aparat Kritik* 108

a. *Tabel Aparat Kritik* 108
b. Cathêtan *Aparat Kritik* 110
C. *Terjemahan* såhå Cathêtan *Terjemahan Teks SDWW* 134
1. *Terjemahan Teks SDWW* 135
2. Cathêthan *Terjemahan Teks Naskah SDWW* 192
D. *Ajaran Moral* wontên *Teks Naskah SDWW* såhå Pangrêmbagipun .. 195
1. *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhumatêng Gusti 195
2. *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Sêsamining Dumados 206
3. *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Piyambakipun ... 219
BAB V PANUTUP 228
A. Dudutan 228
B. Pamrayogi 230
C. *Implikasi* 230
KAPUSTAKAN 232
A. *Manuskrip* 232
B. Puståkå 232
C. *Internet* 235
LAMPIRAN 236
A. *Teks* Carik *Sêrat Dongèng Warni-warni* ingkang Kasimpên ing Muséum Sånåbudåyå Ngayogyåkartå 237
B. Sêrat Idi Panalitèn 308

PRATÉLAN *TABEL*

			Kåcå
Tabel 1	:	*Kartu Data Deskripsi Naskah*	46
Tabel 2	:	*Kartu Data* Asiling *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks*	49
Tabel 3	:	*Kartu Data Suntingan Teks* utawi *Aparat Kritik*	50
Tabel 4	:	*Kartu Data* Asiling *Terjemahan Teks*	50
Tabel 5	:	*Kartu Data* Ajaran Moral utawi Piwulang saking *Teks SDWW*	50
Tabel 6	:	Asiling *Deskripsi Naskah SDWW*	53
Tabel 7	:	Wujud Panyêrating Aksårå Jåwå kaliyan Pasanganipun wontên *Teks SDWW*	60
Tabel 8	:	Wujud Sandhangan Swårå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	61
Tabel 9	:	Wujud Sandhangan Wyanjånå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	62
Tabel 10	:	Wujud Sandhangan Panyigêging Wandå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	63
Tabel 11	:	Wujud Sandhangan Pangkon ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	63
Tabel 12	:	Wujud Aksårå Murdå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	64
Tabel 13	:	Wujud Aksårå Swårå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	65
Tabel 14	:	Wujud Aksårå Rékan ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*	65
Tabel 15	:	Wujud Ångkå Jawi ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW*.....	65
Tabel 16	:	*Transliterasi* Aksårå ha ingkang kasêrat hå kaliyan ingkang Kasêrat *Vokal* å wontên *Teks SDWW*	66

Tabel 17 : *Transliterasi Vokal* o ingkang dipunsêrat dados å wontên *Teks SDWW* 67
Tabel 18 : *Transliterasi* Icalipun Salah Satunggal Aksårå Rangkêp amargi Panganggéning Wuwuhan mênåpå déné Wujud Linggå wontên *Teks SDWW* 67
Tabel 19 : *Transliterasi* Icalipun Salah Satunggal Aksårå Rangkêp amargi Sastrå Lampah wontên *Teks SDWW* 68
Tabel 20 : *Transliterasi* Têmbung Dwi Linggå wontên *Teks SDWW* 68
Tabel 21 : *Transliterasi Reduplikasi Parsial* wontên *Teks SDWW* 69
Tabel 22 : *Transliterasi* Panganggéning Aksårå *Kapital* wontên *Teks SDWW* 69
Tabel 23 : *Transliterasi* Wandå wan minångkå Wujud Panambang -an wontên *Teks SDWW* 70
Tabel 24 : *Transliterasi* Wandå yå minångkå Wujud Panambang -å wontên *Teks SDWW* 70
Tabel 25 : Asiling *Transliterasi Standar* såhå *Suntingan Teks Edisi Standar Teks SDWW* 72
Tabel 26 : *Aparat Kritik* 109
Tabel 27 : Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar, Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks*, såhå *Terjemahan Teks SDWW* 135
Tabel 28 : *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhumatêng Gusti 196
Tabel 29 : *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Sêsamining Dumados 206
Tabel 30 *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Piyambakipun 219

PRATÉLAN LAMPIRAN

Kåcå

Lampiran 1 : *Teks* Carik *Sêrat Dongèng Warni-warni* ingkang Kasimpên ing Muséum Sånåbudåyå Ngayogyåkartå 237

Lampiran 2 : Sêrat Idi Panalitèn 308

PRATÉLAN CÊKAKAN

No. : Nomêr

SDWW : *Sêrat Dongèng Warni-warni*

Kat. : Katrangan

PANDOM ÉJAAN

Pandom éjaan ingkang dipunginakakên wontên ing *karya ilmiah* mênikå wontên kalih, inggih mênikå pandom éjaan kanggé båså Indonésia såhå pandom éjaan kanggé båså Jawi. Pandom éjaan båså Indonésia sadayanipun ngginakakên *Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan* (*EYD*).

Wondéné pandom éjaan båså Jawi sakêdhik radi nyêbal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Balai Bahasa Yogyakarta, 2006), inggih mênikå tåndhå ê kanggé nyêrat *fonem* / ə / ugêlipun ê kados ing têmbung **cêmêng** '*hitam*'; tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e / ungelipun é kados ing têmbung **saé** '*baik*'; såhå tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ / ungêlipun è kados ing têmbung **dongèng** '*dongeng*'. Sasanèsipun mênikå tåndhå å kanggé nyêrat *fonem* / ɔ / ungêlipun å kados ing têmbung **båså** 'bahasa'.

Irah-irahan *naskah* såhå pêthikan-pêthikan abåså Jawi ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kanggé nggampilakên panyêratipun. Ananging, kanggé aksårå e ngginakakên tåndhå ê kanggé nyêrat *fonem* / ə /, tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e /, ugi ngginakakên tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ /, såhå aksårå a (lêgênå) ngginakakên tåndhå å kanggé nyêrat *fonem* / ɔ /.

Sadåyå irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksårå Latin ingkang ngginakakên éjaan sadèrèngipun *EYD*, têtêp kasêrat mênåpå wontênipun murih têtêp kajagi aslinipun, ugi supados botên nuwuhakên salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi *naskah* sêratan aksårå Jåwå kajumbuhakên kaliyan *EYD*.

Kajian Filologi* såhå *Ajaran Moral* wontên *Sêrat Dongèng Warni-warni

déning: Warih Sri Martani
NIM 09205241021

SARINING PANALITÈN

Ancasing panalitèn mênikå kanggé: (1) ngandharakên kawontênaning *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni*, (2) ndamêl *transliterasi standar teks Sêrat Dongèng Warni-warni,* (3) ndamêl *suntingan teks edisi standar teks Sêrat Dongèng Warni-warni*. Salajêngipun, (4) ndamêl *terjemahan teks Sêrat Dongèng Warni-warni*, sartå (5) ngrêmbag *ajaran moral* wontên *teks Sêrat Dongèng Warni-warni.*

Panalitèn mênikå ngginakakên *metode* panalitèn *filologi* såhå *metode* panalitèn *deskriptif*. *Metode* panalitèn *filologi* dipunginakakên kanggé nggarap *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* ingkang kasêrat mawi aksårå Jåwå. *Metode* panalitèn *deskriptif* dipunginakakên kanggé nggambarakên *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi *objektif*. *Sumber data* panalitèn mênikå, *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni koleksi* Muséum Sånåbudåyå Ngayogyåkartå. *Teknik* ngêmpalakên *data* ing panalitèn mênikå ngginakakên *langkah kerja* panalitèn *filologi*, inggih mênikå *deskripsi naskah*, maos *teks*, *transliterasi*, *suntingan*, såhå *terjemahan teks. Analisis data* ngginakakên *teknik analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *validitas semantik*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå *reliabilitas intraratter* såhå *interratter*.

Asiling panalitèn mênikå ngandharakên gangsal bab. Sapisan, kawontênaning *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* taksih saé, såhå sêratanipun taksih sagêd kawaos. Kaping kalih, *transliterasi naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* dipungarap kanthi ngéwahi sêratan aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin adhêdhasar *éjaan* ingkang limrah. Katigå, *suntingan teks* ngginakakên *metode suntingan teks edisi naskah tunggal*, wondéné sadåyå éwah-éwahan ing *suntingan teks* kaandharakên ing *aparat kritik*. Sêkawan, *terjemahan teks* dipungarap kanthi nggantos *ragam* basaning *teks,* inggih saking *båsa Jawi* ragam Kråmå-ngoko dados båsa Jawi *ragam* Kråmå inggil såhå basaning *teks* saking båsa Jawi dados båsa Indonesia ngginakakên *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi,* såhå *terjemahan bebas*. Sadåyå *metode terjemahan* kasêbut dipungarap kanthi *kontekstual*. Ing *terjemahan teks*, wontên têmbung-têmbung ingkang wontên cathêthan *terjemahan*-ipun kanggé nggampilakên nêgêsi têmbung-têmbung ingkang angèl dipun-*terjemah*-akên kanthi kasêrat *alternatif pemahanan*-ipun. Gangsal, asiling ngrêmbag isining *teks Sêrat Dongèng Warni-warni* kapanggihakên tigang jinising gayutan *ajaran moral*, inggih *ajaran moral* antawisipun manungsa dhumatêng Gusti, *ajaran moral* antawisipun manungsa dhatêng sêsamining dumados, såhå *ajaran moral* antawisipun manungsa dhatêng piyambakipun.

BAB I
PURWÅKÅ

A. Dhasaring Panalitèn

Masarakat Jawi sampun misuwur gadhah kapribadèn ingkang luhur wiwit jaman rumiyin. Miturut Suseno (1988: 38), masarakat Jawi mênikå gadhah sipat rukun, têpå salirå, jujur, såhå tansah ngurmati dhatêng tiyang sanès miturut drajatipun. Ananging, ing wêkdal samênikå kathah tiyang Jawi mliginipun wiranèm, ingkang sampun kécalan sipat saking kabudayan lêluhur Jawi mênikå. Kathah wiranèm ingkang tumindak botên kados piwulang warisan saking lêluhuripun. Tuladhanipun, kathah wiranèm ingkang botên ngurmati dhatêng tiyang sanès.

Kajawi mênikå, ugi kathah wiranèm ingkang sampun kécalan tåtå krami såhå subåsitanipun. Bab mênikå nêdahakên bilih kathah wiranèm utawi pårå tarunå mênikå wantun dhatêng tiyang ingkang langkung sêpuh, matur dhatêng tiyang ingkang langkung sêpuh botên ngginakakên båsa kråmå, ugi tansah tumindak miturut kajêngipun piyambak. Ingkang dados jalaran wontênipun kawontênan ing nginggil, inggih mênikå kiranging kawigatosaning masarakat dhatêng kabudayanipun piyambak, inggih mênikå kabudayan Jawi ingkang tansah ngêtingalakên tåtå kraminipun.

Salah satunggaling sarånå ingkang ngêwrat kawruh andharan bab tindak-tanduk såhå kapribadèn ingkang luhur, inggih mênikå karyå tulis Jawi. Wujuding karyå tulis Jawi mênikå wontên ingkang awujud lésan såhå ingkang awujud sêratan. Wontên ing éwoning karyå tulis Jawi, kathah karyå tulis ingkang sinêrat

astå utawi carik, inggih ingkang dipunsêbut *naskah. Naskah* utawi *manuskrip*, inggih mênikå anggitan ingkang taksih kasêrat astå (carik), ingkang taksih asli mênåpå déné ingkang sampun awujud salinanipun (Darusuprapta lumantar Mulyani, 2009a: 1), inggih ingkang ngêwrat mawarni-warnining bab ingkang mujudakên wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin (Baroroh-Baried, 1985: 54; Mulyani, 2009a: 1).

Naskah utawi *manuskrip* Jawi samênikå kasimpên wontên ing papan panyimpêning *naskah* utawi bêbadan pamaréntah, swastå, mênåpå déné pribadi ingkang sumêbar wontên ing masarakat ing Indonesia mênåpå déné ngamâncå (Mulyani, 2009b: 7). Miturut Darusuprapta (lumantar Mulyani, 2009b: 7), ing Indonesia papan-papan ingkang nyimpên *manuskrip* Jawi ing wêwêngkon Suråkartå, inggih mênikå *Perpustakaan* Sånåpuståkå karaton Suråkartå, *Perpustakaan* Rêksåpuståkå Purå Mangkunêgaran, såhå Muséum Radyåpuståkå.

Papan panyimpêning *manuskrip* Jawi ing wêwêngkon Ngayogyåkartå, inggih mênikå Têpas Kapujanggan Widyåbudåyå Kasultanan Ngayogyåkartå, *Perpustakaan* Purå Pakualaman, såhå Muséum Sånåbudåyå. Kajawi papan-papan ing nginggil, wontên ing wêwêngkon Ngayogyåkartå, papan panyimpêning *naskah* Jawi ugi wontên ing Balai Bahasa Yogyakarta, Balai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional (ingkang samênikå namanipun dados Balai Pelestarian Sejarah dan Nilai Tradisional), ugi ing *Perpustakaan* Muséum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa.

Manuskrip utawi *naskah* Jawi ingkang kasimpên mênikå kasêrat mawi aksårå Jåwå, Arab Pégon, mênåpå déné aksårå Latin. Ananging, kathah-kathahipun

manuskrip Jawi mênikå sinêrat mawi aksårå Jåwå. Asiling rêriptan masarakat jaman rumiyin mênikå botên sagêd dipuntampi kanthi cêthå déning sadåyå pamaos. Bab mênikå jalaran sêratan mawi aksårå Jåwå sampun botên "akrab" kawaos déning masarakat jaman samênikå. Awit saking mênikå, wontên *manuskrip* utawi karyå tulis lami lajêng kangèlan dipunmangêrtosi isinipun.

Salah satunggaling lampah panalitèn ingkang sagêd nggampilakên anggènipun mangêrtosi isining *manuskrip* Jawi, inggih mênikå kanthi lampah panalitèn *filologi*. *Filologi*, inggih mênikå kawruh ingkang *objek* panalitènipun *naskah* kinå (Djamaris, 2002: 3). Ancasing *filolog* ngêcakakên panalitèn *filologi* inggih mênikå ndamêl *teks* supados langkung gampil dipunwaos utawi dipunmangêrtosi. Lampahing panalitèn *filologi* miturut Mulyani (2009a. 4-5), inggih mênikå (1) *inventarisasi naskah* utawi *manuskrip*; (2) *deskripsi naskah*; (3) nêmtokakên *manuskrip* ingkang kapilih; (4) maos *teks* saking *manuskrip* ingkang kapilih; (5) alih tulis *teks*; såhå (6) ndamêl *terjemahan*-nipun.

Ancasing *inventarisasi naskah* utawi *manuskrip* kanggé mangêrtosi *naskah* sajinis (awit *naskah* sajinis dipunpanggihakên mapintên-pintên irah-irahan ingkang sami), saénggå wontên panalitèn ménikå botên katindakakên amargi *naskah* kapanggihakên satunggal *eksemplar*. Wondéné lampahing panalitèn ingkang katindakakên wontên ing panalitèn mênikå, inggih (1) *deskripsi naskah*; (2) maos *teks* saking *manuskrip* kapilih; (3) ndamêl *transliterasi teks*; (4) ndamêl *suntingan teks*; (5) ndamêl *aparat kritik*; (6) ndamêl *terjemahan teks*; såhå (7) ngrêmbag wosing *teks*.

Miturut Behrend (1990: x-xi), wosing *teks* mênikå sagêd dipuntingali saking jinis andharaning *teks,* inggih mênikå sajarah, sarasilah, kukum, bab ringgit, sastrå ringgit, sastrå, piwulang, Islam, primbon, båså, *musik*, tari, adat, såhå sanèsipun. Saking wosing isi *teks* ugi sagêd dipunpêndhêt piwulangipun ingkang sampun kaandharakên déning pårå panganggit.

Awit kathahing jinis isi andharaning *teks,* wontên ing panalitèn mênikå dipuntêtêpakên satunggal jinis isinipun kémawon supados ênêripun cêthå såhå gumathok. Panalitèn mênikå nliti satunggaling *manuskrip* Jawi ingkang jinis isi andharaning *teks*-ipun sastrå, inggih mênikå *Sêrat Dongèng Warni-warni* (ingkang salajêngipun dipunsêrat *SDWW*). Anggènipun nêmtokakên *SDWW* mênikå adhêdhasar *katalog* warni ênêm, inggih mênikå: 1) *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta* (Girardet, 1983), 2) *Javanese Language Manuscripts of Surakarta, Central Java: A Preliminary Descriptive Catalogue* (Florida, 1981).

Kajawi ngginakakên *katalog* ing nginggil, ugi ngginakakên 3) *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta* (Behrend: 1990), 4) *Katalog Naskah-naskah Perpustakaan Pura Pakualaman* (Saktimulya, 2005), 5) *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-A* (Behrend T.E. dan Titik Pudjiastuti, 1997a), såhå 6) *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-B* (Behrend T.E. dan Titik Pudjiastuti, 1997b).

Kajawi nindakakên *studi katalog,* anggènipun nêmtokakên *naskah* ugi kanthi ningali piyambak kawontênaning *naskah* wontên ing *perpustakaan*,

muséum, utawi bêbadan ingkang nyimpên *naskah*. Sadåyå mênikå dipuntindakakên supados mangêrtos kawontênaning *naskah SDWW,* saénggå sagêd nêmtokakên *naskah SDWW* dados *sumber data* panalitèn. Ingkang dados jalaran *SDWW* mênikå katêmtokakên minångkå *sumber data* panalitèn, adhêdhasar *studi katalog* såhå ningali piyambak kawontênaning *naskah SDWW,* kaandharakên kados makatên.

1. *Naskah SDWW* mênikå kapanggihakên namung wontên satunggal *eksemplar* saéngga langkung gampil dipuntliti amargi botên prêlu pados *naskah* sanèsipun.
2. *Naskah SDWW* kapanggihakên dados *koleksi Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå kanthi nomêr *kodeks* PB C. 154. *Teks SDWW* kasêrat mawi aksårå Jåwå saénggå lumantar panalitèn sagêd dados satunggaling upåyå nglêstantunakên budåyå Jawi pérangan båså, mliginipun aksårå Jåwå.
3. *Naskah SDWW* kawontênanipun taksih saé. *Naskah*-ipun dipunsamaki warni cêmêng, kajilid kanthi dondoman ingkang taksih kêncêng. *Teks*-ipun ugi taksih sagêd dipunwaos kanthi cêtha.
4. Dhapukaning *teks SDWW* mênikå gancaran saénggå langkung gampil dipunbêdhah tinimbang *teks* ingkang dhapukan sêkar utawi *drama*. *Teks SDWW* langkung gampil dipunmangêrtosi jalaran kaandharakên kanthi båså limrah utawi båså padintênan, saénggå têmbung-têmbungipun gampil dipunmangêrtosi.
5. *Teks SDWW* kalêbêt jinising sastrå utawi cariyos ingkang kapérang saking sêkawan *teks* utawi cariyos. Sadayanipun ngêwrat mawarni-warni piwulang, antawisipun piwulang *moral,* piwulang kadospundi kêdahipun tumindaking

tiyang dhumatêng Gusti, tiyang dhatêng piyambakipun, tiyang dhatêng sêsaminipun, såhå tiyang dhatêng *lingkungan*.

Teks SDWW mênikå awujud sêratan carik mawi aksårå Jåwå ingkang sampun botên umum dipunmangêrtosi déning sapérangan masarakat ing jaman samênikå. Awit saking mênikå, *teks*-ipun kêdah dipundamêl alih tulisipun kanthi ngginakakên aksårå Latin utawi *transliterasi* supados sagêd kawaos déning sok-sintênå ingkang botên paham sêratan mawi aksårå Jåwå. Sasampunipun ndamêl *transliterasi*, salajêngipun ndamêl *suntingan teks*-ipun. Ancasing ndamêl *suntingan teks*, inggih mênikå ngéwahi sêrataning *teks* supados sagêd gampil kawaos såhå kasuraos isinipun lumantar têmbung-têmbung kajumbuhakên *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939).

Sasampunipun dipundamêl *transliterasi* såhå *suntingan teks*-ipun, taksih wontên prakawis ngéngingi basanipun. Båsså ingkang dipunginakakên ing *teks SDWW* mênikå kalêbêt båsså Jawi ingkang sampun botên limrah kaginakakên déning sapérangan masarakat. Awit saking mênikå, *teks*-ipun ugi dipundamêl alih båsså utawi *terjemahan*-ipun. Wondéné ancasing ndamêl *terjemahan teks* supados isinipun sagêd dipunmangêrtosi déning tiyang ingkang botên mangêrtos båsså Jåwi. Sasampunipun dipundamêl *terjemahan teks*-ipun, lampahing panalitèn salajêngipun nliti isining *teks* ingkang kathah ngêwrat bab piwulang mênikå supados sagêd dipunmunpangatakên kanggé gêsanging masarakat.

Piwulang utawi *ajaran moral* dipuntliti amargi *ajaran moral* mênikå bab ingkang wigatos. *Moral* mênikå gayut kaliyan budi pakêrti, kasagêdan utawi kaprigêlan nêmtokakên lêrês mênåpå lêpatipun tindak-tanduk. Kajawi mênikå,

kanthi nliti satunggaling *teks* ingkang dipunsêrat mawi aksårå Jåwå sagêd dados salah satunggaling upåyå nglêstantunakên budåyå Jawi.

B. Undêraning Prakawis

Adhêdhasar andharan dhasaring panalitèn ing nginggil, nuwuhakên prakawis-prakawis ingkang gayut kaliyan *naskah SDWW*. Wondéné prakawis-prakawis kasêbut kados makatên.

1. Tiyang Jawi ingkang sampun kécalan sipat saking kabudayan lêluhur.
2. *Deskripsi naskah SDWW* ingkang prêlu kaandharakên.
3. Prêlunipun ndamêl *transliterasi teks SDWW*.
4. Prêlunipun ndamêl *suntingan teks SDWW*.
5. Prêlunipun ndamêl *terjemahan teks SDWW*.
6. Wigatosing *ajaran moral* utawi piwulang wontên ing *SDWW*.

C. Watêsaning Prakawis

Adhêdhasar andharan dhasaring panalitèn såhå undêraning prakawis ing nginggil, panalitèn mênikå dipunwatêsi. Ancasing panalitèn mênikå dipunwatêsi supados prakawis ingkang dipunandharakên ênêripun cêthå såhå gumathok. Watêsaning prakawis kasêbut katåtå kados ing ngandhap mênikå.

1. *Deskripsi naskah SDWW*.
2. *Transliterasi* såhå *suntingan teks SDWW*.
3. *Terjemahan teks SDWW*.
4. *Ajaran moral* wontên *teks SDWW*.

D. Wosing Prakawis

Wosing prakawis dipundhasari saking watêsaning prakawis. Wondéné wosing prakawis wontên ing panalitèn mênikå kados ing ngandhap mênikå.

1. Kadospundi *deskripsi naskah SDWW*?
2. Kadospundi *transliterasi* såhå *suntingan teks SDWW*?
3. Kadospundi *terjemahan teks SDWW*?
4. Mênåpå kémawon wujud *ajaran moral* utawi piwulang wontên *teks SDWW*?

E. Ancasing Panalitèn

Ancasing panalitèn mênikå adhêdhasar saking wosing prakawis. Ingkang dados ancasing panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Ngandharakên *deskripsi naskah SDWW*.
2. Ndamêl *transliterasi* såhå *suntingan teks SDWW*.
3. Ndamêl *terjemahan teks SDWW*.
4. Ngandharakên wujud *ajaran moral* utawi piwulang wontên ing *SDWW*.

F. Paédahing Panalitèn

Asiling panalitèn mênikå kaangkah sagêdå munpangati pamaos mênåpå déné panaliti. Wondéné paédahing panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Panalitèn mênikå kaangkah sagêdå dados salah satunggaling tulådhå lampahing panalitèn ingkang ngêcakakên *teori* såhå *metode* panalitèn *filologi* tumrap *naskah SDWW*.

2. Asiling *transliterasi*, *suntingan*, såhå *terjemahan teks* sagêd nggampilakên pamaos anggènipun maos *teks SDWW* ingkang salajêngipun sagêd dipunpêndhêt piwulangipun.
3. Asiling ngrêmbag isining *teks* sagêdå nambahi pangêrtosan bab *moral* ingkang kawrat ing *SDWW* saénggå sagêdå kaginakakên minångkå nambahi wêwaton kanggé gêsanging masarakat.

G. Pangêrtosan

Kajian filologi, inggih mênikå *penyelidikan secara mendalam naskah-naskah* kinå kanthi ngandharakên wosing *teks* ingkang kaandharakên wontên ing *naskah.* Lampahing panalitèn utawi *kajian filologi* ing panalitèn mênikå, inggih ndamêl *deskripsi* utawi kawontênaning *naskah,* ndamêl *transliterasi teks*, ndamêl *suntingan teks*, ndamêl *terjemahan teks*, såhå ngrêmbag isining *teks*.

Ajaran moral, inggih mênikå piwulang ingkang gayut kaliyan tindak-tanduking manungså ingkang nêdahakên budi pakêrtinipun. *Ajaran moral* mênikå botên namung gêgayutan antawisipun manungså kaliyan manungså sanès, nanging ugi gayut kaliyan tumindaking manungså dhumateng Gusti, manungså kaliyan piyambakipun, såhå manungså kaliyan *lingkungan* utawi alam.

Sêrat Dongèng Warni-warni, inggih mênikå salah satunggaling *manuskrip* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå Ngayogyåkartå. Miturut Behrend (1990: 435), sêrat mênikå kinten-kinten dipunsêrat nalikå abad ingkang kaping 20 ing Suråkartå. *Indikator* sêrat mênikå dipunmangêrtosi kasêrat nalikå abad ingkang kaping 20 ing Suråkartå inggih mênikå saking basaning *teks*, inggih

bâsâ Jawi *ragam* krâmâ kaliyan ngoko ingkang limrah. Kajawi mênikâ, saking andharaning *teks* kapanggihakên bilih namaning panggénan ingkang dipunsêbutakên mênikâ namaning panggénan ing wêwêngkon Suråkartå. Wosing *SDWW* inggih mênikâ *ajaran moral* ing madyaning bêbrayan.

BAB II
GÊGARAN *TEORI*

A. Sastrå Jawi

Karyå sastrå lair saking pamikiring tiyang minångkå pralambang tumindaking manungsa saking *imajinasi*-nipun panganggit. Têmbung sastrå asalipun saking båsa Sanskerta, dumados saking woding têmbung *ças* ‘mulangakên, paring pitêdah’, kawuwuhan -tra ‘pirantos utawi sarånå’. Awit saking mênikå, sastrå têgêsipun sarånå utawi pirantos kanggé mulang utawi paring pitêdah. Miyurut Purwadi (2007: 425), sastrå ugi sagêd dipunmaknai asiling karyå ingkang dipundamêl kanthi båsa ingkang saé.

Sastrå inggih mênikå asiling karyå *seni* ingkang dipundamêl ngginakakên sarånå båsa. Padmosoekotjo (1958: 7-8) ngandharakên pangêrtosan-pangêrtosan bab sastrå. Maknanipun sastrå, inggih mênikå piwulang. Salajêngipun, sastrå dipuntambahi wuwuhan su- dados susastrå. Maknanipun susastrå, inggih mênikå piwulang ingkang saé utawi sêratan ingkang saé. Susastrå dipuntambahi wuwuhan kå- kaliyan panambang -an dados kasusastran, maknanipun inggih mênikå piwulang utawi ngèlmi ingkang saé sangêt utawi linangkung amargi ngginakakên båsa ingkang éndah.

Sapérangan agêng têtilaran kabudayan Jawi mênikå awujud sêratan utawi karyå sastrå. Anggènipun ndamêl karyå sastrå utawi karyå tulis, panganggit botên namung ndamêl, nanging ugi wontên maksudipun utawi ancasipun, inggih mênikå ingkang dipunsêbut *ajaran* utawi *amanat* utawi piwulang. Hardjana (1983: 13) ngandharakên bilih sastrå minångkå pralambanging masarakat, sagêd

dipunlintirakên saking satunggal *generasi* dhatêng *generasi* salajêngipun amargi paédahing karyå sastrå mênikå botên namung minångkå pamulangan ingkang limrah (umum), nanging ugi ingkang asipat piwulang *moral* utawi budi pakêrti ingkang gayut kaliyan *religi, etika,* såhå *sosial.*

Miturut Behrend (1990: xiii), karyå tulis utawi *naskah* kapérang saking *naskah* kanthi dhapukan sêkar måcåpat, sêkar agêng, sêkar kawi (kakawin), såhå ingkang kaandharakên kanthi dhapukan gancaran. Sagêd dipundudut bilih karyå sastrå utawi karyå tulis Jawi ingkang awujud *naskah* mênikå kalêbêt karyå tulis ingkang ngêwrat piwulang utawi ngèlmi ingkang saé amargi dipunanggit ngginakakên båså ingkang saé såhå éndah kanthi dhapukan sêkar måcåpat, sêkar agêng, sêkar kawi (kakawin), såhå gancaran.

Karyå tulis Jawi ingkang awujud *naskah* ngêwrat piwulang ingkang sagêd dipunpêndhêt munpangatipun. Supados sagêd langkung dipunmangêrtosi déning masarakat, *naskah* mênikå kêdah dipuncawisakên malih mawi *pengkajian naskah* utawi isining *naskah* mênikå dipunrêmbag. Kanthi pangrêmbaging *naskah* kasêbut, dipunajab piwulang ingkang kawrat ing *naskah* sagêd dipunmangêrtosi déning masarakat ingkang salajêngipun sagêd dipunmunpangatakên ing bêbrayaning masarakat agung. Wontên ing panalitèn mênikå, ngandharakên såhå ngrêmbag *ajaran moral* utawi piwulang ingkang kawrat ing *teks* salêbêting *naskah SDWW*.

B. Dongèng

Danandjaja (1986: 83) ngandharakên bilih dongèng inggih mênikå cariyos cêkak *kolektif* kasusastran lisan. Dongèng kalêbêt cariyos rakyat ingkang

kaandharakên kanthi dhapukan gancaran ingkang dipunanggêp botên nyåtå kadadosanipun. Dongèng dipuncariyosakên minångkå *hiburan*, nanging ugi wontên ingkang nganggêp dongèng mênikå ngêwrat piwulang såhå *sindiran*.

Miturut Endraswara (2005: 166), dongèng kalêbêt cariyos ingkang *fantastis*. Dongèng sagêd kapérang dados tigå, inggih mênikå dongèng kéwan, dongèng lucu, såhå dongèng bocah. Wondéné Anti Aarne kaliyan Stith Thompson (lumantar Danandjaja, 1986: 86-141), dongèng kapérang dados sêkawan jinis. Sadayanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Dongèng kéwan (*animal tales*), inggih mênikå dongèng ingkang paraganipun kéwan ingah-ingahan kaliyan kéwan *liar*, kados tå maéså, méndå, lêmbu, kancil, sawêr, ulam, pêksi, lan sanèsipun. Kéwan-kéwan kasêbut sagêd wicantên såhå gadhah akal kados manungså. Wontên ing Jawi, dongèng kéwan ingkang misuwur inggih mênikå dongèng kancil.
2. Dongèng biasa (*ordinary tales*), inggih mênikå dongèng ingkang paraganipun manungså sahå nyariyosakên cariyos bingah tuwin sungkawanipun satunggaling tiyang. Wontên ing Jawi, tuladhanipun dongèng biasa inggih mênikå cariyosipun Andhé-andhé Lumut, Jåkå Kêndhil, Jåkå Tarub, såhå Kéong Mas.
3. Lêlucon kaliyan *anekdot* (*jokes and anecdotes*), inggih mênikå dongèng ingkang sagêd nuwuhakên gumujênging sok-sintênå ingkang mirêngakên utawi nyariyosakån. Ananging, tumraping parågå ingkang dados *objek* ingkang dipuncariyosakên, sagêd ndamêl gêrahing manahipun parågå.

4. Dongèng *berumus* (*formula tales*) inggih mênikå dongèng-dongèng ingkang *struktur*-ipun kadadosan saking *pengulangan*.

Adhêdhasar andharan jinising dongèng ing nginggil, panalitèn mênikå ngandharakên dongèng saking *naskah SDWW* kanthi dhapukan gancaran ingkang kalêbêt jinising dongèng biasa (*ordinary tales*). *Naskah SDWW* kalêbêt jinising dongèng biasa amargi sadayanipun cariyos utawi dongèng mênikå parågå utamanipun manungså såhå nyariyosakên cariyos bingah tuwin sungkawanipun parågå.

C. *Filologi*

1. Pangêrtosan *Filologi*

Satunggaling *naskah* kinå têmtu kémawon dèrèng sagêd dipunmangertosi déning sadåyå tiyang. Awit saking mênikå, dipunbêtahakên salah satunggaling kawruh kanggé nggampilakên anggènipun mangêrtosi *naskah* kinå, inggih mênikå *filologi.* Baroroh-Baried (1985: 1), ngandharakên bab *filologi.* Têmbung *filologi* asalipun saking båså Yunani *philologia*, ingkang dumados saking têmbung *philos* kaliyan *logos.* Têmbung *philos* têgêsipun *'cinta;* rêmên' såhå *logos* têgêsipun *'ilmu;* kawruh'. Wontên ing båså Yunani, *philologia* maknanipun 'rêmên wicantên', lajêng ngrêmbåkå dados 'rêmên sinau', 'rêmên dhatêng ngèlmi', lajêng dados 'rêmên nyêrat'.

Salajêngipun, Baroroh-Baried (1985: 1) ngandharakên bilih *filologi*, inggih mênikå salah satunggaling kawruh bab sêratan (karyå tulis) ingkang gayut kaliyan bab båså, sastrå, såhå budåyå. Ing salêbêting *Kamus Istilah Filologi* (lumantar

(Sulastin-Sutrisno, 1981: 7), têmbung *filologi* atêgês *ilmu yang menyelidiki perkembangan kerohanian suatu bangsa dan kekhususannya atau yang menyelidiki kebudayaan berdasarkan bahasa dan kesusastraannya*

Wondéné miturut Djamaris (2002: 3), pangêrtosan *filologi*, inggih mênikå kawruh ingkang *objek* panalitènipun *naskah-naskah* lami. Panalitèn bab *naskah-naskah* lami mênikå katindakakên amargi wontên panêmu bilih wontên salêbêting têtilaran ingkang awujud sêratan mênikå kawrat piwulang-piwulang ingkang taksih jumbuh kaliyan pagêsanganing masarakat jaman samênikå (Baroroh-Baried lumantar Suyami, 2001: 11)

Sasanèsipun mênikå, Mulyani (2009b: 1) ugi ngandharakên bilih *filologi*, inggih mênikå salah satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan kawruh ingkang ngrêmbag bab budåyå (pikiran, pangraos, *adat kebiasaan*, kaliyan piwulang ingkang turun-têmurun ingkang dipuntindakakên déning masarakat) manungså ing jaman rumiyin. *Filologi* sagêd dipunsêbut salah satunggaling ngèlmi ingkang ancasipun kanggé ngandharakên wosing *teks* ingkang kawrat wontên ing salêbêting *naskah*.

Kajawi pangêrtosan ing nginggil, Djamaris (2002: 7) ugi ngandharakên bilih *filologi* inggih mênikå kawruh ingkang nliti kabudayaning bångså miturut *naskah*-ipun. Saking panalitèning *naskah*, salajêngipun sagêd dipunmaknai, dipunandharakên, såhå dipuncawisakên andharanipun kanthi *ekstensif* bab wosing *teks* (Robson, 1985: 12). Dados, *filologi* inggih mênikå kawruh ingkang ngrêmbag bab *naskah-naskah* lami, inggih mênikå asiling budåyå jaman rumiyin saking påra pujånggå kanthi ngandharakên wosing *teks* ingkang kawrat wontên ing *naskah*.

Pangêrtosan *filologi* dipunginakakên ing panalitèn mênikå awit panalitên mênikå nliti *naskah,* kanthi irah-irahan *Sêrat Dongèng Warni-warni* ingkang taksih sinêrat mawi astå (sêratan carik). Panalitèn mênikå nggandharakên isinipun *teks SDWW* ingkang dipungayutakên kaliyan ngèlmi båså, sastrå, såhå budåyå.

2. Ancasing Panalitèn *Filologi*

Filologi dipunginakakên kanggé nliti *teks-teks* ingkang kalêbêt *teks klasik.* Miturut Baroroh-Baried (1985: 5-6), ancasing panalitèn *filologi* sagêd kapérang dados kalih, inggih mênikå ancas ingkang *umum* mênåpå déné ingkang *khusus.* Ancas ingkang *umum* utawi *tujuan umum* såhå ancas ingkang *khusus* utawi *tujuan khusus* panalitèn *filologi* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. Tujuan Umum Filologi
   1) *memahami sejauh mungkin kebudayaan suatu bangsa melalui hasil sastranya, baik lisan maupun tertulis,*
   2) *memahami makna dan fungsi teks bagi masyarakat penciptanya,*
   3) *mengungkapkan nilai-nilai budaya lama sebagai alternatif pengembangan kebudayaan.*

b. Tujuan Khusus Filologi
   1) *menyunting selembar teks yang dipandang paling dekat dengan teks,*
   2) *mengungkap sejarah terjadinya teks dan sejarah perkembangannya,*
   3) *mengungkap resepsi pembaca pada setiap kurun penerimaannya.*

Saking andharan ancasing panalitèn ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutanipun bilih ancasing panalitèn *filologi* ngandharakên kawontênaning *naskah,* ndamêl *transliterasi teks,* ndamêl *suntingan teks,* ndamêl *terjemahan teks*. Kajawi mênikå, ancasing panalitèn *filologi* ugi kanggé mangêrtosi maknå såhå ancasing *teks* kanggé pamaos. Ancasing panalitèn *filologi* tumrap *SDWW,* inggih mênikå ngandharakên *teks SDWW* supados sagêd gampil dipunwaos, ngandharakên

kawontênaning *naskah SDWW*, ndamêl *transliterasi teks SDWW*, ndamêl *suntingan teks* ingkang asilipun sagêd ndadosakên *naskah* ingkang rêsik saking sêratan ingkang lêpat, såhå asiling *terjemahan* kanggé mangêrtosi wosing *teks*. Wondéné wosing *teks* sagêd dipunandharakên kanthi cara *analisis* utawi ngrêmbag andharaning piwulang utawi *ajaran moral* ingkang kaandharakên ing *teks*-ipun

3. *Objek* Panalitèn *Filologi*

Sabên ngèlmi gadhah *objek* panalitèn piyambak-piyambak. *Objek* panalitèn *filologi* awujud sêratan astå utawi carik (*manuskrip*) ingkang ngêwrat asiling pikiran kaliyan pangraos minångkå asiling budåyå jaman rumiyin ingkang awujud *naskah* kaliyan *teks* (Baroroh-Baried, 1985: 3). *Naskah* kaliyan *teks* mênikå bédå. Wondéné andharaning *naskah* kaliyan *teks* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. Pangêrtosan *Naskah*

Wontên ing båsa Latin, *naskah* dipunsêbut "*codeks"*; wontên ing båsa Inggris dipunsêbut "*manuscript"*, såhå wontên ing båsa Walandi dipunsêbut *"handschrift"* (Djamaris, 2002: 3). *Naskah* mênikå kalêbêt *benda konkret*, inggih mênikå wontên wujudipun utawi sagêd dipuntingali såhå dipuncêpêng. Miturut Sulastin-Sutrisno (1981: 19), pangêrtosan *naskah* inggih mênikå têtilaraning lêluhur awujud asiling budåyå ingkang ngêwrat bab-bab ingkang gayut kaliyan pagêsanganing bångså ing jaman rumiyin ingkang kasêrat.

Wondéné miturut Poerwadarminta (lumantar Darusuprapta, 1984: 1), *naskah*, inggih mênikå asiling sêratan astå ingkang asli mênåpå déné santunanipun.

Kadosdéné andharaning Poerwadarminta, Djamaris (2002: 3) ugi ngandharakên bilih *naskah,* inggih mênikå sadåyå *bahan* sêratan astå têtilaraning pårå lêluhur ingkang kasêrat ing kêrtas, ron tal (lontar), kulit kajêng, mênåpå déné pênjalin. *Naskah* Jawi, inggih mênikå *naskah* ingkang dipunsêrat mawi båså Jawi. *Naskah* ugi sagêd dipunsêbut *kodeks*, inggih mênikå gulungan utawi buku sêratan astå, ingkang mêndhêt *bahan* saking *teks-teks klasik.* Sasampunipun *seni* cithak dipunpanggihakên, pangêrtosaning *kodeks* éwah dados buku ingkang sinêrat (Baroroh-Baried, 1985: 55).

Naskah Jawi sagêd kapérang miturut basanipun, wujuding *teks* utawi dhapukaning *teks,* såhå aksaranipun. Miturut basanipun, *naskah* Jawi wontên *naskah* Jawi Kuna, *naskah* Jawi Têngahan, såhå *naskah* Jawi Énggal. Miturut wujuding *teks* utawi dhapukaning *teks*, *naskah* Jawi kapérang dados tigå, inggih mênikå *teks* dhapukan sêkar, *teks* dhapukan gancaran, såhå *teks* dhapukan pawicantênan (*drama*). *Naskah* Jawi miturut aksaranipun, sagêd dipunpérang dados *naskah* Jawi kasêrat kanthi aksårå Jåwå, aksårå Arab Pegon, såhå aksårå Latin (Mulyani, 2010: 2-3).

Adhêdhasar pangêrtosan *naskah* ing nginggil, ingkang dados *objek* panalitèn mênikå inggih *naskah SDWW*. *Naskah SDWW* ingkang dipunginakakên awujud sêratan carik kasêrat wontên ing kêrtas ingkang kalêbêt jinising *kodeks* amargi *naskah SDWW* kapérang saking sêkawan *teks* ingkang sampun awujud buku. Wondéné andharan ngéngingi *teks SDWW* ingkang kawrat ing *naskah SDWW* kaandharakên ing pérangan pangêrtosing *teks*.

b. Pangêrtosan *Teks*

Kajawi *naskah*, *objek* panalitèn *filologi* sanèsipun inggih mênikå *teks*. Miturut Onions (lumantar Darusuprapta, 1984: 1), *teks* inggih mênikå rêroncèning têtêmbungan awujud waosan kanthi isi tartamtu. Ngéngingi bab *teks*, Mulyani (2009b: 2) ngandharakên bilih

> *"teks adalah rangkaian kata-kata yang merupakan bacaan dengan isi tertentu atau kandungan naskah atau muatan naskah atau uraian yang memberi informasi mengenai kebudayaan suatu bangsa pada masa lampau yang disajikan dalam bentuk lisan atau tertulis"*.

Teks inggih mênikå rêroncèning têtêmbungan awujud waosan kanthi isi tartamtu utawi wosing *naskah* utawi gancaran ingkang ngêwrat *informasi* bab kabudayaning bångså ing jaman rumiyin ingkang awujud lésan utawi sêratan.

Wontên malih pangêrtosan *teks* miturut Baroroh-Baried (1985: 56), inggih mênikå wosing *naskah*, sapérangan ingkang *abstrak*, ingkang namung sagêd dipunangên-angên. Dados, ingkang ndadosakên *teks* kaliyan *naskah* mênikå bédå, inggih mênikå wujudipun. Manawi *naskah* mênikå wujudipun nyåtå utawi *konkret*, manawi *teks* mênikå wujudipun *abstrak* utawi botên katingal.

Teks mênikå kadadosan saking isi kaliyan wujud (*content and form*) (Mulyani, 2009a: 3). Isining teks inggih mênikå *amanat* ingkang dipunaturakên panganggit dhatêng pamaos. Wujud *teks*, inggih mênikå isi ingkang kawrat ing salêbêting *teks*, inggih awujud andharan ingkang sagêd dipunwaos såhå dipunsinaoni miturut kawruh jumbuh kaliyan *aspek* båså, sastrå, såhå budåyå. Ngèlmi ingkang nliti *teks* inggih mênikå *tekstologi*. *Tekstologi* nliti kadospundi mandhapipun *teks* ing karyå sastrå, *penafsiran*, såhå *pemahaman*-ipun. Adhêdhasar cårå anggènipun

nglintirakên *teks*-ipun, *teks filologi* kabagi dados tigang jinis, inggih mênikå (1) *teks* lisan; (2) *teks naskah*; såhå (3) *teks* cithak.

Teks naskah SDWW ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå wontên satunggal *eksemplar*. Adhêdhasar katranganing *katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Museum Sonobudoyo Yogyakarta Jilid I* (Behrend, 1990: 435), *SDWW* dipunsêrat rikålå *abad* ingkang kaping 20 ing Suråkartå. *Teks naskah SDWW* kalêbêt *teks naskah* amargi *objek* panalitènipun arupå *naskah* carik.

4. *Aliran Filologi*

Aliran filologi sagêd dipuntingali saking *gejala variasi.* Miturut caranipun ningali *gejala variasi* ing salêbêting *teks* ingkang kawrat wontên ing *naskah, aliran filologi* kapérang dados kalih, inggih mênikå *aliran filologi tradisional* kaliyan *aliran filologi modern.* Wondéné andharan ngéngingi *aliran filologi tradisional* kaliyan *aliran filologi modern* kados ing ngandhap mênikå.

a. *Aliran Filologi Tradisional*

Aliran filologi tradisional, inggih mênikå *filologi* ingkang nggatosakên *variasi* minångkå wujud ingkang *korup* utawi kirang. Wontên ing *aliran filologi tradisional*, ahli *filologi* ngginakakên pangraosipun kanggé nêmtokakên *naskah* ingkang sagêd dipuntåtå salasilahipun kanggé manggihakên waosan *hipotesis* ingkang dipunanggêp asli, utawi ingkang paling cêlak kaliyan aslinipun (Baroroh-Baried, 1985: 1-2). Ancasing *aliran filologi tradisional* kanggé manggihakên *teks* ingkang sapisanan.

b. *Aliran Filologi Modern*

Aliran filologi modern, inggih mênikå *filologi* ingkang nggatosakên *variasi* minångkå wujud *kreasi*. *Varian-varian* mênikå dipunanggêp minångkå asiling padamêlan ingkang *kreatif* kanggé mangêrtosi *teks,* nêgêsi, nglêrêsakên mênåpå ingkang dipunanggêp botên lêrês, såhå dipunjumbuhakên kaliyan ngèlmi båså, sastrå, budåyå, agåmå, sartå tåtå politik ingkang kaanggé (Baroroh-Baried, 1985: 3). Ancasing *aliran filologi modern* kanggé manggihakên maknå *kreasi* wontên ing wujud *variasi*.

Aliran filologi modern kaginakakên ing panalitèn mênikå. Ancasing *langkah kerja filologi modern* kanggé ngandharakên wosing *teks.* Anggènipun ngandharakên wosing *teks SDWW* kajumbuhakên kaliyan ngèlmi båså, sastrå, såhå budåyå.

5. Garapaning Panalitèn *Filologi*

Panalitèn *filologi* kêdah nindakakên garapaning panalitèn. Garapaning panalitèn *filologi* ingkang dipuntindakakên wontên ing panalitèn mênikå wontên warni pitu, inggih mênikå (1) *deskripsi manuskrip*; (2) maos *teks manuskrip* ingkang kapilih; (3) ndamêl alih tulis *teks*; (4) ndamêl *suntingan teks*; (5) ndamêl *terjemahan teks*; såhå (6) ngrêmbag piwulang utawi *ajaran moral* ing *teks*. Wondéné andharan garapaning panalitèn ingkang katindakakên ing panalitèn mênikå kaandharakên makatên.

a. *Deskripsi Naskah*

Miturut Djamaris (1977: 25), *deskripsi naskah* inggih mênikå ngandharakên kawontênaning *naskah* kanthi têtêmbungan ingkang cêthå ngéngingi *naskah* ingkang dipuntliti. *Deskripsi naskah* dipuntindakakên kanthi ndamêl andharan kawontênaning *naskah*, *fisik* utawi *nonfisik*-ipun (*teks*) kanthi tliti. Anggènipun ngandharakên *fisik* utawi *nonfisik*-ipun (*teks*) *naskah*, sagêd mawi *tabel* utawi andharan awujud gancaran. Ancasing *deskripsi naskah* kanggé ngandharakên kawontênaning *fisik naskah* utawi *nonfisik*-ipun (*teks*) *naskah* ingkang dados *sumber data* panalitèn kanthi cêthå. Awit saking mênikå, anggènipun ngandharakên *deskripsi naskah* kêdah katindakakên kanthi tliti såhå dipunandharakên mênåpå wontênipun.

Wontên bab-bab ingkang kêdah dipundamêl andharanipun ing salêbêting anggènipun ngandharakên kawontênaning *naskah*. Miturut Darusuprapta (lumantar Mulyani, 2009a: 9-12), bab-bab mênåpå kémawon ingkang kêdah dipundamêl andharanipun, urut-urutanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Papan panyimpêning *manuskrip*, inggih mênikå andharan ingkang ngêwrat bab sintên ingkang nyimpên, wontên ing pundi, nomêr *kodeks*-ipun pintên.
2) Irah-irahanipun mênåpå, kasêrat wontên ing pundi, kasêrat piyambak déning panyêratipun, mênåpå kanthi andharan saking tiyang sanès, sêrataning irah-irahan wontên ing salêbêting *manuskrip* mênåpå ing sajawining *manuskrip*.
3) Samak, samaking *manuskrip* kadamêl saking mênåpå, kadospundi kawontênaning samak pérangan ngajêng såhå pérangan wingking, rupining samakipun mênåpå, mênåpå wontên sêratan, gambar utawi rêrêngganipun, manawi wontên kadospundi wujudipun, mênåpå isining sêratanipun.
4) Jilidan, kadospundi mênggah jilidanipun, dipundondomi mênåpå botên, wontên pérangan-péranganing jilidan mênåpå botên, kadospundi kawontênaning jilidanipun, mênåpå wontên lêmbar-lêmbaring dlancang ingkang pêthil utawi ucul saking jilidanipun.
5) Ukuraning *manuskrip* kadospundi, ukuran wiyar såhå panjangipun pintên, kandêlipun pintên.

6) Ukuraning *teks* kadospundi, ukuran wiyar såhå panjangipun pintên, mênåpå wontên ingkang kasêrat namung sêpalih, sapratigan, saprasakawanipun raining dlancang, lsp.
7) Sêratan, jinising aksårå ingkang kaginakakên kanggé nyêrat *teks* mênåpå kémawon, kadospundi mênggah wujuding aksårå (mbåtå sarimbag, ngêtumbar, mucuk eri, mênåpå *kombinasi*), kadospundi mênggah ukuraning aksårå (agêng, cêkapan, mênåpå alit), kasêrat miring mênåpå jêjêg, tandhêsaning sêratanipun kandêl mênåpå tipis, kasêrat mawi mangsi rupi mênåpå, kasêrat ing lêbêting dlancang sisih pundi *verso* mênåpå *recto*, sêratanipun gampil kawaos mênåpå angèl kawaos.
8) Rêrênggan, mênåpå wontên rêrêngganipun, manawi wontên kasêrat ing pundi kémawon, kadospundi mênggah wujudipun, kasêrat utawi kagambar mawi mangsi mênåpå kémawon, wontên gayutipun kaliyan andharaning *teks* mênåpå botên.
9) Manggålå, mênåpå wontên manggalanipun, manawi wontên isinipun ngandharakên bab mênåpå kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênåpå tiyang sanès, kasêrat wontên ing pundi, kapan anggènipun nyêrat, såhå sintên ingkang nyêrat.
10) *Kolofon*, mênåpå wontên *kolofon*-ipun (inggih andharan sasampunipun *teks* utawi andharan pérangan wingking ing pungkasaning sêrataning *manuskrip*), manawi wontên isinipun ngandharakên bab mênåpå kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênåpå tiyang sanès.
11) Dhapukan, kadospundi mênggah dhapukaning *teks*, manawi mawi dhapukan gancaran: pintên jumlahing larik sabên kacaning dlancang, manawi mawi dhapukan sêkar, inggih dhapukan sêkar macapat: pintên cacahing pupuh såhå pådå ing sabên pupuhipun, mawi jinising sêkar mênåpå kémawon.
12) Tåndhå pamaos, ngginakakên tåndhå pamaos mênåpå kémawon, wontên ing dhapukan pundi kémawon, kasêrat mawi mangsi mênåpå kémawon, wujuding tåndhå kadospundi, mênåpå wontên panåndhå sanèsipun, såhå kaginakakên kanggé mênåpå kémawon.
13) Isi, isining *teks* mênikå jangkêp mênåpå kirang, kapunggêl mênåpå awujud *fragmen*, kadospundi mênggah andharaning isining *teks*.
14) Jinis, kalêbêt ing golonganing jinis *manuskrip* mênåpå, kadospundi mênggah titikanipun.
15) Båså, ngginakakên *ragam* båså menåpå kémawon: båså Jawi *ragam* kråmå, ngoko, mênåpå campuran, kadospundi mênggah båså ingkang dipunginakakên: mawi båså baku, ênggèn-ênggènan, mênåpå campuran, mênåpå inggih wontên båså sanèsipun sinaosa namung cuplikan (Arab, *Melayu* mênåpå sanèsipun).
16) Cathêtan, mênåpå wontên cathêtan ing salêbêting *teks* ingkang wontên gayutanipun kaliyan *teks*, mênåpå wontên cathêtan ing sajawining *teks*.

Deskripsi naskah SDWW, inggih mênikå ngandharakên utawi nggambarakên mawi têtêmbungan kanthi cêthå såhå rinci kawontênanipun *naskah*

SDWW. Ancasing ndamêl kawontênaning *naskah SDWW* inggih mênikå saprêlu ngandharakên kadospundi kawontênanipun *naskah SDWW*. Andharan ngéngingi kawontênaning *naskah SDWW* ingkang langkung jangkêp kaandharakên ing bab III, sub-bab caranipun nganalisis *data* såhå pirantining panalitèn. Sasampunipun ngandharakên kawontênaning *naskah*, garapaning panalitèn salajêngipun inggih mênikå maos *teks*.

b. Maos *Teks*

Sasampunipun nêmtokakên *naskah* ingkang dipundadosakên *sumber data*, salajêngipun maos *teks*-ipun. Anggènipun maos *teks naskah* Jawi mbêtahakên maos ingkang sêtiti. Maos ingkang sêtiti, inggih sêtiti anggènipun mangêrtosi wujuding aksårå, sipating aksårå, såhå anggènipun mangêrtosi wosing *teks*. Manawi ngantos klèntu anggènipun maos *teks*, klèntu ugi anggènipun mbêdhah maknaning *teks*. Dados, manawi klèntu anggènipun maos *teks* sagêd ndadosakên klèntu makaping-kaping, ngantos dumugi klèntu anggènipun mbêdhah maknaning *teks* (Darusuprapta lumantar Mulyani, 2010: 38).

Salajêngipun, Darusuprapta (lumantar Mulyani, 2010: 38), ngandharakên bilih adhêdhasar panalitèn, dipunpanggihakên wontênipun mawarni-warnining sêratan såhå wujuding aksaraning *naskah* mênikå bédå-bédå. Miturut Ismaun (1996: 7-10), wontên sêkawan *ragam* aksårå Jåwå. Wondéné sêkawan *ragam* aksårå Jåwå kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1) Mbåtå Sarimbag

Ragam aksårå mbåtå sarimbag, inggih mênikå wujuding aksårå Jåwå awujud rimbag, inggih mênikå *persegi* kados båtå. Aksårå mênikå kathah kaginakakên wontên ing pasinaon aksårå Jåwå *pemula*, wontên ing samak, *prasasti*, såhå *manuskrip*.

2) Ngêtumbar

Ragam aksårå ngêtumbar, inggih mênikå aksårå Jåwå ingkang wujudipun sêtêngah bundêr kados tumbar. *Ragam* aksårå mênikå awis dipunpanggihi wontên ing sêratan *pemula*. Ingkang asring ngginakakên aksårå ngêtumbar mênikå tiyang ingkang tlatos såhå sêtiti.

3) Mucuk Êri

Ragam aksårå mucuk êri, inggih mênikå aksårå Jåwå ingkang awujud *sudut lancip* kados êri ing pérangan tartamtu, sagêd pucukipun mênåpå déné sêrataning aksårå pérangan nginggil. *Ragam* aksårå mucuk êri mênikå ugi awis dipunpanggihi. Kathah-kathahipun, dipunpanggihi wontên ing *naskah* utawi *manuskrip* rontal.

4) *Kombinasi*

Ragam aksårå *kombinasi*, inggih mênikå wujuding aksårå Jawanipun campuran saking tigang *ragam* aksårå Jåwå kasêbut, inggih mênikå mbåtå sarimbag, ngêtumbar, såhå mucuk êri. *Kombinasi* botên namung ing sabên aksårå kémawon, nanging sagêd ing sabên larik, *alinea*, mênåpå déné sabên kåcå.

Kajawi kêdah mangêrtosi wujud aksaranipun, ugi kêdah mangêrtosi tandhêsaning anggènipun nyêrat. Tandhêsaning anggènipun nyêrat wontên ingkang

kandêl, wontên ugi ingkang tipis; wontên ingkang kasêrat jêjêg, wontên ugi ingkang kasêrat miring. Wontênipun mawarni-warnining sêratan såhå wujuding aksåråning *naskah* mênikå sagêd nêdahakên bilih *naskah* ingkang sêratanipun makatên mênikå asalipun saking pundi, kålå mênåpå kasêrat, lsp (Mulyani, 2010: 38).

Kajawi mangêrtos wujuding aksårå Jåwå, ugi kêdah mangêrtos mênggah sipatinipun. Aksårå Jåwå asipat *silabis*, inggih mênikå satunggal aksårå nêdahakên satunggal *silabel* utawi satungal wandå; såhå tåtå panyêratipun kanthi *scriptio-continuo* (Mulyani, 2009b: 6). Têgêsipun, sêratan ingkang kasêrat kanthi lajêngan kémawon wontên ing sabên larik tanpå milah-milahakên panyêrating sabên têmbung-têmbungipun.

Aksårå Jåwå pokok utawi baku mênikå kathahipun wontên kalih dåså, inggih mênikå hå-nå-cå-rå-kå då-tå-så-wå-lå på-dhå-jå-yå-nyå må-gå-bå-thå-ngå (Mulyani, 2009a: 15). Sabên aksårå Jåwå baku mênikå wontên pasanganipun, inggih mênikå aksårå Jåwå ingkang mêjahi wandå ngajêngipun, saénggå dados *konsonan*. Kajawi aksårå Jåwå baku wontên aksårå sanèsipun, inggih mênikå aksårå murdå, aksårå rékan, aksårå swårå, sandhangan (sandhangan swårå, sandhangan panyigêging wandå, såhå sandhangan wyanjånå), pangkon, tåndhå utawi têtêngêr, såhå ångkå (Mulyani, 2009a: 15-16).

Wujud aksårå Jåwå ingkang kaginakakên wontên ing *teks SDWW* inggih mênikå *ragam* aksårå *kombinasi*. Manawi dipuntingali saking sêratanipun, sagêd katingal bilih wujuding aksårå mênikå ngêtumbar kaliyan mucuk êri. Tandhêsaning

anggènipun nyêrat aksaranipun mênikå kandêl kaliyan tipis. Aksårå jawanipun dipunsêrat miring manêngên.

Sasampunipun mangêrtos wujuding aksårå, ugi kêdah mangêrtos wosing *teks. Teks naskah SDWW* mênikå dhapukan gancaran, saénggå pamaosipun dipundhasari pangêrtosan bab *struktur* ukårå ingkang *logis.* Gayut kaliyan caraning maos *teks,* inggih mênikå kanthi *heuristik.* Miturut Mulyani (2010: 39-41), maos kanthi *heuristik* inggih mênikå anggènipun maos *teks* adhêdhasar *konvensi* båså ingkang asipat *mimetik* såhå ndhapuk pangêrtosan ingkang *heterogen*. Dados, maos kanthi *heuristik* mênikå maos kanthi paråmåsastrå *normatif,* inggih mênikå gêgayutan kaliyan *morfologi, semantik,* såhå *sintaksis.* Bab mênikå sagêd kalampahan kanthi migunakakên andharan têgêsing têmbung ing *kamus.*

Kajawi maos kanthi *heuristik,* maos *teks* ugi katindakakên kanthi *hermeneutik.* Miturut Mulyani (2009a: 8), maos kanthi *hermeneutik,* inggih mênikå inggih mênikå *teks* kawaos kanthi wongsal-wangsul sinartan ngénthå-énthå wosipun mênåpå kagayutakên kaliyan têgêsing *teks* miturut *kontekstual*-ipun.

c. Alih Tulis Sêrataning *Teks*

Alih tulis, inggih mênikå nggantos sêrataning *teks* kanthi aksårå ingkang sami kaliyan aksårå sêrataning *teks* utawi mawi aksårå ingkang bédå. Ancasing ndamêl alih tulis inggih mênikå, kanggé nglêstantunakên *teks* ingkang sampun kasêrat mataun-taun kapêngkêr. Alih tulis sagêd kapérang dados *transkripsi*

kaliyan transliterasi. Andharan ngéngingi *transkripsi* utawi *transliterasi* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) *Transkripsi*

Transkripsi inggih mênikå *alih tulis* sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang sami kaliyan aksaraning *teks* (Mulyani, 2010: 74). Miturut Djamaris (2002: 19), *transkripsi dimaksudkan sebagai pengubahan teks dari satu ejaan ke ejaan lain. 'Transkripsi* inggih mênikå nggantos sêrataning *teks* saking satunggal éjaan dados éjaan sanèsipun'. Anggènipun nindakakên *transkripsi* mênikå ngginakakên *metode.* Wondéné andharaning *metode transkripsi* sagêd kawaos wontên ing bab caraning panalitèn *sub*-bab caranipun ngêmpalakên *data.*

2) *Transliterasi*

Transliterasi inggih mênikå nggantos jinising sêratan, aksårå mbåkå aksårå saking *abjad* satunggal dados *abjad* sanèsipun (Baroroh-Baried, 1985: 65). Ancasing ndamêl *transliterasi* inggih mênikå kanggé nêpangakên såhå ndamêl gampiling panalitèn bab isining *naskah.* Miturut Djamaris (1977: 30), ancasing ndamêl *transliterasi teks* kanggé nyawisakên asiling *transliterasi teks* ingkang saé såhå jangkêp saénggå sagêd gampil dipunmangêrtosi. Anggènipun nindakakên *transliterasi teks* mênikå ngginakakên *metode.* Wondéné andharaning *metode transliterasi* sagêd kawaos wontên ing bab caraning panalitèn *sub*-bab caranipun ngêmpalakên *data.*

Alih tulis ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå *transliterasi*. Alih tulis *transliterasi* katindakakên kanthi adhêdhasar éjaan ingkang sampun dipun-

sampurnakakên utawi *ejaan yang disempurnakan* (*EYD*) ingkang limrah. Wondéné andharaning *metode transliterasi* ingkang langkung jangkêp sagêd kawaos wontên ing bab caraning panalitèn *sub*-bab caranipun ngêmpalakên *data.*

d. *Suntingan Teks*

Suntingan teks, inggih mênikå nyawisakên *teks* ingkang sampun dipunlêrêsaken såhå sampun éwah saénggå sampun botên wontên lêpatipun (Darusuprapta, 1984: 4). Ancasing ndamêl *suntingan teks* kanggé madosi sêratan ingkang *korup* såhå jumbuh kaliyan *konteks* isinipun supados sagêd kawaos kanthi saé. Miturut Wiryamartana (1990: 30-32), *metode suntingan teks* wontên kalih, inggih mênikå *metode suntingan teks edisi diplomatik* kaliyan *metode suntingan teks edisi standar*. Ancasing *suntingan teks edisi diplomatik* supados pamaos sagêd mangêrtosi isining *teks* saking *naskah sumber*. Ancasing *suntingan teks edisi standar* kanggé nyawisakên *naskah* kanthi nglêrêsakên éjaaning *teks* ingkang lêpat såhå botên ajêg dipunjumbuhakên adhêdhasar éjaan ingkang lumampah.

Miturut Baroroh-Baried (1985: 67-69), *suntingan teks* kapérang dados gangsal *metode*, inggih mênikå *metode intuitif, metode objektif, metode gabungan, metode landasan,* såhå *metode edisi naskah tunggal*. *Metode* ingkang kaginakakên ing panalitèn mênikå, inggih mênikå *metode edisi naskah tunggal. Metode edisi naskah tunggal* dipunpilih amargi kathahipun *naskah* ingkang dados *sumber* panalitèn mênikå satunggal *eksemplar*.

Miturut Baroroh-Baried (1985: 69; Suyami, 2001: 11), *metode suntingan teks edisi naskah tunggal* kapérang dados kalih, inggih mênikå *edisi diplomatik*

såhå *edisi standar*. *Suntingan teks edisi diplomatik* kanggé nyawisakên satunggal *naskah* kanthi sêtiti tanpå ngéwahi sêrataning *teks.* Dados, sok-sintênå ingkang ndamêl *suntingan teks* mênikå, tanpå nambahi mênåpå kémawon. Ingkang dipunwastani *suntingan teks edisi standar* inggih mênikå *suntingan teks* ingkang nyawisakên *naskah* kanthi nglêrêsakên sêratan ingkang lêpat nanging éjaanipun dipunjumbuhakên kaliyan wêwaton ingkang wontên. *Koreksi suntingan teks* mênikå awujud nambahi aksårå, ngirangi aksårå, såhå nggantos aksårå.

Salajêngipun Suyami (2001: 32) ngandharakên bilih *suntingan* inggih mênikå *terbitan ulang* saking *terbitan diplomatik*. Ananging, wontên ing ngriki *terbitan diplomatik* mênikå sampun dipunéwahi waosanipun (*perbaikan bacaan*) kanthi ancas ngilangakên alangan-alangan ing salêbêting anggènipun mangêrtosi *teks*. Pangêrtosan *perbaikan bacaan* (têtêmbungan saking Wiryamartana, 1990: 32), inggih mênikå *campur tangan* panaliti minångkå pamaos saénggå *teks* mênikå sagêd dipunmangêrtosi déning panaliti.

Suntingan teks ingkang kaginakakên wontên ing panalitèn mênikå *suntingan teks edisi standar*. Djamaris (2002: 24), ngandharakên bilih wontên prakawis-prakawis ingkang prêlu dipuntindakakên wontên ing salêbêting *suntingan teks edisi standar*. Prakawis-prakawis kasêbut kasêrat kados ing ngandhap mênikå.

1) Ndamêl *transliterasi teks.*
2) Nglêresakên sêrataning *teks* ingkang lêpat (*emendation* utawi *conjectura*).
3) Ndamêl cathêtan éwah-éwahanipun.
4) Ndamêl *komentar* såhå *tafsiran*.

Dados, *suntingan teks* ingkang dipuncawisakên awujud asiling *transliterasi teks* ingkang lêrês, jumbuh kaliyan paugêran ingkang taksih dipunanggé. *Suntingan teks edisi standar* wontên ing panalitèn mênikå dipuntindakakên kanthi cårå *standarisasi* éjaan adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) såhå buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006). Kajawi adhêdhasar *kamus* såhå buku, *suntingan teks edisi standar* wontên ing panalitèn mênikå ugi dipuntindakakên adhêdhasar pangêrtosaning panaliti såhå *kontekstual*-ing *teks*.

Asling *suntingan teks* dipunsêrat ing *aparat kritik. Aparat kritik* mênikå mujudakên tanggêl jawab *ilmiah* saking *kritik teks* ingkang ngêwrat waosan ingkang bédå ing *suntingan teks* utawi *teks* ingkang sampun rêsik saking *korup* utawi risak (Mulyani, 2009a: 29). *Aparat kritik* dipunginakakên kanggé ngandharakên sadåyå ingkang dipunkirangi, dipuntambahi, mênåpå déné dipungantos ingkang dipuntindakakên minångkå wujud tanggêl jawab *ilmiah* wontên ing panalitèning *naskah.*

Aparat kritik ngginakakên tåndhå-tåndhå. Wondéné tåndhå-tåndhå ingkang dipunginakakên kados ing ngandhap mênikå.

1) (.....) tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipunkirangi aksårå mênåpå déné têmbungipun.
2) <.....> tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipuntambahi aksårå mênåpå déné têmbungipun.
3) {.....} tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipungantos aksårå utawi têmbungipun.

4) Anggènipun nyêrat nomêr ing sabên *aparat kritik* ngginakakên ângkå Arab ingkang kasêrat aksårå Latin ([1], [2], [3], [4], ... lsp).

e. *Terjemahan Teks*

Terjemahan teks, inggih mênikå ngéwahi båså saking båså *sumber*-ipun utawi båsåning *teks* dhatêng båså *sasaran*-ipun (båså ingkang dipunpilih ingkang dipunjumbuhakên kaliyan ancasipun) utawi nggantos båså saking båså *sumber*-ipun dhatêng båså *sasaran*-ipun (Darusuprapta, 1984: 9). Ancasing *terjemahan teks* supados tiyang ingkang botên mangêrtos båså *sumber* utawi basaning *teks* sagêd mangêrtos mênåpå ingkang dados wosing *teks. Terjemahan* utawi alih båså inggih mênikå nggantos båså *teks* dhatêng båså sanèsipun. Ing panalitèn mênikå, *terjemahan teks* katindakakên kanthi nggantos basaning *teks SDWW* saking båså Jawi dados båså Indonesia. Ancasipun ngginakakên båså Indonésia kanggé nggampilakên pamaos ingkang botên paham bab båså Jawi.

Bab-bab ingkang prêlu dipungatosakên kanggé ndamêl *terjemahan* inggih mênikå wontên warni tigå (Darusuprapta, 1984: 9). Wondéné tigang warnining bab kasêbut kaandharakên makatên.

1) Paham saèstu ngéngingi båså *sumber*, inggih mênikå båså ingkang dipun*terjemah*-akên.
2) Paham saèstu ngéngingi båså *sasaran*, inggih mênikå båså ingkang kanggé damêl *terjemahan*.
3) Pangêrtosan kawontênan gêsanging masarakat rikålå *teks* dipunsêrat.

Salajêngipun, Darusuprapta (1990: 6) ngandharakên *teknik* anggènipun nyawisakên *terjemahan teks* kados ing ngandhap mênikå.

i. *Antar baris (interlinier).*
ii. *Berdampingan dengan teks BASU.*
iii. *Dikumpulkan terpisah di belakang.*
iv. *Dalam suntingan teks nama diri ditulis seperti dalam manuskrip, dalam pendahuluan dan catatan nama diri di tulis menurut* éjaan *ortografi, dalam terjemahan bila mungkin nama diri diterjemahkan atau diberi keterangan.*

Miturut Darusuprapta (lumantar Mulyani 2009a: 33), *metode terjemahan* wontên tigå. Wondéné *metode terjemahan* kasêbut kaandharakên makatên.

i. *Terjemahan harfiah: terjemahan kata demi kata, dekat dengan aslinya, berguna untuk membandingkan segi-segi ketatabahasaan.*
ii. *Terjemahan isi atau makna: kata-kata yang diungkapkan dalam basu diimbangi salinannya dengan kata-kata yang sepadan.*
iii. *Terjemahan bebas: keseluruhan teks basu diganti dengan basa secara bebas tanpa menanggalkan pesan yang diungkapkan dalam teks.*

Terjemahan teks ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå, inggih *terjemahan harfiah, terjemahan isi/makna,* såhå *terjemahan bebas.* Asiling *terjemahan harfiah* dèrèng tamtu jumbuh amargi wontênipun tembung ingkang maknanipun botên trêp. Manawi kados makatên, *terjemahan teks* katindakakên mawi *terjemahan* isi utawi maknå. Asiling *terjemahan* isi utawi maknå dipunanggêp jumbuh kaliyan mênåpå ingkang dipunkajêngakên. Manawi *terjemahan harfiah* såhå *terjemahan* isi utawi maknå ugi taksih dipunraosakên dèrèng sagêd trêp, dipunlajengakên nindakakên *terjemahan bebas*. Tigang warnining *terjemahan teks* mênikå katindakakên kanthi *kontekstual*.

f. Ngrêmbag Piwulang utawi *Ajaran Moral* ing *Teks*

Ngrêmbag piwulang utawi *ajaran moral* ing *teks,* inggih mênikå satunggaling upåyå kanggé ngandharakên wosing *teks* kanthi ancas supados masarakat utawi pamaos mênikå sagêd mangêrtosi isining *teks.* Asiling ngrêmbag isining *teks SDWW* kaangkah sagêdå nggampilakên pangêrtosaning pamaos bab isining *teks*, inggih mênikå bab *moral* kadospundi kêdahipun tiyang mênikå tumindak wontên ing samadyaning masarakat. Salajêngipun, pamaos sagêd ndadosakên piwulang menikå minångkå satunggaling pandom tumindakipun ing masarakat.

D. *Ajaran Moral*

Moral, saking tembung "*mores"* ingkang maknanipun '*aturan kesusilaan'. Moral* inggih mênikå *sesuatu* ingkang wontên gêgayutanipun kaliyan kasagêdån utawi kaprigêlan nêmtokakên lêrês mênåpå lêpatipun tindak-tanduk (Haricahyono, 1995). Pangêrtosan *moral* sanèsipun saking Runes (lumantar Sjarkawi, 2006: 28) inggih mênikå sadayanipun ingkang sagêd nyêbabakên tiyang tumindak saé minångkå kuwajiban. *Moral* ugi sagêd dipunmaknai minångkå pirantos kanggé ngukur lêrês mênåpå botên utawi saé mênåpå botên solah bawaning tiyang.

Sjarkawi (2006: 28) ugi ngandharakên bilih *moral,* inggih mênikå sapêrangkat kapitadosan wontên ing madyaning bêbrayan ingkang gayut kaliyan *karakter* utawi solah båwå såhå mênåpå ingkang kêdah dipuntindakakên déning tiyang. *Ajaran moral* inggih mênikå piwulang ingkang wontên gayutanipun kaliyan

tindak-tanduk ingkang ngêtingalakên *akhlak* utawi budi pakêrti (Darusuprapta, 1990: 1).

Sanèsipun mênikå, Nurgiyantoro (2012: 320-321) ngandharakên bilih *moral*, inggih mênikå *sesuatu* ingkang dipunandharakên déning panganggit dhatêng pamaos, awujud maknå ingkang kawrat ing salêbêting karyå. *Moral* ing karyå sastrå nêdahakên *pandangan hidup* panganggit ngéngingi *nilai-nilai kebenaran* ingkang dipunandharakên dhatêng pamaos.

Miturut De Vos (1987: 73), *moral* botên namung gayutan antawisipun manungså kaliyan manungså sanès, nanging ugi gayut kaliyan tumindakipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng *lingkungan*, såhå manungså dhatêng piyambakipun. Andharan bab *moral*-ipun manungså dhumatêng Gusti, dhatêng sêsamining dumados, såhå dhatêng piyambakipun kaandharakên makatên.

1. Manungså dhumatêng Gusti

Manungså mênikå kêdah mêmuji dhumatêng Gusti. Pamujining manungså sagêd dipunwujudakên kanthi tansah nyukuri mênåpå ingkang sampun dipunparingakên Gusti dhatêng kita. Kajawi mênikå, manungså kêdah nindakakên sadåyå mênåpå ingkang dados Dhawuhipun såhå nilar sadåyå ingkang dados Awisanipun.

2. Manungså kaliyan Sêsamining Dumados

Manungså mbêtahakên sêsamining dumados supados sagêd gêsang, amargi manungså botên sagêd gêsang piyambak ing donyå mênikå. Awit saking mênikå, manungså kêdah tumindak ingkang saé dhatêng sintên kémawon. Sintên ingkang langkung inggil, kedah ngopèni ingkang ngandhapipun, tiyang ingkang sami

pangkatipun kêdah têpå salirå dhatêng sêsaminipun. Tumindaking tiyang dhatêng tiyang sanès sagêd awujud rukun, têpå salirå, jujur, såhå tansah ngurmati dhatêng tiyang sanès miturut drajatipun (Suseno, 1988: 38).

3. Manungså kaliyan Piyambakipun

Kajawi manungså mênikå kedah tumindak saé dhumatêng Gusti kaliyan dhatêng sêsamining dumados, manungså kedah tumindak saé dhatêng piyambakipun. Gayutan antawisipun manungså kaliyan piyambakipun gadhah ancas kanggé mbêntuk kapribadèn ingkang saé saéngga tumindakipun botên ngrugèkakên piyambakipun mênåpå déné tiyang sanès. *Nilai moral* mênikå gayut kaliyan sipat, tumindak, såhå kahananing jiwå. Darusuprapta, dkk. (1990: 121) ngandharakên bilih sabên priyantun ingkang tumindak saé mênikå ngundhuh bingah.

Nilai moral ingkang wontên ing salêbêting *naskah* Jawi mênikå salah satunggaling pralambang saking masarakat ngéngingi tindak-tanduk ingkang saé mênåpå déné ingkang botên saé. *Nilai moral* kasêbut inggih mênikå *pandangan hidup* panganggit dhatêng pamaos supados sagêd dipunginakakên minångkå piwulang tumrap pårå pamaos.

E. Panalitèn ingkang Jumbuh

Panalitèn bab *kajian filologi* såhå *ajaran moral* utawi piwulang ing salêbêting *naskah* mênikå kathah. Panalitèn mênikå jumbuh kaliyan panalitènipun Suliman (2008) kanthi irah-irahan *Nilai-Nilai Pendidikan Moral dalam Naskah Dongèng Warni-warni*. Panalitèn sanèsipun ingkang jumbuh inggih mênikå

panalitènipun Deni Sartika (2012) kanthi irah-irahan *Tinjauan Filologi dan Ajaran Moral Sêrat Driyabrata*. Panalitèn-panalitèn kasêbut temtu wontên pérangan ingkang jumbuh såhå ingkang botên jumbuh kaliyan panalitèn mênikå.

Péranganing panalitènipun Suliman (2008) ingkang jumbuh kaliyan panalitèn mênikå inggih *sumber* panalitènipun, ingkang awujud *naskah* sêratan astå kanthi irah-irahan *Dongèng Warni-warni.* Dhapukaning *sumber* panalitènipun Suliman (2008) kaliyan panalitèn mênikå dhapukan gancaran. Ingkang botên jumbuh inggih mênikå *teks*-ipun. *Naskah* panalitènipun Suliman, *naskah Dongèng Warni-warni: Mandum Iwak* kanthi nomêr *kodeks* PB C. 93, kapérang saking wolulas *teks* cariyos. Wondéné *naskah* panalitèn ménikå, *Sêrat Dongèng Warni-warni: Tyang Tani lan Tikus* kanthi nomêr *kodeks* PB C. 154, kapérang saking sêkawan *teks* cariyos.

Kajawi mênikå, panalitènipun Suliman kaliyan panalitèn mênikå botên jumbuh ngéngingi bab anggènipun ngrêmbag wosing *teks*-ipun. Asiling panalitènipun Suliman, inggih mênikå andharan piwulang miturut sêkawan jinising *ajaran moral*, inggih mênikå kadospundi kêdahipun tumindaking manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng manungså, manungså dhatêng piyambakipun, såhå manungså dhatêng alam. Panalitèn mênikå ngandharakên tigang jinising piwulang utawi *ajaran moral*, inggih mênikå kadospundi kêdahipun tumindaking manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsamining dumados, såhå manungså dhatêng piyambakipun.

Metode transliterasi panalitènipun Suliman, ngginakakên *metode transliterasi ortografi* ingkang dipuncawisakên wontên ing lampiran. Makatên ugi

suntingan teks panalitènipun Suliman dipuncawisakên langsung kaliyan asiling *transliterasi standar*. Panalitèn *Sêrat Dongèng Warni-warni: Tyang Tani lan Tikus* mênikå ngginakakên *metode transliterasi standar* ingkang asilipun dipuncawisakên wontên ing *tabel*, sêsandhingan kaliyan asiling *suntingan teks.*

Péranganing panalitènipun Deni Sartika (2012) ingkang jumbuh kaliyan panalitèn mênikå inggih *sumber* panalitènipun. *Sumber* panalitènipun Deni Sartika kaliyan panalitèn mênikå awujud *manuskrip.* Ingkang botên jumbuh *teks*-ipun kaliyan dhapukaning *sumber* panalitèn. *Teks manuskrip* panalitènipun Deni Sartika irah-irahanipun *Sêrat Driyåbråtå* kanthi nomêr *kodeks* AM. 19 *koleksi Perpustakaan* Muséum Taman Siswa Dewantara Kirti Griya. Wondéné *teks manuskrip* panalitèn mênikå irah-irahanipun *Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi nomêr *kodeks* PB C. 154. Dhapukaning *teks Sêrat Driyåbråtå* mênikå sêkar måcåpat, déné dhapukaning *teks Sêrat Dongèng Warni-warni* mênikå dhapukan gancaran.

Asiling panalitènipun Deni Sartika botên jumbuh kaliyan panalitèn mênikå. Asiling panalitènipun Deni Sartika, ngandharakên *ajaran moral* tigang jinising gêgayutaning gêsang, inggih mênikå manungså dhumatêng Gusti, manungså kaliyan manungså, såhå manungså kaliyan piyambakipun. Wondéné panalitèn *Sêrat Dongèng Warni-warni: Tyang Tani lan Tikus* mênikå ngandharakên tigang jinising *ajaran moral*, inggih mênikå gayutan antawisipun manungså dhumatêng Gusti, manungså dhatêng sêsamining dumados, såhå manungså dhatêng piyambakipun.

Saking andharan ing nginggil, sagêd katingal bilih panalitèn mênikå bédå kaliyan panalitènipun Suliman (2008) såhå Deni Sartika (2012). Ingkang mbédakakên inggih pérangan *sumber data*, dhapukaning *teks*, såhå asiling panalitènipun.

BAB III
CARANING PANALITÈN

A. Jinising Panalitèn

Panalitèn mênikå kalêbêt jinising panalitèn *deskriptif* kaliyan panalitèn *filologi modern.* Panalitèn kanthi *filologi modern* dipuntindakakên amargi ancasing panalitèn mênikå kanggé nliti satunggaling *naskah* sêratan carik, inggih *naskah Sêrat Dongèng Warni-warni* kanthi lampah panalitèn *filologi.* Jumbuhing panalitèn *filologi modern,* awit panalitèn mênikå ngandharakên wosing *teks SDWW. Metode* panalitèn *filologi* minångkå lampah sapisanan kanggé nggarap *teks* supados sagêd ngandharakên isinipun, awit *sumber data* panalitèn mênikå *manuskrip.* Sasampunipun nindakakên *metode* panalitèn *filologi,* salajêngipun sagêd ngandharakên isining *teks naskah SDWW.*

Kanggé ngandharakên isining *teks SDWW,* panalitèn mênikå ngginakakên *metode* panalitèn *deskriptif.* Kaelan (2005: 58) ugi ngandharakên bilih *metode deskriptif adalah suatu metode dalam meneliti suatu objek, baik berupa nilai-nilai budaya manusia, sistem pemikiran filsafat, nilai-nilai etika, nilai karya seni, sekelompok manusia, peristiwa atau objek budaya lainnya.*

Metode panalitèn *deskriptif* gayut kaliyan *norma-norma etika* sagêd dipuntliti wontên ing satunggaling *fenomena* budåyå masarakat tartamtu, kados tå *etika* Jawi. Wontên ing panalitèn menikå, *metode deskriptif* dipunginakakên kanggé ngandharakên *deskripsi naskah,* asiling *suntingan teks, aparat kritik,* såhå *ajaran moral* utawi piwulang wontên *teks Sêrat Dongèng Warni-warni.*

B. *Data* såhå *Sumber Data* Panalitèn

Data ing panalitèn mênikå awujud *data* ingkang gayut kaliyan *ajaran moral* utawi piwulang saking *SDWW*. *Data* mênikå awujud *data kajian filologi* saking *deskripsi naskah SDWW*, asiling ndamêl *transliterasi teks*, asiling ndamêl *suntingan teks*, asiling ndamêl *terjemahan teks*, såhå asiling ngrêmbag isining *teks naskah SDWW*. Wondéné ingkang dados *sumber data* inggih mênikå *naskah SDWW*.

Adhêdhasar *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta* (1990: 435), *SDWW* ingkang dipundadosakên *sumber data* panalitèn mênikå dipunpanggihakên wontên satunggal *eksemplar* ingkang dados *koleksi Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå *bagian pernaskahan*. Kanthi ningali piyambak, kapanggihakên *naskah SDWW* kanthi irah-irahan *Sêrat Dongèng Warni-warni: Tyang Tani lan Tikus.*

Irah-irahaning *SDWW* dipuntambahi *Tyang Tani lan Tikus* minangkå irah-irahan kanggé mbédakakên *naskah* ingkang irah-irahanipun *SDWW* sanèsipun. Sintên ingkang nambahi irah-irahan mênikå botên cêthå. Dipuntingali saking sêratanipun, ingkang nyêrat sêratan mênikå bédå kaliyan tiyang ingkang nyêrat *teks SDWW*.

Adhêdhasar *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta* (1990: 435), sêrat kasêbut nomêripun PB C. 154. Miturut Behrend (1990: 435), sintên ingkang nyêrat sêrat mênikå botên cêthå utawi botên kasêrat ing *naskah*. Sêrat mênikå kintên-kintên dipunsêrat rikålå abad ingkang kaping 20 ing Suråkårtå.

Teks SDWW ingkang dipundadosakên *sumber data* mênikå kalêbet jinising sastrå, ingkang kapérang saking sêkawan *teks* cariyos utawi dongèng ingkang bedå, inggih mênikå *Tiyang Tani lan Tikus, Sujåkå, Sêsakit Anèh,* såhå *Andhugal* (Behrend, 1990: 435). Kawontênaning *naskah SDWW* manawi dipuntingali saking *fisik* såhå *nonfisik*-ipun mênikå taksih saè. *Teks*-ipun taksih jangkêp såhå sêratanipun sagêd kawaos kanthi cêthå.

Teks SDWW dipunsêrat mawi aksårå Jåwå jinisipun *kombinasi* jinis sêratan mucuk êri kaliyan ngêtumbar. Ingkang nyêrat *SDWW* mênikå priyantun satunggal, katitik saking wujud såhå tapaking sêratanipun ingkang sami saking wiwitan dumugi pungkasan. Mangsinipun warni cêmêng taksih cêthå, saénggå sagêd gampil dipunwaos. Ingkang dados *sumber data* inggih *teks* wiwit kåcå tigå dumugi pitung dåså tigå. Anggènipun nyêrat nomêring kåcå ngginakakên ångkå Arab sêratan aksårå Latin (1, 2, 3,...) såhå ngginakakên ångkå Jåwå (꧑, ꧒, ꧓,...).

C. Caranipun Ngêmpalakên *Data*

Cårå anggènipun ngêmpalakên *data* ngginakakên garapaning panalitèn *filologi* kanggé ngandharakên isining *teks SDWW: Tyang Tani lan Tikus*. Garapaning panalitèn *filologi* ingkang katindakakên wontên ing panalitèn mênikå, kaandharakên ing ngandhap menikå.

a. *Deskripsi Naskah*

Deskripsi naskah dipuntindakakên kanggé mangêrtosi andharan ingkang cêthå ngéngingi kawontênaning *naskah* ingkang dipuntliti. Wondéné ingkang

dipunandharakên inggih mênikå ngéngingi samaking *naskah*, irah-irahaning *naskah*, papan panyimpêning *naskah*, nomêr *kodeks*, kawontênaning *naskah*, jinising *bahan naskah*, ukuranipun *naskah*, jinising *naskah*, isining *naskah*, wujuding *teks*, basaning *teks*, warnining mangsi, wujuding aksårå, ukuraning aksårå, dhoyong-jêjêging aksårå, tapaking nyêrat aksårå, såhå kathahipun kåcå ingkang dipuntliti.

b. Alih Tulis Sêrataning *Teks*

Alih tulis, inggih mênikå nggantos sêrataning *teks* kanthi aksårå ingkang sami kaliyan aksårå sêrataning *teks* utawi mawi aksårå ingkang bédå. Cårå anggènipun ndamêl (*metode*) alih tulis wontên kalih, inggih mênikå *metode transkripsi* såhå *metode transliterasi*. *Metode transkripsi* kapérang dados kalih, inggih mênikå *metode transkripsi diplomatik* såhå *metode transkripsi standar*. Miturut Mulyani (2009a: 18), *metode transkripsi diplomatik*, inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* ingkang dipunalihtulisakên kados déné sêrataning *teks*. Wondéné *metode transkripsi standar*, inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* kajumbuhakên kaliyan éjaan ingkang lêrês utawi sampun kasampurnakakên ingkang taksih dipunanggé kanthi aksårå ingkang sami.

Alih tulis kanthi *metode transliterasi* ugi kapérang dados kalih, inggih mênikå *metode transliterasi diplomatik* kaliyan *metode transliterasi standar*. Mulyani (2009a: 14-17) ngandharakên bilih *metode transliterasi diplomatik*, inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* ingkang kasêrat mênåpå wontênipun kados déné sêrataning *teks*-ipun kanthi aksårå ingkang bédå. Wondéné

metode transliterasi standar, inggih mênikå cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* ingkang kasêrat kanthi adhêdhasar éjaan båså Jawi ingkang sampun kasampurnakakên utawi *Ejaan yang Disempurnakan (EYD)* ingkang taksih kaanggé.

Metode alih tulis ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* dipuntindakakên kanthi nggantos aksårå saking aksårå Jåwå dhatêng aksårå Latin. *Metode transliterasi standar* katindakakên amargi *sumber data* panalitèn dipunsêrat mawi aksårå Jåwå saénggå sagêd nggampilakên garapaning panalitèn *filologi* salajêngipun. Éjaan kajumbuhakên kanthi ngéwahi *sistem scriptuo-continuo* dados *sistem* panyêrating aksårå Latin. *Metode transliterasi standar* mênikå katindakakên kanthi *kontekstual*. Dhasaring *transliterasi standar*, inggih mênikå adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939).

c. *Suntingan Teks*

Suntingan teks ngginakakên *suntingan teks edisi standar*. *Suntingan teks edisi standar* dipuntindakakên kanthi cårå *standarisasi* éjaan adhêdhasar buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006) såhå adhêdhasar *Baoesastra Djawa* déning Poerwadarminta (1939). *Suntingan teks* katindakakên kanthi nambahi aksårå, ngirangi aksårå, mênåpå déné nggantos aksårå. *Suntingan teks edisi standar* katindakakên kanthi *kontekstual*. Asiling *suntingan teks* dipuncawisakên awujud *tabel*, ingkang salajêngipun dipundamêl *aparat kritik*-ipun. Sasampunipun ndamêl *aparat kritik*, lajêng dipunandharakên kanthi têtêmbungan ingkang cêthå.

d. *Terjemahan Teks*

Terjemahan teks katindakakên kanthi ndamêl alih bâsâ sâhâ kanthi nggantos *ragam* basaning *teks SDWW. Terjemahan teks* kanthi alih bâsâ katindakakên kanthi nggantos basaning *teks* saking bâsâ Jawi dados bâsâ *sasaran*, inggih mênikâ bâsâ Indonesia. *Terjemahan teks* kanthi alih bâsâ wontên ing panalitèn mênikâ, ngginakakên *metode terjemahan harfiah, terjemahan isi/makna,* sâhâ *terjemahan bebas.*

Metode terjemahan harfiah katindakakên adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta: 1939). Amargi *metode terjemahan harfiah* botên ajêg sagêd dipunginakakên, lajêng ngginakakên *metode terjemahan makna* sâhâ *terjemahan bebas*. *Metode terjemahan makna* dipuntindakakên kanthi madosi têtêmbungan ingkang *sepadan* utawi mèh sami maknanipun. *Metode terjemahan bebas* kaginakakên manawi wontên têtêmbungan ingkang botên wontên *padanan*-ipun. Tigang warnining *metode terjemahan teks* mênikâ katindakakên kanthi *kontekstual*.

Manawi *terjemahan teks* nggantos *ragam* bâsâning *teks sumber data*, katindakakên kanthi nggantos *ragam* basaning *teks*, inggih saking bâsâ Jawi *ragam* Krâmâ-ngoko dados bâsâ Jawi *ragam* Krâmâ. Ancasing *terjemahan teks* supados *teks SDWW* sagêd dipunmangêrtosi têtêmbunganipun ingkang *arkhais*, ingkang salajêngipun tiyang ingkang botên mangêrtos bâsâ *sumber* sagêd mangêrtos isining *teks* kanthi maos alih basanipun.

e. Mbêdhah Piwulang utawi *Ajaran Moral* ing *Teks*

Sasampunipun sadâyâ lampahing panalitèn *filologi* katindakakên, ingkang salajêngipun mbêdhah piwulang ing *teks* ngginakakên *metode* maos-nyathêt. Maos,

inggih mênikå maos *teks SDWW* kanthi dipunwongsal-wangsuli. Sasampunipun maos, dipunlajengakên nyathêt utawi nyêrat *data* ingkang gayut kaliyan *ajaran moral* utawi piwulang saking *SDWW* wontên ing *kartu data*. Salajêngipun, dipunandharakên kanthi *deskriptif*.

D. Pirantining Panalitèn

Pirantining panalitèn ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå awujud *kartu data*. *Kartu data* dipundamêl kanggé nyêrat *data-data* ingkang dipunrêmbag. Wondéné wujudipun *kartu data* ing panalitèn mênikå kados makatên.

a. *Kartu data* ingkang Gayut kaliyan *Kajian Filologi*

Kartu data mênikå dipunginakakên kanggé nyathêt kawontênaning *fisik* (*naskah*) såhå *nonfisik*-ipun (*teks*) *naskah* utawi *deskripsi naskah*. Wujud *kartu data* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 1: *Kartu Data Deskripsi Naskah

No.	Katrangan	*Deskripsi Naskah*
1.	Papan panyimpêning *naskah*	
2.	Sintên ingkang nyêrat	
3.	*Nomor kodeks*	
4.	Irah-irahan	
	a. Wontên ing pundi kémawon, wontên ing kåcå pintên? b. Adhêdhasar katrangan wontên ing *teks* utawi *katalog?*	
5.	Kawontênaning *naskah*	
6.	Jinising *bahan naskah*	

lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	***Deskripsi Naskah***
7.	Kandêling *naskah*	
8.	Ukuraning *naskah umum*	
9.	Ukuraning *naskah khusus* (ingkang dipuntliti)	
10.	Ukuraning *margin naskah khusus* (ingkang dipuntliti) a. nginggil b. ngandhap c. kiwå d. têngên	
11.	Isining *naskah* (satunggal mênåpå kêmpalan saking mapintên-pintên *teks*)	
12.	Jinising *naskah* (piwulang, mênåpå sanèsipun)	
13.	Wujuding *teks* (gancaran mênåpå sêkar)	
14.	Samaking *naskah* (warni mênåpå, wujudipun kadospundi, kawontênanipun kadospundi, kadamêl saking mênåpå)	
15.	Jinising aksårå *naskah* kadospundi	
16.	Panomêraning sabên kacaning *teks* (wontên ing pundi, warni mênåpå, kalêbêt jinising aksårå ingkang mênåpå)	
17.	Ukuraning aksårå (agêng, cêkapan, alit)	
18.	Sikaping aksårå (jêjêg, miring manêngên, mênåpå mangiwå)	
19.	Tandhêsaning sêrataning aksårå (kandêl mênåpå tipis)	
20.	Warninipun mangsi	
21.	Basaning *teks* (ngginakakên båså Jawi anyar, Kawi, Jawi Kinå)	
22.	Kathahing kåcå *naskah* ingkang dipuntliti	

lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Deskripsi Naskah*
23.	Wujuding aksårå (ngêtumbar, mucuk êri, mbåtå sarimbag, *kombinasi*)	
24.	Wujud dêntåwyanjånå carakan	hå: nå: cå: rå: kå: då: tå: så: wå: lå: på: dhå: jå: yå: nyå: må: gå: bå: thå: ngå:
25.	Pasangan dêntåwyanjånå carakan	hå: nå: cå: rå: kå: då: tå: så: wå: lå: på: dhå: jå: yå: nyå: må: gå: bå: thå: ngå:
26.	Wujud aksårå murdå	Nå: Kå: Gå: Tå: På: Bå: Så:
27.	Wujud aksårå swårå	a: é: i: o: u:
28.	Wujuding sandhangan swårå	wulu: taling: pêpêt: taling tarung: suku:

lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Deskripsi Naskah*
29.	Wujuding sandhangan pangkon (patèn)	pangkon:
30.	Wujuding sandhangan panyigêging wandå	wignyan: layar: cêcak:
31.	Wujuding sandhangan wyanjånå såhå panjingan	cåkrå: péngkal: kêrêt: panjing lå: panjing wå:
32.	Wujuding ångkå Jåwå	
33.	Pådå lingså	
34.	Pådå lungsi	
35.	Pådå pangkat	

b. *Kartu Data* kanggé Nyathêt Asiling *Transliterasi* såhå Asiling *Suntingan Teks*

Sasampuning maos *teks SDWW*, salajêngipun *teks SDWW* dipun-*transliterasi* såhå dipundamêl *suntingan teks*-ipun. Wujuding *kartu data* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 2. *Kartu Data Asiling Transliterasi* såhå *Suntingan Teks

Asiling *Transliterasi Standar*	Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*

c. *Kartu Data* kanggé Nyathêt Asiling *Suntingan Teks*

Kartu *data* mênikå ginanipun kanggé ngandharakên wujuding têtêmbungan sadèrèngipun dipun-*sunting*, sasampunipun dipun-*sunting*, såhå wujuding *suntingan teks*-ipun. Wujuding *kartu data* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 3. *Kartu Data Suntingan Teks* utawi *Aparat Kritik

No.	*Teks* Sadèrèngipun	*Suntingan Teks*	*Teks* Sasampunipun

d. *Kartu Data* kanggé Nyathêt Asiling *Terjemahan Teks*

Sasampunipun *teks SDWW* dipun-*transliterasi* såhå dipundamêl *suntingan teks*-ipun, salajêngipun ndamêl *terjemahan teks*-ipun. *Terjemahan teks* dipuntindakakên kanthi nggantos *ragam* basaning *teks* såhå nggantos båså *sumber*-ing teks. Wujuding *kartu data* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel* 4. *Kartu Data Asiling Terjemahan Teks

Asiling *Transliterasi Standar*	Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks*	Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos Båså Sumber-ing *Teks*

e. *Kartu Data* ingkang Gayut kaliyan *Ajaran Moral* utawi Piwulang

Kartu data mênikå dipunginakakên kanggé nyathêt manawi sampun angsal *data* saking *sumber data* ingkang gayut kaliyan panalitèn. Wujuding *kartu data* kados ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel* 5. *Kartu Data Ajaran Moral* utawi Piwulang saking *Teks SDWW

No.	No. *Data*	*Indikator*	*Terjemahan*	*Nilai Moral*

E. Caranipun Ngrêmbag utawi *Analisis Data*

Analisis data utawi ngrêmbag *data* ingkang sampun kapanggihakên dipuntindakakên kanthi cårå *analisis deskriptif*. Wujud pangrêmbaging *data* panalitèn kanthi *deskriptif* dipuntindakakên kanthi sakawan lampah, inggih mênikå maos såhå *reduksi data, pengkategorian*, *display data,* såhå *penafsiran* (Kaelan,

2005: 68). Wondéné sakawan lampahing pangrêmbaging *data* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Maos såhå *Reduksi Data*

Panaliti kêdah maos *teks SDWW* kanthi setiti såhå dipunwongsal-wangsuli supados sagêd manggihakên *data* ingkang ngêwrat unsur *ajaran moral*. Kajawi maos, panaliti ugi nindakakên r*eduksi data*, inggih mênikå kanthi ngringkês lajêng dipunpilih ingkang pokok, dipun-*fokus*-akên ingkang wigati, lajêng dipunpadosi ingkang jumbuh kaliyan *konteks objek* panalitèn.

b. *Pengkategorian*

Sasampunipun nindakakên maos såhå *reduksi data*, salajêngipun nindakakên *klasifikasi data. Klasifikasi data* utawi *pengkategorian* dipuntindakakên kanthi ngêmpalakên *data* miturut jinising *ajaran moral*, inggih mênikå antawisipun tiyang dhatêng piyambakipun, tiyang dhumatêng Gusti, mênåpå déné antawisipun tiyang dhatêng sêsamining dumados.

c. *Display Data*

Sasampunipun ndamêl *pengkategorian data*, salajêngipun *data* kasêbut dipundamêl *display data*. *Display* inggih mênikå *mengkoordinasikan data-data* kasêbut wontên ing satunggaling *peta* ingkang jumbuh kaliyan ancasing panalitèn. Lampah mênikå katindakakên kanthi nyêrat *data* wontên ing *kartu data*.

d. *Penafsiran*

Lampah ingkang pungkasan inggih mênikå *penafsiran data* miturut *konteks*-ipun. *Penafsiran* mênikå ndamêl andharanipun utawi ngrêmbag *data* mênikå kanthi *deskriptif*.

F. Caranipun Ngêsahakên *Data*

Caranipun ngêsahakên *data* wontên panalitèn mênikå dipunlampahi kanthi *validitas* såhå *reliabilitas. Validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik*. *Validitas semantik* inggih mênikå nêgêsi têtêmbungan miturut *konteks*-ipun kanthi nêgêsi *data* ingkang awujud têmbung, kêlompok têmbung, *paragraf*, såhå wacånå miturut dhapukaning *teks SDWW*, inggih mênikå dhapukan gancaran.

Uji reliabilitas ingkang dipuntindakakên inggih mênikå *reliabilitas intrarater* inggih kanthi maos *teks SDWW* kanthi dipunambal-ambali saénggå angsal *data* ingkang sami. *Reliabilitas interratter* ugi dipuntindakakên, inggih kanthi cårå pados tiyang sanès kanggé paring têtimbangan nalikå panalitèn dipunlampahi. *Teknik interratter* ugi dipuntindakakên kanthi pados têtimbanganing *verifikasi pakar*, inggih mênikå dhatêng *dosen* ingkang mumpuni ing *bidang filologi*, inggih mênikå *dosen pembimbing* ingkang paring panjurung ing panalitèn mênikå.

BAB IV
ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN

A. *Deskripsi Naskah SDWW* såhå Pangrêmbagipun

Deskripsi naskah ngêwrat andharan kawontênaning *naskah* ingkang dipuntliti, inggih *naskah SDWW*, mawi têtêmbungan ingkang cêthå. Ancasing *deskripsi naskah* badhé ngandharakên kawontênaning *fisik* kaliyan *nonfisik*-ipun *naskah* ingkang dipuntliti. Wondéné andharan *deskripsi naskah* utawi kawontênaning *naskah SDWW* kaandharakên wontên *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 6: **Asiling *Deskripsi Naskah SDWW***

No.	Katrangan	*Naskah SDWW*
1.	Papan panyimpêning *naskah*	Muséum Sånåbudåyå
2.	Sintên ingkang nyêrat	Tiyang ingkang nyêrat *naskah* mênikå botên cêthå utawi botên dipunmangêrtosi.
3.	Nomêr *kodeks*	PB C. 154
4.	Irah-irahan a. Wontên ing pundi kémawon, wontên ing kåcå pintên? b. Adhêdhasar katrangan wontên ing *teks* utawi *katalog?*	Irah-irahaning *naskah* kasêrat wontên ing samak, inggih kasêrat *Tyang Tani lan Tikus*. Wontên ing kåcå vi, kasêrat irah-irahaning *teks*. 1. *Tiyang Tani lan Tikus* : kåcå 1 2. *Sujåkå* : kåcå 10 3. *Sêsakit Anèh* : kåcå 48 4. *Andhugal* : kåcå 66 Irah-irahanipun adhédhasar *teks*, inggih *Tyang Tani lan Tikus*. Wontên ing *katalog*, irah-irahanipun *Sêrat Dongèng Warni-warni.*
5.	Kawontênaning *naskah*	*Naskah* taksih saé, dèrèng ucul dondomanipun, *teks* sagêd dipunwaos kanthi cêthå, såhå botên wontên orèk-orèkanipun.
6.	Jinising *bahan naskah*	*Naskah* dipunsêrat wontên ing kêrtas polos warni coklat, wontên ingkang kandêl såhå tipis.
7.	Cacahing larik sabên kåcå	Cacahing larik sabên sakåcå inggih

lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Naskah SDWW*
	Cacahing larik sabên kåcå	mênikå 23 dumugi 25 larik.
8.	Kandêling *naskah*	Kandêling *naskah* inggih mênikå 0,9 cm. Manawi dipunétang sadåyå lêmbaripun inggih mênikå 79 lêmbar, kapérang saking 6 lêmbar kanthi ångkå Romawi kaliyan 73 lêmbar kanthi ångkå Arab sêratan Latin.
9.	Ukuraning *naskah* umum	Ukuraning *naskah* umum 21,5 cm x 17 cm.
10.	Ukuraning *naskah khusus* (ingkang dipuntliti)	*Naskah* ingkang dipuntliti ukuranipun 17,5 cm x 13 cm.
11.	Ukuraning *margin naskah khusus* (ingkang dipuntliti) a. nginggil b. ngandhap c. kiwå d. têngên	 3 cm 1,3 cm 2 cm 0,5 cm
12.	Isining *naskah* (satunggal mênåpå kêmpalan saking mapintên-pintên *teks*)	Isining *naskah SDWW* kêmpalan saking sakawan *teks* cariyos.
13.	Jinising *naskah* (piwulang, mênåpå sanèsipun)	Jinising *naskah SDWW* mênikå sastrå (dongèng).
14.	Dhapukaning *teks* (gancaran mênåpå sêkar)	Dhapukaning *teks SDWW* mênikå dhapukan gancaran.
15.	Samaking *naskah* (warni mênåpå, wujudipun kadospundi, kawontênanipun kadospundi, kadamêl saking mênåpå)	Warni samaking *naskah SDWW* cêmêng, kadamêl saking kêrtas kandêl ingkang dipunsamaki plastik. Samaking *naskah* wontên *motif*-ipun kasar. Kawontênaning samak taksih saé, rêsik saking sêratan-sêratan kajawi irah-irahanipun ingkang dipuntèmpèl.
16.	Jinising aksårå *naskah* kadospundi	*Naskah SDWW* kasêrat mawi aksårå Jåwå sêratan carik.
17.	Panomêraning sabên kacaning *teks* (wontên ing pundi, warni mênåpå, kalêbêt jinising aksårå ingkang mênåpå)	Panomêraning sabên kacaning *teks* wontên ing nginggil, ingkang kasêrat mawi ångkå Arab sêratan Latin kaliyan ångkå Jåwå.
18.	Ukuraning aksårå (agêng, alit, sêdhêngan)	(0,5x 0,3) cm. Ukuraning aksårå kalêbêt sêdhêngan.
19.	Sikaping aksårå (jêjêg mênåpå miring manêngên utawi miring mangiwå)	Sikaping aksårå miring utawi dhoyong manêngên.
20.	Tapaking aksårå (kandêl/ tipis)	Aksaraning *teks* kasêrat kanthi kandêl.

lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	*Naskah SDWW*
21.	Warninipun mangsi	Warninipun mangsi ingkang kaginakakên kanggé nyêrat *teks* inggih warni cêmêng.
22.	Basaning *teks* (ngginakakên bâsâ Jawi énggal, Kawi, Jawi Kinâ)	*Teks* kasêrat ngginakakên bâsâ Jawi énggal.
23.	Cacahing kâcâ *naskah* ingkang dipuntliti	*Teks* ingkang dipuntliti inggih mênikâ saking kâcâ 3 dumugi 73, saénggâ cacahipun 71 lêmbar.
24.	Wujuding aksârâ (ngêtumbar, mucuk êri, mbâtâ sarimbag, *kombinasi*)	Wujuding aksârâ *teks SDWW* inggih *kombinasi* saking wujud ngêtumbar kaliyan mucuk êri.

Adhêdhasar *tabel* ing nginggil, nggambarakên kawontênan *fisik* sâhâ *nonfisik*-ipun *SDWW*. *Naskah SDWW* minângkâ salah satunggaling *naskah koleksi* Muséum Sânâbudâyâ Ngayogyâkartâ *bagian Pernaskahan*. Irah-irahaning *naskah* kasêbut sagêd kapanggihakên wontên ing *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Museum Sonobudoyo Yogyakarta Jilid I* (Behrend, 1990: 435) kanthi *nomer koleksi* PB C. 154. Adhêdhasar katrangan ingkang wontên ing salêbêting *teks* sâhâ katrangan ingkang wontên ing *katalog*, botên kapanggihakên katrangan ngéngingi sintên ingkang nyêrat. Ananging, adhêdhasar *katalog* (Behrend, 1990: 435), *naskah SDWW* kasêrat rikâlâ abad ingkang kaping 20 wontên ing Suråkartå.

Indikator sêrat mênikâ dipunmangêrtosi kasêrat rikâlâ abad ingkang kaping 20, inggih saking basaning *teks*, inggih ngginakakên bâsâ Jawi *ragam* krâmâ kaliyan ngoko ingkang limrah dipunmangêrtosi masarakat umum. *Indikator naskah SDWW* dipunsêrat ing Suråkartå, inggih saking andharaning *teks* ingkang kapanggihakên bilih namaning panggènan ingkang dipunsêbutakên mênikâ namaning panggénan ing wêwêngkon Suråkartå, kados tâ Pêkên Agêng, Panumping, sâhâ sanèsipun.

Naskah SDWW taksih sagêd kawaos kanthi cêthå. Jilidan *naskah* dipundondomi mawi bênang warni cêmêng. Kêrtas ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks* inggih mênikå kêrtas polos warni coklat. Kathahing larik sabên kacanipun wontên 23 dumugi 25 larik. Kandêling *naskah* 0,9 *centimeter*. Ukuraning *naskah umum* wiyaripun 17 *centimeter* såhå panjangipun 21,5 *centimeter*. Ukuraning *naskah khusus* (ingkang dipuntliti) wiyaripun 13 *centimeter* såhå panjangipun 17,5 *centimeter*. Ukuraning *margin naskah khusus* (ingkang dipuntliti) nginggilipun 3 *centimeter*; ngandhap 1,3 *centimeter*; kiwå 2 *centimeter*; såhå têngén 0,5 *centimeter*.

Samaking *naskah* kadamel saking kêrtas kandêl warni cêmêng, samakipun taksih saé såhå wêtah, sartå wontên sêratan ingkang dipuntèmpèl wontên ing samaking *naskah*, irah-irahanipun *Tyang Tani lan Tikus.* Irah-irahaning *SDWW* dipuntambahi *Tyang Tani lan Tikus* minangkå irah-irahan kanggé mbédakakên *naskah* kanthi irah-irahan *SDWW* sanèsipun. Sintên ingkang nambahi irah-irahan mênikå botên cêthå. Ananging, dipuntingali saking sêratanipun, ingkang nyêrat inggih mênikå tiyang ingkang kaping kalih utawi sanès panyêrat *teks naskah SDWW*.

Teks naskah SDWW kasêrat mawi aksårå Jåwå déné wujuding aksårå *kombinasi* ngêtumbar kaliyan mucuk êri ingkang kasêrat dhoyong manêngên. Ukuraning aksårå sêdhêngan, kanthi panjang 0,5 *centimeter* såhå wiyaripun 0,3 *centimeter*. Warninipun mangsi ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks* warni cêmêng.

Teks kasêrat ing sisih *verso* mênåpå déné *recto*. Wondéné pambagining lêmbaraning *teks* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Kåcå i : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih huruf i wontên ing pojok têngên nginggil mawi potlot. Kajawi mênikå, ugi wontên cap warni abrit, kasêrat P. B. C. 154 Panti Budåyå.

Kåcå ii : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih huruf ii wontên ing pojok kiwå nginggil.

Kåcå iii : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih huruf iii wontên ing pojok têngên nginggil.

Kåcå iv : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih huruf iv wontên ing pojok kiwå nginggil.

Kåcå v : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih huruf v wontên ing pojok têngên nginggil. Kajawi mênikå, kêrtasipun tipis dipuntumpuki kêrtas ingkang langkung alit nanging kandêl såhå wontên *bekas tempelan* ingkang dipunsuwèk.

Kåcå vi : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih huruf vi wontên ing pojok kiwå nginggil. Kajawi mênikå, ugi kasêrat irah-irahaning *teks* cariyosipun, inggih kados ing ngandhap mênikå.

Isinipun:

Tiyang Tani lan Tikus : 1

Sujåkå : 10

Sêsakit Anèh : 48

Andhugal : 66

Kåcå 3 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 3, kasêrat mawi aksårå Arab sêratan Latin mawi potlot wontên ing pojok têngên nginggil.

Kåcå 4 dumugi 9 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 4; 5; 6.... 9, kasêrat mawi aksårå Jåwå mawi mangsi cêmêng wontên ing têngah nginggil.

Kåcå 10 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 10, kasêrat mawi aksårå Arab sêratan Latin mawi potlot wontên ing pojok kiwå nginggil. Wontên ing têngah nginggiling lêmbar, kasêrat irah-irahaning *teks*, inggih *Sujåkå.*

Kåcå 11 dumugi 47 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 11; 12; 13..... 47, kasêrat mawi aksårå Jåwå mawi mangsi cêmêng wontên ing têngah nginggil. Wontên ing têngah-têngahing kåcå 38 kaliyan 39, wontên bênang dondoman. Wontên ing têngah-têngahing kåcå 44 kaliyan 45, wontên bêkas kêrtas ingkang dipungunting.

Kåcå 22 : kasêrat kacaning lêmbaran ingkang kêdahipun ångkå 22 nanging kasêrat 12 ngginakakên ångkå Jåwå mawi mangsi cêmêng wontên ing têngah nginggil.

Kåcå 48 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 48, kasêrat mawi aksårå Arab sêratan Latin mawi potlot wontên ing pojok kiwå nginggil. Wontên ing têngah nginggiling lêmbar, kasêrat irah-irahaning *teks*, inggih *Sêsakit Anèh.*

Kåcå 49 dumugi 65 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 49; 50; 51..... 65, kasêrat mawi aksårå Jåwå mawi mangsi cêmêng wontên ing têngah nginggil.

Kåcå 66 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 66, kasêrat mawi aksårå Arab sêratan Latin mawi potlot wontên ing pojok kiwå nginggil. Wontên ing têngah nginggiling lêmbar, kasêrat irah-irahaning *teks*, inggih *Andhugal.*

Kåcå 66 dumugi 73 : kasêrat kacaning lêmbaran, inggih ångkå 66; 67; 68..... 73, kasêrat mawi aksårå Jåwå mawi mangsi cêmêng wontên ing têngah nginggil.

Panomêran kacaning *teks* kasêbut, dipunsêrat mawi mangsi warni cêmêng. Cacahing kåcå *naskah* ingkang dipuntliti wontên 71 kåcå. Basaning *teks* ingkang dipunginakakên, inggih mênikå båsa Jawi gagrag anyar *ragam* Kråmå-ngoko.

Isining *naskah SDWW* satunggal *naskah* ingkang kapérang saking 4 *teks*, inggih mênikå *teks Tiyang Tani lan Tikus*, *Sujåkå*, *Sêsakit Anèh*, såhå *Andhugal*. *Naskah SDWW* kalêbêt salah satunggaling jinis sastrå. *Teks naskah SDWW* kalêbêt jinising dhapukan gancaran.

B. *Transliterasi Teks, Suntingan Teks SDWW,* såhå Pangrêmbagipun

1. Pandom *Transliterasi Teks Naskah SDWW*

Anggènipun ndamêl *transliterasi teks SDWW* dipunwiwiti kanthi ndamêl pandom *transliterasi*. Pandom *transliterasi* ingkang dipundamêl adhêdhasar *metode transliterasi* ingkang kaginakakên ing panalitèn mênikå, inggih *transliterasi standar*. Ancasing ndamêl pandom *transliterasi* kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *transliterasi teks SDWW*. *Transliterasi* ingkang dados *indikator sistem transliterasi* aksårå Jåwå ingkang wontên ing salêbêting *tabel*, dipuntêngêri kanthi aksårå utawi wandå ingkang dipunkandêli.

a. *Sistem Transliterasi* Aksårå Jåwå

1) Wujud Panyêrating Aksårå Jåwå kaliyan Pasanganipun ing *Teks SDWW*

Aksårå Jåwå utawi ingkang dipunsêbut dêntåwyanjånå, dipunmaknai aksårå wåjå. Ananging, limrahipun dêntåwyanjånå dipunmaknai carakan, inggih mênikå urut-urutaning aksårå Jåwå saking hå dumugi ngå ingkang kathahipun kalih dåså. Wondéné aksårå Jåwå kasebut inggih mênikå hå, nå, cå, rå, kå, då, tå, så, wå, lå, på, då, jå, yå, nyå, må, gå, bå, thå, ngå. Sabên aksårå kalih dåså kasêbut dipunwastani aksårå lêgênå, atêgês aksårå wudå utawi tanpå sandhangan pêpêt, suku, wulu, mênåpå sanèsipun (Padmosoekotjo, 1989: 13). Wujuding aksårå Jåwå wontên ing *SDWW* inggih kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 7: **Wujud Panyêrating Aksårå Jåwå kaliyan Pasanganipun wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå Carakan**	**Wujud Pasangan**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
hå		-----		**å**på
nå		---------		**na**gari
cå		-------		**c**indhil
rå		-		tina**ra**jang
kå		----------		ing**ka**ng
då		--------		su**da**gar
tå		---------		**t**iyang tani
så		------		**sa**n**s**åyå
wå		---------		**wa**sånå
lå		----------		**la**mpahing
på		------		**på**rå
dhå		----------		ngga**dha**hi
jå		----------		wi**j**i
yå		-		sadå**yå**
nyå		-		**ny**ê**ny**uwun
må		------		tu**måmå**
gå		-		na**ga**ri
bå		----------		**ba**dhé

lajêngipun *tabel*

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå Carakan**	**Wujud Pasangan**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
thå		--------- 		ki**thå**
ngå		---------- 		**nga**måncå

2) Panyêrating Sandhangan

Sandhanganing aksårå, inggih mênikå têtêngêr ingkang dipunginakakên kanggé ngéwahi swaraning aksårå Jåwå utawi pasanganipun (Padmosoekotjo, 1989: 17). Jinising sandhangan kasêbut wontên mapintên-pintên warni. Wondéné jinising sandhanganing aksårå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a) Sandhangan Swårå

Sandhangan swårå, inggih mênikå têtêngêr kanggé ngéwahi swårå *vokal*. Kathahing sandhangan swårå wontên gangsal, inggih mênikå wulu, suku, taling, taling tarung, såhå pêpêt. Wulu minångkå pralambang *vokal* i, suku minångkå pralambang *vokal* u, taling minångkå pralambang *vokal* é utawi è, taling tarung minångkå pralambang *vokal* o, såhå pêpêt minångkå pralambang *vokal* ê. Sandhangan swårå ingkang dipunginakakên wontên *teks SDWW* kapanggihakên kados *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 8: **Wujud Sandhangan Swårå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	***Lafal***	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
wulu	i	 -----		nagar**i**
pêpêt	ê	 -------		wont**ê**n

lajêngipun *tabel*

Nåmå Aksårå	***Lafal***	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
suku	u	-------		t**u**måmå
taling	é	------		badh**é**
	è	-------		kag**è**t
taling tarung	o	 ------		w**o**ntên

b) Sandhangan Wyanjånå såhå Panjingan

Sandhangan wyanjånå, inggih mênikå sandhangan minångkå *konsonan* rangkêp wontên ing wiwitaning wandå (Darusuprapta, dkk., 1996: 29). Kathahing sandhangan wyanjånå såhå panjingan wontên gangsal, inggih mênikå cåkrå, kêrêt, péngkal, panjing wå, kaliyan panjing lå. Wujuding sandhangan wyanjånå wontên *teks SDWW* kados *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 9: **Wujud Sandhangan Wyanjånå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	***Lafal***	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
cåkrå	rå	-----		mit**rå**
kêrêt	rê	------		**trê**ncêm
péngkal	y	------		sêd**ya**ning
panjing lå	l	--------		m**l**ampah-m**l**ampah

c) Sandhangan Panyigêging Wandå

Sandhangan panyigêging wandå, inggih mênikå sandhangan minångkå têtêngêr *konsonan* pungkasaning wandå (Darusuprapta, dkk., 1996: 25). Wontên

tigang wujuding sandhangan panyigêging wandå, inggih mênikå wignyan, layar, kaliyan cêcak. Wondéné wujuding sandhangan panyigêging wandå wontên *teks SDWW* kapanggihakên kados wontên *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 10: **Wujud Sandhangan Panyigêging Wandå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	***Lafal***	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
wignyan	h	-------- --------	 	kaki sêpu**h** mana**h**
layar	r	 -------		jala**r**an
cêcak	ng	 ----------		i**ng**

d) Sandhangan Pangkon (Patèn)

Sandhangan pangkon utawi patèn kaginakakên kanggé nêdahakên manawi aksårå ingkang dipunpangku mênikå dados sêsigêging wandå saking sangajêngipun. Kajawi mênikå, sandhangan pangkon ugi dados sêsulihipun pådå lingså, såhå manawi dipunwuwuhi pådå lingså dados pådå lungsi (Padmosoekotjo, 1989: 19). Wujuding sandhangan pangkon ingkang kaginakakên wontên *teks SDWW* kapanggihakên kados wontên *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 11: **Wujud Sandhangan Pangkon ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
pangkon	-------		Badanipun**,**

3) Aksårå Murdå kaliyan Pasanganipun

Aksårå murdå sêjatosipun aksårå mahaprana, inggih mênikå aksårå ingkang kêdahipun dipunucapakên kanthi abab ingkang kathah (Padmosoekotjo, 1989: 37). Aksårå murdå ing båsâ Indonesia dipunsêbut aksårå *kapital*, nanging bédå anggènipun nganggé. Kathahipun aksårå murdå wontên pitu, inggih mênikå Nå, Kå, Tå, Så, På, Gå, Bå såhå ingkang sampun botên dipunginakakên wontên kalih, inggih mênikå Nyå såhå Cå (Mulyani, 2009: 15). Aksårå murdå ingkang kaginakakên wontên *teks SDWW* kapanggihakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 12: **Wujud Aksårå Murdå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
Nå			sang **Nå**tå
Tå			Sang Nå**tå**
Så			**S**ubali
På			**P**andhitå
Gå			guru kulå
Bå			prabu **Bå**lådéwå

4) Aksårå Swårå

Aksårå swårå, inggih mênikå kados aksårå *kapital vokal* wontên ing båsâ Indonesia, nanging bédå anggènipun nganggé. Cacahing aksårå swårå wontên gangsal, inggih mênikå a, i, é, o, såhå u. Pêpêt botên kaginakakên kanggé nyêrat rê kaliyan lê. Panyêrating rê kaliyan lê dipungantos kaliyan pa cêrêk kaliyan ngå lêlêt. Kakalihipun ugi kalêbêt aksårå swårå. Wujuding aksårå swårå wontên *teks SDWW* katåtå kados ing *tabel* wontên ngandhap mênikå.

Tabel 13: **Wujud Aksårå Swårå ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
a			**A**frika
e			**é**, **é**, éling
o			**o**, dadi
ngå lêlêt			ka**lê**gan
på cêrêk			mi**rê**ng

5) Aksårå Rékan

Aksårå rékan, inggih mênikå aksårå ingkang kaginakakên kanggé nyêrat aksårå *konsonan* têmbung ngamåncå, langkung-langkung aksårå Arab (Darusuprapta, dkk., 1996: 16). Cacaking aksårå rékan wontên gangsal, inggih mênikå kha, dza, fa/va, za, såhå gha. Aksårå rékan ingkang kaginakakên wontên *teks SDWW* katåtå wontên ing ngandhap mênikå.

Tabel 14: **Wujud Aksårå Rékan ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå**	**Tulådhå Panganggéning**	***Transliterasi***
Fa			A**f**rika

6) Ångkå Jawi

Ångkå Jawi cacahipun sadåså. Ångkå Jawi ingkang kaginakakên wontên *teks SDWW* kapanggihakên kados *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 15: **Wujud Ångkå Jawi ingkang Kaginakakên wontên *Teks SDWW***

Wujudin Ångkå	***Transliterasi***	**Wujud Ångkå**	***Transliterasi***
	0		5
	1		6

lajêngipun *tabel*

Wujud Ångkå	*Transliterasi*	Wujud Ångkå	*Transliterasi*
	2		7
	3		8
	4		9

b. Aksårå hå ingkang Ungêlipun Cêthå utawi kanthi Abab Kathah Dipun-*transliterasi* dados hå, ingkang Ungêlipun kanthi Abab Måndå-Måndå dipunsêrat dados *Vokal* å

Aksårå hå botên mêsti dipun-*transliterasi* dados hå. Manawi aksårå hå ingkang ungêlipun cêthå utawi kanthi abab kathah, kêdah dipunsêrat hå. Aksårå hå ingkang ungêlipun kanthi abab måndå-måndå, botên dipunsêrat hå nanging dipunsêrat dados *vokal* å. Tuladhanipun *transliterasi* aksårå hå ingkang dados hå mênåpå déné *vokal* å kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 16: ***Transliterasi* Aksårå hå ingkang Kasêrat hå kaliyan ingkang Kasêrat *Vokal* a wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi*
	**i**ng
	wa**u**
	**å**på
	må**hå**

c. *Vokal* o Dipunsêrat dados å

Vokal o katambahan wandå sigêg aksårå irung utawi *nasal* (m, n, ng, ny) ing sangajênging wandå wêkasan ingkang mêngå tanpå sandhangan swårå, anggènipun

damêl *transliterasi*, dipunsêrat dados aksårå å (Padmosoekotjo, 1989: 36). Tulådhå *transliterasi vokal* o dipunsêrat dados å wontên *teks SDWW* kados *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 17: ***Transliterasi Vokal* o ingkang Dipunsêrat dados å wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	***Transliterasi***
	wit n**å**ngkå
	m**å**ngså
	aji P**å**ncåsonå
	b**å**ndhå

d. Icaling salah satunggal Aksårå Rangkêp

1) Amargi Panganggéning Wuwuhan mênåpå déné Wujud Linggå

Jinising wuwuhan wontên båså Jawi kapérang dados sakawan, inggih mênikå atêr-atêr, sêsêlan, panambang, såhå wuwuhan sêsarêngan. Têtêmbungan ingkang kadadosan saking panganggéning wuwuhan, manawi dipunsêrat mawi aksårå Jåwå, aksårå ingkang pungkasan saking lingganipun, dipunsêrat rangkêp. Ananging, manawi dipundamêl *transliterasi*-nipun, salah satunggaling aksårå rangkêp mênikå dipunicali. Tulådhå icalipun salah satunggaling aksårå rangkêp amargi panganggéning wuwuhan mênåpå déné wujud linggå kaandharakên kados *tabel* ing ngandhap mênikå.

Tabel 18: ***Transliterasi* Icaling Salah Satunggal Aksårå Rangkêp amargi Panganggéning Wuwuhan mênåpå déné Wujud Linggå wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	***Transliterasi***
	kawontê**n**a**n**ing

lajêngipun *tabel*

Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi*
	badan**i**pun
	ma**n**ah
	wêka**s**a**n**ing

2) Amargi Sastrå Lampah

Sastrå lampah, inggih mênikå éndahing sastrå ingkang awujud cårå anggènipun maos utawi ngucapakên têmbung apurwå aksårå *vokal* ingkang dumunung ing sawingkinging têmbung ingkang wandånipun wêkasan sigêg.

Tabel 19: ***Transliterasi* Icaling Salah Satunggal Aksårå Rangkêp amargi Sastrå Lampah wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi*
	jima**t i**ngsun
	i**ng a**ku

e. Têmbung Dwilinggå Dipun-*transliterasi* mawi Tandha (-)

Panyêrating têmbung dwilinggå dipunparingi tåndhå panggandhèng (-).

Tabel 20: ***Transliterasi* Têmbung Dwi Linggå wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi*
	alon-alon
	wongsal-wangsul
	bagé-binagé
	wit-witan

f. *Transliterasi Reduplikasi Parsial* (Dwi Purwå) wontên *Teks* Dipunjumbuhakên Adhêdhasar Éjaan Båså Jawi *Standar* utawi Jumbuh kaliyan Anggènipun Ngucapakên

Anggènipun nyêrat *transliterasi reduplikasi parsial* (dwi purwå) wontên *teks SDWW*, dipunjumbuhakên adhêdhasar éjaan båså Jawi *standar*. Anggènipun nyêrat mênikå kados anggènipun ngucapakên.

Tabel 21: ***Transliterasi Reduplikasi Parsial* wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	***Transliterasi***
	**sê**sami
	**kê**kirangan
	**kê**kalih
	**jê**jaka

g. Panyêrating Aksårå *Kapital*

Panyêrating aksårå *kapital* wontên *transliterasi teks SDWW* bédå kaliyan panyêrating aksårå *kapital* wontên pandom panyêrating aksårå Latin. Aksårå *kapital* kaginakakên minångkå aksårå sapisanan kanggé sêsêbatan nåmå, bab ingkang gayut kaliyan sêsêbataning Gusti såhå agåmå, kaliyan namaning papan.

Tabel 22: ***Transliterasi* Panganggéning Aksårå *Kapital* wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	***Transliterasi***
	dhusun **K**arang **G**ênêng
	**P**rabu **B**ålådéwå
	sang **D**åsåmukå

h. *Transliterasi* Wandå wan minångkå Wujud panambang -an

Wandå wan wontên ing pungkasaning têmbung kadhangkålå botên dipun-*transliterasi* dados wan. Manawi wandå wan minångkå wujud panambang -an wontên sawingkinging aksårå swårå, dipun-*transliterasi* kadosdéné éjaan ingkang kaanggé, inggih mênika dados -an (Padmoseokotjo, 1989: 59).

Tabel 23: ***Transliterasi* Wandå wan minångkå Wujud panambang -an wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi*
	kêlaku**a**nipun
	katamu**a**n

i. *Transliterasi* Wandå yå minångkå Wujud Panambang -a

Wandå yå wontên ing pungkasaning têmbung kadhangkålå botên dipun-*transliterasi* dados yå. Manawi wandå yå minångkå wujud panambang -a wontên sawingkinging aksårå swårå, dipun-*transliterasi* kadosdéné éjaan ingkang kaanggé, inggih menika dados -å (Padmoseokotjo, 1989: 59).

Tabel 24: ***Transliterasi* Wandå yå minångkå Wujud Panambang -a wontên *Teks SDWW***

Tulådhå Panganggénipun	*Transliterasi*
	mangêrti**å**
	bali**å**

j. Panganggéning Tåndhå *Kurung Siku* [...]

Transliterasi nomêr kacaning *teks SDWW* dipunsêrat mawi ångkå Arab sêratan Latin ingkang dipunapit tåndhå [...]. Manawi pindhah kacaning *teks SDWW* wontên ing satunggal têmbung, tåndhå [...] dipunsêrat wontên ing têmbung mênikå tanpå dipuntambahi *spasi*. Manawi pindhah kacaning *teks SDWW* wontên ing bédå

têmbung, tåndå [...] dipunsêrat ing antawisipun kalih têmbung kasêbut kanthi dipuntambahi satunggal *spasi* sabên têmbung. Tulådhå anggènipun nyêrat tåndhå [...] kados ing ngandhap mênikå.

1) Tåndhå [...] ing satunggal têmbung

   ..... dha[4]têng kawontênaning .....

2) Tåndhå [...] ing kalih têmbung

   ..... kancaning [6] gêsangipun .....

2. Pandom *Suntingan Teks Naskah SDWW*

Anggènipun damêl *suntingan teks SDWW* ngginakakên pandom *suntingan teks.* Wondéné pandom *suntingan teks* wonten *teks SDWW* katåtå kados ing ngandhap mênikå.

1) (.....) tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipunkirangi aksårå mênåpå déné têmbungipun.
2) <.....> tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipuntambahi aksårå mênåpå déné têmbungipun.
3) {.....} tåndhå mênikå dipunginakakên minångkå tåndhå bilih wontên ingkang dipungantos aksårå utawi têmbungipun.
4) Anggènipun nyêrat nomêr ing sabên *aparat kritik* ngginakakên ångkå Arab ingkang kasêrat aksårå Latin ([1], [2], [3], [4], ... lsp).

3. Asiling *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks Naskah SDWW*

Metode transliterasi ingkang katindakakên wontên ing panalitèn mênikå, inggih *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar,* inggih mênikå

cårå anggènipun ndamêl alih tulis sêrataning *teks* kanthi adhêdhasar éjaan båså Jawi ingkang sampun kasampurnakakên utawi *Ejaan yang Disempurnakan (EYD)* ingkang dipunanggé. Paédahing ngginakakên *metode transliterasi standar* kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *suntingan teks*.

Anggènipun ndamêl *suntingan teks SDWW* ngginakakên *metode suntingan teks edisi standar*. *Metode suntingan teks edisi standar* katindakakên kanthi nglêrêsakên kalêpatan kanthi nambahi, ngirangi, mênåpå déné nggantos aksårå utawi wandå. Sasampuning nglêrêsakên kalêpatan, salajêngipun ndamêl cathêthan, såhå ngandharakên mênåpå ingkang dipunlêrêsakên kasêbut supados pamaos sagêd mangêrtos alêsanipun nglêrêsakên. *Suntingan teks* ingkang katindakakên mênikå adhêdhasar båså Jawi *standar* utawi adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminto, 1939). Wondéné asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks SDWW* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 25: **Asiling *Transliterasi Standar* såhå *Suntingan Teks Edisi Standar Teks SDWW***

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
[3] Tiyang Tani lan Tikus Kacariyos ing satunggaling dhusun ingkang botên patosså têbih saking kithå, wontên tiyang kaki-kaki sampun sêpuh botên anak sémah. Têmtu kémawon panggêsanganipun inggih kêkirangan. Déné pangupåjiwanipun kaki-kaki wau namung nanêm pålåwijå wontên ing pakêbonan jalaran sabin utawi patêgilan botên gadhah. Namung kémawon, tiyang wau wontên pilihanipun, inggih mênikå saé kêlakuanipun lan nggadhahi wêlas dhatêng sêsamining dumados. Ing satunggaling dintên, kaki	[3] Tiyang Tani lan Tikus Kacariyos ing satunggaling dhusun ingkang botên patosså têbih saking kithå, wontên tiyang kaki-kaki sampun sêpuh botên anak sémah. Têmtu kémawon panggêsanganipun inggih kêkirangan. Déné pangupåjiwanipun kaki-kaki wau namung nanêm pålåwijå wontên ing pakêbonan jalaran sabin utawi patêgilan botên gadhah. Namung kémawon, tiyang wau wontên pilihanipun, inggih mênikå saé kêlakuanipun lan nggadhahi wêlas dhatêng sêsamining dumados. Ing satunggaling dintên, kaki

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
sêpuh wau dhêdhangir wontên ing kêbon, badhé ndhawahakên wiji jagung. Sarêng kintên-kintên wanci jam sêtêngah sångå énjing, kraos kêsêl tumuntên ngaso linggih wontên ing sangandhaping wit nångkå, kalayan nggagas dha[4]têng kawontênaning badanipun, kadospundi badhé wêkasaning kalampahanipun jalaran botên nggadhahi anak sémah tuwin sanak sadhèrèk. Sabên piyambakipun mikir dhatêng bab wau, manahipun kraos botên sakécå, såyå dangu pamanahipun, sansåyå mindhak susahing manah. Wasånå lajêng tumungkul rawat waspå.	sêpuh wau dhêdhangir wontên ing kêbon, badhé ndhawahakên wiji jagung. Sarêng kintên-kintên wanci jam sêtêngah sångå énjing, kraos kêsêl tumuntên ngaso linggih wontên ing sangandhaping wit nångkå, kalayan nggagas dha[4]têng kawontênaning badanipun, kadospundi badhé wêkasaning kalampahanipun jalaran botên nggadhahi anak sémah tuwin sanak sadhèrèk. Sabên piyambakipun mikir dhatêng bab wau, manahipun kraos botên sakécå, såyå dangu pamanahipun, sansåyå mindhak susahing manah. Wasånå lajêng tumungkul rawat waspå.
Ing nalikå nêdhêngipun kaki sêpuh wau wontên ing kawontênan ingkang kados makatên, dumadakan piyambakipun kagèt, sumêrêp wontên satunggaling tikus alit mårå saking nginggil, tumuntên dipunpurugi. Sarêng sampun cêlak, têrang ing sumêrêpipun bilih tikus wau taksih cindhil. Badanipun pating trêncêm tatu kukuning pêksi galak. Kaki sêpuh wêlas sangêt manahipun. Cindhil lajêng dipunpêndhêt alon-alon, dipunbêktå lumêbêt ing griyå Sadumugining griyå, cindhil wau tumuntên dipunopèni saé. Tatunipun dipungirah, tumuntên binuntêl ing gombalan ngantos brukut.	Ing nalikå nêdhêngipun kaki sêpuh wau wontên ing kawontênan ingkang kados makatên, dumadakan piyambakipun kagèt, sumêrêp wontên satunggaling tikus alit mårå saking nginggil, tumuntên dipunpurugi. Sarêng sampun cêlak, têrang ing sumêrêpipun bilih tikus wau taksih cindhil. Badanipun pating trêncêm tatu kukuning pêksi galak. Kaki sêpuh wêlas sangêt manahipun. Cindhil lajêng dipunpêndhêt alon-alon, dipunbêktå lumêbêt ing griyå. Sadumugining griyå, cindhil wau tumuntên dipunopèni saé. Tatunipun dipungirah, tumuntên binuntêl ing gombalan ngantos brukut.
[5] Kacariyos lêt sawatawis dintên saking mênikå, cindhil alit ingkang dipunopèni wau sakitipun sudå-sudå, tatunipun sampun mèh pulih babar pisan. Samênikå sampun botên dipunkêmuli gombalan malih, sampun sagêd nêdhå piyambak, botên susah dipundublag déning kaki-kaki wau. Sadèrènging badanipun agêng, tikus wau taksih tumut wontên ing griyaning	[5] Kacariyos lêt sawatawis dintên saking mênikå, cindhil alit ingkang dipunopèni wau sakitipun sudå-sudå, tatunipun sampun mèh pulih babar pisan. Samênikå sampun botên dipunkêmuli gombalan malih, sampun sagêd nêdhå piyambak, botên susah dipundublag déning kaki-kaki wau. Sadèrènging badanipun agêng, tikus wau taksih tumut wontên ing griyaning

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kaki sêpuh wau. Sabên dintên tansah damêl sênênging manahipun tiyang wau. Manawi tiyang sêpuh wau dhatêng, tikus lajêng mêthuk, mènèk ing pundhaking kaki, nandhakakên senênging manahipun. Makatên salajêngipun ngantos sawatawis mångså, tikus wau dados réncanging gêsangipun kaki sêpuh kasêbut, ingkang sagêd damêl sudaning kasusahanipun tiyang wau jalaran samênikå rumaos nggadhahi kancaning [6] gêsangipun ingkang sêpi tur rêkaos mênikå. Anuju ing satunggaling dintên, tikus alit mênikå késah. Wiwit énjing ngantos dumugi ing wanci têngah dintên dèrèng dhatêng. Ing mångkå padatan sabên késah tamtu boten dangu tumuntên mantuk. Ingkang makatên wau tamtu kémawon damêl susahing manahipun kaki-ki wau. Manahipun sumêlang, mangké nèk tikus ingkang dipuntrêsnani wau dipunkålå ing tiyang. Manawi ngantos kalampahan makatên, gêsangipun tamtu badhé tanpå réncang kados ingkang sampun-sampun. Kaki sêpuh anggènipun ngêntosi ngantos kêsêl, dipunslamur mlampah-mlampah wira-wiri wontên ing kêbonan. Ngantos wanci sêrap suryå tikus mêksså botên katingal dhatêng. Kaki sêpuh tumuntên lumêbêt ing griyå, nyumêt dilah thinthir alit, ingkang urupipun botên sêpintênå padhangipun tumuntên linggih wontên ing lincak kaliyan ngê[7]ntosi dhatênging woding manahipun. Kintên-kintên ing wanci dalu, kaki sêpuh sampun radi jèngkèl manahipun jalaran pangintênipun tikusipun bok-manawi pinêjahan ing tiyang, jalaran ngantos samantên	kaki sêpuh wau. Sabên dintên tansah damêl sênênging manahipun tiyang wau. Manawi tiyang sêpuh wau dhatêng, tikus lajêng mêthuk, mènèk ing pundhaking kaki, nandhakakên senênging manahipun. Makatên salajêngipun ngantos sawatawis mångså, tikus wau dados réncanging gêsangipun kaki sêpuh kasêbut, ingkang sagêd damêl sudaning kasusahanipun tiyang wau jalaran samênikå rumaos nggadhahi kancaning [6] gêsangipun ingkang sêpi tur rêkaos mênikå. Anuju ing satunggaling dintên, tikus alit mênikå késah. Wiwit énjing ngantos dumugi ing wanci têngah dintên dèrèng dhatêng. Ing mångkå padatan sabên késah tamtu boten dangu tumuntên mantuk. Ingkang makatên wau tamtu kémawon damêl susahing manahipun kaki-**<ka>ki**[1] wau. Manahipun sumêlang, mangké nèk tikus ingkang dipuntrêsnani wau dipunkålå ing tiyang. Manawi ngantos kalampahan makatên, gêsangipun tamtu badhé tanpå réncang kados ingkang sampun-sampun. Kaki sêpuh anggènipun ngêntosi ngantos kêsêl, dipunslamur mlampah-mlampah wira-wiri wontên ing kêbonan. Ngantos wanci sêrap suryå tikus mêksså botên katingal dhatêng. Kaki sêpuh tumuntên lumêbêt ing griyå, nyumêt dilah thinthir alit, ingkang **uru{b}ipun**[2] botên sêpintênå padhangipun tumuntên linggih wontên ing lincak kaliyan ngê[7]ntosi dhatênging woding manahipun. Kintên-kintên ing wanci dalu, kaki sêpuh sampun radi jèngkèl manahipun jalaran pangintênipun tikusipun bok-manawi pinêjahan ing tiyang, jalaran ngantos samantên

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dangunipun anggènipun ngêntosi mêksâ dèrèng dhatêng. Kaki sêpuh sampun karaos arip. Niyatipun sumêdyâ badhé tilêm, nanging mêksâ botên sagêd, tansah kèngêtan dhatêng ingon-ingonipun ingkang dipuntrêsnani wau.	dangunipun anggènipun ngêntosi mêksâ dèrèng dhatêng. Kaki sêpuh sampun karaos arip. Niyatipun sumêdyâ badhé tilêm, nanging mêksâ botên sagêd, tansah kèngêtan dhatêng ingon-ingonipun ingkang dipuntrêsnani wau.
Watawis jam sêtêngah tigâ dalu, kaki sêpuh kagèt sangêt jalaran tikusipun sampun linggih wontên ing panggonipun kaliyan mbêktâ satunggaling barang ingkang mâwâ cahyâ tumuntên dipunwaspaosakên mênâpâ barang ingkang dipunbêktâ déning tikus wau. Wasânâ têrang sumêrêpipun bilih [8] lih barang ingkang dipunbêktâ déning tikusipun wau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil.	Watawis jam sêtêngah tigâ dalu, kaki sêpuh kagèt sangêt jalaran tikusipun sampun linggih wontên ing panggonipun kaliyan mbêktâ satunggaling barang ingkang mâwâ cahyâ tumuntên dipunwaspaosakên mênâpâ barang ingkang dipunbêktâ déning tikus wau. Wasânâ têrang sumêrêpipun bilih [8] **(lih)**[3] barang ingkang dipunbêktâ déning tikusipun wau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil.
Kados mênâpâ sênênging kaki sêpuh wau botên kinging kacariyosakên. Jalaran pancèn tiyang mlarat, jêné wau dipunpêndhêt, ing batos, "É, lah, bêkjâ kêmayangan déné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênâ takanggo sangu urip sawatârâ sasi, nanging mêngko gèk ngimpi aku iki".	Kados mênâpâ sênênging kaki sêpuh wau botên **k{é}nging**[4] kacariyosakên. Jalaran pancèn tiyang mlarat, jêné wau dipunpêndhêt, ing batos "É, lah, **bê{g}jâ**[5] kêmayangan déné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênâ takanggo sangu urip sawatârâ sasi, nanging mêngko gèk ngimpi aku iki".
Mripatipun dipunucêk-ucêk ngantos wongsal-wangsul. Jêné dipuntingali, dipungrayangi. Sarêng sampun têrang pangraosipun bilih kawontênan mênikâ nyâtâ, piyambakipun tumutên dhatêng ing pawon mêndhêt cadhongan têdhâ ing tikus ingkang kadhiyakakên kanggé ing wau siyang, tumutên tikus kapurih nêdhâ. Sasampunipun, kaki sêpuh tumuntên tilêm ngantos sadalu tanpâ nglilir.	Mripatipun dipunucêk-ucêk ngantos wongsal-wangsul. Jêné dipuntingali, dipungrayangi. Sarêng sampun têrang pangraosipun bilih kawontênan mênikâ nyâtâ, piyambakipun tumutên dhatêng ing pawon mêndhêt cadhongan têdhâ ing tikus ingkang kasadhiyakakên kanggé ing wau siyang, tumutên tikus kapurih nêdhâ. Sasampunipun kaki sêpuh tumuntên tilêm ngantos sadalu tanpâ nglilir.
[9] Sarêng énjingipun, kaki sêpuh énggal mêndhêt jênénipun,	[9] Sarêng énjingipun, kaki sêpuh énggal mêndhêt jênénipun,

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
tumuntên kabêktå dhatêng ing salêbêting nagari, kasadé. Pêpajênganipun tumuntên katumbasakên kabêtahaning griyå sacêkapipun sartå tirahanipun kasimpên kabêktå mantuk. Makatên salajêngipun tikus alit wau sabên dintên ing wanci dalu tamtu mbêktå jêné, damêl såyå mindhak agênging katrêsnanipun kaki sêpuh ing piyambakipun. Lami-lamining lami, kaki sêpuh wau sagêd dados tiyang sugih. Jalaran wonten ing dhusun rumaos kirang sênêng, tur inggih sêpên sanak sadhèrèk, milå saking mênikå kaki-kaki wau tumuntên pindhah dhatêng ing nagari, gêgriyå wontên ing ngriku. Tikus inggih dipunbêktå, langgêng dados réncanging gêsang ngantos dumugi ing pêjahipun.	tumuntên kabêktå dhatêng ing salêbêting nagari, kasadé. Pêpajênganipun tumuntên katumbasakên kabêtahaning griyå sacêkapipun sartå tirahanipun kasimpên kabêktå mantuk. Makatên salajêngipun tikus alit wau sabên dintên ing wanci dalu tamtu mbêktå jêné, damêl såyå mindhak agênging katrêsnanipun kaki sêpuh ing piyambakipun. Lami-lamining lami, kaki sêpuh wau sagêd dados tiyang sugih. Jalaran wonten ing dhusun rumaos kirang sênêng, tur inggih sêpên sanak sadhèrèk, milå saking mênikå kaki-kaki wau tumuntên pindhah dhatêng ing nagari, gêgriyå wontên ing ngriku. Tikus inggih dipunbêktå, langgêng dados réncanging gêsang ngantos dumugi ing pêjahipun.
[10] Sujåkå Ing dhusun Karang Gênêng wontên laré jêjåkå kêkalih sami mêmitran sangêt, saé anggènipun pitêpangan. Jêjåkå wau ingkang satunggal nami Sujåkå lan satunggalipun Kasmin. Laré kêkalih wau padamêlanipun ing sabên dintên ngréncangi tiyang sêpuhipun sêsabin utawi ngêngèn mahéså tuwin méndanipun. Anuju ing satunggaling dintên, Sujåkå lan Kasmin sami angèn dhatêng ing årå-årå kalawan dêdolanan kados limrahipun laré dhusun. Sarêng sampun radi siyang, Sujåkå lajêng wicantên “Kas, Kas, tinimbangané thênguk-thênguk ora ånå sambèné åpå-åpå, harak prayogå omong-omong. Kêboné sik bèn tininggal ing kono baé, dicancang. Ayo pådhå ngêngaso ånå sangisoring wit waringin ing kånå kaé.”	[10] Sujåkå Ing dhusun Karang Gênêng wontên laré jêjåkå kêkalih sami mêmitran sangêt, saé anggènipun pitêpangan. Jêjåkå wau ingkang satunggal nami Sujåkå lan satunggalipun Kasmin. Laré kêkalih wau padamêlanipun ing sabên dintên ngréncangi tiyang sêpuhipun sêsabin utawi ngêngèn mahéså tuwin méndanipun. Anuju ing satunggaling dintên, Sujåkå lan Kasmin sami angèn dhatêng ing årå-årå kalawan dêdolanan kados limrahipun laré dhusun. Sarêng sampun radi siyang, Sujåkå lajêng wicantên “Kas, Kas, tinimbangané thênguk-thênguk ora ånå sambèné åpå-åpå, harak prayogå omong-omong. Kêboné sik bèn tininggal ing kono baé, dicancang. Ayo pådhå ngêngaso ånå sangisoring wit waringin ing kånå kaé.” Wangsulanipun Kasmin “Iyå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Wangsulanipun Kasmin, “Iyå Kå, pra[11]yogå.” Laré kêkalih lajêng sami lumampah gêgandhèngan tangan tumuju sangandhaping wit waringin ingkang agêng. Ronipun ngrêmbuyung, ingkang kathah wohipun alit-alit ingkang njalari kathahing pêksi ingkang sami såbå ing ngriku. Pancèn sampun sapantêsipun bilih mênikå satunggalang pangauban ingkang prayogi. Sadumugi ing ngandhap waringin, lajêng sami tåtå linggih. Sujåkå lajêng miwiti wicantên, “Åpå Kas saiki omongané?” Wangsulanipun, “Lah, kowé åpå, aku rak wis kon tåtå, ora sugih lan ora kaduk omong”. “Iyå, aku Kas, mau bêngi mêntas nonton wayang lulang. Lakoné apik bangêt.” “Lakoné åpå, Kå? Gambiranom åpå?” “Ah, ora. Dudu gambiranom nanging anu, åpå... [12] É, anu dhing lakoné Sugriwå Subali.” “Êm..... lah, wong kok kåndhå têkå, ora ajak-ajak. Wah ramé têmênan kuwi.” “Iyå pancèn, nanging tumraping aku ora ånå åpå-apané kang narik ing pamikirku. Mung baé aku gumun, têkå ånå aji-aji sing diarani påncåsonå iku såkå panimbangmu kapriyé?” “Yèn såkå pangrasaku, kang disêbut-sêbut aja-aji påncåsonå sonå iku ora têkå aji kang satêmêné, nanging mung såkå kaprigêlané. Umpamané kåyå Subali, mêngkono ugå Dåsåmukå lan bok-manåwå ånå liyané manèh. Yèn tumrap ing aku, têkå ora pati ngandêlå iku, lah yèn kowé kapriyé, Kå?” “Yèn aku Kas, iyå ngandêl iyå ora. Kåyå déné caritané êmbah-êmbah biyèn, ånå kang têguh ba[13]rang kaé kapriyé, hårå?” “Iyå yå. Yèn ånå ha tênan têkå ånå mèmpêré.”	Kå, pra[11]yogå.” Laré kêkalih lajêng sami lumampah gêgandhèngan tangan tumuju sangandhaping wit waringin ingkang agêng. Ronipun ngrêmbuyung, ingkang kathah wohipun alit-alit ingkang njalari kathahing pêksi ingkang sami såbå ing ngriku. Pancèn sampun sapantêsipun bilih mênikå **satunggal{i}ng**[6] pangauban ingkang prayogi. Sadumugi ing ngandhap waringin, lajêng sami tåtå linggih. Sujåkå lajêng miwiti wicantên, “Åpå Kas saiki omongané?” Wangsulanipun, “Lah, kowé åpå, aku rak wis kon tåtå, ora sugih lan ora kaduk omong”. “Iyå, aku Kas, mau bêngi mêntas nonton wayang lulang. Lakoné apik bangêt.” “Lakoné åpå, Kå? Gambiranom åpå?” “Ah, ora. Dudu gambiranom nanging anu, åpå... [12] É, anu dhing lakoné Sugriwå Subali.” “Êm..... lah, wong kok kåndhå têkå, ora ajak-ajak. Wah ramétêmênan kuwi.” “Iyå pancèn, nanging tumraping aku ora ånå åpå-apané kang narik ing pamikirku. Mung baé aku gumun, têkå ånå aji-aji sing diarani påncåsona iku såkå panimbangmu kapriyé?” “Yèn såkå pangrasaku, kang disêbut-sêbut **aj{i}-aji**[7] påncåsonå **(sonå)**[8] iku ora têkå aji kang satêmêné, nanging mung såkå kaprigêlané. Umpamané kåyå Subali, mêngkono ugå Dåsåmukå lan bok-manåwå ånå liyané manèh. Yèn tumrap ing aku, têkå ora pati ngandêlå iku, lah yèn kowé kapriyé, Kå?” “Yèn aku Kas, iyå ngandêl iyå ora. Kåyå déné caritané êmbah-êmbah biyèn, ånå kang têguh ba[13]rang kaé kapriyé, hårå?” “Iyå yå. Yèn ånå ha tênan têkå ånå mèmpêré.” Makatên salajêngipun laré

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Makatên salajêngipun laré kêkalih wau sami omong-omongan. Wasånå ngantos sami katilêman. Sujåkå lumampah ijèn sumêdyå badhé ngupadosi satunggaling jimat utawi barang ingkang nggadhahi dåyå kados déné upaminipun påncåsonå, alugårå, sêsaminipun ingkang taksih dados piyandêlipun têtiyang ing padhusunan bilih ingkang kados makatên wau sagêd ndayani sayêktos. Lampahipun turut ing margi agêng namung mbêktå sangu têkên alit kanggé ngréncangi lampahipun. Lampahipun kasurang-surang turut margi jalaran panci [14] sawêg sapisan mênikå nglampahi lêlampahan têbih. Lampahipun nglangkungi padhusunan sartå patêgilan tuwin sabin-sabin ingkang wasananipun anjog ing wånå tarataban. Sujåkå kraos sayah badanipun, tumuntên lèrèh wontên ing sangandhaping mandirå ingkang sakalangkung kêtêl ronipun, damêl lam-laming manahipun. Dèrèng patosa dangu anggènipun ngaso, dumadakan wontên kaki-kaki sêpuh murugi. Manawi dipunsawang lan dipuntamatakên déning Sujåkå, têkå kaki sêpuh wau mèmpêr kaliyan satunggaling pandhitå ingkang gêntur kasutapanipun. Lêlampah tanpå rowang, namung akanthi têkên alit kanggé ngiyatakên lampah tumraping badan ingkang sampun thiklu-thiklu wau. Såyå dangu lampahipun sang Pandhitå såyå cêlak. Wasånå sarêng dumugi ing sanga[15]jênging Sujåkå lajêng mandhêg grêg, kalawan nyawang ing wadananipun laré nènèman wau. Kaki sêpuh wau ngandikå, “É, Ênggèr putuku. Yèn dak sawang-sawang, kåyå-kåyå ing wêktu iki kowé	kêkalih wau sami omong-omongan. Wasånå ngantos sami katilêman. Sujåkå lumampah ijèn sumêdyå badhé ngupadosi satunggaling jimat utawi barang ingkang nggadhahi dåyå kados déné upaminipun påncåsonå, alugårå, sêsaminipun ingkang taksih dados piyandêlipun têtiyang ing padhusunan bilih ingkang kados makatên wau sagêd ndayani sayêktos. Lampahipun turut ing margi agêng namung mbêktå sangu têkên alit kanggé ngréncangi lampahipun. Lampahipun kasurang-surang turut margi jalaran panci [14] sawêg sapisan mênikå nglampahi lêlampahan têbih. Lampahipun nglangkungi padhusunan sartå patêgilan tuwin sabin-sabin ingkang wasananipun anjog ing wånå tarataban. Sujåkå kraos sayah badanipun, tumuntên lèrèh wontên ing sangandhaping mandirå ingkang sakalangkung kêtêl ronipun, damêl lam-laming manahipun. Dèrèng patosa dangu anggènipun ngaso, dumadakan wontên kaki-kaki sêpuh murugi. Manawi dipunsawang lan dipuntamatakên déning Sujåkå, têkå kaki sêpuh wau mèmpêr kaliyan satunggaling pandhitå ingkang gêntur kasutapanipun. Lêlampah tanpå rowang, namung akanthi têkên alit kanggé ngiyatakên lampah tumraping badan ingkang sampun thiklu-thiklu wau. Såyå dangu lampahipun sang Pandhitå såyå cêlak. Wasånå sarêng dumugi ing sanga[15]jênging Sujåkå lajêng mandhêg grêg, kalawan nyawang ing wadananipun laré nènèman wau. Kaki sêpuh wau ngandikå, “É, Ênggèr putuku. Yèn dak sawang-sawang, kåyå-kåyå ing wêktu iki kowé lagi nandhang sawijining kasusahan.

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
lagi nandhang sawijining kasusahan. Prasåjåå Ênggèr, åpå kang dadi kasusahaning atimu iku, bok-manåwå si Kaki biså awèh pituduh kang njalari padhanging atimu.”	Prasåjåå Ênggèr, åpå kang dadi kasusahaning atimu iku, bok-manåwå si Kaki biså awèh pituduh kang njalari padhanging atimu.”
Atur wangsulanipun Sujåkå, “Nuwun inggih kasinggahan dhawuh pangandikanipun sang Pukulun, bilih sajatosipun kulå mênikå laré ingkang nandhang påpå cintråkå, anaking tiyang dhusun mlarat ingkang sêdyaning manah namung badhé ngupados sarånå, sagêd kulå nyakécakakên gêsanging tiyang sêpuh kulå ingkang kasrakat wau. Dhuh Sang Pukulun, bok-inggih Padukå [16] sukå paring pitêdah ingkang sagêd njalari sakécaning gêsang kulå wau.”	Atur wangsulanipun Sujåkå, “Nuwun inggih kasinggahan dhawuh pangandikanipun sang Pukulun, bilih sajatosipun kulå mênikå laré ingkang nandhang påpå cintråkå, anaking tiyang dhusun mlarat ingkang sêdyaning manah namung badhé ngupados sarånå, sagêd kulå nyakécakakên gêsanging tiyang sêpuh kulå ingkang kasrakat wau. Dhuh Sang Pukulun, bok-inggih Padukå [16] sukå paring pitêdah ingkang sagêd njalari sakécaning gêsang kulå wau.”
Sang Pandhitå tumuntên ngandikå, “Iyå, Ênggèr. Nanging mêngko dhisik yå. Sadurungé aku awèh pitutur utåwå awèh dêdalan åpå kang prayogå ko-lakoni, luwih dhisik aku takon åpå kanggo sêdyå, åpå kang dadi gêgayuhanmu supåyå mangêrti tå aku, kapriyé pituduh kang bakal sun paringaké marang sirå.”	Sang Pandhitå tumuntên ngandikå, “Iyå, Ênggèr. Nanging mêngko dhisik yå. Sadurungé aku awèh pitutur utåwå awèh dêdalan åpå kang prayogå ko-lakoni, luwih dhisik aku takon åpå kanggo sêdyå, åpå kang dadi gêgayuhanmu supåyå mangêrti tå aku, kapriyé pituduh kang bakal sun paringaké marang sirå.”
Sujåkå : “Nuwun kasingihan dhawuh pangandikå Tuwan. Ananging Padukå, mångså kêkilapånå ingkang dados karêntênging manah kulå.”	Sujåkå : “Nuwun kasingihan dhawuh pangandikå Tuwan. Ananging Padukå, mångså kêkilapånå ingkang dadoskarêntênging manah kulå.”
Pandhitå : “Iyå, bênêr kandhamu Ênggèr. Ananging, kang kåyå mangkono iku ora kênå katindakaké déning pårå pandhitå, åpå manèh kåyå aku. Amargå kang mangkono iku ndadèkaké kasiku ing Pangéran lan bakal dinukan kalawan bêbênduné kang Agung.”	Pandhitå : “Iyå, bênêr kandhamu Ênggèr. Ananging, kang kåyå mangkono iku ora kênå katindakaké déning pårå pandhitå, åpå manèh kåyå aku. Amargå kang mangkono iku ndadèkaké kasiku ing Pangéran lan bakal dinukan kalawan bêbênduné kang Agung.”
[17]Sujåkå : “Nuwun inggih sang Wiku. Sajatosipun anggèn kawulå kêråyå-råyå késah saking griyå pêrlu badhé ngupadosi jêjimat ingkingkang winastan påncåsonå tuwin alugårå.	[17]Sujåkå : “Nuwun inggih sang Wiku. Sajatosipun anggèn kawulå kêråyå-råyå késah saking griyå pêrlu badhé ngupadosi jêjimat **ing(king)kang**[9] winastan påncåsonå tuwin alugårå. Sanyåtå nêng nålå,

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Sanyåtå nêng nålå, kagunganipun Sang Hyang Prabu Bålådewå, supados cêkap kêkiyatan kulå kanggé nanggulangi sadayaning rêribêd tuwin nêting manah kulå, pancèn badhé ngangkah sagêdå jumênêng naréndrå ingkang ing wasånå sagêdå damêl pamarêming manah kulå.”	kagunganipun Sang Hyang Prabu Bålådewå, supados cêkap kêkiyatan kulå kanggé nanggulangi sadayaning rêribêd tuwin nêting manah kulå, pancèn badhé ngangkah sagêdå jumênêng naréndrå ingkang ing wasånå sagêdå damêl pamarêming manah kulå.”
Pandhitå : “O, dadi mangkono kang dadi karêpmu, ênggèr. Mangkéno dak tuturi yå, kowé rak iyå mangêrti tå yèn Sang Prabu Dåsåmukå iku wus suwé bangêt sédané lan tumrap ajiné Påncåsonå, ånå sawijining putrå wayahé kang ditinggali. Aku [18] iki satêmêné Ênggèr, salah sawijining darah turuné Sang Dåsåmukå lan wus suwé ing biyèn nglakoni mukti wibåwå, jumênêng Narpati ånå ing Pråjå Singgêlå.	Pandhitå : “O, dadi mangkono kang dadi karêpmu, ênggèr. **Mangk{o}no**[10] dak tuturi yå, kowé rak iyå mangêrti tå yèn Sang Prabu Dåsåmukå iku wus suwé bangêt sédané lan tumrap ajiné Påncåsonå, ånå sawijining putrå wayahé kang ditinggali. Aku [18] iki satêmêné Ênggèr, salah sawijining darah turuné Sang Dåsåmukå lan wus suwé ing biyèn nglakoni mukti wibåwå, jumênêng Narpati ånå ing Pråjå Singgêlå.
Ananging kuciwané Ênggèr, ingsun iki ora pêputrå. Mulå såkå iki, barêng wus kitalak cukup anggon ingsun ngrasakaké kamuktèn, ingsun tumuli lèrèh såkå kapraboningsun. Sun paringaké marang adhiku kang kongsi jumênêng tumêkå sapréné. Iku tumuli niyat mandhitå, ngupåyå marganing pati. Ananging, nganti sapréné ora ånå kang kalakon åpå-åpå. Ingsun ora mati lan ora ånå kang gêlêm nguntapaké ing patiku.	Ananging kuciwané Ênggèr, ingsun iki ora pêputrå. Mulå såkå iki, barêng wus kitalak cukup anggon ingsun ngrasakaké kamuktèn, ingsun tumuli lèrèh såkå kapraboningsun. Sun paringaké marang adhiku kang kongsi jumênêng tumêkå sapréné. Iku tumuli niyat mandhitå, ngupåyå marganing pati. Ananging, nganti sapréné ora ånå kang kalakon åpå-åpå. Ingsun ora mati lan ora ånå kang gêlêm nguntapaké ing patiku.
Kajåbå iku, prakårå anggon ngupåyå aji Påncåsonå iku satêmêné ora pati angèl, jalaran ing samêngko [19] wus ånå ing tangan ingsun dhéwé. Mung prakårå Alugårå iku dak kirå ora bakal bisâ katêmu jalaran pinundhut marang kang kagungan. Piwêlingku Ênggèr, sawusé aji iki sun paringaké ing kowé, ingsun masthi tumuli mati.	Kajåbå iku, prakårå anggon ngupåyå aji Påncåsonå iku satêmêné ora pati angèl, jalaran ing samêngko [19] wus ånå ing tangan ingsun dhéwé. Mung prakårå Alugårå iku dak kirå ora bakal bisâ katêmu jalaran pinundhut marang kang kagungan. Piwêlingku Ênggèr, sawusé aji iki sun paringaké ing kowé, ingsun **m{ê}sthi**[11] tumuli mati.
Sapungkurku, kowé têrus munggah marang ing gunung kulon iki. Ing pucuking ånå sawijining pandhitå	Sapungkurku, kowé têrus munggah marang ing gunung kulon iki.

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
kang kêsdik paningalé, iku sowanånå lan nyuwunå pituduh ing ngêndi panggonan kang bêcik tumraping sirå lan kapriyé tumindak kang kudu ko-lakoni. Ênyå, tampanånå jimatingsun kang wus maatus-atus taun ånå ing aku. ” Sujåkå : “Inggih sang Wiku, kapundhi ing êmbun. Kawulå tampi kalawan astå kêkalih. Mugi-mugi kulå sagêd kanggé pêpari[20]ngipun sang Wiku ingkang njalari sakécaning gêsang kulå.” Sasampunipun Sujåkå dipunwulang sakathahing kanuragan tuwin pinaringan jêjimat ingkang winastan Påncånå tuwin winêling saliring rèh anggènipun nindakakên, botên antawis dangu Sang Pandhitå tumuntên sédå. Kuwandanipun musnå botên katingal, mawi prabåwå jumêgur ing ngawiyat mratandhani pakurmataning jawåtå dhatêng naréndrå pandhitå ingkang mukså ing jaman kalanggêngan wau. Sujåkå sapêngkêripun Sang Pandhitå tansah njêngêr, dhêlêg-dhêlêg mênåpå ingkang badhé dipunlampahi. Wasånå èngêt piwêlingipun Sang Wiku bilih kapurih nginggahi rêdi ingkang kaprênah kilèn mênikå. Tumuntên ngadêg nyat, lumampah alon-alon mangilèn tumuju ing satunggaling rêdi [21] ingkang botên sapintênå agêngipun utawi botên sapintênå têbihipun. Ébaking têtuwuhan alit-alit tuwin ébaking gêgodhongan ingkang ijo riyu-riyu kasêmbuh mêntas kataman ing toyå êbun, giniyub ing samirånå damêl lam-laming manah lan sêgêring pangraosipun ingkang lêlampah. Ing wanci mênikå, kintên-kintên gagat rainå**,** pêksi-pêksi sami tangi, ngocèh wontên pang-panging wit-witan	Ing pucuking ånå sawijining pandhitå kang kêsdik paningalé, iku sowanånå lan nyuwunå pituduh ing ngêndi panggonan kang bêcik tumraping sirå lan kapriyé tumindak kang kudu ko-lakoni. Ênyå, tampanånå jimatingsun kang wus maatus-atus taun ånå ing aku. ” Sujåkå : “Inggih sang Wiku, kapundhi ing êmbun. Kawulå tampi kalawan astå kêkalih. Mugi-mugi kulå sagêd **{ng}anggé**[12] pêpari[20]ngipun sang Wiku ingkang njalari sakécaning gêsang kulå.” Sasampunipun Sujåkå dipunwulang sakathahing kanuragan tuwin pinaringan jêjimat ingkang winastan **Påncå<so>nå**[13] tuwin winêling saliring rèh anggènipun nindakakên, botên antawis dangu Sang Pandhitå tumuntên sédå. Kuwandanipun musnå, botên katingal mawi prabåwå, jumêgur ing ngawiyat mratandhani pakurmataning jawåtå dhatêng naréndrå pandhitå ingkang mukså ing jaman kalanggêngan wau. Sujåkå sapêngkêripun Sang Pandhitå tansah njêgêr, dhêlêg- dhêlêg mênåpå ingkang badhé dipunlampahi. Wasånå èngêt piwêlingipun Sang Wiku bilih kapurih nginggahi rêdi ingkang kaprênah kilèn mênikå. Tumuntên ngadêg nyat, lumampah alon-alon mangilèn tumuju ing satunggaling rêdi [21] ingkang botên sapintênå agêngipun utawi botên sapintênå têbihipun. Ébaking têtuwuhan alit-alit tuwin ébaking gêgodhongan ingkang ijo riyu-riyu kasêmbuh mêntas kataman ing toyå êbun, giniyub ing samirånå damêl lam-laming manah lan sêgêring pangraosipun ingkang lêlampah. Ing wanci mênikå, kintên-kintên gagat

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ingkang sukå panuwun dhatêng ingkang murbèng alam déné paring wilujêng ing salêbêting dalu mênikå. Raméning swantênipun pêksi kados-kados mangayu bagyå dhêngtå ingkang lêlampah. Botên kacariyos rêroncèning margi, Sujåkå samênikå sampun dumugi ing sukuning rêdi i[22]ngkang dipunpurugi. Mênggah rêdi ingkang pinurugan déning Sujåkå wau awujud parêdèn kênthêng ingkang asri, kawuryan kathah têtiyangipun ingkang dhêdhêkah wontên ing ngriku. Pasitènipun loh, mênåpå ingkang tinanêm tamtu thukul. Milå saking mênikå, pårå têtiyang ingkang dêdunung ing ngriku sami sênêng manahipun. Ing pucaking rêdi, wontên padhukuhanipun ingkang cèkli, saé pangaturipun kinubêng ing pagêr jaro ingkang dipunrambati têtuwuhan ingkang alit-alit, damêl ancaryaning ingkang sami sumêrêp. Mênikå satunggaling padhukuhaning pandhitå ingkang sampun gêntur kasutapanipun, kasdik paningalipun, wicaksånå sakaliring rèh kasampurnan, tuwin dados paguroning pårå nènèman ingkang olah kasantikan. [23] Mênggah padhêkahan wau karan manut namaning rêdi, inggih mênikå padhêkahn Télåmåyå**.** Anuju ing satunggaling dintên, Sang Wiku lênggah ing pacrabakan ing ngadhêp pårå manguyu cantrik jêjanggan tanapi pårå siswå ingkang sampun limpat ing panggraitå tuwin ingkang sampun cêkap kasagêdanipun ulah kaprawiran. Sang Båpå lajêng dhawuh dhatêng pårå siswanipun bilih ing dintên mênikå Sang Wiku badhé	rainå**,** pêksi-pêksi sami tangi, ngocèh wontên pang-panging wit-witan ingkang sukå panuwun dhatêng ingkang murbèng alam déné paring wilujêng ing salêbêting dalu mênikå. Raméning swantênipun pêksi kados-kados mangayu bagyå dhêngtå ingkang lêlampah. Botên kacariyos rêroncèning margi, Sujåkå samênikå sampun dumugi ing sukuning rêdi i[22]ngkang dipunpurugi. Mênggah rêdi ingkang pinurugan déning Sujåkå wau awujud parêdèn kênthêng ingkang asri, kawuryan kathah têtiyangipun ingkang dhêdhêkah wontên ing ngriku. Pasitènipun loh, mênåpå ingkang tinanêm tamtu thukul. Milå saking mênikå, pårå têtiyang ingkang dêdunung ing ngriku sami sênêng manahipun. Ing pucaking rêdi, wontên padhukuhanipun ingkang cèkli, saé pangaturipun kinubêng ing pagêr jaro ingkang dipunrambati têtuwuhan ingkang alit-alit, damêl ancaryaning ingkang sami sumêrêp. Mênikå satunggaling padhukuhaning pandhitå ingkang sampun gêntur kasutapanipun, kasdik paningalipun, wicaksånå sakaliring rèh kasampurnan, tuwin dados paguroning pårå nènèman ingkang olah kasantikan. [23] Mênggah padhêkahan wau karan manut namaning rêdi, inggih mênikå **padhêkah<a>n**[14] Télåmåyå**.** Anuju satunggaling dintên, Sang Wiku lênggah ing pacrabakan ing ngadhêp pårå manguyu cantrik jêjanggan tanapi pårå siswå ingkang sampun **limpa{d}**[15] ing panggraitå tuwin ingkang sampun cêkap kasagêdanipun ulah kaprawiran. Sang Båpå lajêng dhawuh

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
katamuan satunggaling jêjåkå ingkang prawirå têguh timbul sadayaning bråjå, lan inggih jêjåkå wau calon naréndrå ingkang kasusrå dumugi ing pundi-pundi nagari. Lan malih, jêjåkå wau muriding mitranipun. Milå saking mênikå, Sang Pandhitå dhawuh dhatêng pårå siswå supados sami tåtå-tåtå saupå lêngganipun tuwin nåtå sêsêgah mênapå sawontênipun. Gêntos kacariyos, lampahipun [24] Sujåkå sampun dumugi ing sukuning ardi Tirtåmåyå, lajêng pitakèn dhatêng tiyang ngriku, pundi prênahing dhukuhipun sang Maharsi Sidik. Wasånå sasampuning dipunsukani sumêrêp ing pundi prênahipun, Sujåkå lajêng ndumugèkakên lampahipun. Sadumugi ing pucaking rêdi, pinanggih wontên padhêkahanipun alit ingkang asri kawuryan kados ingkang kacariyosakên ing ngajêng. Tumuntên sowan ing ngarsanipun sang Måhå Wiku, dipunlantarakên déning pårå jêjanggan. Sawatawis sadumuging sangajêngipun sang Måhå Wiku, Sujåkå tumuntên thêk linggih makidhupuh sirahipun koncêm ing siti. Sang rêmå mirsani ing wujudipun Sujåkå kacaryan panggalihipun tumuntên dipunngandikani, makatên sabdanipun, "Éh, bocah nonoman kang anyar têkå, ingsun takon ing sirå. Åpå karanané déné sirå têkan ing [25] padhukuhan kéné lan nduwèni prêlu åpå sirå mårå tuturå." Atur wangsulanipun Sujåkå, "Dhuh sang Naréndraning pårå wiku, waléh-waléh mênåpå sajatosipun sang Måhå Yogi mångså kêkilapan ingkang dados karêntênging manah kulå lan mênåpå ingkang dados sêdyaning manah kulå." Sang Pandhitå ngandikå	dhatêng pårå siswanipun bilih ing dintên mênikå Sang Wiku badhé katamuan satunggaling jêjåkå ingkang prawirå têguh timbul sadayaning bråjå, lan inggih jêjåkå wau calon naréndrå ingkang kasusrå dumugi ing pundi-pundi nagari. Lan malih, jêjåkå wau muriding mitranipun. Milå saking mênikå, Sang Pandhitå dhawuh dhatêng pårå siswå supados sami tåtå-tåtå saupå lêngganipun tuwin nåtå sêsêgah mênapå sawontênipun. Gêntos kacariyos, lampahipun [24] Sujåkå sampun dumugi ing sukuning ardi Tirtåmåyå, lajêng pitakèn dhatêng tiyang ngriku, pundi prênahing dhukuhipun sang Maharsi Sidik. Wasånå sasampuning dipunsukani sumêrêp ing pundi prênahipun, Sujåkå lajêng ndumugèkakên lampahipun. Sadumugi ing pucaking rêdi, pinanggih wontên padhêkahanipun alit ingkang asri kawuryan kados ingkang kacariyosakên ing ngajêng. Tumuntên sowan ing ngarsanipun sang Måhå Wiku, dipunlantarakên déning pårå jêjanggan. Sawatawis sadumuging sangajêngipun sang Måhå Wiku, Sujåkå tumuntên thêk linggih makidhupuh sirahipun koncêm ing siti. Sang rêmå mirsani ing wujudipun Sujåkå kacaryan panggalihipun tumuntên dipunngandikani, makatên sabdanipun, "Éh, bocah nonoman kang anyar têkå, ingsun takon ing sirå. Åpå karanané déné sirå têkan ing [25] padhukuhan kéné lan nduwèni prêlu åpå sirå mårå tuturå." Atur wangsulanipun Sujåkå. "Dhuh sang Naréndraning pårå wiku, waléh-waléh mênåpå sajatosipun sang Måhå Yogi mångså kêkilapan ingkang dados karêntênging manah kulå lan

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
malih, "Iyå bênêr sirå, é bocah nonoman. Ananging, satêmêné kåyå aku ora kêparêng nglairaké prakårå kang bakal kalakon, mulå såkå iku prayogå maturå." Sujåkå : "Kasinggihan dhawuh pangandikå Tuwan, dhuh sang Wiku linangkung. Sayêktosipun sowan kulå ing ngarså Padukå mênikå badhé nyuwun sih wilasihipun sang Pandhitå, nyuwun ngabdi ing kawruh kasantikan tuwin kanuragan, lan malih sowan kulå ing pådå Padukå mênikå dhinawuhan déning guru kulå. Ananging, kulå da[26]dos siswanipun namung salêbêtipun tigang êjam. Mili, sasampunipun sang Pandhitå maringakên ajinipun ing kulå, tumuntên sédå. Dados, sanajan kawulå sampun naté dados muriding satunggaling guru linangkung, nanging kados padukå sang Måhå Wiku, botên kêkilapan bilih kasagêdan kulå dèrèng sapintênå." Wiku : "Lah, iyå mangkono Ênggèr. Sun tampani panyuwitamu ing aku. Ananging mangêrtiå, satêmêné ngèngèr ing pandhitå iku pancèn abot. Mulå iyå kang mantêp lan têmên-têmên supåyå katêkan åpå kang dadi sêdyamu." Sujåkå : "Inggih. Mugi-mugi angsalå pangèstu padukå sang Måhå Wiku. Kulå sagêd nêtêpi kuwajiban lan sagêd kaumugèn mênåpå ingkang dados sêdyaning manah kulå." Sasampunipun ngajêngakên ngandikan sawatawis, sang Wiku tumuntên lumêbêt ing dalêm. Sujåkå [27] kakadhawuhan mundur. Lêlampahanipun Sujåkå nyuwitå wontên ing pratapan ngriku ngantos sawatawis wulan. Sangêt ngèstokakên ing pakèning gurunipun, damêl pirênaning panggalihipun sang	mênåpå ingkang dados sêdyaning manah kulå." Sang Pandhitå ngandikå malih, "Iyå bênêr sirå, é bocah nonoman. Ananging, satêmêné kåyå aku ora kêparêng nglairaké prakårå kang bakal kalakon, mulå såkå iku prayogå maturå." Sujåkå : "Kasinggihan dhawuh pangandikå Tuwan, dhuh sang Wiku linangkung. Sayêktosipun sowan kulå ing ngarså Padukå mênikå badhé nyuwun sih wilasihipun sang **Pandhitå**, nyuwun ngabdi ing kawruh kasantikan tuwin kanuragan, lan malih sowan kulå ing pådå Padukå mênikå dhinawuhan déning guru kulå. Ananging, kulå da[26]dos siswanipun namung salêbêtipun tigang **(ê)jam**[16]. **Mil{å}**[17], sasampunipun sang Pandhitå maringakên ajinipun ing kulå, tumuntên sédå. Dados, sanajan kawulå sampun naté dados muriding satunggaling guru linangkung, nanging kados padukå sang Måhå Wiku, botên kêkilapan bilih kasagêdan kulå dèrèng sapintênå." Wiku : "Lah, iyå mangkono Ênggèr. Sun tampani panyuwitamu ing aku. Ananging mangêrtiå, satêmêné ngèngèr ing pandhitå iku pancèn abot. Mulå iyå kang mantêp lan têmên-têmên supåyå katêkan åpå kang dadi sêdyamu." Sujåkå : "Inggih. Mugi-mugi angsalå pangèstu padukå sang Måhå Wiku. Kulå sagêd nêtêpi kuwajiban lan sagêd **ka<d>umugèn**[18] mênåpå ingkang dados sêdyaning manah kulå." Sasampunipun ngajêngakên ngandikan sawatawis, sang Wiku tumuntên lumêbêt ing dalêm. Sujåkå [27] **ka(ka)dhawuhan**[19] mundur. Lêlampahanipun Sujåkå nyuwitå wontên ing pratapan ngriku ngantos sawatawis wulan. Sangêt

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Måhå Wiku. Sujåkå winulang salwiring ulah kasantikan tuwin kanuragan. Têlas sadåyå kawruhipun sang Måhå Wiku dipunêsokakênå larè nènèman ing Karang Gênêng wau. Anuju satunggaling dintên, Sujåkå sawêk kèndêl saking anggènipun dhêdhangir ing padhukuhanipun sang Pinandhitå. Dumadakan wontên jêjanggan dhatêng, cariyos bilih Sujåkå ingandikan déning Sang Bagawan. Sujåkå gugup ing manah. Båyå mênåpå, déné piyambakipun dipuntimbali botên ing wêkdalipun. Sasampunipun adu[28]s, Sujåkå dandos. Tumuntên énggal-énggal sowan ing ngarsanipun sang Maharsi. Sadumugi ing ngarsanipun sang Maharsi, sang Tåpå lajêng ngandikå, "Dhuh Anggèr putuku, mugå åjå dadi kagèting atimu déné kowé dak timbali ånå ing wêktu mangkéné. Satêmêné Anggèr, kåyå-kåyå wus cukup anggonirå nyuwitå ing kéné. Lah saiki kowé dak takoni åpå mungguh kang dadi sêdyamu?" Sujåkå mirêng pangandikanipun sang Maharsi rumaos lêgå manahipun, tumuntên matur. Aturipun, "Dhuh sang Måhå Wiku linangkung pêpundhèn kawulå, sayêktosipun padukå mångså kêkilapaningkang dados karêntênging manah kulå lan kados ingkang sampun kulå aturakên rumiyin bilih kulå kêpéngin dados satunggaling tiyang ingkang misuwur." Sang Tåpå ngandikå malih, "Iyå Anggèr, satêmêné aku iyå nayogyani åpå kang dadi ancasing atimu, samêngko sirå sun tuturi [29] mungguh prayogané kang dadi lakumu. Saloring pagunungan iki, nanging ugå	ngèstokakên ing pakèning gurunipun, damêl pirênaning panggalihipun sang Måhå Wiku. Sujåkå winulang **sal(w)iring**[20] ulah kasantikan tuwin kanuragan. Têlas sadåyå kawruhipun sang Måhå Wiku dipunêsokakênå larè nènèman ing Karang Gênêng wau. Anuju satunggaling dintên, Sujåkå **sawê{g}**[21] kèndêl saking anggènipun dhêdhangir ing padhukuhanipun sang Pinandhitå. Dumadakan wontên jêjanggan dhatêng, cariyos bilih Sujåkå ingandikan déning Sang Bagawan. Sujåkå gugup ing manah. Båyå mênåpå, déné piyambakipun dipuntimbali botên ing wêkdalipun. Sasampunipun adu[28]s, Sujåkå dandos. Tumuntên énggal-énggal sowan ing ngarsanipun sang Maharsi. Sadumugi ing ngarsanipun sang Maharsi, sang Tåpå lajêng ngandikå, "Dhuh Anggèr putuku, mugå åjå dadi kagèting atimu déné kowé dak timbali ånå ing wêktu mangkéné. Satêmêné Anggèr, kåyå-kåyå wus cukup anggonirå nyuwitå ing kéné. Lah saiki kowé dak takoni åpå mungguh kang dadi sêdyamu?" Sujåkå mirêng pangandikanipun sang Maharsi rumaoslêgå manahipun, tumuntên matur. Aturipun, "Dhuh sang Måhå Wiku linangkung pêpundhèn kawulå, sayêktosipun padukå mångså kêkilapan ingkang dados karêntênging manah kulå lan kados ingkang sampun kulå aturakên rumiyin bilih kulå kêpéngin dados satunggaling tiyang ingkang misuwur." Sang Tåpå ngandikå malih, "Iyå Anggèr, satêmêné aku iyå nayogyani åpå kang dadi ancasing atimu, samêngko sirå sun tuturi [29]

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
adoh yèn såkå ing kéné, ånå sawijining ratu kang bangêt ora adil paréntahé. Pårå kawulå wus ora ånå kang sênêng ing panjênêngané. Pårå sénapati lan pårå gêgêdhuging pråjå wus saiyêg arså nyédani panjênêngané. Kowé êngko prayogå mênyang ing nagårå kånå. Ing kånå bakal ånå pêpêrangan kang njalari nyancêr gêtih, yaiku pêrangé antarané pårå pambangkang lan pårå gêgêdhug kang asih lan bêkti ing ratuné. Pårå pambangkang bakal kasêsêr yudané. Pomå Ênggèr sadurungé pangraman kasêsêr, kowé åjå mangun prang. Ananging, samångså méså pårå prawirå wus kasoran yudané, iyå ing nalikå iku wêktu kang prayogå tumraping kowé. Tumuli manutå, sirå bakal unggul lan ju[30]mênêng naréndrå ing kånå nganti tumêkå patimu lan ugå mitramu, Si Kasman, bakal katêmu. Lan sirå, aku ora bisâ nyangoni åpå-åpå kajåbå mung iki lo, pêdhang karo jaran siji. Mugå-mugå bisâ dadi réwang tumêkå rampung gawéné." Sang Tåpå ngandikå makatên wau kalawan ngulungakên sabêt wasiyatipun tuwin andikanakên mêndhêt kapal, calon tumpakanipun Sujåkå. Botên antawis dangu, kapal sampun dhatêng kairid déning cantrikipun sang Maharsi. Sang Tåpå ngandikå malih, "Wis Ênggèr, énggal mangkatå ing dinå iki ugå. Åjå klayaran mundhak kêpancal ing gawé." Sujåkå nampèni pêparinganipun sang Maharsi kalawan manêmbah. Sasampunipun nyuwun pangèstu mugi-mugi sagedå kadumugèn ingkang dados sêdyanipun, tumuntên bidhal lêlampah mangalèr ijèn tanpå rowang, namung gadhah réncang kapal tumpakan, sabêt	mungguh prayogané kang dadi lakumu. Saloring pagunungan iki, nanging ugå adoh yèn såkå ing kéné, ånå sawijining ratu kang bangêt ora adil paréntahé. Pårå kawulå wus ora ånå kang sênêng ing panjênêngané. Pårå sénapati lan pårå gêgêdhuging pråjå wus saiyêg arså nyédani panjênêngané. Kowé êngko prayogå mênyang ing nagårå kånå. Ing kånå bakal ånå pêpêrangan kang njalari nyancêr gêtih, yaiku pêrangé antarané pårå pambangkang lan pårå gêgêdhug kang asih lan bêkti ing ratuné. Pårå pambangkang bakal kasêsêr yudané. Pomå Ênggèr, sadurungé pangraman kasêsêr, kowé åjå mangun prang. Ananging, samångså méså pårå prawirå wus kasoran yudané, iyå ing nalikå iku wêktu kang prayogå tumraping kowé. Tumuli manutå, sirå bakal unggul lan ju[30]mênêng naréndrå ing kånå nganti tumêkå patimu lan ugå mitramu, Si **Kasm{i}n**[22], bakal katêmu. Lan sirå, aku ora bisâ nyangoni åpå-åpå kajåbå mung iki lo, pêdhang karo jaran siji. Mugå-mugå bisâ dadi réwang tumêkå rampung gawéné." Sang Tåpå ngandikå makatên wau kalawan ngulungakên sabêt wasiyatipun tuwin andikanakên mêndhêt kapal, calon tumpakanipun Sujåkå. Botên antawis dangu, kapal sampun dhatêng **kairi{ng}**[23] déning cantrikipun sang Maharsi. Sang Tåpå ngandikå malih, "Wis Ênggèr, énggal mangkatå ing dinå iki ugå. Åjå klayaran mundhak kêpancal ing gawé." Sujåkå nampèni pêparinganipun sang Maharsi kalawan manêmbah. Sasampunipun nyuwun pangèstu mugi-mugi sagedå kadumugèn ingkang dados sêdyanipun, tumuntên bidhal lêlampah mangalèr ijèn tanpå rowang,

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
pêparingipun sang Maharsi. [31] Lampahipun Sujåkå nratas ing wånå sartå turut ing parêdèn kênthêng tanpå mandhêg tumulih, manawi cinåndrå kados sang Aswåtåmå ingkang arså mangun yudå musnakakên pårå Pandhåwå. Lampahipun Sujåkå dumugi satêngahing wånå, tumuntên kèndêl ngaso wontên ing sangandhaping mandira ingkang kêtêl ronipun kalawan nggagas-gagas kados mênåpå badhé wusananing badanipun. Ing batos, "É, saibå kåyå ngåpå tå rasané atiku yèn wus jumênêng ratu ingadhêp pårå wadyå akèh, tur mêsthiné bakalå sugih bojo kang éndah-éndah warnané. Ananging, mêngko nék kalah yudaku lan åpå iyå Påncåsonå pêparingé guruku kaé mandi têmênan? Bok-iyå cobå ånåå wong kang njajal marang awakku." Pangunandikanipun Sujåkå ingkang kados makatên wau kados-kados [32] dipunjurungi déning ingkang murbèng alam jalaran botên antawis dangu katingal saking katêbihan wontên tiyang tigå inggil gagah prakoswå, sikêp dêdamêl pêdhang lan tumbak, lumampah tumuju dhatêng piyambakipun. Sarêng tiyang wau sampun cêlak, Sujåkå lajêng ngadêg saking palinggihanipun, ngrumaosi bilih kataman bêbåyå amargi tiyang tigå wau sajak sanès suwadosipun sayêktos. Sarêng tiyang tigå wau dumugi ing papan palèrènanipun Sujåkå, lajêng mandêg kaliyan brigå-brigi, wicantênipun, "É, bocah nonoman kang thênguk-thênguk ing ngisoring wit-witan, aku takon ing kowé. Såpå aranmu lan ing ngêndi panggonanmu déné wani-wani	namung gadhah réncang kapal tumpakan, sabêt pêparingipun sang Maharsi. [31] Lampahipun Sujåkå nratas ing wånå sartå turut ing parêdèn kênthêng tanpå mandhêg tumulih, manawi cinåndrå kados sang Aswåtåmå ingkang arså mangun yudå musnakakên pårå Pandhåwå. Lampahipun Sujåkå dumugi satêngahing wånå, tumuntên kèndêl ngaso wontên ing sangandhaping mandira ingkang kêtêl ronipun kalawan nggagas-gagas kados mênåpå badhé wusananing badanipun. Ing batos, "É, saibå kåyå ngåpå tå rasané atiku yèn wus jumênêng ratu ingadhêp pårå wadyå akèh, tur mêsthiné bakalå sugih bojo kang éndah-éndah warnané. Ananging, mêngko nék kalah yudaku lan åpå iyå Påncåsonå pêparingé guruku kaé mandi têmênan? Bok-iyå cobå ånåå wong kang njajal marang awakku." Pangunandikanipun Sujåkå ingkang kados makatên wau kados-kados [32] dipunjurungi déning ingkang murbèng alam jalaran botên antawis dangu katingal saking katêbihan wontên tiyang tigå inggil gagah prakoswå, sikêp dêdamêl pêdhang lan tumbak, lumampah tumuju dhatêng piyambakipun. Sarêng tiyang wau sampun cêlak, Sujåkå lajêng ngadêg saking palinggihanipun, ngrumaosi bilih kataman bêbåyå amargi tiyang tigå wau sajak sanès suwadosipun sayêktos. Sarêng tiyang tigå wau dumugi ing papan palèrènanipun Sujåkå, lajêng mandêg kaliyan brigå-brigi, wicantênipun, "É, bocah nonoman kang thênguk-thênguk ing ngisoring wit-witan, aku takon ing kowé.

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ngambah ing alas iki. Iki alas kagunganing ratu lan aku wus didhawuhi yèn ånå wong kang jêjaranan liwat ing kéné, ora kêparêng lan dhawu[33]hé Sang Prabu dikakaké matèni pisan. Mulå såkå iku, yèn kênå dak éman, prayogå baliå baé. Jaranmu tinggalên. Kowé bakal salamêt têrus lumaku. Yèn ora gêlêm, wêktu iki ugå kowé sun untapaké tilik marang ing akérat." Sujåkå mirêng wicantêning tiyang wau sakalangkung gumun manahipun déné wontên awisan ingkang nganèh-anèhi. Manawi miturut panganggéning, pantês manawi tiyang wau abdining ratu. Dados sagêd ugi kêrå nyåtå bilih sang Nåtå ing nagari ngriku pancèn botên saé sangêt paréntahipun. Sujåkå lajêng mangsuli alon "Lo, iyå tå. Prakårå bali yå bali, iku prakårå gampang, nanging aku gumun bangêt déné ånå sawijining adat tåtå cårå [34] kang ora prayogå mau. Kang mangkono mau åpå såkå karsané Sang Nåtå, åpå såkå akalmu supåyå olèh båndhå artå? Mårå kåndhåå, aku arêp mangêrti." Tiyang têtigå mirêng wicantênipun Sujåkå ingkang kados makatên wau sakalangkung kagèt manahipun, amargi rumaos dipunkilani dhadhanipun. Mênåpå malih déné Sujåkå kamipurun wicantên ngoko ing piyambakipun. Saking sêsêging manah sartå nêpsunipun, tanpå mangsuli ing pitakènipun Sujåkå tumuntên ngoncori tumbak katujokakên ing jajanipun Sujåkå. Sujåkå milar dados påncåkårå ramé sangêt. Tiyang têtigå wau gumun sangêt nyumêrêpi kêkiyatanipun	Såpå aranmu lan ing ngêndi panggonanmu déné wani-wani ngambah ing alas iki. Iki alas kagunganing ratu lan aku wus didhawuhi yèn ånå wong kang jêjaranan liwat ing kéné, ora kêparêng lan dhawu[33]hé Sang Prabu dikakaké matèni pisan. Mulå såkå iku, yèn kênå dak éman, prayogå baliå baé. Jaranmu tinggalên. Kowé bakal **s(a)lamêt**[24] têrus lumaku. Yèn ora gêlêm, wêktu iki ugå kowé sun untapaké tilik marang ing akérat." Sujåkå mirêng wicantêning tiyang wau sakalangkung gumun manahipun déné wontên awisan ingkang nganèh-anèhi. Manawi miturut panganggéning, pantês manawi tiyang wau abdining ratu. Dados sagêd ugi kêrå nyåtå bilih sang Nåtå ing nagari ngriku pancèn botên saé sangêt paréntahipun. Sujåkå lajêng mangsuli alon "Lo, iyå tå. Prakårå bali yå bali, iku prakårå gampang, nanging aku gumun bangêt déné ånå sawijining adat tåtå cårå [34] kang ora prayogå mau. Kang mangkono mau åpå såkå karsané Sang Nåtå, åpå såkå akalmu supåyå olèh båndhå artå? Mårå kåndhåå, aku arêp mangêrti." Tiyang têtigå mirêng wicantênipun Sujåkå ingkang kados makatên wau sakalangkung kagèt manahipun, amargi rumaos dipunkilani dhadhanipun. Mênåpå malih déné Sujåkå kamipurun wicantên ngoko ing piyambakipun. Saking sêsêging manah sartå nêpsunipun, tanpå mangsuli ing pitakènipun Sujåkå tumuntên ngoncori tumbak katujokakên ing jajanipun Sujåkå. Sujåkå milar dados påncåkårå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Sujåkå déné kinarubut ing tiyang tigå, sakalangkung sakécå trapipun tuwin sajak botên karaos kêsêl. Dangu[35]ning dangu, Sujåkå kasaliring kénging pinêdhang jangganipun. Rah mancurat gulu dipunpêdhot, sirah lan gêmbung sampun pisah. Panyånå kang mêngsah tamtu Sujåkå ing wêkdal mênikå pêjah. Ananging, kados mênåpå kagèting manah lan gumunipun, déné sirah ingkang pisah tumuntên wangsul tumèmplèk ing gêmbung malih, pulih kados wingi ugi tumuntên wangsul ing yudå malih. Dhasar mêngsahipun Sujåkå têtiyang prawirå tur wirangan, botên purun mundur yèn dèrèng sagêd mêjahi mêngsahipun utawi badanipun pêjah piyambak. Makatên wêwatêkaning prajurit pilahan ingkang sêtyå tuhu ing gustinipun. Aluwung pêjah tinimbang mbatur dhatêng tiyang sanès. Sarêng Sujåkå têrang ing paningalipun lan rumaos botên sagêd mêjahi mêngsahipun kalawan tangan, milå lajêng ngunus pêdhang pêparinging gurunipun, inggih ing nalikå mênikå [36] wiwitaning panyambut damêlipun pêdhang wau. Sanajan tå Sujåkå makaping-kaping tugêl gulunipun, nanging mêngsah botên sagêd ngawonakên jalaran Sujåkå lajêng gêsang malih sartå tandhingipun batên måntrå-måntrå sudå kaliyan ing wiwitanipun. Danguning dangu, mêngsahipun Sujåkå kasayahan, kénging kasaliring pinêdhang jangganipun pêjah kapisanan. Watak wantuning prajurit linangkung nyumêrêpi kancanipun pêjah mênikå botên gigrik manahipun. Kalampahan tiyang tigå wau dados tarêng sadåyå dados kêdhaling gagak	ramé sangêt. Tiyang têtigå wau gumun sangêt nyumêrêpi kêkiyatanipun Sujåkå déné kinarubut ing tiyang tigå, sakalangkung sakécå trapipun tuwin sajak botên karaos kêsêl. Dangu[35]ning dangu, Sujåkå kasaliring kénging pinêdhang jangganipun. Rah mancurat gulu dipunpêdhot, sirah lan gêmbung sampun pisah. Panyånå kang mêngsah tamtu Sujåkå ing wêkdal mênikå pêjah. Ananging kados mênåpå kagèting manah lan gumunipun, déné sirah ingkang pisah tumuntên wangsul tumèmplèk ing gêmbung malih, pulih kados wingi ugi tumuntên wangsul ing yudå malih. Dhasar mêngsahipun Sujåkå têtiyang prawirå tur wirangan, botên purun mundur yèn dèrèng sagêd mêjahi mêngsahipun utawi badanipun pêjah piyambak. Makatên wêwatêkaning prajurit pilahan ingkang sêtyå tuhu ing gustinipun. Aluwung pêjah tinimbang mbatur dhatêng tiyang sanès. Sarêng Sujåkå têrang ing paningalipun lan rumaos botên sagêd mêjahi mêngsahipun kalawan tangan, milå lajêng ngunus pêdhang pêparinging gurunipun, inggih ing nalikå mênikå [36] wiwitaning panyambut damêlipun pêdhang wau. Sanajan tå Sujåkå makaping-kaping tugêl gulunipun, nanging mêngsah botên sagêd ngawonakên jalaran Sujåkå lajêng gêsang malih sartå tandhingipun **b{o}tên**[25] måntrå-måntrå sudå kaliyan ing wiwitanipun. Danguning dangu, mêngsahipun Sujåkå kasayahan, kénging kasaliring pinêdhang jangganipun pêjah kapisanan. Watak wantuning prajurit linangkung nyumêrêpi kancanipun pêjah mênikå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
jalaran mêngsahipun botên kénging pêjah. Salêbaring pâncåkårå, Sujåkå ngaso ing sangandhaping gurdå malih, nganam-anam pikiranipun kadospundi sakécaning lampah ing samênikå sampun kiyat piyandêlipun bilih aji pêparinganing gurunipun ndayani sayêktos [37] lan ngêncêngakên niyatipun sumêdyå nglajêngakên lumampah mangalèr dhatêng ing satunggaling nagari ingkang kapêsâ kirang adil pamréntahipun. Sasampuning ragi sudå kêsêlipun, Sujåkå nglajêngakên lampahipun. Ing nalikå mênikå sampun siyang, kintên-kintên jam kalihwêlas. Suryå mancêr wontên ing têngah lêrês ngatingalakên kasêktènipun madhangi donyå ingkang samantên jêmbaripun, bêntèripun nglangkungi. Ananging, Sujåkå mêksâ nglajêngakên lampahipun. Botên ngètang pringgå bayanipun margi, ingkang kamanah namung sagêdå piyambakipun énggal dumugi ing kithå lan énggal kadumugèn ing sêdyanipun. Lampahing kapal kasandêra-kên, bantêring lampahipun kados angin ingkang botên antawis dangu saking mênikå sampun wontê[38]n ing sajawining wånå. Wontên ing ngriku, Sujåkå botên kèndêl, têrus lumampah turut margi alit ingkang awis kaambah ing tiyang. Tamtu kémawon margi wau sakalangkung awon. Kathah êri bêbondhotanipun. Lampahing kapal tansah ginêlak supados tumuntên énggalå praptå ing panggènan ingkang tinuju. Lampahing Sujåkå samênikå sampun mèh dumugi ing panggènan ingkang tinuju. Saking têbihan, Sujåkå sumêrêp tiyang rubung-rubung ing	botên gigrik manahipun. Kalampahan tiyang tigå wau dados tarêng sadåyå dados kêdhaling gagak jalaran mêngsahipun botên kénging pêjah. Salêbaring pâncåkårå, Sujåkå ngaso ing sangandhaping gurdå malih, nganam-anam pikiranipun kadospundi sakécaning lampah ing samênikå sampun kiyat piyandêlipun bilih aji pêparinganing gurunipun ndayani sayêktos [37] lan ngêncêngakên niyatipun sumêdyå nglajêngakên lumampah mangalèr dhatêng ing satunggaling nagari ingkang kapêsâ kirang adil pamréntahipun. Sasampuning ragi sudå kêsêlipun, Sujåkå nglajêngakên lampahipun. Ing nalikå mênikå sampun siyang, kintên-kintên jam kalihwêlas. Suryå mancêr wontên ing têngah lêrês ngatingalakên kasêktènipun madhangi donyå ingkang samantên jêmbaripun, bêntèripun nglangkungi. Ananging, Sujåkå mêksa nglajêngakên lampahipun. Botên ngètang pringgå bayanipun margi, ingkang kamanah namung sagêdå piyambakipun énggal dumugi ing kithå lan énggal kadumugèn ing sêdyanipun. Lampahing kapal kasandêrakên, bantêring lampahipun kados angin ingkang botên antawis dangu saking mênikå sampun wontê[38]n ing sajawining wånå. Wontên ing ngriku, Sujåkå botên kèndêl, têrus lumampah turut margi alit ingkang awis kaambah ing tiyang. Tamtu kémawon margi wau sakalangkung awon. Kathah êri bêbondhotanipun. Lampahing kapal tansah ginêlak supados tumuntên énggalå praptå ing panggènan ingkang tinuju. Lampahing Sujåkå samênikå sampun mèh dumugi ing panggènan

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
sêmu sajak wantên kaprêluan utawi bêbåyå, tumuntên dipunpurugi. Sayêktos sarêng dumugi ing ngriku, sumêrêp bilih ingkang arubung mênikå wau têtiyang kathah ingkang sami ngupåkårå dhatêng satunggaling pangéran ingkang cinidrå ing mêngsah, nanging salah satunggal saking karèrèhanipun piyambak. [39] Dados, samênikå sampun têrang ing pandulunipun Sujåkå bilih nagari ngriku ing wêkdal mênikå sawêg kataman ing rêribêd, inggih mênikå rêribêding rêrang mukå, inggih mênikå pangramanipun pårå Sénåpati tuwin pårå manggalaning prâjå ingkang sampun botên sênêng dhatêng gustinipun jalaran awoning pamaréntahipun. Kathah pårå pangéran tuwin pårå kadang santånå Naréndrå ingkang cinidrå, inggih mênikå pårå santånå ingkang tansah suyud ing panjênêngan ratu. Sujåkå sumêrêp lêlampahan mênikå botên têkå lajêng kèndêl, nanging malah nglajêngakên lampahipun lumêbêt ing kithå. Sadumugi ing kithå tumuntên ngupados pamondhokan. Lêt sawatawis dintên saking mênikå, saèstu pårå manggalaning prâjå ingkang sumêdyå ambalélå sampun purug ngéglå sartå [40] påcak baris wontên ing pinggiring kithå ingkang sisih êlèr. Pårå wadyå bålå ingkang taksih sêtyå ing gustinipun tumuntên kadhawuhan nyêpêng brandhal ing salèring nagari. Sujåkå ing wêkdal mênikå sampun wantên ing pabaratan, amor kaliyan pårå prangraman, dados prajurit ing ngriku Lampahing baris wadyå balanipun Sang Prabu sampun dumugi ing kikising kithå. Sarêng sumêrêp	ingkang tinuju. Saking têbihan, Sujåkå sumêrêp tiyang rubung-rubung ing sêmu sajak **w{o}ntên**[26] kaprêluan utawi bêbåyå, tumuntên dipunpurugi. Sayêktos sarêng dumugi ing ngriku, sumêrêp bilih ingkang arubung mênikå wau têtiyang kathah ingkang sami ngupåkårå dhatêng satunggaling pangéran ingkang cinidrå ing mêngsah, nanging salah satunggal saking karèrèhanipun piyambak. [39] Dados, samênikå sampun têrang ing pandulunipun Sujåkå bilih nagari ngriku ing wêkdal mênikå sawêg kataman ing rêribêd, inggih mênikå rêribêding rêrang mukå, inggih mênikå pangramanipun pårå Sénåpati tuwin pårå manggalaning prâjå ingkang sampun botên sênêng dhatêng gustinipun jalaran awoning pamaréntahipun. Kathah pårå pangéran tuwin pårå kadang santånå Naréndrå ingkang cinidrå, inggih mênikå pårå santånå ingkang tansah suyud ing panjênêngan ratu. Sujåkå sumêrêp lêlampahan mênikå botên têkå lajêng kèndêl, nanging malah nglajêngakên lampahipun lumêbêt ing kithå. Sadumugining kithå tumuntên ngupados pamondhokan. Lêt sawatawis dintên saking mênikå, saèstu pårå manggalaning prâjå ingkang sumêdyå ambalélå sampun purug ngéglå sartå [40] påcak baris wontên ing pinggiring kithå ingkang sisih êlèr. Pårå wadyå bålå ingkang taksih sêtyå ing gustinipun tumuntên kadhawuhan nyêpêng brandhal ing salèring nagari. Sujåkå ing wêkdal mênikå sampun **w{o}ntên**[26] ing pabaratan, amor kaliyan pårå prangraman, dados prajurit ing ngriku. Lampahing baris wadyå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
barisaning mêngsah, tumuntên narajang purug, dados pêrang campuh ramé sangêt. Botên wontên ingkang kasoran jalaran sami surå tur kiyat panggalihipun. Danguning dangu, wadyå pangraman kasêsêr. Pårå prajurit limrah sampun pating salêbar rêbat dhuwung ngupados pangungsèn, ngungsèkakên badanipun. Samênikå kantun pårå manggålå tuwin pårå prawirå agung-agung, sampunå nêtêpi drajating kaprajuri[41]tan. Saèstunipun pårå pangagêng wau inggih badhé lumajêng, nanging kabêktå déning kawantênan tuwin rumaos isin, inggih kénging kabasakakên isin mundur mêksa nglajêngakên yudanipun. Kalampahan pårå manggalaning pangraman tumpês tupis têlas sadåyå, botên wontên ingkang ngunthili. Namung pårå wadyå balanipun Sang Prabu sumêrêp wontên sawênèhipun tiyang ingkang taksih mbêrung bêbasan namung kantun badanipun piyambak, taksih nyandêr-akên kapalipun kalawan ngobat-abitakên sabêtipun. Sêdyaning manahipun aluwung pêjah tinimbang mundur lumajêng. Pårå wadyå balanipun Sang Nåtå gumun sangêt, déné wontên prajuriting mêngsah ingkang kados makatên kêkêndêlanipun. Sintên tiyangipun ingkang ngamuk punggung mênikå, botên sanès inggih mênikå Sujåkå, ingkang tanpå tandhing mênggah ing kapa[42]l thêranipun. Singå ingkang tinarajang bubar, mawut morak-marik kados babadan pacing kathah karisakanipun. Pårå wadyå alit, kantun pårå pangagêng ingkang taksih kandêl panggalihipun kémawon ingkang	balanipun Sang Prabu sampun dumugi ing kikising kithå. Sarêng sumêrêp barisaning mêngsah, tumuntên narajang purug, dados pêrang campuh ramé sangêt. Botên wontên ingkang kasoran jalaran sami surå tur kiyat panggalihipun. Danguning dangu, wadyå pangraman kasêsêr. Pårå prajurit limrah sampun pating salêbar rêbat dhuwung ngupados pangungsèn, ngungsèkakên badanipun. Samênikå kantun pårå manggålå tuwin pårå prawirå agung-agung, sampunå nêtêpi drajating kaprajuri[41]tan. Saèstunipun pårå pangagêng wau inggih badhé lumajêng, nanging kabêktå déning **kaw{o}ntênan**[27] tuwin rumaos isin, inggih kénging kabasakakên isin mundur mêksa nglajêngakên yudanipun. Kalampahan pårå manggalaning pangraman tumpês tupis têlas sadåyå, botên wontên ingkang ngunthili. Namung pårå wadyå balanipun Sang Prabu sumêrêp wontên sawênèhipun tiyang ingkang taksih mbêrung bêbasan namung kantun badanipun piyambak, taksih nyandêrakên kapalipun kalawan ngobat-abitakên sabêtipun. Sêdyaning manahipun aluwung pêjah tinimbang mundur lumajêng. Pårå wadyå balanipun Sang Nåtå gumun sangêt, déné wontên prajuriting mêngsah ingkang kados makatên kêkêndêlanipun. Sintên tiyangipun ingkang ngamuk punggung mênikå, botên sanès inggih mênikå Sujåkå, ingkang tanpå tandhing mênggah ing kapa[42]l thêranipun**.** Singå ingkang tinarajang bubar, mawut morak-marik kados babadan pacing kathah karisakanipun. Pårå wadyå alit, kantun pårå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
ananggulangi. Ananging, kados mênåpå kémawon pananggulangipun, pårå manggalaning prajurit mêksåkasêsêr jalaran kathah ingkang tiwas, mênåpå malih sabêting mêngsah sabên katamanakên tamtu adamêl tiwas. Déné manawi Sujåkå kataman dêdamêl ingkang ampuh. Sanadyan panasåjangganipun, nanging tamtu lajêng pulih malih. Makatên salajêngipun pårå prajurit sampun mèh têlas sasining pêjah lumajêng lumêbêt ing kithå dipuntututi déning Sujåkå ingkang kairingakên wadyå brandhal sawatawis. Lampahing unduripun wadyå kraton dumugi ing alun-alun, sukå pratåndhå bilih asor yudanipun lan ing [43] nalikå mênikå dipunoyak ing mêngsah. Pårå wadyå ingkang sami tênggå pun tumuntên sami mêdal. Sarêng nyumêrêpi bilih mêngsah ingkang mlujêng botên sapintênå wontên ing ngriku ugi kadadosan prang ramé. Ananging, wadyanipun sang Nåtå kasêsêr kathah ingkang pêjah. Kantunipun lumajêng nggêndring ngupados gêsangipun piyambak-piyambak. Sujåkå têrus lumêbêt ing karaton, kairingakên pårå wadyå pangraman watawis wontên tiyang tigang dåså. Kados mênapå kagèting manahipun sarêng sumêrêp bilih Sri Naréndrå sampun lolos mêdal ing kontên butulan, kadhèrèkakên patih sartå pårå garwanipun. Cêkaking cariyos, Sujåkå lajêng nggêntosi jumênêng [44] nåtå wontên ing ngriku sakalangkung mukti wibåwå dipunsuyudi déning pårå kawulanipun mênåpå malih kagungan garwå kathah ingkang damêl pamarêming manahipun.	pangagêng ingkang taksih kandêl panggalihipun kémawon ingkang ananggulangi. Ananging, kados mênåpå kémawon pananggulangipun, pårå manggalaning prajurit mêksåkasêsêr jalaran kathah ingkang tiwas, mênåpå malih sabêting mêngsah sabên katamanakên tamtu adamêl tiwas. Déné manawi Sujåkå kataman dêdamêl ingkang ampuh. Sanadyan panasåjangganipun, nanging tamtu lajêng pulih malih. Makatên salajêngipun pårå prajurit sampun mèh têlas sasining pêjah lumajêng lumêbêt ing kithå dipuntututi déning Sujåkå ingkang kairingakên wadyå brandhal sawatawis. Lampahing unduripun wadyå kraton dumugi ing alun-alun, sukå pratåndhå bilih asor yudanipun lan ing [43] nalikå mênikå dipunoyak ing mêngsah. Pårå wadyå ingkang sami {**n}ênggå**[28] pun tumuntên sami mêdal. Sarêng nyumêrêpi bilih mêngsah ingkang **ml{a}jêng**[29] botên sapintênå wontên ing ngriku ugi kadadosan prang ramé. Ananging, wadyanipun sang Nåtå kasêsêr kathah ingkang pêjah. Kantunipun lumajêng nggêndring ngupados gêsangipun piyambak-piyambak. Sujåkå têrus lumêbêt ing karaton, kairingakên pårå wadyå pangraman watawis wontên tiyang tigang dåså. Kados mênapå kagèting manahipun sarêng sumêrêp bilih Sri Naréndrå sampun lolos mêdal ing kontên butulan, kadhèrèkakên patih sartå pårå garwanipun. Cêkaking cariyos, Sujåkå lajêng nggêntosi jumênêng [44] nåtå wontên ing ngriku sakalangkung mukti wibåwå dipunsuyudi déning pårå kawulanipun mênåpå malih kagungan garwå kathah

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Anuju satunggaling dintên, sang Nåtå sawêg lênggah tinangkil ingadhêp pårå wadyå balanipun ngrêmbag sakécaning manah anggènipun arså mangun yudå jalaran sang Nåtå sakalangkung digdåyå, kasusrå ing sèwu nagari, prasasat sang Prabu Rawånå ngéjåwantah kagungan aji Påncåsonå ingkang botên wontên satunggal-tunggalå ingkang sagêd tumandhing ing yudanipun. Dumadakan saking katêbihan, sang Nåtå priksa wontên satunggaling jêjåkå ingkang numpak kapal, têrus lumêbêt ing paséwakan lan parêringå. Sarêng kåtamatakên, têrang bilih jê[45]jåkå wau jêbul Kasman, kancanipun nalikå taksih angèn. Jåkå Kasman têrus minggah ing palênggahan nåtå kaliyan wicantên, "Wis ayo Kå, mulih. Nang kéné ånå åpå. Kowé dadi ratu énak-énak, bapakmu rêkåså nglakoni sêsawah. Ayo wis mulih." Sang Nåtå mangsuli, "Hus, kowé iku såpå? Åpå sirå ora mangrêti yèn manirå iku nåtå binathårå, déné marang panjênênganingsun wani ngoko. Åpå sirå bosên urip?" Kasman botên pisan-pisan nggapé dhatêng sabdanipun Sang Nåtå. Sang Nåtå tumuntên linarak mandhap saking ing dhampar palênggahanipun. "Hêh. Hêh". Sambatipun Sujåkå jalaran karaos sakit. "Såpå panggènirå iki, é, déné wani ngla[46]rak ing panjênênganingsun." "É. É. Éling. Éling, Kå." Wicantênipun Kasman kaliyan ngoyok-oyok badanipun Sujåkå. "Iki wis jam sêtêngah papat saré. Ayo mulih mundhak diarêp-arêp bapak karo biyung." "Hêh. Hêh." Wicantênipun	ingkang damêl pamarêming manahipun. Anuju satunggaling dintên, sang Nåtå sawêg lênggah tinangkil ingadhêp pårå wadyå balanipun ngrêmbag sakécaning manah anggènipun arså mangun yudå jalaran sang Nåtå sakalangkung digdåyå, kasusrå ing sèwu nagari, prasasat sang Prabu Rawånå ngéjåwantah kagungan aji Påncåsonå ingkang botên wontên satunggal-tunggalå ingkang sagêd tumandhing ing yudanipun. Dumadakan saking katêbihan, sang Nåtå priksa wontên satunggaling jêjåkå ingkang numpak kapal, têrus lumêbêt ing paséwakan lan parêringå. Sarêng kåtamatakên, têrang bilih jê[45]jåkå wau jêbul **Kasm{i}n**[22], kancanipun nalikå taksih angèn. Jåkå **Kasm{i}n**[22] têrus minggah ing palênggahan nåtå kaliyan wicantên, "Wis ayo Kå, mulih. Nang kéné ånå åpå. Kowé dadi ratu énak-énak, bapakmu rêkåså nglakoni sêsawah. Ayo wis mulih." Sang Nåtå mangsuli, "Hus, kowé iku såpå? Åpå sirå ora mangrêti yèn manirå iku nåtå binathårå, déné marang panjênênganingsun wani ngoko. Åpå sirå bosên urip?" **Kasm{i}n**[22] botên pisan-pisan nggapé dhatêng sabdanipun Sang Nåtå. Sang Nåtå tumuntên linarak mandhap saking ing dhampar palênggahanipun. "Hêh. Hêh". Sambatipun Sujåkå jalaran karaos sakit. "Såpå panggènirå iki, é, déné wani ngla[46]rak ing panjênênganingsun." "É. É. Éling. Éling, Kå." Wicantênipun **Kasm{i}n**[22] kaliyan ngoyok-oyok badanipun Sujåkå. "Iki wis jam sêtêngah papat **s{o}ré**[30]. Ayo mulih mundhak diarêp-arêp bapak karo biyung."

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Sujåkå, “Sénåpati, ingsun tulungånå. Ingsun arêp pinatèn déning wong iki. Éh, tulung.....tulung.” Sujåkå tulung-tulung jalaran cinakot jêjêmpolipun déning Kasman, mitranipun. Dados tangi gragapan, mripatipun kaucêk-ucêk, sartå namatakên ing sakiwå têngênipun. Kados mênåpå cuwaning manahipun sarêng nyumêrêpi mitranipun Kasman lan årå-årå, tuwin wit waringin ingkang saklangkung èdhum mênikå, jalaran.... jalaran mênåpå?.. Sujå kéca[47]lan karatonipun ingkang saklangkung saé lan garwå ingkang sulistyå ing warni, mênåpå déné kécalan aji Påncåsonå tuwin sabêt wasiyatipun ingkang minulyå wau. Sujåkå mantuk kaliyan Kasmin ngiring råjå kayanipun, déné piyambakipun sagêd kalampahan jumênêng ratu lan nggadhahi aji Påncåsonå, namung wontên ing salêbêting..... salêbêting mênåpå? Pa...ngimpèn. Sadumugining griyå, piyambakipun cariyos bilih mêntas jumênêng naréndrå binathårå lan tansah unggul juritipun. Ananging, manawi Sujåkå dipunpitakèni dados ratu ing pundi, piyambakipun gumujêng kaliyan wicantên tur kanthi méngo, “Ambak-ambing ratu sajroning pangimpèn”.	“Hêh. Hêh.” Wicantênipun Sujåkå, “Sénåpati, ingsun tulungånå. Ingsun arêp pinatèn déning wong iki. Éh, tulung.....tulung.” Sujåkå tulung-tulung jalaran cinakot jêjêmpolipun déning **Kasm{i}n**[22], mitranipun. Dados tangi gragapan, mripatipun kaucêk-ucêk, sartå namatakên ing sakiwå têngênipun. Kados mênåpå cuwaning manahipun sarêng nyumêrêpi mitranipun **Kasm{i}n**[22] lan årå-årå, tuwin wit waringin ingkang saklangkung èdhum mênikå, jalaran.... jalaran mênåpå?.. **Sujå<kå>**[31] kéca[47]lan karatonipun ingkang saklangkung saé lan garwå ingkang sulistyå ing warni, mênåpå déné kécalan aji Påncåsonå tuwin sabêt wasiyatipun ingkang minulyå wau. Sujåkå mantuk kaliyan Kasmin ngiring råjå kayanipun, déné piyambakipun sagêd kalampahan jumênêng ratu lan nggadhahi aji Påncåsonå, namung wontên ing salêbêting..... salêbêting mênåpå? Pa...ngimpèn. Sadumugining griyå, piyambakipun cariyos bilih mêntas jumênêng naréndrå binathårå lan tansah unggul juritipun. Ananging, manawi Sujåkå dipunpitakèni dados ratu ing pundi, piyambakipun gumujêng kaliyan wicantên tur kanthi méngo, “Ambak-ambing ratu sajroning pangimpèn”.
[48] Sêsakit Anèh Ing satunggaling nagari ingkang agêng ing tanah Afrika, wontên satunggaling sudagar ingkang sugih bangêt. Saking sugihipun, Kyai Sudagar dados dipunajrihi déning kiwå têngênipun. Mênåpå kalih Kyai Sudagar wau manahipun saé sumrambah. Ananging, wontên salah	[48] Sêsakit Anèh Ing satunggaling nagari ingkang agêng ing tanah Afrika, wontên satunggaling sudagar ingkang sugih bangêt. Saking sugihipun, Kyai Sudagar dados dipunajrihi déning kiwå têngênipun. Mênåpå **{m}alih**[32] Kyai Sudagar wau manahipun saé sumrambah. Ananging, wontên salah

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
satunggaling sabab ingkang damêl susahing manahipun. Kyai Sudagar wau nggadhahi sêsakit ingkang sampun mataun-taun. Mênggah ingkang dipunsakitakên mênikå sêsakit lêmå amargi padharanipun mênikå dados agêng sangêt, rêkaos kaanggé lumampah. Ing mångkå sadèrèngipun kataman ing sêsakit mênikå badanipun kiyat, trampil.	satunggaling sabab ingkang damêl susahing manahipun. Kyai Sudagar wau nggadhahi sêsakit ingkang sampun mataun-taun. Mênggah ingkang dipunsakitakên mênikå sêsakit lêmå amargi padharanipun mênikå dados agêng sangêt, rêkaos kaanggé lumampah. Ing mångkå sadèrèngipun kataman ing sêsakit mênikå badanipun kiyat, trampil.
Badanipun tiyang ingkang abåndhå-bandhu kados piyambakipun mênikå wau tamtu sakalangkung susahing manah déné kataman sêsaki[49]kit ingkang kados mêkatên. Sampun sintên-sintên påråh dhoktêr tuwin dhukun ingkang kapurih njampèni, nanging botên wontên ingkang tumåmå. Wasånå Kyai Sudagar namung mupus nyênyuwun ing Pangéran ingkang murbèng tuwuh, mugi-mugi paring saråna, sagêdipun sêsakitipun tumuntên mantun.	Badanipun tiyang ingkang abåndhå-bandhu kados piyambakipun mênikå wau tamtu sakalangkung susahing manah déné kataman **sêsa(ki)[49]kit**[33] ingkang kados mêkatên. Sampun sintên-sintên påråh dhoktêr tuwin dhukun ingkang kapurih njampèni, nanging botên wontên ingkang tumåmå. Wasånå Kyai Sudagar namung mupus nyênyuwun ing Pangéran ingkang murbèng tuwuh, mugi-mugi paring saråna, sagêdipun sêsakitipun tumuntên mantun.
Anuju ing satunggaling mångså ing sacêlaking nagari mriku, wontên satunggaling dhukun ingkang mêntas dhatêng saking ing tanah ngamåncå. Dhukun wau kasusrå sangêt dumugi ing pundi-pundi ingkang wasasanipun mênikå mirêngan déning Kyai Sudagar ingkang kacariyosakên ing ngajêng.	Anuju ing satunggaling mångså ing sacêlaking nagari **{ng}riku**[34], wontên satunggaling dhukun ingkang mêntas dhatêng saking ing tanah ngamåncå. Dhukun wau kasusrå sangêt dumugi ing pundi-pundi ingkang **wasa{n}anipun**[35] mênikå mirêngan déning Kyai Sudagar ingkang kacariyosakên ing ngajêng.
Kyai Sudagar sarêng mirêng kabar bilih wontên dhukun linangkung, énggal-énggal dhawuh dhatêng kusiripun supados ngrakit karétånipun, badhé kaa[50]gêm késah dhatêng ing panggènaning dhukun wau. Sasampuning rampung pangrakitipun karétå, sudagar lajêng numpak tumuju ing nagari ingkang kalêrês wontên ing sawétanipun. Lampahing karétå nglangkungi årå-årå tuwin sagantên wêdhi ingkang bêntèripun botên kantên-kantênan.	Kyai Sudagar sarêng mirêng kabar bilih wontên dhukun linangkung, énggal-énggal dhawuh dhatêng kusiripun supados ngrakit karétanipun, badhé kaa[50]gêm késah dhatêng ing panggènaning dhukun wau. Sasampuning rampung pangrakitipun karéta, sudagar lajêng numpak tumuju ing nagari ingkang kalêrês wontên ing sawétanipun. Lampahing karéta nglangkungi årå-årå tuwin sagantên wêdhi ingkang bêntèripun botên

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Botên kacariyosakên rêroncèning margi, Kyai Sudagar sampun dumugi ing griyanipun dhukun kasêbut ing ngajêng. Sasampuning bagé-binagé tumrap ing kawilujênganipun, dhukun tumuntên ngacarani lênggah. Têtiyang kalih tumuntên lêlênggahan wontên ing èmpèr ngajêng. Dhukun wau lajêng miwiti wicantên, têmbungipun, "Dhuh, Sumitrå, mênåpå mênggah ingkang dados kawigatosan Padukå déné rawuh ing pondhokan kulå?"	kantên-kantênan. Botên kacariyosakên rêroncèning margi, Kyai Sudagar sampun dumugi ing griyanipun dhukun kasêbut ing ngajêng. Sasampuning bagé-binagé tumrap ing kawilujênganipun, dhukun tumuntên ngacarani lênggah. Têtiyang kalih tumuntên lêlênggahan wontên ing èmpèr ngajêng. Dhukun wau lajêng miwiti wicantên, têmbungipun, "Dhuh, Sumitrå, mênåpå mênggah ingkang dados kawigatosan Padukå déné rawuh ing pondhokan kulå?"
Kyai Sudagar mangsuli pangandikå, "Inggih walèh-walèh mênåpå mitrå satêmênipun [51] sowan kulå ing ngarsâ Panjênêngan mênikå nggadhahi prêlu ingkang wigatos. Cobi kulå aturi mriksâ, mênåpå ingkang dados usadaning sakit kulå mênikå."	Kyai Sudagar mangsuli pangandikå, "Inggih walèh-walèh mênåpå mitrå satêmênipun [51] sowan kulå ing ngarsâ Panjênêngan mênikå nggadhahi prêlu ingkang wigatos. Cobi kulå aturi mriksâ, mênåpå ingkang dados usadaning sakit kulå mênikå."
Sasampuning sêsakitipun dipunpriksâ déning sang dhukun linangkung wau, Kyai Dhukun tansah gèdhèg-gèdhèg amargi saking gumuning manahipun déné têkå wontên sêsakit ingkang kados makatên. Tiyang kêkalih tumuntên wangsul lêlênggahan ing kamar ngajêng. Sasampuning lênggah satåtå, Kyai Sudagar lajêng matur pitakèn, "Dhuh, Sumitrå, kados pundi ingkang dados sakit kulå, mênåpå kénging dipunusadani mênåpå botên?"	Sasampuning sêsakitipun dipunpriksâ déning sang dhukun linangkung wau, Kyai Dhukun tansah gèdhèg-gèdhèg amargi saking gumuning manahipun déné têkå wontên sêsakit ingkang kados makatên. Tiyang kêkalih tumuntên wangsul lêlênggahan ing kamar ngajêng. Sasampuning lênggah satåtå, Kyai Sudagar lajêng matur pitakèn, "Dhuh, Sumitrå, kados pundi ingkang dados sakit kulå, mênåpå kénging dipunusadani mênåpå botên?"
Wangsulanipun Kyai Dhukun, "Sumitrå, salêrêsipun sêsakit Panjênêngan sampun kulå priksâ, pinanggih sêsakitipun. Ananging, jampinipun dèrèng sagêd pinanggih utawi bok-manawi sampun da[52]dos kodrating Pangéran. Milå saking mênikå, Panjênêngan Sumitrå kulå aturi mupus lan narimah ing pandum tuwin kulå aturi nyênyuwun ing Pangéran supados énggal sagêd	Wangsulanipun Kyai Dhukun, "Sumitrå, salêrêsipun sêsakit Panjênêngan sampun kulå priksâ, pinanggih sêsakitipun. Ananging, jampinipun dèrèng sagêd pinanggih utawi bok-manawi sampun da[52]dos kodrating Pangéran. Milå saking mênikå, Panjênêngan Sumitrå kulå aturi mupus lan narimah ing pandum tuwin kulå aturi nyênyuwun ing

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
waluyå.” Sudagar mirêng wangsulanipun Kyai Dhukun sakalangkung susahing manahipun. Pramilå saking mênikå, tumuntên pamit mantuk. Sasampuning bagé-binagé lan andum kawilujêngan, Kyai Sudagar tumuntên mêdal saking ngriku numpak karétå sumêdyå wangsul mantuk ing pandununganipun. Lampahing karétå mêdal ing margi sanès jalaran Kyai Sudagar sumêdyå ngêngénggar panggalih sampun ngantos lêlajêng-lajêng susahing manahipun. Lampahipun nglangkungi sagantên wêdhi tuwin årå-årå ingkang jêmbar tuwin nglangkungi padhusunan alit-alit. Ing nali[53]kå kintên-kintên jam 12 siyang, bêntèripun sangêt. Lampahipun Kyai Sudagar dumugi ing margi mênikå cêlak kaliyan årå-årå, ing nalikå mênikå dipunanggé ngêngènmaéndå déning laré alit, laré èstri. Dumugi ing ngriku, Kyai Sudagar karaos ngêlak sangêt, mandhap saking karétå sumêdyå ngupados toyå. Sasampuning mandhap, laré angèn alit wau énggal dipunundang sartå dipunpangandikani. Makatên têmbungipun, “É, Gêndhuk. Aku hambok tulungånå. Aku iki ngêlak bangêt. Golèknå banyu kanggo ngilangi ngêlakku iki.” Laré èstri matur, “Dhuh, Bêndårå, sajatosipun manawi toyå ing ngriki rêkaos sangêt pangupayanipun. Ananging, manawi karså kulå gadhah méndå ingkang mêntas nyêmpé [54] mênikå wau.” Sudagar wicantên malih, “Iyå Gêndhuk, cobå aku jupuknå.” Laré èstri tumuntên lumampah murugi méndanipun, sumêdyå mêndhêtakên toyå susu kanggé Kyai Sudagar. Laré	Pangéran supados énggal sagêd waluyå.” Sudagar mirêng wangsulanipun Kyai Dhukun sakalangkung susahing manahipun. Pramilå saking mênikå, tumuntên pamit mantuk. Sasampuning bagé-binagé lan andum kawilujêngan, Kyai Sudagar tumuntên mêdal saking ngriku numpak karéta sumêdyå wangsul mantuk ing pandununganipun. Lampahing karéta mêdal ing margi sanès jalaran Kyai Sudagar sumêdyå ngêngénggar panggalih sampun ngantos lêlajêng-lajêng susahing manahipun. Lampahipun nglangkungi sagantên wêdhi tuwin årå-årå ingkang jêmbar tuwin nglangkungi padhusunan alit-alit. Ing nali[53]kå kintên-kintên jam 12 siyang, bêntèripun sangêt. Lampahipun Kyai Sudagar dumugi ing margi mênikå cêlak kaliyan årå-årå, ing nalikå mênikå dipunanggé ngêngèn maéndå déning laré alit, laré èstri. Dumugi ing ngriku, Kyai Sudagar karaos ngêlak sangêt, mandhap saking karétå sumêdyå ngupados toyå. Sasampuning mandhap, laré angèn alit wau énggal dipunundang sartå dipunpangandikani. Makatên têmbungipun, “É, Gêndhuk. Aku hambok tulungånå. Aku iki ngêlak bangêt. Golèknå banyu kanggo ngilangi ngêlakku iki.” Laré èstri matur, “Dhuh, Bêndårå, sajatosipun manawi toyå ing ngriki rêkaos sangêt pangupayanipun. Ananging, manawi karså kulå gadhah méndå ingkang mêntas nyêmpé [54] mênikå wau.” Sudagar wicantên malih, “Iyå Gêndhuk, cobå aku jupuknå.” Laré èstri tumuntên lumampah murugi méndanipun, sumêdyå mêndhêtakên

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
èstri mingak-minguk ngupados wadhah, nanging botên sagêd angsal. Namung kémawon ing sacêlakipun ngriku wontên satunggaling cumplung tiyang. Niyatipun laré wau badhé madhahi toyå pêrêsan kaliyan cumplung wau. Cumplung kapêndhêt, tumuntên mêrês méndanipun kalawan dipunwadhahi ing cumplung kasêbut ing nginggil. Sadèrènging cumplung kasukaakên ing Kyai Sudagar, laré alit wau sumêdyå matur rumiyin bok-manawi botên karså mênåpå. Aturipun, "Dhuh, Bêndårå, méndaku inggih nggadhahi toyå prêsan. Ananging, kulå botên gadhah wadhahipun. Mênåkå karså kulå wadhahi [55] ing cumplung?" Kyai Sudagar mangsuli, "Iyå Gêndhuk. Diénggal, ngêlakku bangêt." Laré angèn tumuntên énggal-énggal murugi ing cumplung ingkang isi prêsan wau. Ananging, saibå kagéting manahipun sarêng sumêrêp bilih cumplung wau dipunpurugi ing sawêr. Sawêr wau sirahipun manglung lumêbêt ing cumplung, kilap ngunjuk prêsan, kilap mbucal wiså. Laré èstri wau botên mangêrtos. Anaging botên antawis dangu, sawêr wau tumuntên késah. Cumplung ingkang isi prêsan énggal-énggal dipunpêndhêt, dipunaturakên ing Kyai Sudagar. Kyai Sudagar nampèni pêrêsan wau, botên saråntå lajêng dipununjuk. Sarêng toyå sampun dumugi ing salêbêting padharan, Sudagar rumaos kados badhé sumaput, pakonipun sumrêpêt. Wasånå lajêng galoyoran lumampah tumuju [56] ing sangandhaping wit-witan ingkang ngrêmbuyung, tumuntên ngaso wontên ing ngriku. Botên antawis	toyå susu kanggé Kyai Sudagar. Laré èstri mingak-minguk ngupados wadhah, nanging botên sagêd angsal. Namung kémawon ing sacêlakipun ngriku wontên satunggaling cumplung tiyang. Niyatipun laré wau badhé madhahi toyå pêrêsan kaliyan cumplung wau. Cumplung kapêndhêt, tumuntên mêrês méndanipun kalawan dipunwadhahi ing cumplung kasêbut ing nginggil. Sadèrènging cumplung kasukaakên ing Kyai Sudagar, laré alit wau sumêdyå matur rumiyin bok-manawi botên karså mênåpå. Aturipun, "Dhuh, Bêndårå, **méndå ku<lå>**[36] inggih nggadhahi toyå prêsan. Ananging, kulå botên gadhah wadhahipun. **Mênå{p}å**[37] karså kulå wadhahi [55] ing cumplung?" Kyai Sudagar mangsuli, "Iyå Gêndhuk. Diénggal, ngêlakku bangêt." Laré angèn tumuntên énggal-énggal murugi ing cumplung ingkang isi prêsan wau. Ananging, saibå kagéting manahipun sarêng sumêrêp bilih cumplung wau dipunpurugi ing sawêr.Sawêr wau sirahipun manglung lumêbêt ing cumplung, kilap ngunjuk prêsan, kilap mbucal wiså. Laré èstri wau botên mangêrtos. Anaging botên antawis dangu, sawêr wau tumuntên késah. Cumplung ingkang isi prêsan énggal-énggal dipunpêndhêt, dipunaturakên ing Kyai Sudagar. Kyai Sudagar nampèni pêrêsan wau, botên saråntå lajêng dipununjuk. Sarêng toyå sampun dumugi ing salêbêting padharan, Sudagar rumaos kados badhé sumaput, pakonipun sumrêpêt. Wasånå lajêng galoyoran lumampah tumuju [56] ing sangandhaping wit-witan ingkang ngrêmbuyung, tumuntên ngaso

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dangu lajêng tilêm. Anggènipun tilêm Kyai Sudagar karaos sakécå. Laré angèn nyumêrêpi Kyai Sudagar galoyoran lan dhawah, sangêt sumêlang ing manahipun, pangunandikanipun, "É, lah, blaiané mêngko gèk ulå mau ndèkèki wiså. Ananging, ah ora. Bok-manåwå malah njalari waluyaning laraně kang mbalênthang kaé." Laré èstri tansah wongsal-wangsul nuwèni ing Kyai Sudagar. Sakêdhap-sakêdhap dipuninguk. Manahipun tansah trataban, sumêlang bok-bilih Kyai Sudagar tilar donyå jalaran ngunjuk toyå prêsan ingkang dipunlêbêti sawêr wau. Ananging, sabên cêlak ing Kyai Sudagar sampun têrang bilih Kyai Sudagar botên tilar amargi taksih kapirêng pangorokipun tuwin taksih ka[57]tingal kêmpas-kêmpising dhådhå, mratandhani bilih taksih wontên nyawanipun. Kintên-kintên watawatis kalih êjam sudagar anggènipun tilêm. Riwénipun gumbrobos, sadåyå pangagêmanipun kêbroh ing kringêt sadåyå, piyambakipun tumuntên nglilir. Kados mênåpå kagèt lan bingahing manahipun sarêng nyumêrêpi padharanipun sampun kêmpès, badanipun kraos ènthèng, énggal ngupadosi laré èstri pangèn kalawau. Kalêrêsan ing nalikå mênikå laré wau nuwèni dhatêng Kyai Sudagar malih. Sarêng sumêrêp Kyai Sudagar sampun tangi saking anggènipun tilêm, tumuntên murugi kaliyan gambiraning manah sartå wicantên, "Mênåpå kabaripun, Bandårå, rak inggih wilujêng tå?" Kyai Sudagar mangsuli, "Slamêt, ... êng...gèr, co [58] aku jupuknå pêrêsan tunggalé dhèk mau lan wadhahé iyå wadhahé dhèk mau kaé!"	wontên ing ngriku. Botên antawis dangu lajêng tilêm. Anggènipun tilêm Kyai Sudagar karaos sakécå. Laré angèn nyumêrêpi Kyai Sudagar galoyoran lan dhawah, sangêt sumêlang ing manahipun, pangunandikanipun, "É, lah, blaiané mêngko gèk ulå mau ndèkèki wiså. Ananging, ah ora. Bok-manåwå malah njalari waluyaning laraně kang mbalênthang kaé." Laré èstri tansah wongsal-wangsul nuwèni ing Kyai Sudagar. Sakêdhap-sakêdhap dipuninguk. Manahipun tansah trataban, sumêlang bok-bilih Kyai Sudagar tilar donyå jalaran ngunjuk toyå prêsan ingkang dipunlêbêti sawêr wau. Ananging, sabên cêlak ing Kyai Sudagar sampun têrang bilih Kyai Sudagar botên tilar amargi taksih kapirêng pangorokipun tuwin taksih ka[57]tingal kêmpas-kêmpising dhådhå, mratandhani bilih taksih wontên nyawanipun. Kintên-kintên **wat(aw)awis**[38] kalih **(ê)jam**[16] sudagar anggènipun tilêm. Riwénipun gumbrobos, sadåyå pangagêmanipun kêbroh ing kringêt sadåyå, piyambakipun tumuntên nglilir. Kados mênåpå kagèt lan bingahing manahipun sarêng nyumêrêpi padharanipun sampun kêmpès, badanipun kraos ènthèng, énggal ngupadosi laré èstri pangèn kalawau. Kalêrêsan ing nalikå mênikå laré wau nuwèni dhatêng Kyai Sudagar malih. Sarêng sumêrêp Kyai Sudagar sampun tangi saking anggènipun tilêm, tumuntên murugi kaliyan gambiraning manah sartå wicantên, "Mênåpå kabaripun, Bandårå, rak inggih wilujêng tå?" Kyai Sudagar mangsuli, "Slamêt, ... êng...gèr, **co<bå>**[39] [58] aku jupuknå pêrêsan tunggalé dhèk

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Laré èstri tumuntên lumampah mêndhêt pêrêsan, dipunwadhahi ing cumplung kados ing ngajêng, tumuntên dipunaturakên kaliyan wicantên, "Wah samênikå Panjênêngan gagah, Bêndårå. Padharan sampun kêmpès, botên kados kalawau mbalênthang awon." Sudagar mirêng wicantênipun laré èstri wau gumujêng kaliyan wicantên, "Iyå, Ênggèr. Saiki laraku wis mari lan mêngko dak kandhani åpå mulå bukané. Wus watårå têrung taun iki aku nandhang påpå cintråkå, iyå iku awujud abuh utå mbalênthang wêtêngku kåyå kang wus ko-sumurupi, bok-manåwå kang diarani lêlårå busung. Wus pirang-pirang pårå dhukun miwah dhoktêr-dhoktêr dak suwuni pitulung supåyå [59] nambani. Ananging, kabèh-kabèh mau ora ånå kang ndayani åpå-apå nganti tumêkå aku têkan ing kéné iki. Mulå bangêt ing panarimaku déné kowé kang dadi lantaran ngilangaké lêlåråku iki lan saiki ayo barêng aku tuduhnå omahmu, bakalå péngin wanuh karo wong tuwamu lan bakal malês kabêcikanmu." Laré angèn sagah, tumuntên mantuk ing griyanipun kairingakên déning Kyai Sudagar. Sadumugining griyå, Kyai Sudagar tumuntên nyariyosakên lêlampahanipun dhatêng bapakipun laré. Bapakipun laré gumun sangêt mirêng lêlampahan ingkang anèh mênikå. Sasampuning omong-omong sawatawis, sudagar lajêng pamit badhé nglajêngakên lampahipun sartå nilari artå kathahipun f 250,- [60] sartå malih paring sêrat ingkang suraosipun katampèkakên dhatêng pangagênging tokonipun Kyai Sudagar supados sukå artå dhatêng laré ingkang	mau lan wadhahé iyå wadhahé dhèk mau kaé!" Laré èstri tumuntên lumampah mêndhêt pêrêsan, dipunwadhahi ing cumplung kados ing ngajêng, tumuntên dipunaturakên kaliyan wicantên, "Wah samênikå Panjênêngan gagah, Bêndårå. Padharan sampun kêmpès, botên kados kalawau mbalênthang awon." Sudagar mirêng wicantênipun laré èstri wau gumujêng kaliyan wicantên, "Iyå, Ênggèr. Saiki laraku wis mari lan mêngko dak kandhani åpå mulå bukané. Wus watårå **tê{l}ung**[40] taun iki aku nandhang påpå cintråkå, iyå iku awujud abuh **utå<wa>**[41] mbalênthang wêtêngku kåyå kang wus ko-sumurupi, bok-manåwå kang diarani lêlårå busung. Wus pirang-pirang pårå dhukun miwah dhoktêr-dhoktêr dak suwuni pitulung supåyå [59] nambani. Ananging, kabèh-kabèh mau ora ånå kang ndayani åpå-apå nganti tumêkå aku têkan ing kéné iki. Mulå bangêt ing panarimaku déné kowé kang dadi lantaran ngilangaké lêlåråku iki lan saiki ayo barêng aku tuduhnå omahmu, bakalå péngin wanuh karo wong tuwamu lan bakal malês kabêcikanmu." Laré angèn sagah, tumuntên mantuk ing griyanipun kairingakên déning Kyai Sudagar. Sadumugining griyå, Kyai Sudagar tumuntên nyariyosakên lêlampahanipun dhatêng bapakipun laré. Bapakipun laré gumun sangêt mirêng lêlampahan ingkang anèh mênikå. Sasampuning omong-omong sawatawis, sudagar lajêng pamit badhé nglajêngakên lampahipun sartå nilari artå kathahipun f 250,- [60] sartå malih paring sêrat ingkang suraosipun katampèkakên dhatêng

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
nulungi wau sabên sawulan f 250,- kanggé malês ing kasaénanipun. Sasampuning andum wilujêng sartå båpå tani sampun nglairakên panarimah sartå panutup, Kyai Sudagar tumuntên mantuk numpak karétå ingkang tinilar ing sapinggiring årå-årå. Lampahing karétånipun Kyai Sudagar botên têrus mantuk, nanging sumêdyå wangsul dhatêng ing griyanipun Kyai Dhukun ingkang misuwur kasêbut ing ngajêng. Botên kacariyosakên rêroncèning margi. Cêkaking cariyos, Kyai Sudagar sampun dumugi ing griyanipun dhukun kasêbut. Sasampuning bagé-binagé kawilujênganipun Kyai Sudagar, namatakên dhatêng tamunipun. Ka[61]dos mênåpå gumuning manahipun sarêng nyumêrêpi mitranipun wau sampun saras babar pisan, pulih kados wingi ugi. Sasampuning tåtå lênggah, Kyai Dhukun lajêng wicantên, "Wah, wilujêng Sumitrå lan sajakipun têkå saras sêsakit Panjênêngan." Sudagar: "Inggih, angsal pangèstu Padukå sagêd mantun. Ananging, kulå gumun sangêt. Satunggaling dhukun jampi linangkung kados Panjênêngan têkå botên mangrêtos ing jampining sêsakit kulå. Bok-inggih kulå aturi ngandikani." Dhukun: "Inggih, sêjatosipun kulå inggih sagêd mangêrtos mênåpå ingkang dados usadanipun. Ananging, sarèh ning usadanipun mênikå sakalangkung angèl tur manawi botên wontên pitulunging Pangéran ingkang murbèng jagad batên sa[62]gêd badhé kalampahan. Cobi kulå aturi nggalih, jampinipun sêsakit panjênêngan	pangagênging tokonipun Kyai Sudagar supados sukå artå dhatêng laré ingkang nulungi wau sabên sawulan f 250,- kanggé malês ing kasaénanipun. Sasampuning andum wilujêng sartå båpå tani sampun nglairakên panarimah sartå panutup, Kyai Sudagar tumuntên mantuk numpak karétå ingkang tinilar ing sapinggiring årå-årå. Lampahing karétanipun Kyai Sudagar botên têrus mantuk, nanging sumêdyå wangsul dhatêng ing griyanipun Kyai Dhukun ingkang misuwur kasêbut ing ngajêng. Botên kacariyosakên rêroncèning margi. Cêkaking cariyos, Kyai Sudagar sampun dumugi ing griyanipun dhukun kasêbut. Sasampuning bagé-binagé kawilujênganipun Kyai Sudagar, namatakên dhatêng tamunipun. Ka[61]dos mênåpå gumuning manahipun sarêng nyumêrêpi mitranipun wau sampun saras babar pisan, pulih kados wingi ugi. Sasampuning tåtå lênggah, Kyai Dhukun lajêng wicantên, "Wah, wilujêng Sumitrå lan sajakipun têkå saras sêsakit Panjênêngan." Sudagar: "Inggih, angsal pangèstu Padukå sagêd mantun. Ananging, kulå gumun sangêt. Satunggaling dhukun jampi linangkung kados Panjênêngan têkå botên mangrêtos ing jampining sêsakit kulå. Bok-inggih kulå aturi ngandikani." Dhukun: "Inggih, sêjatosipun kulå inggih sagêd mangêrtos mênåpå ingkang dados usadanipun. Ananging, sarèh ning usadanipun mênikå sakalangkung angèl tur manawi botên wontên pitulunging Pangéran ingkang murbèng jagad **b{o}tên**[25] sa[62]gêd badhé kalampahan.

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
mênikå kêdah kaklêmpakakên saking adon-adon sakawan warni, kulå aturi nyathêt. I. Toyå pêrêsaning maéndå ingkang têmbé nyêmpé wontên ing pangènan; II. wadhahing toyå pêrêsan kêdah awarni cumplung ingkang énggal watawis tigang taun saking pamêndhêmipun; III. toyå pêrêsan wau kêdah dipunjantoni kaliyan iduning sawêr ingkang mêdal saking kajêngipun piyambak lan; IV. ingkang ngrukti sartå ngunjukakên jampi wau laré èstri ingkang taksih prawan alit, tur dèrèng sumêrap ing toyå, månggå tå, harak botên baén prakåwis jantu-jantu wau. Ingkang nomêr satunggal, kalih, tuwin sakawan [63] kénging ugi dipunsêtiyari. Ananging, sarêng ing kalêngkå 3 inggih mênikå iduning sawêr ingkang mêdal saking kajêngipun piyambak mênikå, rak rêkaos sangêt. Dados manawi botên wontên kamirahaning Gusthi Allah kados-kados sêsakitipun Sumitrå mênikå botên badhé saras. Cocog mênåpå botên?" Sudagar: "Inggih, kasinggihan dhawuh pangandikå Tuwan mênikå. Wah, manawi makatên, Panjênêngan panci satunggaling dhukun ingkang linangkung sayêktos. Sumånggå kulå nyaosi artå f 5000,- minångkå bêbingah anggèn kulå kalêgan mangêrtos ing jampinipun, tur sêsakit kulå sagêd saras." Kyai Dhukun nampi artå pisungsungipun Kyai Sudagar sakalangkung sê[64]nêng manahipun. Artå dipuntampi sartå matur nuwun. Sudagar sartå Kyai Dhukun nglajêngakên omong-omongan	Cobi kulå aturi nggalih, jampinipun sêsakit panjênêngan mênikå kêdah kaklêmpakakên saking adon-adon sakawan warni, kulå aturi nyathêt. I. Toyå pêrêsaning maéndå ingkang têmbé nyêmpé wontên ing pangènan; II. wadhahing toyå pêrêsan kêdah awarni cumplung ingkang énggal, watawis tigang taun saking pamêndhêmipun; III. toyå pêrêsan wau kêdah dipunjanto ni kaliyan iduning sawêr ingkang mêdal saking kajêngipun piyambak lan; IV. ingkang ngrukti sartå ngunjukakên jampi wau laré èstri ingkang taksih prawan alit, tur dèrèng sumêrap ing toyå, monggå tå, harak botên baén prakåwis jantu-jantu wau. Ingkang nomêr satunggal, kalih, tuwin sakawan [63] kénging ugi dipunsêtiyari. Ananging, sarêng ing kalêngkå 3, inggih mênikå iduning sawêr ingkang mêdal saking kajêngipun piyambak mênikå, rak rêkaos sangêt. Dados manawi botên wontên kamirahaning Gusthi Allah kados-kados sêsakitipun Sumitrå mênikå botên badhé saras. Cocog mênåpå botên?" Sudagar: "Inggih, kasinggihan dhawuh pangandikå Tuwan mênikå. Wah, manawi makatên, Panjênêngan panci satunggaling dhukun ingkang linangkung sayêktos. Sumånggå kulå nyaosi artå f 5000,- minångkå bêbingah anggèn kulå kalêgan mangêrtos ing jampinipun, tur sêsakit kulå sagêd saras." Kyai Dhukun nampi artå pisungsungipun Kyai Sudagar sakalangkung sê[64]nêng manahipun. Artå dipuntampi sartå matur nuwun. Sudagar sartå Kyai Dhukun

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
sawatawis. Sasampunipun sawatawis dangu, Kyai Sudagar lajêng pamit wangsul ing griyanipun, tumuntên sami andum wilujêng. Kyai Sudagar mantuk kalawan sênênging manahipun. Sadumugi ing griyanipun, bojo sartå anakipun sami gumun sangêt déné sakitipun sagêd saras, sami nyuwun sumêrêp mênåpå ingkang dados usadanipun. Kyai Sudagar lajêng nyariyosakên ingkang dados lêlampahanipun, damêl sênêng sartå pamarêming anak bojo wau. Makatên salajêngipun. Sarêng Kyai Sudagar sampun saras saèstu, lajêng nêtêpi ingkang dados ubayanipun, inggih mênikå sabên wulan tamtu sukå artå kathahipun [65] f 250,- dhatêng laré èstri angèn kasêbut ing ngajêng ingkang njalari sakécaning gêsangipun tiyang tani ingkang rêkaos mênikå. Makatên makatên wau sadåyå namung nandhakakên kuwasaning Pangéran ingkang murbèng alam bilih Panjênênganipun sagêd nindakakên sadåyå mênåpå ingkang dados Karsanipun.	nglajêngakên omong-omongan sawatawis. Sasampunipun sawatawis dangu, Kyai Sudagar lajêng pamit wangsul ing griyanipun, tumuntên sami andum wilujêng. Kyai Sudagar mantuk kalawan sênênging manahipun. Sadumugi ing griyanipun, bojo sartå anakipun sami gumun sangêt déné sakitipun sagêd saras, sami nyuwun sumêrêp mênåpå ingkang dados usadanipun. Kyai Sudagar lajêng nyariyosakên ingkang dados lêlampahanipun, damêl sênêng sartå pamarêming anak bojo wau. Makatên salajêngipun. Sarêng Kyai Sudagar sampun saras saèstu, lajêng nêtêpi ingkang dados ubayanipun, inggih mênikå sabên wulan tamtu sukå artå kathahipun [65] f 250,- dhatêng laré èstri angèn kasêbut ing ngajêng ingkang njalari sakécaning gêsangipun tiyang tani ingkang rêkaos mênikå. Makatên **(makatên)**[42] wau sadåyå namung nandhakakên kuwasaning Pangéran ingkang murbèng alam bilih Panjênênganipun sagêd nindakakên sadåyå mênåpå ingkang dados Karsanipun.
[66] Andhugal Sukarjå lan adhinipun mênikå satunggaling laré ingkang misuwur nakalipun ngantos pårå kancanipun sami botên purun dolanan kaliyan piyambakipun. Ingkang kados makatên mênikå wau mênapå damêl susahing manahipun Sukarjå? O, botên pisan-pisan. Anuju satunggaling dintên, Sukarjå mlampah-mlampah kaliyan Sukardi adhinipun, turut ing Pêcinan sumêdyå badhé tumbas sêpatu pêthak. Sarêng dumugi ing Pêcinan, Sukarjå	[66] Andhugal Sukarjå lan adhinipun mênikå satunggaling laré ingkang misuwur nakalipun ngantos pårå kancanipun sami botên purun dolanan kaliyan piyambakipun. Ingkang kados makatên mênikå wau mênapå damêl susahing manahipun Sukarjå? O, botên pisan-pisan. Anuju satunggaling dintên, Sukarjå mlampah-mlampah kaliyan Sukardi adhinipun, turut ing Pêcinan sumêdyå badhé tumbas sêpatu pêthak. Sarêng dumugi ing Pêcinan, Sukarjå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
lajêng lumêbêt ing Pêcinan, inggih mênikå ing satunggaling toko sêpatu. Sukarjå lajêng pitakèh, "Koh, yèn aku tuku sêpatu iki," wicantên makatên wau kaliyan nudingi sêpatu ingkang dipunsênêngi, "Aku mbayar pirå, [67] lan ko-wènèhi pirå?"	lajêng lumêbêt ing Pacinan, inggih mênikå ing satunggaling toko sêpatu. Sukarjå lajêng **{pitakèn}**[43], "Koh, yèn aku tuku sêpatu iki," wicantên makatên wau kaliyan nudingi sêpatu ingkang dipunsênêngi, "Aku mbayar pirå, [67] lan ko-wènèhi pirå?"
Babah sadé sêpatu lajêng mangsuli, "Iki rêgané têlung kêthip limang sèn." Sukarjå pitakèn malih, "Aku tuku têlung kêthip limang sèn banjur ko-wènèhi sêpatu pirå?" Cinå mangsuli malih, "Yèn tuku têlung kêthip limang sèn dak wènèhi sastèl."	Babah sadé sêpatu lajêng mangsuli, "Iki rêgané têlung kêthip limang sèn." Sukarjå pitakèn malih, "Aku tuku têlung kêthip limang sèn banjur ko-wènèhi sêpatu pirå?" Cinå mangsuli malih, "Yèn tuku têlung kêthip limang sèn dak wènèhi sastèl."
Makatên salajêngipun pitakèning Sukarjå dipunwongsal-wangsuli. Sarêng sampun têrang lan wangsulanipun botên éwah, tumuntên ngêdalakên artå talènan kêthip, kasukakakên dhatêng cinå wau, kaliyan wicantên, "Aku tuku 0,35 kowènèhi pirå?" Cinå mangsuli sêmu muring, "Wis dikandhani yèn tuku têlung kêthip limang sèn dak wènèhi sastèl kok pijêr amèn takon baé!"	Makatên salajêngipun pitakèning Sukarjå dipunwongsal-wangsuli. Sarêng sampun têrang lan wangsulanipun botên éwah, tumuntên ngêdalakên artå talènan kêthip, kasukakakên dhatêng cinå wau, kaliyan wicantên, "Aku tuku 0,35 kowènèhi pirå?" Cinå mangsuli sêmu muring, "Wis dikandhani yèn tuku têlung kêthip limang sèn dak wènèhi sastèl kok pijêr amèn takon baé!"
Botên saråntå Sukarjå lajêng mêndhêt sêpatu kalih stèl, kali[68]yan nggèrèd Sukardi adhinipun, tuwin wicantên, "Kowé mau wis kåndhå dhéwé lo Koh. Aku tuku 0,35 ko-wènèhi sastèl. Saiki aku jupuk rong stèl jalaran kang 1 stèl aku tuku, iyå iku 0,35. Déné kang sastèl aku ko-wènèhi miturut kandhamu dhéwé." Sukarjå tumuntên késah, déné cinå ingkang gadhah toko rumaos kécalan akal, kèndêl kémawon kaliyan ngawasakên laré ingkang andhugal wau.	Botên saråntå Sukarjå lajêng mêndhêt sêpatu kalih stèl, kali[68]yan nggèrèd Sukardi adhinipun, tuwin wicantên, "Kowé mau wis kåndhå dhéwé lo Koh. Aku tuku 0,35 ko-wènèhi sastèl. Saiki aku jupuk rong stèl jalaran kang 1 stèl aku tuku, iyå iku 0,35. Déné kang sastèl aku ko-wènèhi miturut kandhamu dhéwé." Sukarjå tumuntên késah, déné cinå ingkang gadhah toko rumaos kécalan akal, kèndêl kémawon kaliyan ngawasakên laré ingkang andhugal wau.
Botên namung samantên anggènipun Sukarjå damêl kapitunaning tiyang sanès. Anuju ing wanci sontên, Sukarjå badhé kêkésahan. Ananging, tamtu sêsarêngan kaliyan adhinipun sumêdyå	Botên namung samantên anggènipun Sukarjå ndamêl kapitunaning tiyang sanès. Anuju ing wanci sontên, Sukarjå badhé kêkésahan. Ananging, tamtu sêsarêngan kaliyan adhinipun sumêdyå

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
dhêngtå ing Pêkên Agêng. Sukarjå mênikå gêgriyå wontên ing [69] Kampung Panumping, sakilèn Kêbon Råjå. Sarêng lampahipun sampun dumugi ing Ngapêman, Sukarjå wicantên dhatêng adhinipun. “Lé, ayo padhå ngundang andhong. Mêngko kowé sing nunggang, aku sing nari. Aku êntènånå ånå ing toko Mênang, yå.” Sukardi mangsuli, “Iyå, bêcik.”	dhêngtå ing Pêkên Agêng. Sukarjå mênikå gêgriyå wontên ing [69] Kampung Panumping, sakilèn Kêbon Råjå. Sarêng lampahipun sampun dumugi ing Ngapêman, Sukarjå wicantên dhatêng adhinipun. “Lé, ayo padhå ngundang andhong. Mêngko kowé sing nunggang, aku sing nari. Aku êntènånå ånå ing toko Mênang, yå.” Sukardi mangsuli, “Iyå, bêcik.”
Laré kêkalih tumuntên sami ngundang karétå kothong kaliyan wicantên, “Andhong, Sir, mênyang Pasar Gêdhé pirå?” Kusir mirêng wicantênipun Sukarjå mangsuli, “Sêtangsul mas.” Sukarjå pitakèn malih, “Yèn aku mbayar satali, lah adhiku pirå?” “Ingkang rayi botên mbayar,” wangsulanipun kusir. Kados makatên pitakènipun Sukarjå dipunwongsal-wangsuli.	Laré kêkalih tumuntên sami ngundang karétå kothong kaliyan wicantên, “Andhong, Sir, mênyang Pasar Gêdhé pirå?” Kusir mirêng wicantênipun Sukarjå mangsuli, “Sêtangsul mas.” Sukarjå pitakèn malih, “Yèn aku mbayar satali, lah adhiku pirå?” “Ingkang rayi botên mbayar,” wangsulanipun kusir. Kados makatên pitakènipun Sukarjå dipunwongsal-wangsuli.
Wangsulanipun kusir inggih kados ingkang sapisan. Milå saking mênikå adhi[70]nipun énggal numpak kaliyan wicantên, “Wis, ayo Sir angkaté toko Mênang.” Sukardi wicantên mênikå tanpå rêringå, sajak kados bandårå dhawuh ing baturipun piyambak. Kusir rumaos kirang sênêng, nanging sarèhné kapêksså, inggih dipunlampahakên.	Wangsulanipun kusir inggih kados ingkang sapisan. Milå saking mênikå adhi[70]nipun énggal numpak kaliyan wicantên, “Wis, ayo Sir angkaté toko Mênang.” Sukardi wicantên mênikå tanpå rêringå, sajak kados bandårå dhawuh ing baturipun piyambak. Kusir rumaos kirang sênêng, nanging sarèhné kapêksså, inggih dipunlampahakên.
Sadumugi ing toko Mênang ing Pêkên Agêng, karétå kaandhêgakên. Sukardi mandhap kaliyan wicantên, “Aku adhiné bocah mau. Manut kandhamu dhéwé aku ora mbayar.” Anggènipun wicantên makatên wau kaliyan lumêbêt ing toko ingkang ing nalikå mênikå jêjêl uyêl-uyêlan. Kusir mirêng wicantênipun Sukardi makatên wau ngrumaosi ing kalêpatanipun. Wasånå lajêng késah kaliyan gagundhêlan. “É, iyå titènånå kowé sésuk mêsthi dak walês.”	Sadumugi ing toko Mênang ing Pêkên Agêng, karétå kaandhêgakên. Sukardi mandhap kaliyan wicantên, “Aku adhiné bocah mau. Manut kandhamu dhéwé aku ora mbayar.” Anggènipun wicantên makatên wau kaliyan lumêbêt ing toko ingkang ing nalikå mênikå jêjêl uyêl-uyêlan. Kusir mirêng wicantênipun Sukardi makatên wau ngrumaosi ing kalêpatanipun. Wasånå lajêng késah kaliyan gagundhêlan. “É, iyå titènånå kowé sésuk mêsthi dak walês.”

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Botên antawis dangu, Sukarjå lu[71]mêbêt ing toko Mênang, badhé tumbas badhé. Wontên ing ngriku pinanggih Sukardi. Sukarjå pitakèn kadospundi anggènipun numpak karétå kalawau. Dipunwangsuli mênåpå samêsthinipun. Sukarjå mirêng mênikå gumujêng rumaos angsal-angsalan. Botên antawis dangu, Sukarjå lan Sukardi mêdal saking toko. Ilallah, kusir ingkang dipuntumpaki wau sumêrêp. Ing batos, "Dak walês kowé!" Kusir tumuntên nyêlakakên kurétanipun kaliyan wicantên, "Månggå, Mas." Sukarjå wicantên, "Inggih. Panumping pintên?" Kusir : "Sakêthip." Sukarjå : "Yèn adhiku?" Kusir : "Sêtali Mas. Yèn sampéyan dhéwé gratis, Mas. Pancèn niki gêng andhong panumpang, nanging prayogané laré kalih mawon pisan. Kanggé gawan amar[72]gå yèn mangulon tanpå gawan dilarangi." Kalawan gambiraning manah, Sukarjå lan Sukardi numpak ing karétå wau. Botên nyånå pisan-pisan pisan bilih badhé kénging apus. Sarêng laré kalih sampun numpak, karétå kabandhangakên. Lampahipun ménggak-ménggok. Ing wusananipun nglangkungi prapatan Gadhing. Jalaran kaslamur ing omong, Sukarjå lan Sukardi botên mangêrtos bilih karétånipun dumugi ing sakiduling kithå. Mênåpå malih nalikå mênikå karétå wau tutupan. Sarêng sampun dumugi ing Grogol, karétå mandhêg. Kusir cariyos, "Sampun dumugi Dèn." Sukarjå lan Sukardi mandhap. Sawêg kémawon Sukarjå dumugi ing ngandhap, kusir wicantên kaliyan ngécé, "Lah, êmpu[73]n gih, Dèn, sami-sami."	Botên antawis dangu, Sukarjå lu[71]mêbêt ing toko Mênang, badhé tumbas **(badhé)**[44]. Wontên ing ngriku pinanggih Sukardi. Sukarjå pitakèn kadospundi anggènipun numpak karéta kalawau. Dipunwangsuli mênåpå samêsthinipun. Sukarjå mirêng mênikå gumujêng rumaos angsal-angsalan. Botên antawis dangu, Sukarjå lan Sukardi mêdal saking toko. Ilallah, kusir ingkang dipuntumpaki wau sumêrêp. Ing batos, "Dak walês kowé!" Kusir tumuntên nyêlakakên **k{a}rétanipun**[45] kaliyan wicantên, "Månggå, Mas." Sukarjå wicantên, "Inggih. Panumping pintên?" Kusir : "Sakêthip." Sukarjå : "Yèn adhiku?" Kusir : "Sêtali Mas. Yèn sampéyan dhéwé gratis, Mas. Pancèn niki gêng andhong panumpang, nanging prayogané laré kalih mawon pisan. Kanggé gawan amar[72]gå yèn mangulon tanpå gawan dilarangi." Kalawan gambiraning manah, Sukarjå lan Sukardi numpak ing karétå wau. Botên nyånå pisan-pisan **(pisan)**[46] bilih badhé kénging apus. Sarêng laré kalih sampun numpak, karétå kabandhangakên. Lampahipun ménggak-ménggok. Ing wusananipun nglangkungi prapatan Gadhing. Jalaran kaslamur ing omong, Sukarjå lan Sukardi botên mangêrtos bilih karétanipun dumugi ing sakiduling kithå. Mênåpå malih nalikå mênikå karétå wau tutupan. Sarêng sampun dumugi ing Grogol, karétå mandhêg. Kusir cariyos, "Sampun dumugi Dèn." Sukarjå lan Sukardi mandhap. Sawêg kémawon Sukarjå dumugi ing ngandhap, kusir wicantên kaliyan ngécé, "Lah, êmpu[73]n gih, Dèn, sami-sami."

lajêngipun *tabel*

Asiling *Transliterasi Standar*	**Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar***
Karétå kabandhangakên mangidul. Sukarjå lan Sukardi ing nalikå mênikå sawêk rumaos kapusan jalaran samênikå mangêrtos bilih kusir wau ingkang mêntas kablithok nalikå ing wanci sontên. Kalawan kaduwunging manah, Sukarjå lan adhinipun lumampah mantuk dhatêng ing kithå. Dumugi ing griyå, sampun jam kalih wêlas dalu. Tambah malih dipunsrêngêni déning tiyang sêpuhipun. Wiwit ing nalikå mênikå, laré kêkalih mantun saking anggènipun kurang ajar dhatêng kåncå-kancanipun, dados saé malih. Makatên kawontênanipun.	Karétå kabandhangakên mangidul. Sukarjå lan Sukardi ing nalikå mênikå **sawê{g}**[21] rumaos kapusan jalaran samênikå mangêrtos bilih kusir wau ingkang mêntas kablithok nalikå ing wanci sontên. Kalawan kaduwunging manah, Sukarjå lan adhinipun lumampah mantuk dhatêng ing kithå. Dumugi ing griyå, sampun jam kalih wêlas dalu. Tambah malih dipunsrêngêni déning tiyang sêpuhipun. Wiwit ing nalikå mênikå, laré kêkalih mantun saking anggènipun kurang ajar dhatêng kåncå-kancanipun, dados saé malih. Makatên kawontênanipun.

4. *Aparat Kritik*

Aparat kritik ngêwrat waosan ingkang bédå arupi *variasi* éjaan såhå têtêmbungan ing *teks SDWW*. Kajawi mênikå, *aparat kritik* ngêwrat sêratan nglêresakên têtêmbungan ingkang dipunjumbuhakên adhêdhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) såhå buku *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kaimpun déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006). *Aparat kritik* mênikå mujudakên tanggêl jawab *ilmiah* saking *kritik teks* wontên ing panalitèn *naskah SDWW*.

a. *Tabel Aparat Kritik*

Wujuding *aparat kritik* kaandharakên wontên *tabel.* Têtêmbungan wontên *tabel aparat kritik* dipuntambahi katrangan supados langkung cêthå. Katrangan kasêbut, antawisipun ngêwrat urutaning *teks* cariyos, ingkang kasêrat mawi ångkå *Romawi* (I: *Tiyang Tani lan Tikus*, II: *Sujåkå*, III: *Sêsakit Anèh,* IV: *Andhugal*); kåcå

lêmbaraning *teks*; såhå urutaning lariking *teks*. Tuladhanipun, I. 3. 5., katrangan kasêbut sagêd dipunwaos bilih *kritik teks* kasêbut ing *teks* cariyos nomêr satunggal, inggih kanthi irah-irahan *Tiyang Tani lan Tikus*, ing kåcå tigå, såhå wontên larik kaping gangsal.

Tabel 26: ***Aparat Kritik***

No.	**Sadèrèngipun *Suntingan Teks***	***Suntingan Teks***	**Sasampunipun *Suntingan Teks***	**Katrangan**
1.	ki	<ka>	kaki	I. 6. 10.
2.	urupipun	{b}	urubipun	I. 6. 22
3.	lih	(lih)	-	I. 8. 1.
4.	kinging	{é}	kénging	I. 8. 4.
5.	bêkjå	{g}	bêgjå	I. 8. 7.
6.	satunggalang	{i}	satunggaling	II. 11. 9.
7.	aja-aji	{i}	aji-aji	II. 12. 13.
8.	sonå	(sonå)	-	II. 12. 14.
9.	ingkingkang	(king)	ingkang	II. 17. 5.
10.	mangkéno	{o}	mangkono	II. 17. 16.
11.	masthi	{ê}	mêsthi	II. 19. 8.
12.	kanggé	{ng}	nganggé	II. 19. 23.
13.	påncånå	<so>	påncåsonå	II. 20. 5.
14.	padhêkahn	<a>	padhêkahan	II. 23. 2.
15.	limpat	{d}	limpad	II. 23. 7.
16.	êjam	(ê)	jam	II. 26. 2.; III. 57. 4.
17.	mili	{a}	mila	II. 26. 2.
18.	kaumugèn	<d>	kadumugèn	II. 26. 20.
19.	kakadhawuhan	(ka)	kadhawuhan	II. 27. 1.
20.	salwiring	(w)	saliring	II. 27. 9.
21.	sawêk	{g}	sawêg	II. 27. 16. ; IV. 73. 3.
22.	Kasman	{i}	Kasmin	II. 30. 2. ; II. 45. 1. ; II. 46. 13. ; II. 46. 19.
23.	kairid	{ng}	kairing	II. 30. 12.
24.	salamêt	(a)	slamêt	II. 33. 5.
25.	batên	{o}	botên	II. 36. 6. ; III. 61. 24.
26.	wantên	{o}	wontên	II. 38. 15. ; II. 40. 7.
27.	kawantênan	{o}	kawontênan	II. 41. 3.
28.	tênggå	{n}	nênggå	II. 43. 2.
29.	mlujêng	{a}	mlajêng	II. 43. 5.
30.	saré	{o}	soré	II. 46. 5.
31.	sujå	<kå>	sujåkå	II. 46. 22.
32.	kalih	{m}	malih	III. 48. 7.

lajêngipun *tabel*

No.	Sadèrèngipun *Suntingan Teks*	*Suntingan Teks*	Sasampunipun *Suntingan Teks*	Katrangan
33.	sêsakikit	(ki)	sêsakit	III. 48. 22.
34.	mriku	{ng}	ngriku	III. 49. 12.
35.	wasasanipun	{n}	wasananipun	III. 49. 16.
36.	méndå ku	<lå>	méndå kulå	III. 54. 21.
37.	mênåkå	{p}	mênåpå	III. 54. 23.
38.	watawatis	(at)	watawis	III. 57. 4.
39.	co	<bå>	cobå	III. 57. 23.
40.	têrung	{l}	têlung	III. 58. 16.
41.	utå	<wå>	utåwå	III. 58. 18.
42.	makatên	(makatên)	-	III. 65. 5.
43.	pitakèh	{n}	pitakèn	IV. 66. 18.
44.	badhé	(badhé)	-	IV. 71. 2.
45.	kurétanipun	{a}	karétanipun	IV. 71. 15.
46.	pisan	(pisan)	-	IV. 72. 5.

b. Cathêtan *Aparat Kritik*

Tabel aparat kritik ing nginggil, prêlu kaandharakên. Andharaning *aparat kritik* arupi cathêtan ngéngingi *suntingan teks naskah SDWW* ingkang dipuntindakakên, inggih kanthi nambahi, ngirangi, utawi nggantos aksårå såhå wandå wontên ing *teks SDWW.* Andharaning *aparat kritik* kanthi urut kaandharakên makatên.

1. kaki-ki

Têmbung **kaki-ki** dipun-*sunting* dados **kaki-kaki**, inggih dipuntambahi wandå ka. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Wiwit énjing ngantos dumugi ing wanci têngah dintên dèrèng dhatêng. Ing mångkå padatan sabên késah tamtu boten dangu tumuntên mantuk. Ingkang makatên wau tamtu kémawon damêl susahing manahipun **kaki-ki** wau. Manahipun sumêlang, mangké nèk tikus ingkang dipuntrêsnani wau dipunkålå ing tiyang .... (I. 6. 10.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kaki-ki ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing

Baoesastra Djawa. Sasampunipun têmbung kaki-ki dipuntambahi ka saénggå dados kaki-kaki, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung kaki-kaki, inggih mênikå ‘wis tuwå bangêt’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 181). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

2. urupipun

Têmbung **urupipun** dipun-*sunting* dados **urubipun**, inggih aksårå p dipungantos aksårå b. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Kaki sêpuh tumuntên lumêbêt ing griyå, nyumêt dilah thinthir alit, ingkang **urupipun** botên sêpintênå padhangipun tumuntên linggih wontên ing lincak kaliyan nga[7]ntosi dhatênging woding manahipun .... (I. 6. 22.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung urupipun ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå p dipungantos aksårå b saénggå dados urubipun, wontên têgêsipun. Têmbung urubipun, kadhapuk saking têmbung linggå urub ingkang angsal panambang -ipun, ingkang nêdahakên båsâ Jawi *ragam* kråmå inggil. Têgêsipun têmbung urub, inggih mênikå ‘gêbyaring gêni’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 445). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

3. lih

Têmbung **lih** dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Wasånå têrang sumêrêpipun bilih [8] **lih** barang ingkang dipunbêktå déning tikusipun wau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil. Kados mênåpå sênenging kaki sêpuh wau botên kinging kacariyosakên.... (I. 8. 1.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung lih ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Têmbung lih mênikå saking panyêrating têmbung “bilih”

ingkang kêkathahên wandå lih. *Suntingan* mênikå sampun jumbuh kaliyan *konteks isi*.

4. kinging

Têmbung **kinging** dipun-*sunting* dados **kénging**, inggih aksårå i dipungantos aksårå é. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Wasånå têrang sumêrêpipun bilih [8] lih barang ingkang dipunbêktå déning tikusipun wau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil. Kados mênåpå sênenging kaki sêpuh wau botên **kinging** kacariyosakên.... (I. 8. 4.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kinging ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå i dipungantos aksårå é saénggå dados kénging, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung kénging, inggih mênikå 'kênå' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 196). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

5. bêkjå

Têmbung **bêkjå** dipun-*sunting* dados **bêgjå**, inggih aksårå k dipungantos aksårå g. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Kados mênåpå sênenging kaki sêpuh wau botên kinging kacariyosakên. Jalaran pancèn tiyang mlarat, jêné wau dipunpêndhêt, ing batos, "É, lah, **bêkjå** kêmayangan déné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênå takanggo sangu urip sawatårå sasi, nanging mêngko gèk ngimpi aku iki"(I. 8. 7.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung bêkjå ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå k dipungantos aksårå g saénggå dados bêgjå, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung bêgjå, inggih mênikå 'lêlakon kang marêmaké ati' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 38). Makna mênikå jumbuh kaliyan

konteks isi, inggih bêgjå kêmayangan ingkang maknanipun ‘bêgjå bangêt’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 38).

6. satunggalang

Têmbung **satunggalang** dipun-*sunting* dados **satunggaling**, inggih aksårå a dipungantos aksårå i. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Laré kêkalih lajêng sami lumampah gêgandhèngan tangan tumuju sangandhaping wit waringin ingkang agêng. Ronipun ngrêmbuyung, ingkang kathah wohipun alit-alit ingkang njalari kathahing pêksi ingkang sami såbå ing ngriku. Pancèn sampun sapantêsipun bilih mênikå **satunggalang** pangauban ingkang prayogi (II. 11. 9.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung satunggalang ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå i saénggå dados satunggaling, wontên têgêsipun. Têmbung satunggaling, kadhapuk saking têmbung tunggal ingkang angsal wuwuhan sêsarêngan sa- kaliyan -ing. Têgêsipun têmbung tunggal, ‘iji, siji; awor dadi siji’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 615). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

7. aja-aji

Têmbung **aja-aji** dipun-*sunting* dados **aji-aji**. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“Yen såkå pangrasaku, kang disêbut-sêbut **aja-aji** Pâncåsonå sonå iku ora têkå aji kang satêmêné, nanging mung såkå kaprigêlané. Umpamané kåyå Subali, mêngkono ugå Dåsåmukå lan bok-manåwå ånå liyané manèh. Yèn tumrap ing aku, têkå ora pati ngandêlå iku, lah yèn kowé kapriyé, Kå?” (II. 12. 13.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung aja-aji ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå i saénggå dados aji-

aji, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung aji-aji, inggih mênikå ‘rapal (dongå lsp) kang marakaké biså ngêtokaké kaluwihan’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 3). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

8. sonå

Têmbung **sonå** dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“Yen såkå pangrasaku, kang disêbut-sêbut aja-aji Påncåsonå **sonå** iku ora têkå aji kang satêmêné, nanging mung såkå kaprigêlané. Umpamané kåyå Subali, mêngkono ugå Dåsåmukå lan bok-manåwå ånå liyané manèh. Yèn tumrap ing aku, têkå ora pati ngandêlå iku, lah yèn kowé kapriyé, Kå?” (II. 12. 14.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung sonå ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Têmbung sonå mênikå saking panyêrating têmbung påncåsonå ingkang kêkathahên wandå sonå.

9. ingkingkang

Têmbung **ingkingkang** dipun-*sunting* dados **ingkang**, inggih kanthi ngicali wandå king. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“Nuwun inggih sang Wiku. Sajatosipun anggèn kawulå kêråyå-råyå késah saking griyå pêrlu badhé ngupadosi jêjimat **ingkingkang** winastan påncåsonå tuwin alugårå.... (II. 17. 16.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung ingkingkang ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun wandå king dipunicali saénggå dados ingkang, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung ingkang, ‘sing, kang’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 172). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

10. mangkéno

Têmbung **mangkéno** dipun-*sunting* dados **mangkono**, inggih aksårå a dipungantos aksårå ê. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“O, dadi mangkono kang dadi karêpmu, ênggèr. **Mangkéno** dak tuturi yå, kowé rak iyå mangêrti tå yèn Sang Prabu Dåsåmukå iku wus suwé bangêt sédané lan tumrap ajiné Påncåsonå, ånå sawijining putrå wayahé kang ditinggali.... (II. 17. 16.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung mangkéno ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå é dipungantos aksårå o saénggå dados mangkono, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung mangkono, inggih mênikå ‘kåyå iku (-kaé)’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 291). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

11. masthi

Têmbung **masthi** dipun-*sunting* dados **mêsthi**, inggih aksårå a dipungantos aksårå ê. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Kajåbå iku, prakårå anggon ngupåyå aji Påncåsonå iku satêmêné ora pati angèl, jalaran ing samêngko [19] wus ånå ing tanganingsun dhéwè. Mung prakårå Alugårå iku dakkirå ora bakal biså katêmu jalaran pinundhut marang kang kagungan. Piwêlingku, Ênggèr, sawusé aji iki sun paringaké ing kowé, ingsun **masthi** tumuli mati (II. 19. 8.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung masthi ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå ê saénggå dados mêsthi, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung masthi, inggih mênikå ‘nêtêpaké ing sadurungé; wis têtêp; trêp kaya, wis sapantêsé’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 312). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

12. kanggé

Têmbung **kanggé** dipun-*sunting* dados **nganggé**, inggih aksårå k dipungantos aksårå ng. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“Inggih sang Wiku, kapundhi ing ngêmbun. Kawulå tampi kalawan astå kêkalih. Mugi-mugi kulå sagêd **kanggé** pêpari[20]ngipun sang Wiku ingkang njalari sakécaning gêsang kulå. (II. 19. 23.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kanggé ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå k dipungantos aksårå ng saénggå dados nganggé, wontên têgêsipun. Têmbung kanggé utawi kanggo mênikå awujud têmbung linggå, ingkang maknanipun ‘dianggo, dipigunakaké’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 186). Manawi têmbung nganggé kadhapuk saking têmbung linggå kanggé angsal atêr-atêr ng saénggå maknanipun dados ‘migunakaké’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 379). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

13. pâncånå

Têmbung **pâncånå** dipun-*sunting* dados **pâncåsonå**, inggih kanthi nambahi wandå so. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sasampunipun Sujåkå dipunwulang sakathahing kanuragan tuwin pinaringan jêjimat ingkang winastan **Pâncånå** tuwin winêling saliring rèh anggènipun nindakakên, botên antawis dangu Sang Pandhitå tumuntên sédå. Kuwandanipun musnå botên katingal, mawi prabåwå jumêgur ing ngawiyat mratandhani pakurmataning jawåtå dhatêng naréndrå pandhitå ingkang muksâ ing jaman kalanggêngan wau (II. 20. 5.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung Pâncånå ing pêthikan nginggil botên wontên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå so saénggå dados Pâncåsonå, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Pâncåsonå mênikå aji-aji ingkang dipunpadosi déning Sujåkå.

14. padhêkahn

Têmbung **padhêkahn** dipun-*sunting* dados **padhêkahan**, inggih kanthi nambahi aksårå a wontên ing antawisipun aksårå h kaliyan n. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Ing pucaking rêdi wontên padhukuhanipun ingkang cèkli, saé pangaturipun kinubêng ing pagêr jaro ingkang dipunrambati têtuwuhan ingkang alit-alit, damêl ancaryaning ingkang sami sumêrêp. Mênikå satunggaling padhukuhaning pandhitå ingkang sampun gêntur kasutapanipun, kasdik paningalipun, wicaksånå sakaliring rèh kasampurnan, tuwin dados paguroning pårå nènèman ingkang olah kasantikan. [23] Mênggah padhêkahan wau karan manut nåmåning rêdi, inggih mênikå **padhêkahn** Télåmåyå (II. 23. 2.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung padhêkahn ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun dipuntambahi aksårå a saénggå dados padhêkahan, wontên têgêsipun. Têmbung padhêkahan, kadhapuk saking têmbung linggå dhêkah (ng: dhukuh) ingkang angsal wuwuhan sêsarêngan pa- kaliyan -an. Têgêsipun têmbung dhêkah utawi dhukuh, ‘déså cilik (kêbawah ing kalurahan déså liyané)’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 109). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

15. limpat

Têmbung **limpat** dipun-*sunting* dados **limpad**, inggih aksårå t dipungantos aksårå d. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Anuju ing satunggaling dintên, Sang Wiku lênggah ing pacrabakan ing ngadhêp pårå manguyu cantrik jêjanggan tanapi pårå siswå ingkang sampun **limpat** ing panggraitå tuwin ingkang sampun cêkap kasagêdanipun ulah kaprawiran (II. 23. 7.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung limpat ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå t dipungantos aksårå d saénggå dados

limpad, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung limpad, inggih mênikå ‘putus amumpuni ing (kawruh lsp)’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 274). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

16. êjam

Têmbung **êjam** dipun-*sunting* dados **jam**, inggih aksårå ê dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“Kasinggihan dhawuh pangandikå Tuwan, dhuh sang Wiku linangkung. Sayêktosipun sowan kulå ing ngarsa Padukå mênikå badhé nyuwun sih wilasihipun sang Prandhitå, nyuwun ngabdi ing kawruh kasantikan tuwin kanuragan, lan malih sowan kulå ing pådå Padukå mênikå dhinawuhan déning guru kulå. Ananging, kulå da[26]dos siswanipun namung salêbêtipun tigang **êjam** (II. 25. 20.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung êjam ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå ê dipunicali saénggå dados jam, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung jam, inggih mênikå ‘waktu, wayah; waktu sing suwéné $\frac{1}{24}$ dinå’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 79). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

17. mili

Têmbung **mili** dipun-*sunting* dados **milå**, inggih aksårå i dipungantos aksårå å. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....**Mili** sasampunipun kang Pandhitå maringakên ajinipun ing kulå, tumuntên sédå. Dados, sanajan kawulå sampun naté dados muriding satunggaling guru linangkung, nanging kados padukå sang Måhå Wiku, botên kêkilapan bilih kasagêdan kulå dèrèng sapintênå.” (II. 26. 2.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung mili ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *kontek* isinipun. Sasampunipun aksårå i dipungantos aksårå å saénggå dados milå, wontên jumbuhipun. Manawi têmbung mili, têgêsipun ‘mlaku

tmr. banyu (barang cuwèr)' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 315). Têgêsipun têmbung milå, inggih mênikå 'mulå' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 315). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

18. kaumugèn

Têmbung **kaumugèn** dipun-*sunting* dados **kadumugèn**, inggih dipuntambahi aksårå d. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ...."Inggih. Mugi-mugi angsalå pangèstu padukå sang Måhå Wiku. Kulå sagêd nêtêpi kuwajiban lan sagêd **kaumugèn** mênapå ingkang dados sêdyaning manah kulå." (II. 26. 20.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kaumugèn ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun dipuntambahi aksårå d saénggå dados kadumugèn, wontên têgêsipun. Têmbung kadumugèn, kadhapuk saking têmbung linggå dugi ingkang angsal panambang ka- kaliyan -èn, sartå sêsêlan um. Têgêsipun têmbung dugi, 'têkan, têkå; tutug' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 71). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

19. kakadhawuhan

Têmbung **kakadhawuhan** dipun-*sunting* dados **kadhawuhan**, inggih wandå ka dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Sasampunipun ngajêngakên ngandikan sawatawis, sang Wiku tumuntên lumêbêt ing dalêm. Sujåkå [27] **kakadhawuhan** mundur (II. 27. 1.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kakadhawuhan ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå ka diipunicali saénggå dados kadhawuhan, wontên têgêsipun. Têmbung kadhawuhan kadhapuk saking têmbung

linggå dhawuh ingkang angsal panambang ka- kaliyan -an. Têgêsipun têmbung dhawuh, inggih mênikå ‘pakon oet. préntah’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 103). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

20. salwiring

Têmbung **salwiring** dipun-*sunting* dados **saliring**, inggih aksårå w dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Lêlampahanipun Sujåkå nyuwitå wontên ing pratapan ngriku ngantos sawatawis wulan. Sangêt ngèstokakên ing pakèning gurunipun, damêl pirênaning panggalihipun sang Maha Wiku. Sujåkå winulang **salwiring** ulah kasantikan tuwin kanuragan. Têlas sadåyå kawruhipun sang Måhå Wiku dipunêsokakênå larè nènèman ing Karang Gênêng wau (II. 27. 9.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung salwiring ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå w dipunicali saénggå dados saliring, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung saliring, inggih mênikå ‘sakèhé, sakabèhing’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 541). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

21. sawêk

Têmbung **sawêk** dipun-*sunting* dados **sawêg**, inggih aksårå k dipungantos aksårå g. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Anuju satunggaling dintên, Sujåkå **sawêk** kèndêl saking anggènipun dhêdhangir ing padhukuhanipun sang Pinandhitå. Dumadakan wontên jêjanggan dhatêng, cariyos bilih Sujåkå ingandikan déning Sang Bagawan. Sujåkå gugup ing manah. Båyå mênapå, déné piyambakipun dipuntimbali botên ing wêkdalipun (II. 27. 16.).
>
> Sarêng sampun dumugi ing Grogol, karétå mandhêg. Kusir cariyos, “Sampun dumugi Dèn.” Sukarjå lan Sukardi mandhap. Sawêg kémawon Sukarjå dumugi ing ngandhap, kusir wicantên kaliyan ngécé, “Lah, êmpu[73]n gih, Dèn, sami-sami.” Karétå kabandhangakên mangidul. Sukarjå lan Sukardi ing

> nalikå mênikå **sawêk** rumaos kapusan jalaran samênikå mangêrtos bilih kusir wau ingkang mêntas kablithok nalikå ing wanci sontên (IV. 73. 3).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung sawêk ing pêthikan-pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå k dipungantos aksårå g saénggå dados sawêg, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung sawêg, inggih mênikå 'lagi' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 548). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

22. Kasman

Têmbung **Kasman** dipun-*sunting* dados **Kasmin**, inggih aksårå a dipungantos aksårå i. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Tumuli manutå, sirå bakal unggul lan ju[30]mênêng naréndrå ing kånå nganti tumêkå patimu lan ugå mitramu, Si **Kasman**, bakal katêmu. Lan sirå, aku ora biså nyangoni åpå-åpå kajåbå mung iki lo, pêdhang karo jaran siji. Mugå-mugå biså dadi réwang tumêkå rampung gawéné." (II. 30. 2.)

> Dumadakan saking katêbihan, sang Nåtå priksà wontên satunggaling jêjåkå ingkang numpak kapal, têrus lumêbêt ing paséwakan lan parêringå. Sarêng kåtamatakên, têrang bilih jê[45]jåkå wau jêbul **Kasman**, kancanipun nalikå taksih angèn. Jåkå Kasman têrus minggah ing palênggahan nåtå kaliyan wicantên, "Wis ayo Kå, mulih. Nang kéné ånå åpå. Kowé dadi ratu énak-énak, bapakmu rêkåså nglakoni sêsawah. Ayo wis mulih." (II. 45. 1.)

> ...."Hêh. Hêh". Sambatipun Sujåkå jalaran karaos sakit. "Såpå panggènirå iki, é, déné wani ngla[46]rak ing panjênênganingsun." "É. É. Éling. Éling, Kå." Wicantênipun **Kasman** kaliyan ngoyok-oyok badanipun Sujåkå (II. 46. 13.).

> Kados mênåpå cuwaning manahipun sarêng nyumêrêpi mitranipun **Kasman** lan årå-årå, tuwin wit waringin ingkang saklangkung èdhum mênikå, jalaran.... jalaran mênåpå?.. Sujå kécal[47]lan karatonipun ingkang saklangkung saé lan garwå ingkang sulistyå ing warni, mênåpå déné kécalan aji påncåsånå tuwin sabêt wasiyatipun ingkang minulyå wau (II. 46. 19.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung Kasman ing pêthikan-pêthikan nginggil botên jumbuh *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå a

dipungantos aksårå i saénggå dados Kasmin, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Wontên ing wiwitaning cariyos, namaning tiyang mênikå kasêbut Kasmin.

> ....Jêjåkå wau ingkang satunggal nami Sujåkå lan satunggalipun **Kasmin**.... (II. 10. 5.)

Saénggå salajêngipun kedah dipunsêbut Kasmin. Têmbung Kasmin mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

23. kairid

Têmbung **kairid** dipun-*sunting* dados **kairing**, inggih aksårå d dipungantos aksårå ng. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sang Tåpå ngandikå makatên wau kalawan ngulungakên sabêt wasiyatipun tuwin andikanakên mêndhêt kapal, calon tumpakanipun Sujåkå. Botên antawis dangu, kapal sampun dhatêng **kairid** déning cantrikipun sang Maharsi. Sang Tåpå ngandikå malih, "Wis Ênggèr, énggal mangkatå ing dinå iki ugå. Åjå klayaran mundhak kêpancal ing gawé." (II. 30. 12.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kairid ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå d dipungantos aksårå ng saénggå dados kairing, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung kairing, inggih mênikå 'diiring, dibarêngi ing' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 180). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

24. salamêt

Têmbung **salamêt** dipun-*sunting* dados **slamêt**, inggih aksårå a ing antawisipun aksårå s kaliyan aksårå l dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Mulå såkå iku, yèn kênå dak éman, prayogå baliå baé. Jaranmu tinggalên. Kowé bakal **salamêt** têrus lumaku. Yèn ora gêlêm, wêktu iki ugå kowé sun untapaké tilik marang ing akérat." (II. 33. 5.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung salamêt ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a dipunicali saénggå dados slamêt, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung slamêt, inggih mênikå 'orå ånå sakårå-kårå, luput ing bêbåyå, waras' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 567). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

25. batên

Têmbung **batên** dipun-*sunting* dados **botên**, inggih aksårå a dipungantos aksårå o. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Sanajan tå Sujåkå makaping-kaping tugêl gulunipun, nanging mêngsah botên sagêd ngawonakên jalaran Sujåkå lajêng gêsang malih sartå tandhingipun **batên** måntrå-måntrå sudå kaliyan ing wiwitanipun (II. 36. 6.).
>
> ...."Inggih, sêjatosipun kulå inggih sagêd mangêrtos mênåpå ingkang dados usadanipun. Ananging, sarèh ning usadanipun mênikå sakalangkung angèl tur manawi botên wontên pitulunging Pangéran ingkang murbèng jagad **batên** sa[62]gêd badhé kalampahan (III. 61. 24.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung batên ing pêthikan-pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå o saénggå dados botên, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung botên, inggih mênikå 'ora' (*Baoesastra Djawa*, 1939: 58). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

26. wantên

Têmbung **wantên** dipun-*sunting* dados **wontên**, inggih aksårå a dipungantos aksårå o. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Lampahing Sujåkå samênikå sampun mèh dumugi ing panggènan ingkang tinuju. Saking têbihan, Sujåkå sumêrêp tiyang rubung-rubung ing sêmu sajak **wantên** kaprêluan utawi bêbåyå, tumuntên dipunpurugi. Sayêktos sarêng dumugi ing ngriku, sumêrêp inggih ingkang arubung mênikå wau têtiyang

> kathah ingkang sami ngupåkårå dhatêng satunggaling pangéran ingkang cinidrå ing mêngsah, nanging salah satunggal saking karèrèhanipun piyambak (II. 38. 15).
>
> Lêt sawatawis dintên saking mênikå, saèstu pårå manggalaning prâjå ingkang sumêdyå ambalélå sampun purug ngéglå sartå [40] påcak baris wontên ing pinggiring kithå ingkang sisih êlèr. Pårå wadyå bålå ingkang taksih sêtyå ing gustinipun tumuntên kadhawuhan nyêpêng brandhal ing salèring nagari. Sujåkå ing wêkdal mênikå sampun **wantên** ing pabaratan, amor kaliyan pårå prangraman, dados prajurit ing ngriku (II. 40. 7).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung wantên ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå o saénggå dados wontên, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung wontên, inggih mênikå ‘ånå’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 669). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

27. kawantênan

Têmbung **kawantênan** dipun-*sunting* dados **kawontênan**, inggih aksårå a dipungantos aksårå o. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Saèstunipun pårå pangagêng wau inggih badhé lumajêng, nanging kabêktå déning **kawantênan** tuwin rumaos isin, inggih kénging kabasakakên isin mundur mêksa nglajêngakên yudanipun. Kalampahan pårå manggalaning pangraman tumpês tupis têlas sadåyå, botên wontên ingkang ngunthili (II. 41. 3).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kawantênan ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå o saénggå dados kawontênan, sampun jumbuh *konteks* isinipun. Têgêsipun têmbung kawontênan, inggih mênikå ‘kahanan’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 195). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

28. tênggå

Têmbung **tênggå** dipun-*sunting* dados **nênggå**, inggih aksårå t dipungantos aksårå n. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Lampahing unduripun wadyå kraton dumugi ing alun-alun, sukå pratåndhå bilih asor yudanipun lan ing [43] nalikå mênikå dipunoyak ing mêngsah. Pårå wadyå ingkang sami **tênggå** pun tumuntên sami mêdal. Sarêng nyumêrêpi bilih mêngsah ingkang mlujêng botên sapintêna wontên ing ngriku ugi kadadosan prang ramé. Ananging, wadyanipun Sang Nåtå kasêsêr kathah ingkang pêjah. Kantunipun lumajêng nggêndring ngupados gêsangipun piyambak-piyambak (II. 43. 2).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung tênggå ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå t dipungantos aksårå n saénggå dados nênggå, sampun jumbuh *konteks* isinipun. Têmbung tênggå mênikå awujud têmbung linggå, ingkang maknanipun ‘tunggu’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 602). Manawi têmbung nênggå kadhapuk saking têmbung linggå tênggå angsal atêr-atêr n saénggå maknanipun dados ‘nunggu’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 343). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

29. mlujêng

Têmbung **mlujêng** dipun-*sunting* dados **mlajêng**, inggih aksårå u dipungantos aksårå a. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Lampahing unduripun wadyå kraton dumugi ing alun-alun, sukå pratåndhå bilih asor yudanipun lan ing [43] nalikå mênikå dipunoyak ing mêngsah. Pårå wadyå ingkang sami tênggå pun tumuntên sami mêdal. Sarêng nyumêrêpi bilih mêngsah ingkang **mlujêng** botên sapintêna wontên ing ngriku ugi kadadosan prang ramé. Ananging, wadyanipun Sang Nåtå kasêsêr kathah ingkang pêjah. Kantunipun lumajêng nggêndring ngupados gêsangipun piyambak-piyambak (II. 43. 5).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung mlujêng ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå u dipungantos aksårå a saénggå dados mlajêng, sampun jumbuh *konteks* isinipun.

Manawi têmbung mlujêng, têgesipun ‘mluku, nggarap lêmah’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 322). Têgêsipun têmbung mlajêng, inggih mênikå ‘mlayu’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 319). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

30. saré

Têmbung **saré** dipun-*sunting* dados **soré**, inggih aksårå a dipungantos aksårå o. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....Wicantênipun Kasman kaliyan ngoyok-oyok badanipun Sujåkå. “Iki wis jam sêtêngah papat **saré**. Ayo mulih mundhak diarêp-arêp bapak karo biyung.” (II. 46. 5.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung saré ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå a dipungantos aksårå o saénggå dados soré, jumbuh *konteks* isinipun. Têmbung saré, têgêsipun ‘turu’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 546). Manawi têgêsipun têmbung soré, ‘wayah ing antarané jam 3 - 6’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 580). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

31. sujå

Têmbung **sujå** dipun-*sunting* dados **Sujåkå**, inggih dipuntambahi wandå kå. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Kados mênåpå cuwaning manahipun sarêng nyumêrêpi mitranipun Kasman lan årå-årå, tuwin wit waringin ingkang saklangkung èdhum mênikå, jalaran.... jalaran mênåpå?.. **Sujå** kécal[47]lan karatonipun ingkang saklangkung saé lan garwå ingkang sulistyå ing warni, mênåpå déné kécalan aji pâncåsonå tuwin sabêt wasiyatipun ingkang minulyå wau (II. 46. 22).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung sujå ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå kå saénggå dados Sujåkå, jumbuh *konteks* isinipun. Sujåkå mênikå salah satunggaling parågå ing cariyos.

32. kalih

Têmbung **kalih** dipun-*sunting* dados **malih**, inggih aksårå k dipungantos aksårå m. Wondéné pêthikanpun kados ing ngandhap mênikå.

> Ing satunggaling nagari ingkang agêng ing tanah Afrika, wontên satunggaling sudagar ingkang sugih bangêt. Saking sugihipun, Kyai Sudagar dados dipunajrihi déning kiwå têngênipun. Mênåpå **kalih** Kyai Sudagar wau manahipun saé sumrambah. Ananging, wontên salah satunggaling sabab ingkang damêl susahing manahipun. Kyai Sudagar wau nggadhahi sêsakit ingkang sampun mataun-taun.... (III. 48. 9.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kalih ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå k dipungantos aksårå m saénggå dados malih, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têmbung kalih, têgêsipun ‘loro, karo’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 182). Manawi têgêsipun têmbung malih, inggih mênikå ‘manèh’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 288). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

33. sêsakikit

Têmbung **sêsakikit** dipun-*sunting* dados **sêsakit**, inggih wandå ki dipunicali satunggal. Wondéné pêthikanpun kados ing ngandhap mênikå.

> Badanipun tiyang ingkang abåndhå-bandhu kados piyambakipun mênikå wau tamtu sakalangkung susahing manah déné kataman **sêsaki[49]kit** ingkang kados mêkatên. Sampun sintên-sintên påra dhoktêr tuwin dhukun ingkang kapurih njampèni, nanging botên wontên ingkang tumåmå. Wasånå Kyai Sudagar namung mupus nyênyuwun ing Pangéran ingkang murbèng tuwuh, mugi-mugiå paring sarånå, sagêd dipunsêsakitipun tumuntên mantun (III. 48-49. 22-1).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung sêsakikit ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun wandå ki dipunicali saénggå dados pasakit, wontên têgêsipun. Têmbung pasakit kadhapuk saking têmbung linggå sakit

ingkang angsal wuwuhan sa. Têgêsipun têmbung sakit, ‘lårå’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 539). Manawi sêsakit, maknanipun dados lêlårå. Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

34. mriku

Têmbung **mriku** dipun-*sunting* dados **ngriku**, inggih aksårå m dipungantos aksårå ng. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Anuju ing satunggaling mångså ing sacêlaking nagari **mriku,** wontên satunggaling dhukun ingkang mêntas dhatêng saking ing tanah ngamåncå. Dhukun wau kasusrå sangêt dumugi ing pundi-pundi ingkang wasasanipun mênikå mirêngan déning Kyai Sudagar ingkang kacariyosakên ing ngajêng (III. 49. 12.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung mriku ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun aksårå m dipungantos aksårå ng saénggå dados ngriku, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têgêsipun têmbung mriku, inggih mênikå ‘mrono’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 334). Manawi têmbung ngriku (ing ngriku), têgêsipun ‘ing kono’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 431). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

35. wasasanipun

Têmbung **wasasanipun** dipun-*sunting* dados **wasananipun**, inggih aksårå s dipungantos aksårå n. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Anuju ing satunggaling mångså ing sacêlaking nagari mriku, wontên satunggaling dhukun ingkang mêntas dhatêng saking ing tanah ngamåncå. Dhukun wau kasusrå sangêt dumugi ing pundi-pundi ingkang **wasasanipun** mênikå mirêngan déning Kyai Sudagar ingkang kacariyosakên ing ngajêng (III. 49. 16.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung wasasanipun (linggå: wasåså) ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå s dipungantos

aksårå n saénggå dados wasananipun, wontên têgêsipun. Têmbung wasananipun kadhapuk saking têmbung wasånå angsal panambang -ipun. Têgêsipun têmbung wasånå, inggih mênikå ‘pungkasan’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 657). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

36. méndaku

Têmbung **méndaku** dipun-*sunting* dados **méndå kulå**, inggih nambahi wandå lå. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Cumplung kapêndhêt, tumuntên mêrês méndanipun kalawan dipunwadhahi ing cumplung kasêbut ing nginggil. Sadèrèngipun cumplung kasukaakên ing Kyai Sudagar, laré alit wau sumêdyå matur rumiyin bok-manawi botên karså mênåpå. Aturipun, “Dhuh, Bêndårå, **méndaku** inggih nggadhahi toyå prêsan. Ananging, kulå botên gadhah wadhahipun. Mênåkå karså kulå wadhahi [55] ing cumplung?” (III. 54. 21.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung méndaku ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Saking cariyos katingal bilih pacêlathon mênikå katindakakên déning tiyang ingkang langkung alit dhatêng tiyang ingkang langkung sêpuh. Dados, manawi dipunjumbuhakên unggah-ungguhipun, méndaku mênikå dipungantos dados maéndå kulå.

37. mênåkå

Têmbung **mênåkå** dipun-*sunting* dados **mênåpå**, inggih aksårå k dipungantos aksårå p. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Cumplung kapêndhêt, tumuntên mêrês méndanipun kalawan dipunwadhahi ing cumplung kasêbut ing nginggil. Sadèrèngipun cumplung kasukaakên ing Kyai Sudagar, laré alit wau sumêdyå matur rumiyin bok-manawi botên karså mênåpå. Aturipun, “Dhuh, Bêndårå, méndaku inggih nggadhahi toyå prêsan. Ananging, kulå botên gadhah wadhahipun. **Mênåkå** karså kulå wadhahi [55] ing cumplung?” (III. 54. 23)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung mênåkå ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing

Baoesastra Djawa. Sasampunipun aksårå k dipungantos aksårå p saénggå dados mênåpå, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung mênåpå, inggih mênikå ‘åpå’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 306). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

38. watawatis

Têmbung **watawatis** dipun-*sunting* dados **watawis**, inggih aksårå a såhå t dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Kintên-kintên **watawatis** kalih êjam sudagar anggènipun tilêm. Riwénipun gumbrobos, sadåyå pangagêmanipun kêbroh ing kringêt sadåyå, piyambakipun tumuntên nglilir. Kados mênåpå kagêt lan bingahipun manahipun sarêng nyumêrêpi padharanipun sampun kêmpès, badanipun kraos ènthèng, énggal ngupadosi laré èstri pangèn kalawau.... (III. 57. 4.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung watawatis ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå a såhå aksårå t dipunicali saénggå dados watawis, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung watawis, inggih mênikå ‘watårå’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 657). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

39. co

Têmbung **co** dipun-*sunting* dados **cobå**, inggih nambahi wandå bå. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sarêng sumêrêp Kyai Sudagar sampun tangi saking anggènipun tilêm, tumuntên murugi kaliyan gambiraning manah sartå wicantên, “Mênåpå kabaripun, Bandårå, rak inggih wilujêng tå?” Kyai Sudagar mangsuli, “Slamêt, ... êng...gèr, **co** [58] aku jupuknå pêrêsan tunggalé dhèk mau lan wadhahé iyå wadhahé dhèk mau kaé!” (III. 57. 23.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung co ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå bå saénggå dados cobå, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têgêsipun têmbung cobå,

inggih mênikå ‘nètèr arêp nyumurupi kaananékang sajati’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 645). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

40. têrung

Têmbung **têrung** dipun-*sunting* dados **têlung**, inggih aksårå r dipungantos aksårå l. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> ....“Wah samênikå Panjênêngan gagah, Bêndårå. Padharan sampun kêmpès, botên kados kalawau mbalênthang awon.” Sudagar mirêng wicantênipun laré èstri wau gumujêng kaliyan wicantên “Iyå, Ênggèr. Saiki laraku wis mari lan mêngko dak kandhani åpå mulå bukané. Wus watårå **têrung** taun iki aku nandhang påpå cintråkå, iyå iku awujud abuh utå mbalênthang wêtêngku kåyå kang wus ko-sumurupi, bok-manåwå kang diarani lêlårå busung (III. 58. 16.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung têrung ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå r dipungantos aksårå l saénggå dados têlung, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung têlung, inggih mênikå ‘3 (kanggo ing sangarêping wilangan, barang)’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 600). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

41. utå

Têmbung **utå** dipun-*sunting* dados **utåwå**, inggih nambahi wandå wå. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> “Wah samênikå Panjênêngan gagah, Bêndårå. Padharan sampun kêmpès, botên kados kalawau mbalênthang awon.” Sudagar mirêng wicantênipun laré èstri wau gumujêng kaliyan wicantên “Iyå, Ênggèr. Saiki laraku wis mari lan mêngko dak kandhani åpå mulå bukané. Wus watårå têrung taun iki aku nandhang påpå cintråkå, iyå iku awujud abuh **utå** mbalênthang wêtêngku kåyå kang wus ko-sumurupi, bok-manåwå kang diarani lêlårå busung (III. 58. 18.).

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung utå ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun dipuntambahi wandå wå

saénggå dados utåå, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Têgêsipun têmbung utåwå, inggih mênikå ‘têmbung panggandhèng ingkang mratélakakè yèn kaanan siji lan sijiné pådhå’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 447). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

42. makatên

Têmbung **makatên** dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Makatên **makatên** wau sadåyå namung nandhakakên kuwasaning Pangéran ingkang murbèng alam bilih Panjênênganipun sagêd nindakakên sadåyå mênåpå ingkang dados karsanipun. (III. 65. 5.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung makatên ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun têmbung makatên dipunicali jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Wontên ing ukaranipun, têmbung makatên dipunsêrat kaping kalih, saénggå salah satunggalipun dipunicali kémawon. Têgêsipun têmbung makatên, inggih mênikå ‘mêngkéné, mêngkono’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 287). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

43. pitakèh

Têmbung **pitakèh** dipun-*sunting* dados **pitakèn**, inggih aksårå h dipungantos aksårå n. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sarêng dumugi ing Pêcinan, Sukarjå lajêng lumêbêt ing Pêcinan, inggih mênikå ing satunggaling toko sêpatu. Sukarjå lajêng **pitakèh** “Koh, yèn aku tuku sêpatu iki,” wicantên makatên wau kaliyan nudingi sêpatu ingkang dipunsênêngi, “Aku mbayar pirå, [67] lan ko-wènèhi pirå?” (IV. 66. 18.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung pitakèh ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå h dipungantos aksårå n saénggå dados

pitakèn, wontên têgêsipun. Têgêsipun têmbung pitakèn, inggih mênikå ‘takon marang’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 494). Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

44. badhé

Têmbung **badhé** dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Botên antawis dangu, Sukarjå lu[71]mêbêt ing toko Mênang, badhé tumbas **badhé.** Wontên ing ngriku pinanggih Sukardi. Sukarjå pitakèn kadospundi anggènipun numpak karétå kalawau. Dipunwangsuli mênåpå samêsthinipun. Sukarjå mirêng mênikå gumujêng rumaos angsal-angsalan (IV. 71. 2.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung badhé ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun têmbung badhé dipunicali, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun.

45. kurétanipun

Têmbung **kurétanipun** dipun-*sunting* dados **karétanipun**, inggih aksårå u dipungantos aksårå a. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Botên antawis dangu, Sukarjå lan Sukardi mêdal saking toko. Ilallah, kusir ingkang dipuntumpaki wau sumêrêp. Ing batos, “Dak walês kowé!” Kusir tumuntên nyêlakakên **kurétanipun** kaliyan wicantên, “Månggå, Mas.” Sukarjå wicantên, “Inggih. Panumping pintên?”.... (IV. 71. 15.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung kurétanipun ing pêthikan nginggil botên wontên maknanipun amargi botên jumbuh kaliyan têtêmbungan wontên ing *Baoesastra Djawa*. Sasampunipun aksårå u dipungantos aksårå a saénggå dados karétanipun, wontên têgêsipun. Têmbung karétanipun kadhapuk saking têmbung karétå ingkang angsal panambang -ipun. Têgêsipun têmbung karétå utawi krétå, inggih mênikå ‘têtunggangan måwå rodhå papat digèrèt ing jaran’ (*Baoesastra Djawa*, 1939: 249. Makna mênikå jumbuh kaliyan *konteks* isi.

46. pisan

Têmbung **pisan** dipunicali. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Kalawan gambiraning manah, Sukarjå lan Sukardi numpak ing karétå wau. Botên nyånå pisan-pisan **pisan** bilih badhé kénging apus. Sarêng laré kalih sampun numpak, karétå kabandhangakên. Lampahipun ménggak-ménggok. Ing wusananipun nglangkungi prapatan Gadhing.... (IV. 72. 5.)

Manawi kajumbuhakên *konteks*-ipun, têmbung pisan ing pêthikan nginggil botên jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Sasampunipun têmbung pisan dipunicali, jumbuh kaliyan *konteks* isinipun. Wontên ing ukaranipun, têmbung pisan dipunsêrat kaping tigå, saénggå salah satunggalipun dipunicali kémawon.

C. *Terjemahan* såhå Cathêtan *Terjemahan Teks SDWW*

1. *Terjemahan Teks SDWW*

Anggènipun ndamêl *terjemahan teks* wontên ing panalitèn mênikå katindakakên kanthi nggantos *ragam* basaning *teks SDWW* saking båsså Jawi *ragam* Kråmå-ngoko dados båsså Jawi *ragam* kråmå. *Terjemahan teks SDWW* ugi katindakakên kanthi nggantos basaning sumber, inggih båsså Jawi dados båsså sasaran, inggih båsså Indonesia. *Terjemahan teks* kajumbuhakên kaliyan *konteks isi*. *Terjemahan teks* ingkang kaginakakên inggih mênikå *terjemahan harfiah, terjemahan isi/makna,* såhå *terjemahan bebas.* Tigang warnining *terjemahan teks* kasêbut katindakakên kanthi *kontekstual.*

Ing *terjemahan teks* wontên têmbung ingkang botên dipun-*terjemah*-akên, nanging bab mênikå dipunandharakên ing cathêthan *terjemahan*. Katrangan ngéngingi cathêthan *terjemahan teks SDWW* kanthi ångkå Arab sêratan Lisan ((1), (2),

(3), ...). Anggènipun nyawisakên asiling *terjemahan teks* dipunsandhingakên kaliyan asiling *suntingan teks.* Wondéné asiling *terjemahan teks SDWW* saha cathêthan *terjemahan* panalitèn mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 27: **Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar, Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks,* såhå *Terjemahan Teks SDWW***

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
[3] Tiyang Tani lan Tikus Kacariyos ing satunggaling dhusun ingkang botên patoså têbih saking kithå, wontên tiyang kaki-kaki sampun sêpuh botên anak sémah. Têmtu kémawon panggêsanganipun inggih kêkirangan. Déné pangupåjiwanipun kaki-kaki wau namung nanêm pålåwijå wontên ing pakêbonan jalaran sabin utawi patêgilan botên gadhah. Namung kémawon, tiyang wau wontên pilihanipun, inggih mênika saé kêlakuanipun lan nggadhahi wêlas dhatêng sêsamining dumados. Ing satunggaling dintên, kaki sêpuh wau dhêdhangir wontên ing kêbon, badhé ndhawahakên wiji jagung. Sarêng kintên- kintên wanci jam sêtêngah sångå énjing, kraos kêsêl tumuntên ngaso linggih wontên ing sangandhaping wit nångkå, kalayan nggagas dha[4]têng	[3] Tiyang Tani lan Tikus Kacariyos ing satunggaling dhusun ingkang botên patoså têbih saking kithå,wontên tiyang kaki-kaki ingkang sampun sêpuh botên anak sémah. Panggêsanganipun têmtu kémawon kêkirangan. Wondéné pangupåjiwanipun kaki-kaki kålåwau namung nanêm pålåwijå wontên ing pakêbonan jalaran botên gadhah sabin utawi patêgilan. Namung kémawon, tiyang kålåwau wontên pilihanipun, inggih mênika saé kêlakuanipun såhå nggadhahi wêlas dhatêng sêsamining dumados. Ing satunggaling dintên, kaki sêpuh kålåwau dhêdhangir wontên ing kêbon, badhé ndhawahakên wiji jagung. Sarêng kintên-kintên wanci tabuh sêtêngah sångå énjing, kraos kêsêl tumuntên ngaso lênggah wontên ing sangandhaping wit nångkå, kalayan nggagas dha[4]têng kawontênaning badan-	[3] *Petani dan Tikus* *Diceritakan pada suatu dusun yang tidak begitu jauh dari kota, ada kakek yang sudah tua, tidak beranak istri. Hidupnya kekurangan. Kakek tersebut hanya bekerja menanam palawija di kebun karena tidak mempunyai sawah. Hanya saja, ada pilihannya, yaitu dia mempunyai tingkah laku yang baik dan mempunyai sifat sayang terhadap makhluk hidup lainnya.* *Pada suatu hari, kakek tua sedang berkebun, akan menanam jagung. Kira-kira pukul setengah sembilan pagi, dia merasa capek dan beristirahat di bawah pohon nangka [4] sambil memikirkan bagaimana-kah kelanjutan hidupnya yang tidak beranak istri dan saudara itu. Setiap*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
kawontênaning badanipun, kadospundi badhé wêkasaning kalampahanipun jalaran botên nggadhahi anak sémah tuwin sanak sadhèrèk. Sabên piyambakipun mikir dhatêng bab wau, manahipun kraos botên sakécå, såyå dangu pamanahipun, sansåyå mindhak susahing manah. Wasånå lajêng tumungkul rawat waspå. Ing nalikå nêdhêngipun kaki sêpuh wau wontên ing kawontênan ingkang kados makatên, dumadakan piyambakipun kagèt, sumêrêp wontên satunggaling tikus alit mårå saking nginggil, tumuntên dipunpurugi. Sarêng sampun cêlak, têrang ing sumêrêpipun bilih tikus wau taksih cindhil. Badanipun pating trêncêm tatu kukuning pêksi galak. Kaki sêpuh wêlas sangêt manahipun. Cindhil lajêng dipunpêndhêt alon-alon, dipunbêktå lumêbêt ing griyå. Sadumugi ing griyå, cindhil wau tumuntên dipunopèni saé. Tatunipun dipungirah tumuntên binuntêl ing gombalan ngantos brukut. [5] Kacariyos lêt sawatawis dintên	ipun, kadospundi badhé wêkasaning kalampahanipun jalaran botên nggadhahi anak sémah tuwin sanak sadhèrèk. Sabên piyambakipun mikir dhatêng bab kålåwau, manahipun kraos botên sakécå, såyå dangu pamanahipun, sansåyå mindhak susahing manah. Wasånå lajêng tumungkul rawat waspå. Ing nalikå nêdhêngipun kaki sêpuh kålåwau wontên ing kawontênan ingkang kados makatên, dumadakan piyambakipun kagèt, sumêrêp wontên satunggaling tikus alit mårå saking nginggil, tumuntên dipunpurugi. Sarêng sampun cêlak, têrang ing sumêrêpipun bilih tikus kålåwau taksih cindhil. Badanipun pating trêncêm tatu kukuning pêksi galak. Kaki sêpuh wêlas sangêt manahipun. Cindhil lajêng dipunpêndhêt alon-alon, dipunbêktå lumêbêt ing griyå. Sadumugi ing griyå, cindhil kålåwau tumuntên dipunopèni saé. Tatunipun dipungirah tumuntên binuntêl ing gombalan ngantos brukut. [5] Kacariyos lêt sawatawis dintên saking mênikå, cindhil alit ingkang	*dia memikirkan hal tersebut, hatinya merasa tidak enak. Semakin dia memikirkannya, semakin merasa susah hatinya. Lalu matanya berkaca-kaca.* *Pada saat kakek tua sedang memikirkan hal tersebut, tiba-tiba dia terkejut melihat seekor tikus kecil yang datang dari atas, lalu dihampirinya. Setelah cukup dekat terlihat ternyata tikus tersebut masih berupa anak tikus. Badannya penuh dengan luka kuku burung. Kakek tua merasa iba hatinya. Anak tikus lalu diambilnya dengan hati-hati, dibawa masuk ke rumah. Setelah sampai di rumah, anak tikus itu segera dirawatnya dengan baik. Luka-lukanya dibalut dengan kain sampai rata.* *[5] Setelah selang beberapa hari, anak tikus yang dirawat tersebut sakitnya sudah berkurang, luka-lukanya sudah hampir sembuh. Sekarang sudah tidak diselimuti*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
saking mênikå, cindhil alit ingkang dipunopèni wau sakitipun sudå-sudå, tatunipun sampun mèh pulih babar pisan. Samênikå sampun botên dipunkêmuli gombalan malih, sampun sagêd nêdhå piyambak, botên susah dipundublag déning kaki-kaki wau. Sadèrènging badanipun agêng, tikus wau taksih tumut wontên ing griyaning kaki sêpuh wau. Sabên dintên tansah damêl sênênging manahipun tiyang wau. Manawi tiyang sêpuh wau dhatêng, tikus lajêng mêthuk, mènèk ing pundhaking kaki, nandhakakên senênging manahipun. Makatên salajêngipun ngantos sawatawis mångså, tikus wau dados réncanging gêsangipun kaki sêpuh kasêbut, ingkang sagêd damêl sudaning kasusahanipun tiyang wau jalaran samênikå rumaos nggadhahi kancaning [6] gêsangipun ingkang sêpi tur rêkaos mênikå. Anuju ing satunggilling dintên, tikus alit mênikå késah. Wiwit énjing ngantos dumugi ing wanci têngah dintên dèrèng dhatêng. Ing mångkå padatan sabên késah	dipunopèni kålåwau sakitipun sudå, tatunipunsampun mèh pulih babar pisan. Samênikå sampun botên dipunkêmuli gombalan malih, sampun sagêd nêdhå piyambak, botên susah dipundublag déning kaki-kaki kålåwau. Sadèrènging badanipun agêng, tikus kålåwau taksih tumut wontên ing griyaning kaki sêpuh kålåwau. Sabên dintên tansah damêl sênênging manahipun tiyang kålåwau. Manawi tiyang sêpuh kålåwau dhatêng, tikus lajêng mapag, mènèk ing pundhakingkaki, nandhakakên senênging manahipun. Makatên salajêngipun ngantos sawatawis mångså, tikus kålåwau dados réncanging gêsangipun kaki sêpuh kasêbut, ingkang sagêd damêl sudaning kasusahanipun tiyang kålåwau jalaran samênikå rumaos nggadhahi kancaning [6] gêsangipun ingkang sêpên tur rêkaos mênikå. Anuju ing satunggilling dintên, tikus alit mênikå késah. Wiwit énjing ngantos dumugi ing wanci têngah dintên dèrèng dhatêng. Ing mångkå padatan sabên késah tamtu boten dangu tumuntên mantuk. Ingkang	*lagi dan sudah bisa makan sendiri, tanpa harus disuapi oleh kakek tua tadi. Setiap hari selalu membuat senang hati kakek tadi.* *Setiap kakek tua itu datang, tikus lalu menghampiri dan naik di bahu kakek yang menandakan senang hatinya. Begitu seterusnya sampai beberapa saat, tikus tersebut menjadi teman hidup kakek tua yang bisa membuat kesusahan hatinya berkurang karena sekarang telah mempunyai teman di [6] hidupnya yang susah.* *Pada suatu hari, tikus kecil itu pergi dari pagi sampai tengah hari belum juga kembali. Padahal, setiap pergi selang berapa lama dia akan pulang. Hal ini tentu membuat susah hati kakek tua. Dia merasa was-was kalau seandainya tikus yang disayanginya tersebut ditangkap orang.* *Bila itu terjadi, hidupnya tentu akan sendirian seperti yang sudah-*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
tamtu boten dangu tumuntên mantuk. Ingkang makatên wau tamtu kémawon damêl susahing manahipun kaki-**<ka>ki**[1] wau. Manahipun sumêlang, mangké nèk tikus ingkang dipuntrêsnani wau dipunkålå ing tiyang. Manawi ngantos kalampahan makatên, gêsangipun tamtu badhé tanpå réncang kados ingkang sampun-sampun. Kaki sêpuh anggènipun ngêntosi ngantos kêsêl, dipunslamur mlampah-mlampah wira-wiri wontên ing kêbonan. Ngantos wanci sêrap suryå tikus mêksså botên katingal dhatêng. Kaki sêpuh tumuntên lumêbêt ing griyå, nyumêt dilah thinthir alit, ingkang **uru{b}ipun**[2] botên sêpintênå padhangipun tumuntên linggih wontên ing lincak kaliyan ngê[7]ntosi dhatênging woding manahipun. Kintên-kintên ing wanci dalu, kaki sêpuh sampun radi jèngkèl manahipun jalaran pangintênipun tikusipun bok-manawi pinêjahan ing tiyang, jalaran ngantos samantên dangunipun anggènipun ngêntosi mêksså dèrèng dhatêng. Kaki	makatên kålåwau tamtu kémawon damêl susahing manahipun kaki-kaki kålåwau. Manahipun sumêlang, mangké manawi tikus ingkang dipuntrêsnani kålåwau dipunkålå ing tiyang. Manawi ngantos kalampahan makatên, gêsangipun tamtu badhé tanpå réncang kados ingkang sampun-sampun. Kaki sêpuh anggènipun ngêntosi ngantos sayah, dipunslamur mlampah-mlampah wira-wiri wontên ing kêbonan. Ngantos wanci sêrap suryå tikus mêksså botên katingal dhatêng. Kaki sêpuh tumuntên lumêbêt ing griyå, nyumêt dilah thinthir alit, ingkang urubipun botên sêpintênå padhangipun tumuntên lênggah wontên ing lincak kaliyan ngê[7]ntosi dhatênging woding manahipun. Kintên-kintên ing wanci dalu, kaki sêpuh sampun radi jèngkèl manahipun jalaran pangintênipun tikusipun bok-manawi pinêjahan ing tiyang, jalaran ngantos samantên dangunipun anggènipun ngêntosi mêksså dèrèng dhatêng. Kaki sêpuh sampun karaos arip. Niyatipun sumêdyå badhé tilêm, nanging mêksså botên sagêd, tansah kèngêtan	*sudah. Kakek tua menunggu sampai lelah, lalu dialihkan dengan berjalan-jalan di kebun. Sampai petang tikus belum juga pulang. Kakek tua segera kembali ke rumah, menyalakan penerangan yang nyalanya tidak begitu terang lalu duduk di bangku sambil [7] menunggu kedatangan kesayangan hatinya.* *Kira-kira sudah malam, kakek tua merasa jengkel karena dikiranya tikus tadi sudah dibunuh orang, karena sampai begitu lamanya menunggu tikus belum datang. Kakek tua sudah merasa mengantuk. Dia berniat akan segera tidur, tetapi tidak bisa karena selalu teringat dengan peliharaan yang disayanginya.* *Kira-kira jam tiga malam, kakek tua kaget karena tikus itu sudah duduk di tempatnya dengan membawa suatu barang yang bercahaya, lalu dilihatnya dengan*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
sêpuh sampun karaos arip. Niyatipun sumêdyå badhé tilêm, nanging mêksså botên sagêd, tansah kèngêtan dhatêng ingon-ingonipun ingkang dipuntrêsnani wau. Watawis jam sêtêngah tigå dalu, kaki sêpuh kagèt sangêt jalaran tikusipun sampun linggih wontên ing panggonipun kaliyan mbêktå satunggaling barang ingkang måwå cahyå tumuntên dipunwaspåosakên mênåpå barang ingkang dipunbêktå dêning tikus wau. Wasånå têrang sumêrêpipun bilih [8] **(lih)**[3] barang ingkang dipunbêktå dêning tikusipun wau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil. Kados mênåpå sênenging kaki sêpuh wau botên **k{é}nging**[4] kacariyosakên. Jalaran pancèn tiyang mlarat, jêné wau dipunpêndhêt, ing batos, "É, lah, **bê{g}jå**[5] kêmayangan dêné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênå takanggo sangu urip sawatårå sasi, nanging mêngko gèk ngimpi aku iki".	dhatêng ingah-ingahipun ingkang dipuntrêsnani kålåwau. Watawis tabuh sêtêngah tigå dalu, kaki sêpuh kagèt sangêt jalaran tikusipun sampun lênggah wontên ing panggonipun kaliyan mbêktå satunggaling barang ingkang måwå cahyå tumuntên dipunwaspåosakên mênåpå barang ingkang dipunbêktå dêning tikus kålåwau. Wasånå têrang sumêrêpipun bilih [8] barang ingkang dipunbêktå dêning tikusipun kålåwau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil. Kados mênåpå bingahing kaki sêpuh kålåwau botênkénging kacariyosakên. Jalaran pancèn tiyang mlarat, jêné kålåwau dipunpêndhêt, ing batos "É, lah, bêgjå kêmayangan dêné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênå takanggo sangu urip sawatårå sasi, nanging mêngko gèk ngimpi aku iki". Paningalipun dipunucêk-ucêk ngantos wongsal-wangsul. Jêné dipuntingali, dipungrayangi. Sarêng sampun têrang	*seksama apa yang dibawa tikus itu.* *Setelah terang penglihatannya [8] bahwa barang yang dibawa oleh tikusnya adalah emas yang besar, kira-kira sebesar batu kerikil. Betapa senangnya hati kakek tua itu sampai tidak bisa diceritakan. Memang karena orang miskin, emas lalu diambil dan dalam hati dia berkata, "Wah, beruntung sekali aku bisa menemukan emas sebesar ini. Walau hanya kecil, tetapi bagiku sudah banyak. Bisa ku gunakan untuk hidup beberapa bulan, tapi jangan-jangan aku hanya bermimpi?"* *Matanya diusap berkali-kali. Emas dilihat, dirabanya. Setelah nyata, dia segera ke dapur mengambil tempat makan untuk tikus yang sudah disiapkan sejak tadi siang, lalu tikus segera makan. Kekek tua tidur nyenyak semalaman.* *[9] Pagi harinya, kakek tua segera mengambil emasnya dan*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
Mripatipun dipunucêk-ucêk ngantos wongsal-wangsul. Jêné dipuntingali, dipungrayangi. Sarêng sampun têrang pangraosipun bilih kawontênan mênikå nyåtå, piyambakipun tumutên dhatêng ing pawon mêndhêt cadhongan têdhå ing tikus ingkang kasamiyakakên kanggé ing wau siyang, tumutên tikus kapurih nêdhå. Sasampunipun, kaki sêpuh tumuntên tilêm ngantos sadalu tanpå nglilir. [9] Sarêng énjingipun, kaki sêpuh énggal mêndhêt jênénipun, tumuntên kabêktå dhatêng ing salêbêting nagari, kasadé. Pêpajênganipun tumuntên katumbasakên kabêtahaning griyå sacêkapipun sartå tirahanipun kasimpên kabêktå mantuk. Makatên salajêngipun tikus alit wau sabên dintên ing wanci dalu tamtu mbêktå jêné, damêl såyå mindhak agênging katrêsnanipun kaki sêpuh ing piyambakipun. Lami-lamining lami, kaki sêpuh wau sagêd dados tiyang sugih. Jalaran wonten ing dhusun rumaos kirang sênêng, tur inggih sêpên sanak	pangraosipun bilih kawontênan mênikå nyåtå, piyambakipun tumutên dhatêng ing pawon mêndhêt cadhongan têdhå ing tikus ingkang kasadhiyakakên kanggé ing kålåwau siyang,tumutên tikus kapurih nêdhå. Sasampunipun, kaki sêpuh tumuntên saré ngantos sadalu tanpå nglilir. [9] Sarêng énjingipun, kaki sêpuh énggal mêndhêt jênénipun, tumuntên kabêktå dhatêng ing salêbêting nagari, kasadé. Pêpajênganipun tumuntên katumbasakên kabêtahaning griyå sacêkapipun sartå tirahanipun kasimpên kabêktå kondur. Makatên salajêngipun tikus alit kålåwau sabên dintên ing wanci dalu tamtu mbêktå jêné, damêl såyå mindhak agênging katrêsnanipun kaki sêpuh ing piyambakipun. Lami-lamining lami, kaki sêpuh kålåwau sagêd dados tiyang sugih. Jalaran wonten ing dhusun rumaos kirang bingah, kaliyan inggih sêpên sanak sadhèrèk, milå saking mênikå kaki-kaki kålåwau tumuntên pindhah dhatêng ing nagari, gêgriyå wontên ing ngriku. Tikus inggih dipunbêktå, langgêng dados	*segera dibawanya ke kota untuk dijual. Hasil jualannya segera dibelikan kebutuhan rumah secukupnya dan sisanya disimpan dibawa pulang. Begitu seterusnya tikus kecil setiap malam selalu membawa emas, yang membuat semakin sayangnya kakek tua kepadanya. Lama-lama, kakek tua dapat menjadi orang kaya.* *Karena di desa merasa kurang senang dan karena tidak bersaudara, maka dari itu kakek tua pindah ke kota, bermukim di sana. Tikus juga dibawanya, dan selamanya menjadi teman hidupnya sampai mati.*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
sadhèrèk, milå saking mênikå kaki-kaki wau tumuntên pindhah dhatêng ing nagari, gêgriyå wontên ing ngriku. Tikus inggih dipunbêktå, langgêng dados réncanging gêsang ngantos dimugi ing pêjahipun.	réncanging gêsang ngantos dimugi ing pêjahipun.	
[10] Sujåkå Ing dhusun Karang Gênêng wontên laré jêjåkå kêkalih sami mêmitran sangêt, saé anggènipun pitêpangan. Jêjåkå wau ingkang satunggal nami Sujåkå lan satunggalipun Kasmin. Laré kêkalih wau padamêlanipun ing sabên dintên ngréncangi tiyang sêpuhipun sêsabin utawi ngêngèn mahéså tuwin méndånipun. Anuju ing satunggaling dintên, Sujåkå lan Kasmin sami angèn dhatêng ing årå-årå kalawan dêdolanan kados limrahipun laré dhusun. Sarêng sampun radi siyang, Sujåkå lajêng wicantên, "Kas, Kas, tinimbangané thênguk-thênguk ora ånå sambèné åpå-åpå, harak prayogå omong-omong. Kêboné sik bèn tininggal ing kono baé, dicancang. Ayo pådhå ngêngaso ånå sangisoring wit waringin ing	[10] Sujåkå Ing dhusun Karang Gênêng wontên laré jêjåkå kêkalih ingkang sami mêmitran sangêt såhå saé anggènipun pitêpangan. Jêjåkå kålåwau ingkang satunggal nåmå Sujåkå såhå satunggalipun Kasmin. Laré kêkalih kålåwau padamêlanipun ing sabên dintên ngréncangi tiyang sêpuhipun sêsabin utawi ngêngèn mahéså tuwin méndånipun. Anuju ing satunggaling dintên, Sujåkå kaliyan Kasmin sami angèn dhatêng ing årå-årå kalawan dêdolanan kados limrahipun laré dhusun. Sarêng sampun radi siyang, Sujåkå lajêng wicantên "Kas, Kas, tinimbangané thênguk-thênguk ora ånå sambèné åpå-åpå, harak prayogå omong-omong. Kêboné sik bèn tininggal ing kono baé, dicancang. Ayo pådhå ngêngaso ånå sangisoring wit waringin ing kånå kaé."	[10] *Sujaka* *Di desa Karang Geneng, ada dua anak laki-laki yang sangat berteman baik. Laki-laki tersebut yang satu bernama Sujaka dan satunya bernama Kasmin. Setiap hari keduanya membantu orang tua mereka bersawah atau menggembalakan kerbau dan kambing mereka.* *Pada suatu hari, Sujaka dan Kasmin sedang menggembala di lapangan sambil bermain seperti anak desa lainnya. Setelah siang, Sujaka lalu berkata, "Kas, Kas, daripada duduk-duduk tidak ngapa-ngapain, bagaimana kalau kita mengobrol. Kerbaunya ditinggal dulu saja, diikat. Ayo istirahat di*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
kånå kaé.” Wangsulanipun Kasmin, “Iyå Kå, pra[11]yogå.” Laré kêkalih lajêng sami lumampah gêgandhèngan tangan tumuju sangandhaping wit waringin ingkang agêng. Ronipun ngrêmbuyung, ingkang kathah wohipun alit-alit ingkang njalari kathahing pêksi ingkang sami såbå ing ngriku. Pancèn sampun sapantêsipun bilih mênikå **satunggal{i}ng**[6] pangauban ingkang prayogi. Sadumugi ing ngandhap waringin, lajêng sami tåtå linggih. Sujåkå lajêng miwiti wicantên, “Apå Kas saiki omongané?” Wangsulanipun, “Lah, kowé åpå, aku rak wis kon tåtå, ora sugih lan ora kaduk omong”. “Iyå, aku Kas, mau bêngi mêntas nonton wayang lulang. Lakoné apik bangêt.” “Lakoné åpå, Kå? Gambiranom åpå?” “Ah, ora. Dudu gambiranom nanging anu, åpå... [12] É, anu dhing lakoné Sugriwå Subali.” “Êm..... lah, wong kok kåndhå têkå, ora ajak-ajak. Wah ramé têmênan kuwi.”	Wangsulanipun Kasmin “Iyå Kå, pra[11]yogå.” Laré kêkalih lajêng sami lumampah gêgandhèngan astå tumuju sangandhaping wit waringin ingkang agêng. Ronipun ngrêmbuyung, ingkang kathah wohipun alit-alit ingkang njalari kathahing pêksi ingkang sami såbå ing ngriku. Pancèn sampun sapantêsipun bilih mênikå satunggaling pangauban ingkang prayogi. Sadumugi ing ngandhap waringin, lajêng sami tåtå lênggah. Sujåkå lajêng miwiti wicantên, “Apå Kas saiki omongané?” Wangsulanipun “Lah, kowé åpå, aku rak wis kon tåtå, ora sugih lan ora kaduk omong”. “Iyå, aku Kas, mau bêngi mêntas nonton wayang lulang. Lakoné apik bangêt.” “Lakoné åpå, Kå? Gambiranom åpå?” “Ah, ora. Dudu gambiranom nanging anu, åpå... [12] É, anu dhing lakoné Sugriwå Subali.” “Êm..... lah, wong kok kåndhå têkå, ora ajak-ajak. Wah ramé têmênan kuwi.” “Iyå pancèn, nanging tumraping aku ora ånå apa-apané kang narik ing pamikirku. Mung baé aku gumun, têkå ånå aji-aji sing diarani	*bawah pohon beringin di sana.”* *Jawaban Kasmin “Iya, baik[11] itu.” Kedua lelaki itu berjalan bergandengan tangan menuju bawah pohon beringin yang besar. Daunnya rimbun, buahnya kecil-kecil yang membuat banyak burung yang ber tengger di situ. Memang sudah sepantasnya tempat itu menjadi tempat yang nyaman.* *Setelah tiba di sana, Sujaka memulai pembicaraan, “Kas, sekarang mau membicarakan apa?” Jawabannya, “Kamu saja, aku sudah menyiapkan tempatnya. Aku juga tidak pandai bicara”. “Iya Kas, tadi malam aku melihat wayang kulit. Lakonnya bagus sekali.” “Lakonnya apa, Ka? Apa **Gambiranom**[(1)]?” “Ah, bukan. Bukan Gambiranom tapi apa ya, [12]o iya, lakonnya **Sugriwa**[(2)] **Subali**[(3)].”* *“Lah, kamu datang kok tidak mengajakku. Pasti rame.”“Iya, tetapi menurutku tidak ada yang*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
“Iyå pancèn, nanging tumraping aku ora ånå apa- apané kang narik ing pamikirku. Mung baé aku gumun, têkå ånå aji-aji sing diarani pâncåsonå iku såkå panimbangmu kapriyé?” “Yen såkå pangrasaku, kang disêbut-sêbut **aj{i}-aji**[7] Pâncåsonå **(sonå)**[8] iku ora têkå aji kang satêmêné, nanging mung såkå kaprigêlané. Umpamané kåyå Subali, mêngkono ugå Dåsåmukå lan bok-manåwå ånå liyané manèh. Yèn tumrap ing aku, têkå ora pati ngandêlå iku, lah yèn kowé kapriyé, Kå?” “Yèn aku Kas, iyå ngandêl iyå ora.Kåyå déné caritané êmbah-êmbah biyèn, ånå kang têguh ba[13]rang kaé kapriyé, hårå?” “Iyå yå. Yèn ånå ha tênan têkå ånå mèmpêré.” Makatên salajêngipun laré kêkalih wau sami omong-omongan. Wasånå ngantos sami katilêman. Sujåkå lumampah ijèn sumêdyå badhé ngupadosi satunggaling jimat utawi barang ingkang nggadhahi dåyå kados déné upaminipun pâncåsonå, alugårå,	pâncåsonå iku såkå panimbangmu kapriyé?” “Yen såkå pangrasaku, kang disêbut-sêbut aji-aji Pâncåsonå sonå iku ora têkå aji kang satêmêné, nanging mung såkå kaprigêlané. Umpamané kåyå Subali, mêngkono ugå Dåsåmukå lan bok-manåwå ånå liyané manèh. Yèn tumrap ing aku, têkå ora pati ngandêlå iku, lah yèn kowé kapriyé, Kå?” “Yèn aku Kas, iyå ngandêl iyå ora. Kåyå déné caritané êmbah-êmbah biyèn, ånå kang têguh ba[13]rang kaé kapriyé, hårå?” “Iyå yå. Yèn ånå ha tênan têkå ånå mèmpêré.” Makatên salajêngipun laré kêkalihkålåwau sami wicantênan. Wasånå ngantos sami katilêman. Sujåkå lumampah ijèn sumêdyå badhé ngupadosi satunggaling jimat utawi barangingkang nggadhahi dåyå kados déné upaminipun pâncåsonå, alugårå, sêsaminipun ingkang taksih dados piyandêlipun têtiyang ing padhusunan bilih ingkang kados makatên kålåwau sagêd ndayani sayêktos. Lampahipun turut ing margi agêng namung mbêkta sangu têkên alit kanggé	*menarik. Tapi aku bingung, ada aji-aji yang disebut **Pancasona**[(4)], menurutmu bagaimana?”* *“Menurutku, yang disebut aji-aji **Pancasona**[(4)] itu bukan aji-aji yang sebenarnya, tapi karena kemampu annya. Misalnya Subali dan **Dasamuka**[(5)] dan mungkin yang lainnya. Kalau aku tidak begitu percaya, kalau kamu, Ka?”* *“Kalau aku, Kas. Ya percaya ya tidak. Seperti cerita kakek nenek dahulu, ada yang teguh [13] itu, bagaimana?” “Iya, ya. Kalau ada ya mungkin.”Begitu seterusnya kedua lelaki itu bercakap-cakap. Akhirnya sampai ketiduran.* *Sujaka berjalan sendirian akan mencari suatu jimat atau barang yang mempunyai kekuatan seperti Pancasona, Alugara, dan sejenisnya yang menurut orang-orang benda itu dipercaya memberikan kekuatan.* *Perjalanannya melewati jalan*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
sêsaminipun ingkang taksih dados piyandêlipun têtiyang ing padhusunan bilih ingkang kados makatên wau sagêd ndayani sayêktos. Lampahipun turut ing margi agêng namung mbêktå sangu têkên alit kanggé ngréncangi lampahipun. Lampahipun kasurang-surang turut margi jalaran panci [14] sawêg sapisan mênikå nglampahi lêlampahan têbih. Lampahipun nglangkungi padhusunan sartå patêgilan tuwin sabin-sabin ingkang wasananipun anjog ing wånå tarataban. Sujåkå kraos sayah badanipun, tumuntên lèrèh wontêning sangandhaping mandirå ingkang sakalangkung kêtêl ronipun, damêl lam-laming manahipun. Dèrèng patoså dangu anggènipun ngaso, dumadakan wontên kaki-kaki sêpuh murugi. Manawi dipunsawang lan dipuntamatakên dêning Sujåkå, têkå kaki sêpuh wau mèmpêr kaliyan satunggaling pandhitå ingkang gêntur kasutapanipun. Lêlampah tanpå rowang, namung akanthi têkên alit kanggé ngiyatakên lampah	ngréncangi lampahipun. Lampahipun kasurang-surang turut margi jalaran panci [14] sawêg sapisan mênikå nglampahi lêlampahan têbih. Lampahipun nglangkungi padhusunan sartå patêgilan tuwin sabin-sabin ingkang wasananipun dumugi ing wånå tarataban. Sujåkå kraos sayah badanipun, tumuntên lèrèh wontên ing sangandhaping wit waringin ingkang sakalangkung kêtêl ronipun, damêl lam-laming manahipun. Dèrèng patoså dangu anggènipun ngaso, dumadakan wontên kaki-kaki sêpuh murugi. Manawi dipunsawang såhå dipuntamatakên dêning Sujåkå, têka kaki sêpuh wau mèmpêr kaliyan satunggaling pandhitå ingkang gêntur kasutapanipun. Lêlampah tanpå rowang, namung akanthi têkên alit kanggé ngiyatakên lampah tumraping badan ingkang sampun thiklu-thiklu kålåwau. Såyå dangu lampahipun sang Pandhitå såyå cêlak. Wasånå sarêng dumugi ing sanga[15]jênging Sujåkå lajêng mandhêg grêg, kalawan nyawang ing wadananipun laré nènèman kålåwau.	*besar hanya membawa tongkat kecil sebagai teman perjalanannya. Perjalanannya terlunta-lunta karena memang [14] baru pertama kali melakukan perjalanan jauh. Perjalanannya melewati desa serta ladang dan sawah-sawah yang akhirnya di hutan yang rimbun. Sujaka merasa lelah, lalu istirahat dibawah pohon beringin yang lebat daunnya sehingga membuat tenang hatinya.* *Belum begitu lama dia beristirahat, tiba-tiba ada kakek tuamendatanginya. Jika dilihat dan diamati, kakek tua tadi seperti seorang pandita yang rajin bertapa. Pandita itu berjalan sendirian dan hanya membawa tongkat kecil untuk menguatkan jalannya karena badannya sudah renta. Semakin lama sang Pandita semakin dekat. Setelah sampai di [15] depan Sujaka lalu berhenti sambil melihat muka anak muda itu.*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
tumraping badan ingkang sampun thiklu-thiklu wau. Såyå dangu lampahipun sang Pandhitå såyå cêlak. Wasånå sarêng dumugi ing sanga[15]jênging Sujåkå lajêng mandhêg grêg, kalawan nyawang ing wadananipun laré nènèman wau. Kaki sêpuh wau ngandikå, "É, Ênggèr putuku. Yèn dak sawang-sawang, kåyå-kåyå ing wêktu iki kowé lagi nandhang sawijining kasusahan. Prasåjåå Ênggèr, åpå kang dadi kasusahaning atimu iku, bok-manåwå si Kaki biså awèh pituduh kang njalari padhanging atimu." Atur wangsulanipun Sujåkå, "Nuwun inggih kasinggahan dhawuh pangandikanipun sang Pukulun, bilih sajatosipun kulå mênikå laré ingkang nandhang påpå cintråkå, anaking tiyang dhusun mlarat ingkang sêdyaning manah namung badhé ngupados sarånå, sagêd kulå nyakécakakên gêsanging tiyang sêpuh kulå ingkang kasrakat wau. Dhuh Sang Pukulun, bok-inggih Padukå [16] sukå paring pitêdah ingkang sagêd njalari sakécaning gêsang kulå wau."	Kaki sêpuh wau ngandikå, "É, Ênggèr putuku. Yèn dak sawang-sawang, kåyå-kåyå ing wêktu iki kowé lagi nandhang sawijining kasusahan. Prasåjåå Ênggèr, åpå kang dadi kasusahaning atimu iku, bok-manåwå si Kaki biså awèh pituduh kang njalari padhanging atimu." Atur wangsulanipun Sujåkå, "Nuwun inggih kasinggahan dhawuh pangandikanipun sang Pukulun, bilih sajatosipun kulå mênikå laré ingkang nandhang påpå cintråkå, anaking tiyang dhusun mlarat ingkang sêdyaning manah namung badhé ngupados sarånå, sagêd kulå nyakécakakên gêsanging tiyang sêpuh kulå ingkang kasrakat kålåwau. Dhuh Sang Pukulun, bok-inggih Padukå [16] sukå paring pitêdah ingkang sagêd njalari sakécaning gêsang kulå kålåwau." Sang Pandhitå tumuntên ngandikå, "Iyå, Ênggèr. Nanging mêngko dhisik yå. Sadurungé aku awèh pitutur utåwå awèh dêdalan åpå kang prayogå kolakoni, luwih dhisik aku takon åpå kanggo sêdyå, åpå kang dadi gêgayuhanmu supåyå mangêrti tå aku, kapriyé pituduh kang bakal sun	*Kakek tua berkata, "Nak, cucuku. Jika ku lihat sepertinya sekarang ini kamu sedang bersusah hati. Jujurlah, Nak, apa yang menjadi penyebab susahnya hatimu, mungkin Si Kakek ini bisa memberi petunjuk yang bisa menyebabkan terangnya hatimu."* *Jawaban Sujaka, "Duli Tuanku, memang betul sabda Tuan.. Bahwa sebenarnya saya adalah anak yang menderita, anak dari orang desa yang miskin yang hanya berniat ingin mencari sarana,supaya bisa membuat hidup orang tua saya menjadi lebih baik. Tuan, tolong berilah [16] petunjuk yang bisa menyebabkan hidup saya menjadi baik."* *Sang Pandita segera berkata, "Iya, Nak. Tetapi sebentar. Sebelum aku beri petunjuk atau jalan apa yang akan kau jalani, lebih dulu aku bertanya, apa yang menjadi cita-citamu, supaya aku tahu, petunjuk*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
Sang Pandhitå tumuntên ngandikå "Iyå, Ênggèr. Nanging mêngko dhisik yå. Sadurungé aku awèh pitutur utåwå awèh dêdalan åpå kang prayogå ko-lakoni, luwih dhisik aku takon åpå kanggo sêdyå, åpå kang dadi gêgayuhanmu supåyå mangêrti tå aku, kapriyé pituduh kang bakal sun paringaké marang sirå." Sujåkå : "Nuwun kasingihan dhawuh pangandikå Tuwan. Ananging Padukå, mångså kêkilapånå ingkang dados karêntênging manah kulå." Pandhitå : "Iyå, bênêr kandhamu Ênggèr. Ananging, kang kåyå mangkono iku orakênå katindakaké déning påra pandhitå, åpå manèh kåyå aku. Amargå kang mangkono iku ndadèkaké kasiku ing Pangéran lan bakal dinukan kalawan bêbênduné kang Agung." [17]Sujåkå : "Nuwun inggih sang Wiku. Sajatosipun anggèn kawulå kêråyå-råyå késah saking griyå pêrlu badhé ngupadosi jêjimat **ing(king)kang**[9] winastan påncåsonå tuwin alugårå. Sanyåtå nêng nålå, kagunganipun Sang Hyang Prabu	paringaké marang sirå." Sujåkå : "Nuwun kasingihan dhawuh pangandikå Tuwan. Ananging Padukå, mångså kêkilapånå ingkang dados karêntênging manah kulå." Pandhitå : "Iyå, bênêr kandhamu Ênggèr. Ananging, kang kåyå mangkono iku ora kênå katindakaké déning påra pandhitå, åpå manèh kåyå aku. Amargå kang mangkono iku ndadèkaké kasiku ing Pangéran lan bakal dinukan kalawan bêbênduné kang Agung." [17]Sujåkå : "Nuwun inggih sang Wiku. Sajatosipun anggèn kawulå kêråyå-råyå késah saking griya pêrlu badhé ngupadosi jêjimat ingkang winastan påncåsonå tuwinalugårå. Sanyåtå nêng nålå, kagunganipun Sang Hyang Prabu Bålådewå, supados cêkap kêkiyatan kulå kanggé nanggulangi sadayaning rêribêd tuwin nêting manah kulå, pancèn badhé ngangkah sagêdå jumênêng naréndrå ingkang ing wasånå sagêdå damêl pamarêming manah kulå." Pandhitå : "O, dadi mangkono kang dadi karêpmu, ênggèr. Mangkono dak tuturi yå, kowé rak iyå mangêrti tå yèn Sang Prabu	*apa yang akan ku berikan padamu."* *Sujaka : "Duli Tuanku, memang betul sabda Tuan. Tetapi Tuan, mana mungkin salah apa yang menjadi keinginan hati saya itu."* *Pandita : "Iya, benar katamu. Tetapi yang begitu itu tidak bisa dilakukan oleh para pandita, apalagi seperti aku. Karena yang begitu akan membuat kemarahan Tuhan dan akan diberi balasannya.* *[17] Sujaka : "Terima kasih, Pandita. Sebenarnya saya yang terlunta-lunta ini pergi dari rumah bertujuan untuk mencari jimat yang disebut Pancasona dan **Alugara**[(6)]. Kenyataannya milik **Prabu Baladewa**[(7)] supaya kekuatan saya cukup untuk menanggulangi samua halangan dan keinginan hati saya memang supaya dapat menjadi raja yang akan membuat puas hati saya."* *Pandita : "O, jadi itu yang menjadi kehendakmu, Nak. Aku beri tahu ya, kalau Sang Prabu Dasamuka itu*

lajêngipun *tabel*

Asiling *Suntingan Teks Edisi Standar*	**Asiling *Terjemahan Teks* Nggantos *Ragam* Basaning *Teks***	**Asiling *Terjemahan Teks***
> Pandhitå : **"Iyå, bênêr kandhamu Ênggèr. Ananging kang kåyå mangkono iku ora kênå katindakaké déning pårå pandhitå, åpå manèh kåyå aku. Amargå kang mangkono iku ndadèkaké kasiku ing Pangéran lan bakal dinukan kalawan bêbênduné kang Agung."** (II.16.)

Terjemahan-ipun,

> *Sang Pandita segera berkata, "Iya, Nak. Tetapi sebentar. Sebelum aku beri petunjuk atau jalan apa yang akan kau jalani, lebih dulu aku bertanya, apa yang menjadi cita- citamu, supaya aku tahu, petunjuk apa yang akan ku berikan padamu."*
>
> *Sujaka : "Duli Tuanku, memang betul sabda Tuan. Tetapi Tuan, mana mungkin salah apa yang menjadi keinginan hati saya itu."*
>
> *Pandita* : ***"Iya, benar katamu. Tetapi yang begitu itu tidak bisa dilakukan oleh para pandita, apalagi seperti aku. Karena yang begitu akan membuat kemarahan Tuhan dan akan diberi balasannya.*** (II.16.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå Sujåkå nyuwun dipuntêdahakên margi ingkang kêdah dipunlampahi supados sagêd dados tiyang ingkang langkung saé gêsangipun. Sang Pandhitå mundhut pirsa mênåpå ingkang dados sêdyaning manahipun Sujåkå. Sang Pandhitå botên sagêd nêdahakên mênåpå ingkang badhé kalampahan amargi piyambakipun ajrih dhumatêng bêbênduning Gusti.

Saking pêthikan dongèng ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt piwulang bilih manungså kêdah ajrih dhumatêng Gusti. Manungså kêdah nindakakên mênåpå ingkang dados Dhawuhipun såhå botên nindakakên mênåpå ingkang dados Awisanipun. Ajrihipun manungså dhumatêng Gusti mênikå amargi ajrih kaliyan bêbêndu ingkang badhé dipunparingakên Gusti manawi manungså mênikå nindakakên mênåpå ingkang dados Awisanipun.

Kajumbuhakên kaliyan *ajaran* agåmå Islam, Gusti Allah *berfirman* ing *Al Qur'an surat Al Mulk ayat* 12. *Terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Sesungguhnya orang-orang yang takut kepada Tuhannya Yang tidak nampak oleh mereka, mereka akan memperoleh ampunan dan pahala yang besar*. (Departemen Agama Republik Indonesia, 1992: 956)

Terjemahan ayat kasêbut nêdahakên bilih manungsâ kêdah ajrih dhumatêng Gusti Allah, sanajan Gusti Allah botên sagêd katingal. Manawi manungsâ ajrih dhumatêng Gusti, manungsâ badhé angsal *ampunan* sâhâ *pahala* ingkang agêng. Awit saking mênikâ, manungsâ kêdah nggadhahi sipat ajrih dhumatêng Gusti, amargi Gusti ningali mênâpâ ingkang manungsâ tindakakên.

c. Pitados *Takdir*-ipun Gusti

Wujud piwulang pitados *Takdir*-ipun Gusti ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit anèh* ing kâcâ 49. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikâ.

> Badanipun tiyang ingkang bândhâ-bandhu kados piyambakipun mênikâ kâlâwau tamtu ndamêl sakalangkung susahing manah, wondéné kataman sêsakit ingkang kados makatên. Sampun sintên-sintên pârâ dhoktêr tuwin dhukun ingkang kapurih njampèni, nanging botên wontên ingkang tumâmâ. **Wasânâ Kyai Sudagar namung mupus nyênyuwun ing Pangéran ingkang murbèng tuwuh, mugi-mugi paring sarânâ, sêsakitipun tumuntên mantun.** (III.49.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Badan orang yang kaya raya seperti dirinya itu tentu membuat hatinya susah karena menderita penyakit yang seperti itu. Sudah siapapun dokter dan dukun yang diminta menyembuhkan. Tetapi, tidak ada yang sanggup.* ***Akhirnya, saudagar itu pasrah, berdoa kepada Tuhan yang menguasai alam semoga memberi sarana dapat disembuhkan sakitnya.*** (III.49.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên kawontênaning badanipun Kyai Sudagar ingkang agêng badanipun amargi nêmbé nandhang satunggaling sêsakit. Kawontênan ingkang kados makatên ndamêl susahing manahipun. Kajawi mênikâ, dèrèng wontên dhukun utawi dhoktêr ingkang sagêd ndamêl mantun. Kyai Sudagar lajêng nyênyuwun dhumatêng Gusti supados sêsakitipun sagêd mantun.

Saking pêthikan dongèng ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt piwulang bilih manungsâ gêsang ing donyâ mênikâ kêdah pitados *takdir*-ipun Gusti. Manungsâ botên sagêd mangêrtosi mênâpâ ingkang badhé kalampahan ing gêsangipun. Sadâyâ

kadadosan ing donyå mênikå sampun wontên ingkang ngatur såhå ingkang nêtêpakên. Awit saking mênikå, manungså kêdah cêlak dhumatêng Gusti Allah.

Piwulangipun manungså kêdah pitados *takdir*-ipun Gusti, ugi kawrat wontên ing *teks SDWW* dongèng *Sêsakit Anèh* kåcå 52. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Wangsulanipun Kyai Dhukun, "Sumitrå, salêrêsipun sêsakit Panjênêngan sampun kulå pariksa, pinanggih sêsakitipun. Ananging, jampinipun dèrèng sagêd pinanggih **utawi bok-manawi sampun dados kodrating Pangéran. Milå saking mênikå, Panjênêngan Sumitrå kulå aturi mupus såhå narimah ing pandum tuwin kulå aturi nyênyuwun ing Pangéran supados énggal sagêd waluyå.**" (III.52.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Jawaban dukun, "Saudara, sebenarnya penyakit Anda sudah saya periksa dan menemukan penyakitnya. Tetapi, obatnya belum ketemu atau* ***mungkin sudah menjadi takdir Tuhan. Maka dari itu Saudara, Anda menyerah saja, terima itu dan berdoalah kepada Tuhan agar diberi kesembuhan."*** (III.52.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå Kyai Sudagar ingkang nyuwun dipunpriksa sêsakitipun déning Kyai Dukun. Kyai Dukun sampun mriksa sêsakitipun, ananging jampinipun dèrèng dipunpanggihakên. Sadayanipun mênikå sampun dados *takdir*-ipun Gusti dhatêng Kyai Sudagar. Kyai Dukun ndawuhi Kyai Sudagar supados narimå sêsakit mênikå kaliyan nyênyuwun dhumatêng Gusti supados sagêd mantun sêsakitipun.

Pêthikan sanèsipun, ugi ing *teks* dongèng *Sêsakit Anèh* kåcå 61. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sudagar : "Inggih, pikantuk pangèstu Padukå sagêd mantun. Ananging, kulå gumun sangêt. Satunggaling dhukun jampi linangkung kados Panjênêngan botên mangrêtos ing jampining sêsakit kulå. Bok-inggih kulå aturi ngandikani."
>
> Dhukun : "Inggih, sêjatosipun kulå inggih sagêd mangêrtos mênåpå ingkang dados usadanipun. Ananging, sarèh ning usadanipun mênikå sakalangkung angèl kaliyan **manawi botên wontên**

> **pitulunging Pangéran ingkang murbèng jagad botên sagêd badhé kalampahan.** (III.61.)

Terjemahan-ipun,

> *Saudagar : "Iya, saya mendapatkan restu dari Anda sehingga bisa sembuh. Tetapi saya* heran *sekali. Seorang dukun terkenal seperti Anda, tidak mengetahui obat penyakit saya. Tolong, beri tahu saya."*
> *Dukun :"Sebenarnya saya tahu obatnya. Tetapi usaha untuk* mendapatkannya *susah sekali.* ***Jika bukan karena pertolongan Tuhan tidak bisa terjadi.*** (III.61.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên Kyai Sudagar ingkang sampun mantun saking sêsakitipun. Kyai Sudagar lajêng nyuwun dipunngêndikani mênåpå ingkang dados jampinipun. Kyai Dukun mangsuli bilih sanajan piyambakipun mangêrtosi jampinipun, manawi botên dipuntulungi Gusti Allah botên sagêd mantun sêsakitipun. Pitulunganing Gusti Allah inggih mênikå *takdir*-ipun manungså, kanthi ndamêl mantun saking sêsakitipun.

Pêthikan *teks SDWW* ingkang ngêwrat piwulang pitados *takdir*-ipun Gusti ugi kawrat ing *teks* dongèng *Sêsakit Anèh* kåcå 65. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Makatên salajêngipun. Sarêng Kyai Sudagar sampun saras saèstu, lajêng nêtêpi ingkang dados ubayanipun, inggih mênikå sabên wulan tamtu sukå artå kathahipun f 250,- dhatêng laré èstri angèn kasêbut ing ngajêng ingkang njalari sakécaning gêsangipun tiyang tani ingkang rêkaos mênikå.
>
> **Makatên kålåwau sadåyå namung nandhakakên kuwasaning Pangéran ingkang murbèng alam bilih Panjênênganipun sagêd nindakakên sadåyå mênåpå ingkang dados karsanipun.** (III.65.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Begitu seterusnya. Setelah saudagar benar-benar sembuh, lalu dia menepati janjinya, yaitu setiap bulan memberikan uang sebesar f 250,- kepada anak perempuan penggembala tersebut di atas yang menyebabkan membaiknya hidup petani yang susah itu.*
>
> ***Begitulah, yang semuanya menandakan kekuasaan Tuhan bahwa Dia dapat melakukan semua yang menjadi kehendak-Nya.*** (III.65.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên bilih Kyai Sudagar sampun mantun sakit sêsakitipun, lajêng piyambakipun nêtêpi janjinipun inggih sabên wulanipun paring artå dhatêng laré èstri. Sadayanipun mênikå, inggih anggènipun paring saråna mantunipun Kyai Sudagar såhå laré èstri ingkang angsal artå, nêdahakên kuwaosipun Gusti Allah nêmtokakên *takdir*-ipun manungså.

Saking pêthikan cariyos ing nginggil, katingal bilih Gusti Allah sampun nêmtokakên *takdir*-ipun manungså piyambak-piyambak. Wontên manungså ingkang dipun-*takdir*-akên nglampahi sungkåwå rumiyin lajêng dipunparingi bingah, wontên manungså ingkang dipun-*takdir*-akên nglampahi bingah rumiyin lajêng nglampahi sungkåwå, sartå sanès-sanèsipun.

Gusti Allah ugi *berfirman* ing QS. Ali ‘Imran *ayat* 26. *Terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Katakanlah: “Wahai Tuhan yang mempunyai kerajaan, Engkau berikan kerajaan kepada orang yang Engkau kehendaki dan Engkau cabut kerajaan dari orang yang Engkau kehendaki. Engkau muliakan orang yang Engkau kehendaki dan Engkau hinakan orang yang Engkau kehendaki. Di tangan Engkaulah segala kebajikan. Sesunguhnya Engkau Maha Kuasa atas segala sesuatu.* (Departemen Agama Republik Indonesia, 1992: 79)

Saking *terjemahan ayat* ing nginggil, kaandharakên bilih Gusti Allah mênikå kagungan kuwaos kanggé nêmtokakên *takdir*-ipun manungså. Gusti Allah botên badhé milih-milih sintên ingkang badhé dipunparingi bingah utawi sungkåwå. Kanthi pitados kaliyan *takdir*-ipun Gusti, manungså sagêd nyumingkiri sipat *takabur*. Manungså badhé ngrumaosi bilih *keberhasilan, kesuksesan,* sahå *kebahagiaan* ingkang dipuntampi mênikå saking *takdir*-ipun Allah SWT. Awit saking mênikå, manungså kêdah tumindak kanthi sumèlèh såhå nlglampahi pagêsangan kanthi sabar.

d. Nyênyuwun namung dhumatêng Gusti

Wujud piwulang nyênyuwun namung dhumatêng Gusti ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit anèh* ing kåcå 49. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Badanipun tiyang ingkang båndhå-bandhu kados piyambakipun mênikå kålåwau tamtu damêl sakalangkung susahing manah, wondéné kataman sêsakit ingkang kados makatên. Sampun sintên-sintên pårå dhoktêr tuwin dhukun ingkang kapurih njampèni, nanging botên wontên ingkang tumåmå. **Wasånå Kyai Sudagar namung mupus nyênyuwun ing Pangéran ingkang murbèng tuwuh, mugi-mugi paring sarånå, sêsakitipun tumuntên mantun.** (III.49.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Badan orang yang kaya raya seperti dirinya itu tentu membuat hatinya susah karena menderita penyakit yang seperti itu. Sudah siapapun dokter dan dukun yang diminta menyembuhkan. Tetapi, tidak ada yang sanggup.* ***Akhirnya, saudagar itu pasrah, berdoa kepada Tuhan yang menguasai alam semoga memberi sarana dapat disembuhkan sakitnya.*** (III.49.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên kawontênaning badanipun Kyai Sudagar ingkang agêng amargi nêmbé nandhang satunggaling sêsakit. Kawontênan ingkang kados makatên ndamêl susahing manahipun. Kajawi mênikå, dèrèng wontên tiyang ingkang sagêd ndamêl mantun. Kyai Sudagar lajêng nyênyuwun dhumatêng Gusti supados sêsakitipun sagêd mantun.

Saking pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah nyênyuwun dhumatêng Gusti. Manawi manungså nêmbé gadhah prêkawis, manungså kêdah nyênyuwun dhumatêng Gusti supados sagêd nglampahi prêkawis mênikå. Kajumbuhakên kaliyan *ajaran* agåmå Islam, Gusti Allah sampun *berfirman* ing *Al Qur'an surat Al Mu'min ayat* 60, terjemahanipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Dan Tuhanmu berfirman: "Berdoalah kepada-Ku, niscaya akan Kuperkenankan bagimu. Sesungguhnya orang-orang yang menyombongkan*

diri dari menyembah-Ku akan masuk neraka Jahannam dalam keadaan hina dina". (Departemen Agama Republik Indonesia, 1992: 767)

Gusti Allah ndawuhi manungsâ supados nyênyuwun dhumatêng Panjênênganipun. Sok-sintênâ ingkang nyênyuwun dhumatêng Gusti, badhé dipunpunkabulakên. Awit saking mênikâ, manungsâ kêdah nyênyuwun sâhâ mêmuji dhumatêng Gusti Allah.

2. *Ajaran Moral* Gayutanipun Manungsâ dhatêng Sêsamining Dumados

Manungsâ botên sagêd gêsang piyambak ing donyâ mênikâ. Awit saking mênikâ, manungsâ kêdah tumindak ingkang saé dhatêng sêsamining dumados, inggih mênikâ dhatêng tiyang sanès, kéwan, mênâpâ déné *lingkungan*. Wondéné *ajaran moral* gayutanipun manungsâ dhatêng sêsamining dumados wontên ing *teks SDWW* kaandharakên wontên ing *tabel* ngandhap mênikâ.

Tabel 29. ***Ajaran Moral* Gayutanipun Manungsâ dhatêng Sêsamining Dumados**

No.	***Ajaran Moral***	***Indikator Ajaran Moral***	***Terjemahan***	**Kat.**
1.	*Menyaya-ngi binatang*	.....Kaki sêpuh wêlas sangêt manahipun. Cindhil lajêng dipunpêndhêt alon- alon, dipunbêktâ lumêbêt ing griyâ. Sadumugi ing griyâ, cindhil kâlâwau tumuntên dipunopèni saé. Tatunipun dipungirah tumuntên binuntêl ing gombalan ngantos brukut.	*.....Kakek tua merasa iba hatinya. Anak tikus lalu diambilnya dengan hati-hati, dibawa masuk ke rumah. Setelah sampai di rumah, anak tikus itu segera dirawatnya dengan baik. Luka-lukanya dibalut dengan kain sampai rata.*	I.4.
		..... Ingkang makatên wau tamtu kémawon damêl susahing manahipun kaki-kaki wau. Manahipun sumêlang, mangké nèk tikus ingkang dipun-trêsnani wau dipunkâlâ ing tiyang.	..... *Hal ini tentu membuat susah hati kakek tua. Dia merasa was-was kalau seandainya tikus yang disayanginya tersebut ditangkap orang.*	I.6.
		..... Kaki sêpuh sampun	..... *Kakek tua sudah*	I.7.

lajêngipun *tabel*

No.	*Ajaran Moral*	*Indikator Ajaran Moral*	*Terjemahan*	Kat.
	Menyaya-ngi binatang	karaos arip. Niyatipun sumêdyå badhé tilêm, nanging mêksså botên sagêd, tansah kèngêtan dhatêng ingon-ingonipun ingkang dipun-trêsnani wau.	*merasa mengantuk. Dia berniat akan segera tidur, tetapi tidak bisa karena selalu teringat dengan peliharaan yang disayanginya.*	I.7.
		.....tumutên dhatêng ing pawon mêndhêt cadhongan têdhå ing tikus ingkang kasamidhakakên kanggé ing wau siyang, tumutên tikus kapurih nêdhå.	*.....dia segera ke dapur mengambil tempat makan untuk tikus yang sudah disiapkan sejak tadi siang, lalu tikus segera makan.*	I.8.
2.	Bakti dhatêng tiyang sêpuh	..... Laré kêkalih wau padamêlanipun ing sabên dintên ngréncangi tiyang sêpuhipun sêsabin utawi ngêngèn mahéså tuwin méndanipun.	..... *Setiap hari keduanya membantu orang tua mereka bersawah atau menggembalakan kerbau dan kambing mereka.*	II.10.
3.	Tansah ngurmati tamu	..... Sasampuning bagé-binagé tumrap ing kawilujênganipun, dhukun tumuntên ngacarani lênggah.	..... *Setelah saling menanyakan kabar, dukun menyuruh duduk.*	III.50.
4.	Tulung-tinulung	Laré èstri matur, "Dhuh, Bêndårå, sajatosipun manawi toyå ing ngriki rêkaos sangêt pangupayanipun. Ananging manawi karså, kulå gadhah méndå ingkang nêmbé nyêmpé.....	*Anak itu menjawab, "Maaf Tuan, sebenarnya air di sini susah. Tetapi kalau mau, saya punya kambing yang baru menyusui."*	III.53.
5.	Malês budi	".....saiki ayo barêng aku tuduhnå omahmu, bakalå péngin wanuh karo wong tuwamu lan bakal malês kabêcikanmu."	*".....di mana rumahmu, aku ingin bertemu orang tuamu dan akan membalas kebaikanmu".*	III.59.
		"..... Sumånggå kulå nyaosi artå 5000,- minångkå bêbingah anggèn kulå kalêgan mangêrtos ing	*"..... Ini, saya berikan uang sejumlah 5000,- sebagai hadiah karena saya lega*	III.63.

lajêngipun *tabel*

No.	*Ajaran Moral*	*Indikator Ajaran Moral*	*Terjemahan*	Kat.
	Malês budi	jampinipun, kaliyan sêsakit kulå sagêd saras.”	*mengetahui obatnya dan penyakit saya bisa sembuh.”*	III.63.
6.	Nêtêpi janji	.....lajêng nêtêpi ingkang dados ubayanipun, inggih mênikå sabên wulan tamtu sukå artå kathahipun f 250,- dhatêng laré èstri angèn kasêbut ing ngajêng....	*.....lalu dia menepati janjinya, yaitu setiap bulan memberikan uang sebanyak 250,- kepada anak perempuan penggembala tersebut di atas .....*	III.64.

Saking *tabel* ing nginggil, sagêd dipuntingali *ajaran moral* utawi piwulang gayutanipun manungså dhatêng sêsamining dumados awujud *menyayangi binatang,* bakti dhatêng tiyang sêpuh, tansah ngurmati tamu, tulung-tinulung, malês budi, såhå nêtêpi janji. Sadayanipun kasêbut kaandharakên kados makatên.

a. *Menyayangi binatang*

Wujud piwulang *menyayangi binatang* ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Tiyang Tani lan Tikus* ing kåcå 4. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Ing nalikå nêdhêngipun kaki sêpuh wau wontên ing kawontênan ingkang kados makatên, dumadakan piyambakipun kagèt, sumêrêp wontên satunggaling tikus alit mårå saking nginggil, tumuntên dipunpurugi. Sarêng sampun cêlak, têrang ing sumêrêpipun bilih tikus wau taksih cindhil. Badanipun pating trêncêm tatu kukuning pêksi galak. **Kaki sêpuh wêlas sangêt manahipun. Cindhil lajêng dipunpêndhêt alon-alon, dipunbêktå lumêbêt ing griyå. Sadumugi ing griyå, cindhil wau tumuntên dipunopèni saé. Tatunipun dipungirah tumuntên binuntêl ing gombalan ngantos brukut**. (I.4.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Pada saat kakek tua sedang memikirkan hal tersebut, tiba-tiba dia terkejut melihat seekor tikus kecil yang datang dari atas, lalu dihampirinya. Setelah cukup dekat terlihat ternyata tikus tersebut masih berupa anak tikus. Badannya penuh dengan luka kuku burung.* ***Kakek tua merasa iba hatinya. Anak tikus lalu diambilnya dengan hati-hati, dibawa masuk ke rumah.***

> ***Setelah sampai di rumah, anak tikus itu segera dirawatnya dengan baik. Luka-lukanya dibalut dengan kain sampai rata.*** (I.4.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå kaki sêpuh nêmbé mênggalih gêsangipun, dumadakan wontên tikus ingkang mandhap saking wit nångkå kanthi tatu kukuning pêksi. Kaki sêpuh mêndhêt tikus mênika lajêng dipunopèni kanthi saé.

Bab manungså kêdah *menyayangi binatang* ugi kawrat ing dongèng *Tiyang Tani lan Tikus* ing kåcå 6. Pêthikanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

> Anuju ing satunggilling dintên, tikus alit mênikå késah. Wiwit énjing ngantos dumugi ing wanci têngah dintên dèrèng dhatêng. Ing mångkå padatan sabên késah tamtu boten dangu tumuntên mantuk. **Ingkang makatên wau tamtu kémawon damêl susahing manahipun kaki-kaki wau. Manahipun sumêlang, mangké nèk tikus ingkang dipuntrêsnani wau dipunkålå ing tiyang**. (I.6)
>
> Kintên-kintên ing wanci dalu, kaki sêpuh sampun radi jèngkèl manahipun jalaran pangintênipun tikusipun bok-manawi pinêjahan ing tiyang, jalaran ngantos samantên dangunipun anggènipun ngêntosi mêkså dèrèng dhatêng. Kaki sêpuh sampun karaos arip. **Niyatipun sumêdyå badhé tilêm, nanging mêkså botên sagêd, tansah kèngêtan dhatêng ingon-ingonipun ingkang dipuntrêsnani wau**. (I.6)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Pada suatu hari, tikus kecil itu pergi dari pagi sampai tengah hari belum juga kembali. Padahal, setiap pergi selang berapa lama dia akan pulang.* ***Hal ini tentu membuat susah hati kakek tua. Dia merasa was-was kalau seandainya tikus yang disayanginya tersebut ditangkap orang.*** (I.6)
>
> *Kira-kira sudah malam, kakek tua merasa jengkel karena dikiranya tikus tadi sudah dibunuh orang, karena sampai begitu lamanya menunggu tikus belum datang. Kakek tua sudah merasa mengantuk.* ***Dia berniat akan segera tidur, tetapi tidak bisa karena selalu teringat dengan peliharaan yang disayanginya.*** (I.6)

Pêthikan dongèng ing nginggil nyariyosakên nalikå tikus alit késah ngantos dangu, botên kados padatanipun. Kaki sêpuh dados susah manahipun. Piyambakipun tansah sumêlang manawi tikusipun dipunkålå déning tiyang.

Ngantos dumugi dalu, tikus dèrèng dhatêng. Kaki sêpuh rumaos jèngkèl, ing pangintênipun tikus ingkang dipuntrésnani mênikå sampun pinêjahan ing tiyang. Lajêng kaki sêpuh kêpingin badhé saré, nanging tansah kèmutan tikusipun kasêbut. Kaki sêpuh susah manahipun. Sanadyan tå namung satunggaling kéwan alit, nanging kaki sêpuh sangêt trésnå kaliyan tikus mênikå awit sampun dados réncanging gêsangipun kaki sêpuh.

Saking pêthikan-pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah *menyayangi binatang*. Kéwan mênikå ugi *makhluk* ingkang dipundamêl Gusti, ingkang ugi gadhah munpangatipun. Kanthi *menyayangi binatang,* manungså sagêt tumut nglêstantunakên *lingkungan.*

b. Bakti dhatêng Tiyang Sêpuh

Wujud piwulang bakti dhatêng tiyang sêpuh ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sujåkå* ing kåcå 10. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Ing dhusun Karang Gênêng wontên laré jêjåkå kêkalih sami mêmitran sangêt, saé anggènipun pitêpangan. Jêjåkå wau ingkang satunggal nami Sujåkå lan satunggalipun Kasmin. **Laré kêkalih wau padamêlanipun ing sabên dintên ngréncangi tiyang sêpuhipun sêsabin utawi ngêngèn mahéså tuwin méndanipun**. (II. 10.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Di desa Karang Geneng, ada dua anak laki-laki yang sangat berteman baik. Laki-laki tersebut yang satu bernama Sujaka dan satunya bernama Kasmin.* ***Setiap hari keduanya membantu orang tua mereka bersawah atau menggembalakan kerbau dan kambing mereka.*** (II.10.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên wontên jêjåkå kalih ingkang sami mêmitran. Namaning jêjåkå kasêbut inggih Sujåkå kaliyan Kasmin. Sabên dintênipun Sujåkå kaliyan Kasmin sêsabin utawi angèn maéså tuwin méndanipun.

Pêthikan kasêbut ngêwrat piwulang bilih manungså kêdah bakti dhatêng tiyang sêpuhipun. Tiyang sêpuh tansah maringi katrêsnanipun dhatêng putra

putrinipun. Kitå minångkå putranipun kêdah bakti dhatêng tiyang sêpuh. Salah satunggaling cårå anggènipun bakti dhatêng tiyang sêpuh, inggih mênikå kanthi tansah ndêdongå kanggé tiyang sêpuh. Tiyang sêpuh sampun nggulåwênthah putranipun kanthi sabar. Kajawi kanthi tansah ndêdongå kanggé tiyang sêpuh, wujud bakti dhatêng tiyang sêpuh sagêd katindakakên kanthi nindakakên dhawuhipun.

Bab manungså kêdah bakti dhatêng tiyang sêpuh ugi kawrat ing dongèng *Sujåkå* ing kåcå 15. Pêthikanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

> Kaki sêpuh wau ngandikå, "É, Ênggèr putuku. Yèn dak sawang-sawang, kåyå-kåyå ing wêktu iki kowé lagi nandhang sawijining kasusahan. Prasåjåå Ênggèr, åpå kang dadi kasusahaning atimu iku, bok-manåwå si Kaki biså awèh pituduh kang njalari padhanging atimu."
>
> Atur wangsulanipun Sujåkå, "Nuwun inggih kasinggahan dhawuh pangandikanipun sang Pukulun, bilih sajatosipun kulå mênikå laré ingkang nandhang påpå cintråkå, **anaking tiyang dhusun mlarat ingkang sêdyaning manah namung badhé ngupados sarånå, sagêd kulå nyakécakakên gêsanging tiyang sêpuh kulå ingkang kasrakat wau**. Dhuh Sang Pukulun, bok-inggih Padukå sukå paring pitêdah ingkang sagêd njalari sakécaning gêsang kulå wau." (II.15)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Kakek tua berkata, "Nak, cucuku. Jika ku lihat sepertinya sekarang ini kamu sedang bersusah hati. Jujurlah, Nak, apa yang menjadi penyebab susahnya hatimu, mungkin Si Kakek ini bisa memberi petunjuk yang bisa menyebabkan terangnya hatimu."*
>
> *Jawaban Sujaka, "Duli Tuanku, memang betul sabda Tuan.. Bahwa sebenarnya* ***saya adalah anak yang menderita, anak dari orang desa yang miskin yang hanya berniat ingin mencari sarana, supaya bisa membuat hidup orang tua saya menjadi lebih baik****. Tuan, tolong berilah petunjuk yang bisa menyebabkan hidup saya menjadi baik."* (II.15)

Pêthikan dongèng ing nginggil nyariyosakên nalikå pandhitå ndangu Sujåkå ingkang nêmbé susah manahipun. Sujåkå mangsuli bilih piyambakipun putraning

tiyang dhusun ingkang mlarat såhå Sujåkå nggadhahi pêpinginan badhé nyêkécakakên gêsanging tiyang sêpuhipun ingkang mlarat mênikå.

Saking pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah bakti dhatêng tiyang sêpuhipun. Wontên ing cariyos, Sujåkå kêpingin nyêkécakakên gêsanging tiyang sêpuhipun. Tumindaking Sujåkå mênikå kalêbêt satunggaling wujud bakti dhatêng tiyang sêpuhipun.

Gusti Allah ndawuhi manungså supados ngurmati såhå bakti dhatêng tiyang sêpuhipun. Dhawuhipun Allah kasêbut kawrat ing Al Qur'an *surat* Al Isra *ayat* 23. *Terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Dan Tuhanmu telah memerintahkan agar kamu jangan menyembah selain Dia dan hendaknya berbuat baik kepada ibu bapak. Jika salah seorang diantara keduanya atau kedua-duanya sampai berusia lanjut dalam pemeliharaanmu, maka sekali-kali janganlah engkau mengatakan kepada keduanya perkataan "ah" dan janganlah engkau membentak keduanya, dan ucapkanlah kepada keduanya perkataan yang baik.* (Departemen Agama Republik Indonesia, 1992. 427)

Saking *terjemahan ayat* ing nginggil, Allah dhawuh dhatêng manungså supados manêmbah dhumatêng Allah kaliyan tumindak ingkang saé dhatêng tiyang sêpuh. Manawi salah satunggal utawi kêkalihipun taksih sugêng dumugi sêpuh, supados dipunrumat kanthi saé såhå matur kaliyan têtêmbungan ingkang saé.

Wontên ing Jawi, manungså dipunwulangakên supados bakti dhatêng tiyang sêpuh. Bêbasan ingkang jumbuh inggih kêdah mikul dhuwur mêndhêm jêro. Mikul dhuwur, inggih mênikå manungså kêdah *menghargai,* njagi nåmå saénipun tiyang sêpuh, sartå tansah *menjunjung tinggi derajat* tiyang sêpuh. Wondéné mêndêm jêro, inggih mênikå manungså kêdah nyimpên kabêcikanipun tiyang sêpuh ing manahipun sapêrlu supados sagêd tansah kèngêtan såhå sampun ngantos ngrisak nåmå saénipun tiyang sêpuh.

c. Tansah Ngurmati Tamu

Wujud piwulang tansah ngurmati tamu ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit Anèh* ing kåcå 50. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Botên kacariyosakên rêroncèning margi, Kyai Sudagar sampun dumugi ing griyanipun dhukun kasêbut ing ngajêng. **Sasampuning bagé-binagé tumrap ing kawilujênganipun, dhukun tumuntên ngacarani lênggah.** Têtiyang kalih tumuntên lêlênggahan wontên ing èmpèr ngajêng. Dhukun wau lajêng miwiti wicantên têmbungipun, "Dhuh, Sumitrå, mênåpå mênggah ingkang dados kawigatosan Padukå déné rawuh ing pondhokan kulå?" (III.50.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Tidak dijelaskan perjalanannya, saudagar itu sudah sampai di rumah dukun tadi. **Setelah saling menanyakan kabar, dukun menyuruh duduk.** Kedua orang itu segera duduk di beranda depan. Dukun lalu memulai pembicaraan, katanya, "Dhuh, Saudara, apa yang menjadi kepentingan Anda datang di rumah saya?"* (III.50.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå Kyai Sudagar késah dhatêng dalêmipun Kyai Dhukun ingkang linangkung. Sasampunipun bagé-binagé tumrap kawilujêngan, Kyai Dhukun ngaturi Kyai Sudagar supados lênggah. Kyai Dhukun tuwin Kyai Sudagar lêlênggahan ing èmpèr ngajêng. Dhukun lajêng miwiti wicantên kanthi mundhut pirså mênåpå ingkang dados kawigatosanipun saénggå rawuh ing dalêmipun Kyai Dhukun.

Pêthikan kasêbut ngêwrat piwulang bilih manungsa kêdah ngurmati tamu. Wontên ing tradhisi masarakat Jawi, ingkang kagungan dalêm nalikå nampi tamu kanthi bingahing manah. Tamu dipuntampi kaliyan têtêmbungan ingkang *sopan.* Manungsa mênikå sagêd dipuntingali saking ginêmipun. Kados bêbasan Jawi ingkang ngandharakên bilih ajining dhiri såkå lathi. Maknanipun, inggih mênikå ajining dhiri (*harga diri*) saking manungsa gumantung saking ginêmanipun. Manawi manungsa mênikå wicantên kanthi *sopan,* tamu badhé rumaos dipunajèni.

Sanèsipun ingkang kêdah dipunwigatosakên nalikå nampi tamu inggih mênikå tindak tandukipun. Kados ing bêbasan Jawi dipunadharakên bilih ajining awak såkå tumindak. Maknanipun, inggih mênikå manugså kêdah tumindak ingkang saé amargi ajining dhiri (*harga diri*) manungså sagêd katingal saking tumindakipun. Manawi tamu katampi kanthi saé, tamu badhé bingah manahipun.

Manungså kêdah njagi *hubungan* pasêduluran dhatêng tiyang sanès supados sagêd ngrakêtakên *tali persaudaraan.* Salah satunggaling cårå kanggé mujudakên bab mênikå inggih kanthi nampi tamu mawi ginêman såhå tindak tanduk ingkang saé.

d. Tulung-tinulung

Wujud piwulang tansah tulung-tinulung ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit Anèh* ing kåcå 53. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Ing nalikå kintên-kintên jam 12 siyang, bêntèripun sangêt. Lampahipun Kyai Sudagar dumugi ing margi mênikå cêlak kaliyan årå-årå, ing nalikå mênikå dipunanggé ngêngèn maéndå déning laré alit, laré èstri. Dumugi ing ngriku, Kyai Sudagar karaos ngêlak sangêt, mandhap saking karétå sumêdyå ngupados toyå.
>
> Sasampuning mandhap, laré angèn alit wau énggal dipunundang sartå dipunpangandikani. Makatên têmbungipun "É, Gêndhuk. Aku hambok tulungånå. Aku iki ngêlak bangêt. Golèknå banyu kanggo ngilangi ngêlakku iki."
>
> **Laré èstri matur, "Dhuh, Bêndårå, sajatosipun manawi toyå ing ngriki rêkaos sangêt pangupayanipun. Ananging manawi karsså, kulå gadhah méndå ingkang mêntas nyêmpé mênikå wau.** (III.53.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Pada saat kira-kira jam dua belas siang, panas sekali. Perjalanan saudagar sampai di jalan yang dekat dengan lapangan, yang pada saat itu sedang dipakai untuk menggembalakan kambing oleh anak perempuan kecil. Sampai di sana, saudagar merasa haus sekali, lalu turun dari kereta dan mencari air.*

> *Setelah turun, anak perempuan kecil tadi dipanggil dan ditanyai. Pertanyaannya, "Nak, aku minta tolong. Aku haus sekali. Carikan aku air."* ***Anak itu menjawab, "Maaf Tuan, sebenarnya air di sini susah. Tetapi kalau mau,saya punya kambing yang baru menyusui."*** (III.53.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå Kyai Sudagar késah saking dalêmipun Kyai Dhukun ing wanci siyang ingkang bêntèripun sangêt. Nalikå nglangkungi årå-årå ingkang nêmbé dipunanggé ngêngèn maéndå déning tiyang laré èstri alit, sudagar rumaos ngêlak. Lajêng Kyai Sudagar nyuwun toyå dhatêng laré èstri alit mênikå. Ananging, laré èstri alit botên gadhah. Laré èstri alit ngandharakên bilih gadhah maéndå ingkang mêntas nyêmpé.

Pêthikan kasêbut ngêwrat piwulang bilih manungså kêdah tulung-tinulung dhatêng tiyang sanès. Katingal saking laré èstri alit ingkang mbiyantu Kyai Sudagar ingkang nêmbé ngêlak. Sanadyan botên gadhah toyå, nanging laré alit kasêbut ngaturakên toyå prêsan méndanipun. Manawi sadhèrèk utawi kancanipun mbêtahakên pitulungan, amrih saénipun dipunbiyantu. Pambiyantunipun mênikå tamtunipun wontên ing bab kabêcikan ingkang botên nêrak anggêr-anggêr. Pambiyantunipun sagêd awujud panyaruwé utawi barang.

Tulung-tinulung kalêbêt salah satunggaling upåyå ndamêl rêrukunan ing masarakat. Manawi masarakat sami rukun, pagêsanganipun tamtu badhê ayêm, têntrêm, såhå bingah. Tulung-tinulung katindakakên tanpa ningali umur, *status sosial*, mênåpå déné pangkating tiyang ingkang mbêtahakên. Sikap mênikå prêlu dipunlêstantunakên amargi manungså kalêbêt *makhluk sosial,* inggih mênikå *makhluk* ingkang mbêtahakên tiyang sanès ing pagêsanganipun.

Tulung-tinulung ugi dipunwulangakên ing *ajaran* agåmå Islam. Allah SWT ndhawuhi manungså supados nindakakên tulung tinulung, kawrat ing *Al Quran surat Al Maidah ayat* 2. Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> ..... Dan tolong-menolonglah kamu dalam (mengerjakan) kebajikan dan takwa, dan jangan tolong-menolong dalam perbuatan dosa dan pelanggaran. Dan takwalah kamu kepada Allah, sesungguhnya Allah amat berat siksa-Nya. (Departemen Agama Republik Indonesia. 1992: 157)

Tulung-tinulung kêdah katindakakên ing bab kabêcikan ingkang botên nêrak anggêr-anggêr. Manawi manungså tulung-tinulung ing bab ingkang botên saé, badhé dipunwalês kaliyan bêbênduning Allah. Awit saking mênikå, manungså kêdah nindakakên tulung-tinulung dhatêng sok-sintênå ingkang mbêtahakên supados sagêd ndamêl rêrukunaning masarakat.

e. Malês Budi

Wujud piwulang tansah tulung-tinulung ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit Anèh* ing kåcå 59. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Wus pirang-pirang påra dhukun miwah dhoktêr-dhoktêr dak suwuni pitulung supåyå nambani. Ananging, kabèh-kabèh mau ora ånå kang ndayani åpå-apå nganti tumêkå aku têkan ing kéné iki. **Mulå bangêt ing panarimaku déné kowé kang dadi lantaran ngilangaké lêlåråku iki lan saiki ayo barêng aku tuduhnå omahmu, bakalå péngin wanuh karo wong tuwamu lan bakal malês kabêcikanmu."** (III.59.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Sudah banyak dukun dan dokter kumintai pertolongan agar mengobati. Tetapi semuanya tidak mampu sampai aku tiba di sini.* ***Maka, terima kasih banyak karena kamu sudah menjadi sarana menyembuhkan sakitku dan di mana rumahmu, aku ingin bertemu orang tuamu dan akan membalas kebaikanmu".*** (III.59.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå Kyai Sudagar nyariyosakên bilih sampun kathah dhoktêr tuwin dhukun ingkang sampun dipunsuwuni pitulungan kanggé nambani sêsakitipun. Ananging, sadayanipun

kasêbut botên sagêd nambani, ngantos piyambakipun dumugi ing panggènanipun laré èstri alit ngêngèn maéndå. Kyai Sudagar ngaturakên panuwun awit laré kasêbut ingkang dados saråna Kyai Sudagar sagêd mantun. Kyai Sudagar kêpingin pinanggih kaliyan tiyang sêpuhipun saprêlu malês kabêcikanipun.

Pêthikan kasêbut ngêwrat piwulang bilih manungså kêdah malês budi utawi kabêcikaning tiyang sanès. Malês budi, inggih mênikå nindakakên kabêcikan minångkå tåndhå panuwun saking kabêcikan ingkang sampun dipuntampi saking tiyang sanès. Pêthikan cariyos ing nginggil nêdahakên bilih Kyai Sudagar badhé malês budi utawi kabêcikaning laré alit ingkang sampun dados saråna mantuning Kyai Sudagar mênikå.

Pêthikan piwulang saking *teks SDWW* ugi kawrat ing cariyos *Sêsakit Anèh* ing kåcå 60. Wondéné pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Sudagar: "Inggih, kasinggihan dhawuh pangandikå Tuwan mênikå. Wah, manawi makatên, Panjênêngan panci satunggaling dhukun ingkang linangkung sayêktos. **Sumånggå kulå nyaosi artå f 5000,- minångkå bêbingah anggèn kulå kalêgan mangêrtos ing jampinipun, tur sêsakit kulå sagêd saras."** (III.60)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Saudagar: "Iya, benar sekali perkataan Anda. Kalau begitu, Anda memang seorang dukun yang hebat itu benar. Ini, saya berikan uang sejumlah f 5000,- sebagai hadiah karena saya lega mengetahui obatnya dan penyakit saya bisa sembuh."* (III.60.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên nalikå Kyai Sudagar maringi artå dhatêng Kyai Dhukun amargi piyambakipun kalêgan sampun mangêrtosi jampining pênyakitipun ingkang sagêd njalari mantun mênikå. Kyai Saudagar ingkang maringi artå dhatêng Kyai Dhukun mênikå minångkå malês budi utawi kabêcikaning Kyai Dhukun ingkang sampun ngandharakên jampining sêsakitipun Kyai Sudagar.

Tiyang ingkang sampun dipunbiyantu, sasagêd-sagêdipun badhê malês kabêcikaning tiyang ingkang mbiyantu mênikå. Wontên ing masarakat Jawi, wontên satunggaling wêwalêr utawi awisan ingkang ngêwrat piwulang bab malês kabêcikaning liyan, inggih mênikå åjå lali marang kabêcikaning liyan. Maknanipun, inggih mênikå manungså sampun ngantos kêsupèn marang kabêcikan saking tiyang sanès. Manungså *dianjurkan* malês kabêcikan kasêbut.

f. Nêtepi Janji

Wujud piwulang tansah nêtêpi janji ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit Anèh* ing kåcå 64-65. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Makatên salajêngipun. Sarêng Kyai Sudagar sampun saras saèstu, **lajêng nêtêpi ingkang dados ubayanipun, inggih mênikå sabên wulan tamtu sukå artå kathahipun f 250,- dhatêng laré èstri angèn kasêbut ing ngajêng ingkang njalari sakécaning gêsangipun tiyang tani ingkang rêkaos mênikå.** (III.64-65.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Begitu seterusnya. Setelah saudagar benar-benar sembuh,* ***lalu dia menepati janjinya, yaitu setiap bulan memberikan uang sebesar f 250,- kepada anak perempuan penggembala tersebut di atas yang menyebabkan membaiknya hidup petani yang susah itu***. (III.64-65.)

Pêthikan dongèng ing ngingil nyariyosakên Kyai Sudagar ingkang sampun mantun saking sêsakitipun nêtêpi janjinipun bilih sabên wulanipun paring artå kanggé laré èstri alit kasêbut. Tiyang ingkang sampun ngucapakên janji, kêdah nêtêpi janji mênikå. Kajumbuhakên kaliyan piwulang agåmå Islam, Allah SWT *berfirman* ing *Al Qur'an surat Al Isra' ayat* 34. Wondéné *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> ..... *Dan penuhilah janji. Sesungguhnya janji itu pasti dimintai pertanggungjawabannya.* (Departemen Agama Republik Indonesia. 1992: 429).

Janji mênikå gampil dipunucapakên, nanging agêng *konsekuensi*-nipun. Sok-sintênå ingkang ngucapakên janji, badhé dipunsuwuni tanggêljawabipun. Tiyang ingkang botên nêtêpi janji, badhé ndamêl kuciwaning manahipun tiyang sanès. Dados, manawi sampun ngucapakên janji kêdah dipunémut-émut. Manawi botên sagêd dipunugêmi janjinipun, langkung saénipun botên prêlu ngucapakên janji.

3. *Ajaran* Moral Gayutanipun Manungså dhatêng Piyambakipun

Kajawi manungså mênikå kedah tumindak saé dhumatêng Gusti kaliyan dhatêng sêsamining dumados, manungså kedah tumindak saé dhatêng piyambakipun. Gayutan antawisipun manungså kaliyan piyambakipun gadhah ancas kanggé mbentuk kapribadèn ingkang saé saéngga tumindakipun botên ngrugèkakên piyambakipun mênåpå déné tiyang sanès. *Nilai moral* mênikå gayut kaliyan sipat, tumindak, såhå kahananing jiwå. Wondéné *ajaran moral* utawi piwulang gayutanipun manungså dhatêng piyambakipun wontên ing *teks SDWW* kaandharakên wontên ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 30. ***Ajaran Moral* Gayutanipun Manungså dhatêng Piyambakipun**

No.	***Ajaran Moral***	***Indikator Ajaran Moral***	***Terjemahan***	**Kat.**
1.	Ngatos-atos	.....Sarêng kintên-kintên wanci jam sêtêngah sångå énjing, kraos kêsêl tumuntên ngaso linggih wontên ing sangandhaping wit nångkå	..... *Kira-kira pukul setengah sembilan pagi, dia merasa capek dan beristirahat di bawah pohon nangka....*	I.3.
		..... Sujåkå kraos sayah badanipun, tumuntên lèrèh wontên ing sangandhaping mandérå ingkang sakalangkung kêtêl ronipun,	..... *Sujaka merasa lelah, lalu istirahat dibawah pohon beringin yang lebat daunnya sehingga*	II.14

lajêngipun *tabel*

No.	*Ajaran Moral*	*Indikator Ajaran Moral*	*Terjemahan*	Kat.
	Ngatos-atos	damêl lam-laming manahipun.	*membuat tenang hatinya.*	II.14
2.	Gêmi	..... "É, lah, bêgjå kêmayangan déné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênå takanggo sangu urip sawatårå sasi, nanging mêngko gèk ngimpi aku iki.	..... *"Wah, beruntung sekali aku bisa menemukan emas sebesar ini. Walau hanya kecil, tetapi bagiku sudah banyak. Bisa ku gunakan untuk hidup beberapa bulan, tapi jangan-jangan aku hanya bermimpi?"*	I. 8.
		.....Pêpajênganipun tumuntên katumbasakên kabêtahaning griyå sacêkapipun sartå tirahanipun kasimpên kabêktå mantuk.	..... *Hasil jualannya segera dibelikan kebutuhan rumah secukupnya dan sisanya disimpan dibawa pulang.*	I..9
3.	Botên Gampil Mupus	..... Sasampuning rampung pangrakitipun karétå, sudagar lajêng numpak tumuju ing nagari ingkang kalêrês wontên ing sawétanipun. Lampahing karétå nglangkungi årå-årå tuwin sagantên wêdhi ingkang bêntèripun botên kantên-kantênan.	..... *Setelah selesai menyiapkan kereta, saudagar lalu menaikinya menuju kota yang berada di sebelah timur. Jalannya kereta melewati hutan dan lautan pasir yang panasnya tidak terkira.*	III.49.
4.	*Menyadari Kesalahan*	Wiwit ing nalikå mênikå, laré kêkalih mantun saking anggènipun kurang ajar dhatêng kåncå-kancanipun, dados saé malih. Makatên kawontênanipun.	*Setelah kejadian itu, dua anak itu berhenti dari kenakalannya kepada teman-teman mereka dan menjadi anak baik. Begitulah adanya.*	IV.73.

Saking *tabel* ing nginggil, sagêd dipuntingali *ajaran moral* utawi piwulang gayutanipun manungså dhatêng piyambakipun awujud ngatos-atos, gêmi, botên gampil mupus, såhå *menyadari kesalahan*. Sadayanipun kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

a. Ngatos-atos

Wujud piwulang manungså kêdah ngatos-atos, ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Tiyang Tani lan Tikus* ing kåcå 3. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Ing satunggaling dintên, kaki sêpuh kålåwau dhêdhangir wontên ing kêbon, badhé ndhawahakên wiji jagung. Sarêng kintên-kintên wanci tabuh sêtêngah sångå énjing, **kraos kêsêl tumuntên ngaso lênggah wontên ing sangandhaping wit nångkå,** kalayan nggagas dhatêng kawontênaning badanipun, kadospundi badhé wêkasaning kalampahanipun jalaran botên nggadhahi anak sémah tuwin sanak sadhèrèk. Sabên piyambakipun mikir dhatêng bab kålåwau, manahipun kraos botên sakécå, såyå dangu pamanahipun, sansåyå mindhak susahing manah. Wasånå lajêng tumungkul rawat waspå. (I.3.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Pada suatu hari, kakek tua sedang berkebun, akan menanam jagung. Kira-kira pukul setengah sembilan pagi,* ***dia merasa lelah dan beristirahat di bawah pohon nangka*** *sambil memikirkan bagaimanakah kelanjutan hidupnya yang tidak beranak istri dan saudara itu. Setiap dia memikirkan hal tersebut, hatinya merasa tidak enak. Semakin dia memikirkannya, semakin merasa susah hatinya. Lalu matanya berkaca-kaca.* (I.3.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên nalikå kaki sêpuh nêmbê dhêdhangir ing kêbon badhé nanêm jagung. Kintên-kintên radi siyang, kaki sêpuh rumaos sayah lajêng lèrèn ing sangandhaping wit nångkå. Nalikå nêmbé lèrèn, piyambakipun mênggalih bab kawontênaning badanipun ingkang botên gadhah anak sémah mênikå. Sabên kaki sêpuh mênggalih bab mênikå, tamtu ndamêl susahing manahipun. Amargi kaki sêpuh rumaos sungkåwå, lajêng rawat waspå.

Pêthikan sanèsipun ingkang ngêwrat piwulang manungså kêdah ngatos-atos ing *teks SDWW* dongèng *Sujåkå* ing kåcå 14. Wondéné pêthikan kasêbut kados ing ngandhap mênikå.

> Lampahipun turut ing margi agêng namung mbêktå sangu têkên alit kanggé ngréncangi lampahipun. Lampahipun kasurang-surang turut margi jalaran panci sawêg sapisan mênikå nglampahi lêlampahan têbih. Lampahipun

> nglangkungi padhusunan sartå patêgilan tuwin sabin-sabin ingkang wasananipun anjog ing wånå tarataban. **Sujåkå kraos sayah badanipun, tumuntên lèrèh wontên ing sangandhaping mandirå ingkang sakalangkung kêtêl ronipun, damêl lam-laming manahipun.** (II.14.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Perjalanannya melewati jalan besar hanya membawa tongkat kecil sebagai teman perjalanannya. Perjalanannya terlunta-lunta karena memang baru pertama kali melakukan perjalanan jauh. Perjalanannya melewati desa serta ladang dan sawah-sawah yang akhirnya di hutan yang rimbun.* ***Sujaka merasa lelah, lalu istirahat dibawah pohon beringin yang lebat daunnya sehingga membuat tenang hatinya***. (II.14.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên lampahing Sujåkå ingkang kasurang-kasurang turut margi amargi Sujåkå lumampah ijèn. Lampahipun nglangkungi padhusunan sartå patêgilan tuwin sabin-sabin ingkang wasananipun anjog ing wånå. Amargi rumaos sayah, Sujåkå lèrèn wontên sangandhaping wit waringin ingkang kêtêl ronipun.

Saking pêthikan-pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah ngatos-atos, inggih kanthi njagi badanipun supados botên sayah. Manawi badanipun botên sayah, manungså sagêd nindakakên padamêlan langkung saé. Kosok-wangsulipun, manawi manungså tumindak botên ngatos-atos, manungså sagêd angsal bêbåyå ingkang ngrugèkakên piyambakipun. Awit saking mênikå, manungså kêdah tumindak kanthi ngatos-atos supados sagêd sumingkir luput saking bêbåyå, ingkang awujud sakit mênåpå sanèsipun.

Manungså kêdah tumindak kanthi ngatos-atos, inggih kêdah nglimbang becik utawi ålånipun ingkang badhé kalampahan såhå purun nampi panyaruwéning tiyang sanès. Ngatos-atos sagêd dipunsêbut éling lan waspådå. Ing Jawi, wontên unèn-unèn manawi tumindak mênikå kêdah nganggé dêdugå, prayogå, watårå, rêringå. Dêdugå, inggih mênikå nglimbang *sesuatu* sadèrèngipun tumindak.

Prayogå, inggih mênikå kados pundi kêdahipun, inggih nglimbang bêcik ålånipun manawi tumindak. Watårå, inggih mênikå kêdah ngangên-angên sadèrèngipun paring *keputusan.* Wondéné rêringå, inggih mênikå kanthi ngatos-atos nglampahi *keputusan* ingkang dipunpilih.

b. Gêmi

Wujud piwulang manungså kêdah gêmi, ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Tiyang Tani lan Tikus* ing kåcå 8. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Watawis jam sêtêngah tigå dalu, kaki sêpuh kagèt sangêt jalaran tikusipun sampun linggih wontên ing panggonipun kaliyan mbêktå satunggaling barang ingkang måwå cahyå tumuntên dipunwaspåosakên mênåpå barang ingkang dipunbêktå déning tikus wau. Wasånå têrang sumêrêpipun bilih barang ingkang dipunbêktå déning tikusipun wau awujud jêné ingkang agêng, dipunwatawis saagênging krikil. Kados mênåpå sênenging kaki sêpuh wau botên kénging kacariyosakên. Jalaran pancèn tiyang mlarat, jêné wau dipunpêndhêt, ing batos, **"É, lah, bêgjå kêmayangan déné aku nêmu êmas kang saméné. Sanajan mung cilik, nanging tumrap aku rak wus kênèng akèh. Kênå takanggo sangu urip sawatårå sasi,** nanging mêngko gèk ngimpi aku iki". (I.8.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Kira-kira jam tiga malam, kakek tua kaget karena tikus itu sudah duduk di tempatnya dengan membawa suatu barang yang bercahaya, lalu dilihatnya dengan seksama apa yang dibawa tikus itu. Setelah terang penglihatannya bahwa barang yang dibawa oleh tikusnya adalah emas yang besar, kira-kira sebesar batu kerikil. Betapa senangnya hati kakek tua itu sampai tidak bisa diceritakan. Memang karena orang miskin, emas lalu diambil dan dalam hati dia berkata, "Wah, beruntung sekali aku bisa menemukan emas sebesar ini.* ***Walau hanya kecil, tetapi bagiku sudah banyak. Bisa ku gunakan untuk hidup beberapa bulan,*** *tapi jangan-jangan aku hanya bermimpi?"* (I.8.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên nalikå tikus ingah-ingahipun kaki sêpuh dhatêng kaliyan mbêktå jêné. Kaki sêpuh bingah sangêt nyumêrêpi barang mênikå.

Piyambakipun rumaos dados tiyang ingkang bêgjå. Jêné badhé dipunginakakên kanggé nyêkapi kabêtahanipun mapintên-pintên wulan.

Pêthikan sanèsipun ingkang ngêwrat piwulang manungså kêdah gêmi inggih mênikå ing *teks SDWW* dongèng *Tiyang Tani lan Tikus* ing kåcå 9. Wondéné pêthikan kasêbut kados ing ngandhap mênikå.

> Sarêng énjingipun, kaki sêpuh énggal mêndhêt jênénipun, tumuntên kabêktå dhatêng ing salêbêting nagari, kasadé. **Pêpajênganipun tumuntên katumbasakên kabêtahaning griyå sacêkapipun sartå tirahanipun kasimpên kabêktå mantuk.** Makatên salajêngipun tikus alit wau sabên dintên ing wanci dalu tamtu mbêktå jêné, damêl såyå mindhak agênging katrêsnanipun kaki sêpuh ing piyambakipun. Lami-lamining lami, kaki sêpuh wau sagêd dados tiyang sugih. (I.9.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Pagi harinya, kakek tua segera mengambil emasnya dan segera dibawanya ke kota untuk dijual.* ***Hasil jualannya segera dibelikan kebutuhan rumah secukupnya dan sisanya disimpan dibawa pulang.*** *Begitu seterusnya tikus kecil setiap malam selalu membawa emas, yang membuat semakin sayangnya kakek tua kepadanya. Lama-lama, kakek tua dapat menjadi orang kaya.* (I.9.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên nalikå kaki sêpuh nyadé jêné ingkang dipunbêktå déning tikus. Pêpajênganipun dipuntumbasakên sacêkaping kabêtahaning griyå. Tirahanipun dipunbêktå mantuk sapêrlu dipunsimpên. Makatên salajêngipun tikus tansah mbêktå jêné saénggå kaki sêpuh sagêd dados tiyang ingkang sugih.

Saking pêthikan-pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah gêmi, kêdah sagêd njagi bandhanipun amargi båndhå mênikå namung titipaning Gusti. Anggènipun njagi bandhanipun, manungså sagêd ngginakakên båndhå mênikå kanthi sapêrlunipun. Gusti Allah ugi botên rêmên kaliyan manungså ingkang botên gêmi utawi boros. Kados *firman* Allah ing QS. Al Isra *ayat* 27, ingkang *terjemahan*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> *Sesungguhnya pemboros-pemboros itu adalah saudara-saudara syaitan dan syaitan itu adalah sangat ingkar kepada Tuhannya.* (Departemen Agama Republik Indonesia, 1992: 428)

Manungså ingkang boros mênikå kancanipun sétan såhå sétan mênikå botên manut kalihan Dhawuhipun Gusti Allah. Dados, manawi manungså mênikå boros, badhé botên dipunrêmêni Gusti Allah. Kajawi dados manungså ingkang gêmi mênikå dipunrêmêni Gusti Allah, gêmi kathah mumpangatipun. Salah satunggalipun manawi sawêkdal-wêkdal dumadakan wontên kabêtahan, sagêd ngginakakên artå mênåpå déné barang ingkang dipunsimpên. Awit saking mênikå, manungså kêdah nggadhahi watak gêmi kanthi botên ngêcèh-cèh barang supados sagêd gadhah simpênan ingkang sagêd dipunginakakên sawêkdal-wêkdal.

c. Botên Gampil Mupus

Wujud piwulang manungså botên gampil mupus, ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Sêsakit Anèh* ing kåcå 49. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Anuju ing satunggaling mångså ing sacêlaking nagari ngriku, wontên satunggaling dhukun ingkang mêntas dhatêng saking ing tanah ngamåncå. Dhukun wau kasusrå sangêt dumugi ing pundi-pundi ingkang wasananipun mênikå mirêngan déning Kyai Sudagar ingkang kacariyosakên ing ngajêng.
>
> Kyai Sudagar sarêng mirêng kabar bilih wontên dhukun linangkung, énggal-énggal dhawuh dhatêng kusiripun supados ngrakit karétånipun, badhé kaagêm késah dhatêng ing panggènaning dhukun wau. **Sasampuning rampung pangrakitipun karétå, sudagar lajêng numpak tumuju ing nagari ingkang kalêrês wontên ing sawétanipun. Lampahing karétå nglangkungi årå-årå tuwin sagantên wêdhi ingkang bêntèripun botên kantên-kantênan**. (III.49.)
>
> *Terjemahan*-ipun,
>
> *Pada suatu masa di dekat kota itu, ada seorang dukun yang baru saja datang dari luar negeri. Dukun itu terkenal sampai kemana-mana yang akhirnya didengar oleh saudagar yang diceritakan tadi. Setelah mendengar ada dukun yang terkenal itu, saudagar memerintahkan kusirnya supaya menyiapkan keretanya yang akan digunakan untuk pergi ke tempt dukun tadi.* ***Setelah selesai menyiapkan kereta, saudagar lalu menaikinya***

> ***menuju kota yang berada di sebelah timur. Jalannya kereta melewati hutan dan lautan pasir yang panasnya tidak terkira.*** (III.49.)

Pêthikan dongèng kasêbut nyariyosakên bilih wontên satunggaling dukun ingkang nêmbé kémawon saking ngamåncå. Dukun kasêbut kasusrå ing pundi-pundi ingkang ing wasananipun mirêngan déning Sudagar. Sudagar lajêng dhawuh dhatêng kusiripun supados ngrakit karétå sapêrlu sagêd énggal dumugi ing dalêmipun dukun linangkung kasêbut. Lampahing karétå nglangkungi årå-årå sartå sêgantên wêdhi ingkang sangêt bêntèripun.

Saking pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah anggadhahi sipat botên gampil mupus. Sudagar ingkang nêmbé nandhang sêsakit mênikå tansah ngupayakakên supados sagêd mantun. Upayanipun mênikå dipunlampahi kanthi sowan dhatêng dukun ingkang griyanipun têbih saking panggènaning Sudagar. Sudagar nglangkungi årå-årå sartå sêgantên wêdhi ingkang sangêt bêntèripun. Sadayanipun dipunlampahi supados sagêd mantun sanajan tå kêdah nglampahi alangan ingkang kathah. Awit saking mênikå, anggènipun nglampahi gêsang ing donyå mênikå, manungså kêdah sabar.

d. *Menyadari Kesalahan*

Wujud piwulang manungså kêdah *menyadari kesalahan*, ing *teks SDWW* kawrat ing dongèng *Andhugal* ing kåcå 73. Pêthikanipun kados ing ngandhap mênikå.

> Karétå kabandhangakên mangidul. Sukarjå lan Sukardi ing nalikå mênikå sawêg rumaos kapusan jalaran samênikå mangêrtos bilih kusir kålåwau ingkang mêntas kablithok nalikå ing wanci sontên.
>
> Kalawan kaduwunging manah, Sukarja lan adhinipun lumampah mantuk dhatêng ing kithå. Dumugi ing griyå, sampun jam kalih wêlas dalu. Tambah malih dipunsrêngêni déning tiyang sêpuhipun.

Wiwit ing nalikå mênikå, laré kêkalih mantun saking anggènipun kurang ajar dhatêng kåncå-kancanipun, dados saé malih. Makatên kawontênanipun. (IV.73.)

Terjemahan-ipun,

Kereta berjalan kearah selatan. Sukarja dan Sukardi sadar telah dibohongi karena tahu bahwa kusir itu adalah kusir yang dibohongi pada sore tadi.

Dengan susah hati, Sukarja dan Sukardi berjalan pulang ke kota. Sampai di rumah sudah jam dua belas malam. Ditambah lagi mereka dimarahi orang tua mereka.

Setelah kejadian itu, dua anak itu berhenti dari kenakalannya kepada teman-teman mereka dan menjadi anak baik. *Begitulah adanya.* (IV.73.)

Pêthikan kasêbut nyariyosakên bilih Sukarjå kaliyan Sukardi ingkang sampun mantun saking andhugalipun amargi sampun angsal balêsan saking kusir ingkang rikålå sontên sampun dipunapusi. Karétå ingkang dipuntumpaki kabandangakên têbih saking griyanipun, saénggå Sukarjå kaliyan Sukardi lumampah mantuk dhatêng griyanipun. Sadumugining griyå, dipundukani déning tiyang sêpuhipun. Sasampuning kadadosan mênikå, Sukarjå kaliyan Sukardi dados laré ingkang saé.

Saking pêthikan dongèng kasêbut, sagêd dipunpêndhêt piwulangipun bilih manungså kêdah *menyadari kesalahan*-ipun. *Sadar* saking kalêpatanipun, inggih mênikå *insaf* såhå mangêrtosi bilih tumindakipun mênikå lêpat. Tiyang ingkang sampun *menyadari kesalahan*-ipun, tansah ngupåkårå kanggé nilarakên såhå sampun ngantos nglampahi tumindak ingkang sampun naté dipunlampahi. Tiyang ingkang tumindak lêpat mênikå botên namung ngrugèkakên piyambakipun, nanging ugi ngrugèkakên tiyang sanès.

BAB V
PANUTUP

A. Dudutan

Adhêdhasar pangrêmbaging *naskah SDWW* ing bab IV, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun. Wondéné dudutanipun kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. Kawontênaning *naskah Sêrat Dongèng Warni-Warni*

Naskah SDWW kalêbêt salah satunggaling *naskah koleksi* Muséum Sånåbudåyå Ngayogyåkartå. Irah-irahaning naskah kasêbut kasêrat wontên *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara Museum Sonobudoyo Yogyakarta Jilid I* (Behrend, 1990: 435) kanthi nomêr *koleksi* PB C. 154. *Naskah SDWW* kawontênanipun taksih saé amargi dondomanipun dèrèng ucul såhå *teks*-ipun taksih sagêd kawaos kanthi cêthå.

Teks SDWW kasêrat mawi aksårå Jåwå, wujuding aksårå *kombinasi* ngêtumbar kaliyan mucuk êri ingkang kasêrat dhoyong manêngên kanthi tandhêsaning mangsi kandêl såhå ngginakakên mangsi warni cêmêng. Basaning *teks SDWW* inggih båsa Jawi gagrag anyar. *Ragam* båsa ingkang dipunginakakên inggih *ragam* båsa Jawi Kråmå-ngoko. Dhapukaning *teks SDWW* dhapukan gancaran. *Teks SDWW* kapérang saking sakawan *teks,* inggih mênikå *Tiyang Tani lan Tikus, Sujåkå, Sêsakit Anèh, såhå Andhugal*. Kathahing kåcå ingkang dipuntliti wontên 71 *lembar*.

2. *Transliterasi Teks* såhå *Suntingan Teks SDWW*

Metode transliterasi teks ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar*, inggih mênikå cårå

anggènipun ndamêl alih tulis sêratan aksårå Jåwå dhatêng aksårå latin. *Metode suntingan teks*-ipun *metode suntingan teks edisi standar*. *Metode suntingan teks edisi standar* katindakakên kanthi cårå *standarisasi* éjaan adhêdhasar *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kaimpun déning Balai Bahasa Yogyakarta (2006) såhå adhêdhasar *Baoesastra Djawa* kaimpun déning Poerwadarminta (1939). Salajêngipun, éwah-éwahanipun ingkang awujud ngirangi, nggantos, såhå nambahi aksårå utawi têmbung dipuncathêt ing *aparat kritik*. *Suntingan teks edisi standar* katindakakên kanthi *kontekstual.*

3. *Terjemahan teks SDWW*

Metode terjemahan teks ingkang dipunginakakên inggih mênikå, *terjemahan harfiah, terjemahan isi*, såhå *terjemahan bebas*. *Metode terjemahan harfiah, terjemahan isi utawi* maknå, såhå *terjemahan bebas* dipuntindakakên kanthi *kontekstual*. *Terjemahan teks* panalitèn mênikå ngéwahi båså saking båså *sumber*-ipun, inggih mênikå båså Jawi, dhatêng båså *sasaran*-ipun, inggih mênikå båså Indonesia. *Terjemahan teks SDWW* ugi katindakakên kanthi ngéwahi *ragam* basaning *teks*, inggih saking båså Jawi *ragam* Kråmå-ngoko dados båså Jawi *ragam* kråmå. Têmbung-têmbung ingkang botên dipun-*terjemah*-akên mênikå dipunandharakên ing cathêthan *terjemahan*.

4. *Ajaran Moral* utawi Piwulang ing *Naskah SDWW*

Ajaran moral ingkang kawrat ing *teks SDWW*, awujud *ajaran moral* ingkang sagêd dipundadoskên tulådhå ing madyaning masarakat. *Ajaran moral* kasêbut kapérang saking tigang gayutan, inggih mênikå a) gayutan antawisipun manungså dhumatêng Gusti, antawisipun tansah ngunjukakên sokur dhumatêng

Gusti, ajrih dumatêng Gusti, pitados *Takdir*-ipun Gusti, såhå nyênyuwun namung dhumatêng Gusti; b) gayutan antawisipun manungså dhatêng sêsamining dumados, antawisipun *menyayangi binatang*, bakti dhatêng tiyang sêpuh, tansah ngurmati tamu, tulung-tinulung, malês budi, såhå nêtêpi janji.

Wondéné gayutan ingkang pungkasan, inggih mênikå c) gayutan antawisipun manungså dhatêng piyambakipun, antawisipun ngatos-atos, gêmi, botên gampil mupus, såhå *menyadari kesalahan.*

B. Pamrayogi

Adhêdhasar panalitèn *teks SDWW* ingkang sampun dipuntindakakên, wontên pamrayoginipun. Pamrayogi kasêbut kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1. Tumrap mahasiswa sanèsipun, *teks SDWW* taksih prêlu dipuntliti malih kajumbuhakên kaliyan bab båså utawi bab sanèsipun.
2. Panalitèn *naskah-naskah* Jawi taksih prêlu dipuntindakakên kanggé nglêstantunakên isining *naskah* såhå piwulang ing salêbêting *naskah* ingkang taksih sagêd dipunjumbuhakên ing pagêsangan masarakat samênikå.

C. *Implikasi*

Adhêdhasar asiling panalitèn såhå pangrêmbaging *teks naskah SDWW* wontên *implikasi*-nipun. Wondéné *implikasi* panalitèn mênikå kaandharakên makatên.

1. Tumrap lingkungan perguruan tinggi mliginipun ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, panalitèn mênikå sagêdå dados *alternatif wawasan* bab cårå

ngêcakakên ngèlmi *filologi* kanggé mbêdhah *naskah Jawi* ingkang salajêngipun sagêd dipunpêndhêt isinipun.

2. Tumrap pamaos umum, piwulang utawi *ajaran moral* ingkang kawrat ing *SDWW* taksih jumbuh kaliyan kawontênan samênikå, saénggå sagêd dipunginakakên wontên ing gêsang bêbrayan.

KAPUSTAKAN

A. *Manuskrip*

Sêrat Dongèng Warni-warni: Tyang Tani lan Tikus. *Perpustakaan* Muséum Sånåbudåyå *bagian Pernaskahan*, Nomêr PB C. 154.

B. Puståkå

Aizid, Rizem. 2012. *Atlas Tokoh-tokoh Wayang.* Yogyakarta: Diva Press.

Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Balai Bahasa Yogyakarta. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Umum Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan.* Yogyakarta: Kanisius.

Behrend, T. E. 1990. *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo Yogyakarta.* Jakarta: Djambatan.

Behrend T.E. dan Titik Pudjiastuti. 1997a. *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-A.* Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

———————————. 1997b. *Katalog Induk Naskah-naskah Fakultas Sastra Universitas Indonesia Jilid 3-B.* Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Graffiti.

Darusuprapta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Penelitian Naskah". *Widyaparwa* Nomor 26 Oktober. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Departemen P & K.

————————— . 1990. *Kritik Teks*. Makalah Seminar Bahasa dan Sastra Jawa. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. FPBS IKIP Yogyakarta.

Darusuprapta, dkk. 1990. *Ajaran Moral dalam Susastra Suluk.* Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

De Vos, H. 1987. *Pengantar Etika.* Yogyakarta: Tiara Wacana.

Departemen Agama Republik Indonesia. 1992. *Al Qur'an dan Terjemahannya.* Bandung: Gema Risalah Press.

Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco.

Endraswara, Suwardi. 2005. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Florida, Nancy K. 1981. *Javanese Language Manuscripts of Surakarta, Central Java: A preliminary Descriptive Catalogue.* Volume II. Ithaca, New York: South-East Asia Program, Cornel University.

Girardet, Nikolaus. 1983. *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta.* Weisbaden: Franz Steiner Verlag GMBH.

Hardjana, Andre. 1983. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta. Gramedia Pustaka.

Haricahyono, Cheppy. 1995. *Dimensi-Dimensi Pendidikan Moral*. Semarang: IKIP Semarang Press.

Ismaun, Banin. 1996. "Mengenal Ragam Bahasa Jawa dan Perkembangannya". Makalah yang disampaikan pada Kongres Bahasa Jawa II di Batu, Malang.

Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.

Maheswara, Majendra. tt. *Kamus Jawa-Indonesia, Indonesia-Jawa.* Yogyakarta: Pustaka Mahardika.

Mulyani, Hesti. 2009a. *Membaca Manuskrip Jawa*. Diktat Mata Kuliah Membaca Manuskrip II. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

————————. 2009b. *Teori Pengkajian Filologi*. Diktat Mata Kuliah Filologi Jawa. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

————————. 2010. *Komprehensi Tulis Jawa*. Diktat Mata Kuliah Komprehensi Tulis II. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Nurgiyantoro, Burhan. 2012. *Teori Pengkajian Fiksi.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngengrengan Kasusastran Djawa Djilid I.* Yogyakarta: Hien Hoo Sing.

———————. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.

Pudjiastuti, Titik. 2006. *Naskah dan Studi Naskah.* Bogor: Akademia.

Purwadi. 2007. *Sejarah Sastra Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.

Robson, S. O. 1994. *Prinsip-Prinsip Filologi Indonesia.* Terjemahan oleh Kentjanawati Gunawan. Jakarta: RUL.

Saktimulya, Sri Ratna. 2005. *Katalog Naskah-naskah Perpustakaan Pura Pakualaman*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Saputra, Karsono. H. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama.

Sartika, Deni. 2012. *Tinjauan Filologi dan Ajaran Moral dalam Sêrat Driyabrata.* Skripsi S1. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas NegeriYogyakarta.

Sjarkawi. 2006. *Pembentukan Kepribadian Anak.* Jakarta: PT. Bumi Aksara.

Sulastin-Sutrisno, 1981. *Relevansi Studi Filologi.* Pidato Pengukuhan Jabatan Guru Besar dalam Ilmu Filologi pada Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada. Yogyakarta: Liberty.

Suliman. 2008. *Nilai-Nilai Pendidikan Moral dalam Naskah Dongèng Warni-warni.* Skripsi S1. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Suseno, Magnis Franz. 1988. *Etika Jawa*. Jakarta: PT. Gramedia.

Suwondo, T. Dkk. 1985. *Nilai-Nilai Budaya Susastra Jawa.* Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Suyami. 2001. *Serat Cariyos Dewi Sri dalam Perbandingan*. Yogyakarta: Kepel Press.

Widayat, Afendy. 2006. *Teori Sastra Jawa*. Diktat Mata Kuliah Teori Sastra Jawa. Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.

Wiryamartana, I Kuntara. 1990. *Arjunawiwāha: Transformasi Teks Jawa Kuna Lewat Tanggapan dan Penciptaan di Lingkungan Sastra Jawa.* Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Yasasusastra, J. Syahban. 2011. *Mengenal Tokoh Wayang: Biografi, Bentuk, dan Perwatakan.* Yogyakarta: Diva Press.

C. *Internet*

http://mudyshare.blogspot.com/2012/04/sejarah-rupiah-negara-indonesia-lambang.html

http://www.wayangjava.com/bambang-irawan/

http://www.wikipedia.org/pandawa

LAMPIRAN

***Teks* Carik *Sêrat Dongèng Warni-warni* ingkang Kasimpên ing Muséum Sånåbudåyå Ngayogyåkartå**

























PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
SEKRETARIAT DAERAH

Kompleks Kepatihan, Danurejan, Telepon (0274) 562811 - 562814 (Hunting)
YOGYAKARTA 55213

SURAT KETERANGAN / IJIN
070/5077/V/6/2013

Membaca Surat	:	Kasubbag Pendidikan FBS UNY	Nomor	:	0572b/UN.34.12/DT/VI/2013
Tanggal	:	13 Juni 2013	Perihal	:	Ijin Penelitian

Mengingat :
1. Peraturan Pemerintah Nomor 41 Tahun 2006, tentang Perizinan bagi Perguruan Tinggi Asing, Lembaga Penelitian dan Pengembangan Asing, Badan Usaha Asing dan Orang Asing dalam melakukan Kegitan Penelitian dan Pengembangan di Indonesia;
2. Peraturan Menteri Dalam Negeri Nomor 33 Tahun 2007, tentang Pedoman penyelenggaraan Penelitian dan Pengembangan di Lingkungan Departemen Dalam Negeri dan Pemerintah Daerah;
3. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 37 Tahun 2008, tentang Rincian Tugas dan Fungsi Satuan Organisasi di Lingkungan Sekretariat Daerah dan Sekretariat Dewan Perwakilan Rakyat Daerah.
4. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perizinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pendataan, Pengembangan, Pengkajian, dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta.

DIIJINKAN untuk melakukan kegiatan survei/penelitian/pendataan/pengembangan/pengkajian/studi lapangan kepada:

Nama	:	WARIH SRI MARTANI	NIP/NIM	:	09205241021
Alamat	:	KARANGMALANG, YOGYAKARTA			
Judul	:	KAJIAN FILOLOGI SAHA AJARAN MORAL WONTEN SERAT DONGENG WARNI-WARNI			
Lokasi	:	a. PERPUSTAKAAN WIDYABUDAYA KERATON YOGYAKARTA			
		b. PERPUSTAKAAN SONOBUDAYA			
		c. PERPUSTAKAAN PURA PAKUALAMAN Kota/Kab. KOTA YOGYAKARTA			
Waktu	:	14 Juni 2013 s/d 14 September 2013			

Dengan Ketentuan

1. Menyerahkan surat keterangan/ijin survei/penelitian/pendataan/pengembangan/pengkajian/studi lapangan *) dari Pemerintah Daerah DIY kepada Bupati/Walikota melalui institusi yang berwenang mengeluarkan ijin dimaksud;
2. Menyerahkan soft copy hasil penelitiannya baik kepada Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta melalui Biro Administrasi Pembangunan Setda DIY dalam compact disk (CD) maupun mengunggah (upload) melalui website adbang.jogjaprov.go.id dan menunjukkan cetakan asli yang sudah disahkan dan dibubuhi cap institusi;
3. Ijin ini hanya dipergunakan untuk keperluan ilmiah, dan pemegang ijin wajib mentaati ketentuan yang berlaku di lokasi kegiatan;
4. Ijin penelitian dapat diperpanjang maksimal 2 (dua) kali dengan menunjukkan surat ini kembali sebelum berakhir waktunya setelah mengajukan perpanjangan melalui website adbang.jogjaprov.go.id;
5. Ijin yang diberikan dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila pemegang ijin ini tidak memenuhi ketentuan yang berlaku.

Dikeluarkan di Yogyakarta
Pada tanggal 14 Juni 2013
A.n Sekretaris Daerah
Asisten Perekonomian dan Pembangunan
Up.
Kepala Biro Administrasi Pembangunan

PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA
SETDA

Hendar Sustowati, SH
NIP. 19580120 198503 2 003

Tembusan :
1. Yth. Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta (sebagai laporan);
2. Walikota Yogyakarta cq. Dinas Perizinan
3. Kepala Dinas Kebudayaan DIY
4. Kasubbag Pendidikan FBS UNY
5. Yang Bersangkutan